

**TETANDHINGAN PRAKAWIS INGKANG DIPUNADHEPI PARAGA  
UTAMA SAHA AMANAT ING NOVEL *NALIKA PRAU GONJING*  
KALIYAN NOVEL *KERAJUT BENANG IRENG***

**SKRIPSI**

Kaaturaken dhumateng Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Yogyakarta  
Minangka Jejangkeping Pandadaran  
Anggayuh *Gelar Sarjana Pendidikan*



dening:

**Linda Puspitasari**

NIM 09205241074

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA  
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA  
2013**

## PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Tetandhingan Prakawis Ingkang Dipunadhepi Paraga Utama Saha Amanat Ing Novel Nalika Prau Gonjing Kaliyan Novel Kerajut Benang Ireng* menika sampun pikantuk palilah saking *pembimbung saha samapta dipunuji.*



Yogyakarta, 26 Juli 2013

Pembimbing I,

Dra. Sri Harti Widystuti, M.Hum.  
NIP. 19621008 198803 2 001


Yogyakarta, 29 Juli 2013

Pembimbing II,

Drs. Afendy Widayat, M.Phil.  
NIP. 19620416 199203 1 002

## PANGESAHAAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Tetandhingan Prakawis Ingkang Dipunadhepi Paraga Utama Saha Amanat Ing Novel Nalika Prau Gonjing Kaliyan Novel Kerajut Benang Ireng* menika sampun dipunandharaken ing pendadaran wonten sangajenging Dewan Penguji ing tanggal 31 Juli 2013 saha dipuntetepaken lulus.

Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Drs. Hardiyanto, M.Hum.	Ketua Penguji		27/8-13
Drs. Afendy Widayat, M.Phil.	Sekretaris Penguji		26/8-13
Dr. Suwardi, M.Hum.	Penguji I		23/8-13
Dra. Sri Harti Widyastuti, M.Hum.	Penguji II		26/8-13

Yogyakarta, 27 Agustus 2013  
Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Yogyakarta



Prof. Dr. Zamzani, M. Pd.  
NIP 19550505 198011 1 001

## WEDHARAN

Ingkang tandha tangan ing ngandhap menika, kula

Nama : **Linda Puspitasari**

NIM : 09205241074

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih *karya ilmiah* menika asil panaliten kula piyambak.

Samangertos kula, *karya ilmiah* menika boten ngandhut *materi* ingkang kaserat dening tiyang sanes, kajawi perangan-perangan tartamtu ingkang kula pendhet minangka *acuan* kanthi adhedhasar tata cara saha paugeran panyeratan *karya ilmiah* ingkang umum.

Seratan ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kasunyatnipun kabukten bilih wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggel jawab kula pribadhi.

Yogyakarta, 26 Juli 2013

Panyerat,



Linda Puspitasari

## **SESANTI**

“Sabar sareh mesthi bakal pikoleh.”

(*Bebasan*)

“Tatag, teteg, bakal tutug.”

(*Bebasan*)

“Dilakoni kanthi tumemen, yen wis titi wancine ya panceñ kuwi jatahe”

(panyerat)

## **PISUNGSUNG**

Linambaran kanthi pamuji sokur *alhamdulillah* dhumateng ngarsaning Allah SWT, skripsi menika kapisungsungaken dhateng tiyang sepuh kekalih kula Ibu Ida Supadmi, S.Pd. saha Bapak Muchamad Syahrurodi Irianto, S.TP. ingkang sampun nggulawenthah kanthi katoging tenaga, pandonga, beya, saha sih katresnan.

## PRAWACANA

Puji lan syukur konjuk dhumateng Allah SWT ingkang tansah paring lumubering rahmat, barokah, saha hidayah dhateng panyerat, saengga skripsi kanthi irah-irahan **Tetandhingan Prakawis Ingkang Dipunadhepi Paraga Utama Saha Amanat Ing Novel Nalika Prau Gonjing Kaliyan Novel Kerajut Benang Ireng** menika saged kaimpun kanthi lancar saha nir ing sambekala. Skripsi menika kaserat kangge njangkepi salah satunggaling sarat pikantuk *gelar* sarjana pendidikan.

Skripsi menika saged pungkasan anggenipun nyerat awit sampun dipunsengkuyung saking mapinten-pinten *pihak*. Awit saking menika, panyerat ngaturaken agunging panuwun kanthi tulus dhateng.


1. Bapak Prof. Dr. Zamzani, M.Pd. minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.
2. Bapak Dr. Suwardi, M.Hum. minangka Pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring panyengkuyung supados nyekapaken skripsi menika.
3. Ibu Dra. Sri Harti Widayastuti, M.Hum. minangka *pembimbing I*, ingkang sampun paring bimbingan saha piwulang tumrap panyerat kanthi sabar.
4. Bapak Drs. Afendy Widayat, M.Phil. minangka *pembimbing II*, ingkang tansah kanthi sabar saha tlatos maringi bimbingan tumrap panyerat.
5. Bapak Dr. Purwadi, M. Hum. minangka *Pembimbing Akademik* ingkang sampun maringi bimbingan saha pandom salebetung kula sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
6. Bapak Ibu Dosen Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh mawarni-warni ingkang murakabi saha staf administrasi jurusan PBD ingkang sampun biyantu babagan admininstrasi tumrap panyerat.
7. Tiyang sepuh kekalih, matur nuwun awit sedaya donga pangestu, panyengkuyung, saha wejangan-wejanganipun, saengga panyerat saged mujudaken skripsi menika.

8. Kangmas Burhan, mbakyu Lissia saha adik Lia ingkang tansah paring semangat supados skripsi menika enggal rampung.
9. Mas Agus, maturnuwun awit sedaya donga, pambiyantu saha panyengkuyung saengga panyerat saged nggayuh menapa ingkang dados kekajengan manahipun.
10. D'rempongs (Endri, Hilma, Nelinda), Mbet, Hana saha Mbokdhe maturnuwun awit *persahabatan* salaminipun kita sami ngudi ilmu, pados sanguning gesang ing madyaning bebrayan, mugya silaturahmi menika boten ical kasaput angin, tansah lestantuna.
11. Kanca-kanca Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah angkatan 2009 mliginipun kanca-kanca kelas B, mugi-mugi kita sedaya saged anggayuh menapa ingkang dados kekajeganipun manah.
12. Kanca-kanca kost Blok D Wahid Hasyim (Endri, Tika, Arum, mbak Tita) maturnuwun sampun dados kanca *suka-duka* ing *rumah kedua*.
13. Sedaya pihak ingkang boten saged kula sebataken satunggal mbaka satunggal ingkang sampun paring donga saha panyengkuyung tumrap panyerat saengga skripsi menika saged kaimpun.

Tamtu kemawon skripsi menika dereng saged kawastanan sae, jangkep, menapa malih sampurna. Pramila saking menika sadaya pangandikan menapa dene panyaruwe ingkang tumuju murih langkung sae, jangkep, saha sampurnaning skripsi menika, tansah katampi kanthi bingahing manah saha atur agunging panuwun. Wasana kanthi raos andhap asor panyerat gadhah pangajap mugi-mugi skripsi menika saged murakabi tumrap pamaos saha panyerat.

Yogyakarta, 26 Juli 2013

Panyerat,



Linda Puspitasari

## WOSING ISI

	Kaca
IRAH-IRAHAN .....	i
PASARUJUKAN .....	ii
PANGESAHAAN .....	iii
WEDHARAN .....	iv
SESANTI.....	v
PISUNGSUNG.....	vi
PRAWACANA .....	viii
WOSING ISI .....	xii
<i>DAFTAR TABEL</i> .....	xiv
<i>DAFTAR LAMPIRAN</i> .....	xv
<i>DAFTAR CEKAKAN</i> .....	xvi
SARINGING PANALITEN .....	xvii
 BAB I PURWAKA .....	 1
A. Dhasaring Panaliten .....	1
B. Underan Prakawis .....	5
C. Watesaning Prakawis .....	6
D. Wosing Prakawis .....	7
E. Ancasing Panaliten .....	7
F. Paedahing Panaliten .....	8
G. Pangertosan .....	8
 BAB II GEGARAN TEORI .....	 10
A. <i>Deskripsi</i> Teori .....	10
1. Sastra <i>Perbandingan</i> .....	10
2. <i>Bidang Kajian Sastra Bandingan</i> .....	12
3. Tema .....	17
a. Pangertosan Tema .....	17
b. Cara Nemtokaken Tema .....	21

4. Amanat .....	26
5. Paraga Ing Fiksi .....	29
B. Panaliten Ingkang Jumbuh .....	31
C. Nalaring Panaliten .....	33
 BAB III CARA PANALITEN .....	35
A. Jinising Panaliten .....	35
B. Sumbering <i>Data</i> Panaliten .....	35
C. Caranipun Ngempalaken <i>Data</i> .....	36
D. Pirantining Panaliten.....	37
E. Caranipun Nganalisis <i>Data</i> .....	38
F. Caranipun Ngesahaken <i>Data</i> .....	40
 BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN .....	43
A. Asil Panaliten .....	43
1. Prakawis ingkang Dipunadhepi Paraga Utama .....	51
2. Cara ingkang Dipunlampahi Paraga Utama Kangge Mungkasi Prakawis ingkang Dipunadhepi .....	53
3. Amanat.....	55
B. Pirembagan .....	64
1. Prakawis ingkang Dipunadhepi Paraga Utama, Cara ingkang Dipunlampahi Paraga Utama Kangge Mungkasi Prakawis ingkang Dipunadhepi saha Amanat ing Novel <i>Nalika Prau Gonjing</i> .....	64
a. Prakawis ingkang Dipunadhepi Paraga Utama ing Novel <i>Nalika Prau Gonjing</i> .....	65
b. Cara ingkang Dipunlampahi Paraga Utama Kangge Mungkasi Prakawis ingkang Dipunadhepi ing Novel <i>Nalika Prau Gonjing</i> .....	79
c. Amanat ing Novel <i>Nalika Prau Gonjing</i> .....	91
2. Prakawis ingkang Dipunadhepi Paraga Utama, Cara	

ingkang Dipunlampahi Paraga Utama Kangge Mungkasi Prakawis ingkang Dipunadhepi saha Amanat ing Novel <i>Kerajut Benang Ireng</i> .....	115
a. Prakawis ingkang Dipunadhepi Paraga Utama ing Novel <i>Kerajut Benang Ireng</i> .....	115
b. Cara ingkang Dipunlampahi Paraga Utama Kangge Mungkasi Prakawis ingkang Dipunadhepi ing Novel <i>Kerajut Benang Ireng</i> .....	133
c. Amanat ing Novel <i>Kerajut Benang Ireng</i> .....	148
3. Saminipun Prakawis ingkang Dipunadhepi Paraga Utama, Cara ingkang Dipunlampahi Paraga Utama Kangge Mungkasi Prakawis ingkang Dipunadhepi saha Amanat ing Novel <i>Nalika Prau Gonjing</i> Kaliyan Novel <i>Kerajut Benang Ireng</i> .....	176
a. Saminipun Prakawis ingkang Dipunadhepi Paraga Utama ing Novel <i>Nalika Prau Gonjing</i> Kaliyan Novel <i>Kerajut Benang Ireng</i> .....	177
b. Saminipun Cara ingkang Dipunlampahi Paraga Utama Kangge Mungkasi Prakawis ingkang Dipunadhepi ing Novel <i>Nalika Prau Gonjing</i> Kaliyan Novel <i>Kerajut Benang Ireng</i> .....	179
c. Saminipun Amanat ing Novel <i>Nalika Prau Gonjing</i> Kaliyan Novel <i>Kerajut Benang Ireng</i> .....	181
4. Bedanipun Prakawis ingkang Dipunadhepi Paraga Utama, Cara ingkang Dipunlampahi Paraga Utama Kangge Mungkasi Prakawis ingkang Dipunadhepi saha Amanat ing Novel <i>Nalika Prau Gonjing</i> Kaliyan Novel <i>Kerajut Benang Ireng</i> .....	188
a. Bedanipun Prakawis ingkang Dipunadhepi Paraga Utama ing Novel <i>Nalika Prau Gonjing</i> saha Novel <i>Kerajut Benang Ireng</i> .....	188

b. Bedanipun Cara ingkang Dipunlampahi Paraga Utama Kangge Mungkasi Prakawis ingkang Dipunadhepi ing Novel <i>Nalika Prau Gonjing</i> saha Novel <i>Kerajut Benang Ireng</i> .....	189
c. Bedanipun Amanat ing Novel <i>Nalika Prau Gonjing</i> saha Novel <i>Kerajut Benang Ireng</i> .....	191
5. Kalenggahan Novel <i>Nalika Prau Gonjing</i> Kaliyan Novel <i>Kerajut Benang Ireng</i> .....	192
 BAB V PANUTUP.....	194
A. Dudutan.....	194
B. Pamrayogi.....	196
C. <i>Implikasi</i> .....	196
 KAPUSTAKAN.....	199
 <i>LAMPIRAN</i> .....	200

## **DAFTAR TABEL**

	Kaca
Tabel 1 : Data Prakawis ingkang Dipunadhepi Paraga Utama ing Novel <i>Nalika Prau Gonjing</i>	37
Tabel 2 : Data Prakawis ingkang Dipunadhepi Paraga Utama ing Novel <i>Kerajut Benang Ireng</i>	38
Tabel 3 : Data Cara ingkang Dipunlampahi Paraga Utama Kangę Mungkasi Prakawis ingkang Dipunadhepi ing Nov <i>Nalika Prau Gonjing</i>	38
Tabel 4 : Data Cara ingkang Dipunlampahi Paraga Utama Kangę Mungkasi Prakawis ingkang Dipunadhepi ing Nov <i>Kerajut Benang Ireng</i>	38
Tabel 5 : Data Amanat ing Novel <i>Nalika Prau Gonjing</i>	38
Tabel 6 : Data Amanat ing Novel <i>Kerajut Benang Ireng</i>	38
Tabel 7 : Prakawis ingkang Dipunadhepi dening Paraga Utama	47
Tabel 8 : Cara ingkang Dipunlampahi Paraga Utama Kangge Mungkasi Prakawis ingkang Dipunadhepi	48
Tabel 9 : Amanat	49
Tabel 10 : <i>Akumulasi Sami saha Bedanipun</i> Prakawis ingkang Dipunadhepi Paraga Utama	59
Tabel 11 : <i>Akumulasi Sami saha Bedanipun</i> Cara ingkang Dipunlampahi Paraga Utama Kangge Mungkasi Prakawis ingkang Dipunadhepi	60
Tabel 12 : <i>Akumulasi Sami saha Bedanipun</i> Amanat	61

Tabel 13	:	Lampiran Data Prakawis Ingkang Dipunadhepi Paraga Utama Ing Novel <i>Nalika Prau Gonjing</i>	200
Tabel 14	:	Lampiran Data Prakawis ingkang Dipunadhepi Paraga Utama ing Novel <i>Kerajut Benang Ireng</i>	215
Tabel 15	:	Lampiran Data Cara ingkang Dipunlampahi Paraga Utama Kangge Mungkasi Prakawis ingkang Dipunadhepi ing Novel <i>Nalika Prau Gonjing</i>	234
Tabel 16	:	Lampiran Data Cara ingkang Dipunlampahi Paraga Utama Kangge Mungkasi Prakawis ingkang Dipunadhepi ing Novel <i>Kerajut Benang Ireng</i>	249
Tabel 17	:	Lampiran Data Amanat ing Novel <i>Nalika Prau Gonjing</i>	266
Tabel 18	:	Lampiran Data Amanat Ing Novel <i>Kerajut Benang Ireng</i>	281

## ***DAFTAR LAMPIRAN***

		Kaca
Lampiran 1	: Tabel Lampiran Data Prakawis Ingkang Dipunadhepi Paraga Utama Ing Novel <i>Nalika Prau Gonjing</i>	200
Lampiran 2	: Tabel Lampiran Data Prakawis ingkang Dipunadhepi Paraga Utama ing Novel <i>Kerajut Benang Ireng</i>	215
Lampiran 3	: Tabel Lampiran Data Cara ingkang Dipunlampahi Paraga Utama Kangge Mungkasi Prakawis ingkang Dipunadhepi ing Novel <i>Nalika Prau Gonjing</i>	234
Lampiran 4	: Tabel Lampiran Data Cara ingkang Dipunlampahi Paraga Utama Kangge Mungkasi Prakawis ingkang Dipunadhepi ing Novel <i>Kerajut Benang Ireng</i>	249
Lampiran 5	: Tabel Tabel Lampiran Data Amanat Ing Novel <i>Nalika Prau Gonjing</i>	266
Lampiran 6	: Tabel Lampiran Data Amanat Ing Novel <i>Kerajut Benang Ireng</i>	281
Lampiran 7	: Reringkesaning Cariyos Novel <i>Nalika Prau Gonjing</i>	298
Lampiran 8	: Reringkesaning Cariyos Novel <i>Kerajut Benang Ireng</i>	303

## ***DAFTAR CEKAKAN***

KBI : Kerajut Benang Ireng

NPG : Nalika Prau Gonjing

No. : nomer

**TETANDHINGAN PRAKAWIS INGKANG DIPUNADHEPI PARAGA  
UTAMA SAHA AMANAT ING NOVEL NALIKA PRAU GONJING  
KALIYAN NOVEL KERAJUT BENANG IRENG**

**Dening Linda Puspitasari  
NIM 09205241074**

**SARINING PANALITEN**

Panaliten menika gadhah ancas kange ngandharaken tetandhingan prakawis ingkang dipunadhepi paraga utama saha amanat wonten ing novel *NPG* anggitanipun Ardini Pangastuti kaliyan novel *KBI* anggitanipun Harwimuka. Wujud panaliten dipunrembag kanthi madosi sami saha bedanipun prakawis ingkang dipunadhepi paraga utama, sami saha bedanipun cara ingkang dipunlampaahi paraga utama kange mungkasi prakawis ingkang dipunadhepi kaliyan sami saha bedanipun amanat antawisipun kalih novel menika.

Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif komparatif* kanthi ngginakaken cara panaliten sastra tetandhingan. Cara ngempalaken data kanthi cara maos saha nyerat. Pirantining panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika kertu data. Data ingkang sampun kapanggihaken lajeng dipunanalisis mawi cara *etik*. Caranipun ngesahaken data wonten panaliten menika mawi *validitas* semantis saha *reliabilitas ketekunan pengamatan* saha panyeratan.

Asiling panaliten menika nedahaken : (1) wonten saminipun prakawis ingkang dipunadhepi paraga utama ing novel *NPG* kaliyan *KBI* inggih menika tindak sedheng, ngandhut, paben kaliyan ibunipun, usaha perkebunan kirang lancar, perkebunan dupurampas saha *penculikan*. Bedanipun, paraga utama ing novel *NPG* ngadhepi ugi prakawis paben kaliyan garwanipun, kacingkrangan saha ngrimat lare piyambakan, dene paraga utama ing novel *KBI* ngadhepi ugi prakawis dipunpeksa ngladosi hawa nepsu keng ibu, mangretos bilih lare kowar, badhe dipunpejahi dening ibunipun, saha ibunipun seda. (2) Cara ingkang sami dipunpendhet paraga utama kange mungkasi prakawis ingkang dipunadhepi inggih menika purik saking dalemipun, sesidheman, nyuwun pambiyantu, ngadhepi kanthi pasrah, saha ngadhepi kanthi tegas. Bedanipun, paraga utama ing novel *NPG* mendhet ugi cara musyawarah kaliyan kulawarga, mekaraken usaha saha sami paring pangapura, dene paraga utama ing novel *KBI* mendhet cara nampik kathi kurmat saha tansah ngemutaken ibunipun, miyak wewadi tiyang sepuh sejatosipun, pados rekada kange mungkasi congkrahing bapak ibunipun, saha ngendelaken kekiyatian. (3) Saminipun amanat antawisipun kedah saged njagi hawa nepsu, ampun tindak sedheng supados gesang bebrayan boten congkrah, dipunbetahaken upaya ageng kange mungkasi prakawis ing gesang bebrayan, katresnan tiyang sepuh, sedheng tumindak ingkang boten sae menapa mawon sebabipun, wonten ing gesang bebrayan dipunbetahaken sikep jujur, purik dereng tamtu saged mungkasi prakawis bebrayan, njagi tumindak saha ngurmati asma tiyang sepuh, tulung tinulung tanpa pamrih, kasetyaning tresna, tansah konjuk sokur dhumateng Gusti, nggadhahi sikep pasrah saha sabar nalika nampi pacoban, manungsa boten kenging sarakah, tiyang ingkang tumindak boten sae bakal nampi piwales, kathah bandha dereng tamtu njamin kabagan, kange mungkasi prakawis ing gesang bebrayan kedah purun ngapura ing ngapuram.

## **BAB I**

### **PURWAKA**

#### **A. Dhasaring Panaliten**

Sastra tandhingan minangka salah satunggaling perangan saking kawruh sastra. Sastra tandhingan inggih menika wilayah ngelmu sastra ingkang ngrembag gegayutan antawisipun sastra saha tetandhingan sastra kaliyan bidhang sanes. Kadadosan makaten saged dipuntingali ugi wonten ing lampahing kasusastran Jawa.

Wonten lampahing sastra Jawa modheren tataran kamardikan, kathah tuwuhan maneka warni karya sastra mliginipun cerpen, cerbung saha roman utawi novel. Kathah panganggit Jawa ingkang ngripta karya sastra, kepara malah ngantos dipunbentuk sanggar sastra Jawi kangge nampung saha nyaluraken asil karya para panganggit ing tlatah Jawa. Novel ingkang kalebet ing sastra Jawa modheren menika gadhah tema ingkang maneka warni, kados tema ngengingi katresnan, kadurjan, sosial, politik, saha wonten ugi tema ngengingi congkrahing gesang kulawarga utawi boten lestantunipun gesang bebrayan.

Salah satunggaling panganggit ingkang damel novel kanthi tema ngengingi congkrahing gesang kulawarga inggih Ardini Pangastuti. Ardini Pangastuti miyos wonten ing Tulungagung Jawa Timur ing 16 November 1960. Wanita kanthi asma jangkep Suciati Ardini Pangastuti menika remen nyerat geguritan saha cerkak wiwit sekolah SMP. Kiprah Ardini ing donya nganggit dipunwiwiti nalika cerkak sapisanipun kanthi irah-irahan “*Diary Biru*” dipunpacak ing *Jaya Baya*. Ardini temenan anggenipun nglampahi donya

nganggit menika wiwit taun 1986. Karya-karya Ardini salajengipun tuwu cerbung, novel, saha antologi geguritan *Kidung Jaman* ingkang dipundamel ing taun 1999 (Suwondo dkk, 2004: 120-122). Boten mokal bilih awit saking pengalamanipun Ardini Pangastuti ingkang sampun remen nyerat wiwit alit menika, Ardini lajeng nggarap tema-tema ngenggingi congkrahing gesang bebrayan utawi boten lestantunipun gesang bebrayan.

Salah satunggaling novel asil karya Ardini ingkang ngangkat tema ngenggingi congkrahing gesang bebrayan inggih menika novel *Nalika Prau Gonjing*, minangka novel seri Pupus ing taun 1993. Saking tema ingkang dipunpendhet dening Ardini menika wonten saperangan amanat ingkang dipunlebetaken Ardini ing novelipun, ingkang badhe dipunandharaken tumrap pamaos.

Beda kaliyan Ardini Pangastuti, Harwimuka inggih menika panganggit ingkang mrantasi utawi sarwa saged. Priya ingkang miyos ing 22 Oktober 1960 menika asring ngginakaken sandhi asma utawi nama samaran Hariwisnu, Harwi M, Diansasi, saha Astika. Harwimuka asring nyerat saha ndugekake seratanipun ing *media massa* basa Jawi kados *Panyebar Semangat, Jaya Baya, Mekar Sari, Jawa Anyar*, saha *Djaka Lodang*.

Dipuntingali saking sejarah lampahipun Harwimuka wonten ing *khasanah* sastra Jawa modheren, panganggit menika kalebet ing panganggit ingkang sarwi saged, amargi piyambakipun (ingkang aktif ugi wonten ing sekretariat kepengurusan sanggar sastra Triwida Komisariat Blitar) boten namung nengenaken satunggal bidhang sastra kemawon, ananging uga saperangan jinis

ingkang dipuntekuni. Buktinipun, kathah sanget asil karya ingkang dipunpacak wonten ing kalawarti. Asil karya ingkang dipundamel boten namung geguritan utawi cerkak, ananging uga damel antologi geguritan, cerbung utawi cariyos landhung, novel, roman sejarah, saha esai utawi kritik wonten ing rubrik “sastra” utawi rubrik sanes kados “warung cengir” (ing *Mekar Sari*) (Suwondo dkk, 2004: 177-180). Adhedhasar saking pengalaman gesang ingkang dipunalami dening Harwimuka, boten mokal bilih piyambakipun ugi nuwuhaken kathah karya sastra ingkang salah satunggalipun ngangkat tema ngengengi congkraging gesang bebrayan ingkang lumantar salah satunggal novel anggitanipun kanthi irah-irahan *Kerajut Benang Ireng*.

Minangka panganggit, Ardini Pangastuti saha Harwimuka menika gadhah ciri khas ngengengi paraga-paraga ingkang dipunangkat wonten ing novelipun. Novel *Nalika Prau Gonjing* anggitan Ardini Pangastuti minangka salah satunggal novel ingkang nyariyosaken pagesangan wanita, wondene novel *Kerajut Benang Ireng* anggitan Harwimuka minangka novel ingkang nyariyosaken pagesangan priya. Saking asil maos kalih novel menika, dipunpanggihi bilih kalih novel menika gadhah cariyos gesang utawi tema ingkang sami, inggih menika ngengengi prakawis ing gesang bebrayan.

Tetandhingan kalih asil karya, inggih menika novel *Nalika Prau Gonjing* anggitan Ardini Pangastuti kalihan novel *Kerajut Benang Ireng* anggitan Harwimuka menika dipuntindakaken kanthi ancas madosi tema saha amanat ingkang kaandhar lumantar *sikap* saha gagasan ingkang dipunlebetaken panganggit ing saben paraganipun. Tetandhingan kalih novel menika

dipunpusataken ing tetandhingan prakawis ingkang dipunadhepi saben-saben paraga utama saha cara ingkang dipunlampahi paraga utama kange mungkasi prakawisipun, amargi babagan menika minangka dhasar saha dados *kesatuan* ingkang saged makili tema ingkang kaandharaken ing cariyos. Saking andharan menika salajengipun saged nedahaken amanat utawi pesen saking kalih novel kasebat.

Paraga ingkang dipundadosaken fokus panaliten, inggih menika Lintang minangka paraga utama wanita ing novel *Nalika Prau Gonjing* saha Bayu minangka paraga utama priya ing novel *Kerajut Benang Ireng*. Sinaosa kalih paraga utama menika beda, ananging kalih paraga menika saged nyekapi babagan-babagan ingkang dados *syarat* paraga utama. Kejawi menika, panaliten menika badhe nandhingaken unsur *tematis* saha amanatipun, pramila boten ngedahaken priya utawi wanita ingkang saged dados paraga utama.

Saking saperangan andharan ing nginggil saged dipunpendhet dudutanipun bilih dhasaring panaliti badhe naliti babagan prakawis ingkang dipunadhepi dening paraga utama saha amanat ing novel *Nalika Prau Gonjing* kaliyan ing novel *Kerajut Benang Ireng* minangka subjek panaliten wonten ing kajian sastra tandhingan menika, amargi :

1. Novel kekalih sami-sami dipunripta dening panganggit ing mangsa tataran *periode* ingkang sami, taun ingkang sami saha ing naungan penerbit ingkang sami.
2. Novel kekalih gadhah bab-bab ingkang sami mliginipun ing babagan ngengungi prakawis bebrayan.

3. Novel *Nalika Prau Gonjing* kanthi panganggit wanita ngginakaken paraga wanita minangka paraga utama, wondene novel *Kerajut Benang Ireng* kanthi panganggit priya ngginakaken paraga priya minangka paraga utama.
4. Novel kekalih gadhah daya wigati ageng ngengingi tema saha amanatipun amargi sami-sami ngrembag babagan congkrahing pagesangan bebrayan, ingkang samangke nedahaken sebabipun saha upaya kangege mungkasi prakawisipun.

## B. Underaning Prakawis

Saking tetandhingan novel *Nalika Prau Gonjing* anggitan Ardini Pangastuti kalihan novel *Kerajut Benang Ireng* anggitan Harwimuka dipunpanggihi saperangan prakawis. Prakawis-prakawis ingkang saged dipunpendhet antawisipun:

1. Sami saha bedanipun prakawis ingkang dipunadhepi dening paraga utama ing novel *Nalika Prau Gonjing* kaliyan ing novel *Kerajut Benang Ireng*.
2. Sami saha bedanipun cara ingkang dipunlampahi paraga utama kangege mungkasi prakawis ingkang dipunadhepi ing novel *Nalika Prau Gonjing* kaliyan ing novel *Kerajut Benang Ireng*.
3. Sami saha bedanipun latar belakang sosial paraga kangege ngangkat tema ing novel *Nalika Prau Gonjing* kaliyan ing novel *Kerajut Benang Ireng*.
4. Jumbuhipun tema ing novel *Nalika Prau Gonjing* saha ing novel *Kerajut Benang Ireng* kalihan kasunyatan (*realitas*) pagesangan manungsa.

5. Sami saha bedanipun cara ingkang dipunpendhet panganggit kange ngandharaken tema ing novel *Nalika Prau Gonjing* kaliyan ing novel *Kerajut Benang Ireng*.
6. Sami saha bedanipun cara ingkang dipunpendhet panganggit kange ngandharaken amanat ing novel *Nalika Prau Gonjing* kaliyan ing novel *Kerajut Benang Ireng*.
7. Sami saha bedanipun amanat wonten ing novel *Nalika Prau Gonjing* kalihan ing novel *Kerajut Benang Ireng*.

### C. Watesaning Prakawis

Miturut underaning prakawis wonten nginggil, boten sedaya prakawis saged dipuntaliti. Babagan menika nggadhahi ancas supados panaliten menika saged kalampahan kanthi mligi. Pramila saking menika panaliten dipunwatesi ing prakawis antawisipun :

1. Sami saha bedanipun prakawis ingkang dipunadhepi paraga utama ing novel *Nalika Prau Gonjing* kaliyan ing novel *Kerajut Benang Ireng*.
2. Sami saha bedanipun cara ingkang dipunlampahi paraga utama kange mungkasi prakawis ingkang dipunadhepi ing novel *Nalika Prau Gonjing* kaliyan ing novel *Kerajut Benang Ireng*.
3. Sami saha bedanipun amanat wonten ing novel *Nalika Prau Gonjing* kaliyan ing novel *Kerajut Benang Ireng*.

#### **D. Wosing Prakawis**

Wosing prakawis ingkang saged dipunpendhet wonten ing salebetung panaliten menika antawisipun :

1. Kadospundi sami saha bedanipun prakawis ingkang dipunadhepi paraga utama ing novel *Nalika Prau Gonjing* kaliyan ing novel *Kerajut Benang Ireng* ?
2. Kadospundi sami saha bedanipun cara ingkang dipunlampahi paraga utama kangge maungkasi prakawis ingkang dipunadhepi ing novel *Nalika Prau Gonjing* kaliyan ing novel *Kerajut Benang Ireng* ?
3. Kadospundi sami saha bedanipun amanat wonten ing novel *Nalika Prau Gonjing* kaliyan ing novel *Kerajut Benang Ireng* ?

#### **E. Ancasing Panaliten**

Panaliten menika badhe dipunlampahi kanthi ancas :

1. Ngandharaken sami saha bedanipun prakawis ingkang dipunadhepi paraga utama ing novel *Nalika Prau Gonjing* kaliyan ing novel *Kerajut Benang Ireng*.
2. Ngandharaken sami saha bedanipun cara ingkang dipunlampahi paraga utama kangge mungkasi prakawis ingkang dipunadhepi ing novel *Nalika Prau Gonjing* kaliyan ing novel *Kerajut Benang Ireng*.
3. Ngandharaken sami saha bedanipun amanat wonten ing novel *Nalika Prau Gonjing* kaliyan ing novel *Kerajut Benang Ireng*.

## **F. Paedahing Panaliten**

### 1. Paedah teoritis

Panaliten menika dipunkajengaken saged nambah kathahipun panaliten babagan sastra mliginipun ing *kajian* sastra tandhingan. Kanthi panaliten menika dipunkajengaken ugi saged nyaosi gambaran kangge nindakaken lampah *analisis* karya sastra kanthi tetandhingan tema saha amanat ingkang dipuntingali saking prakawis-prakawis saha cara mungkasi prakawis dening paraga utama wonten ing salebetung novel *Nalika Prau Gonjing* saha novel *Kerajut Benang Ireng*.

### 2. Paedah praktis

Panaliten menika dipunkajengaken saged gadhah mumpangat tumrap panaliten salajengipun, dipundadosaken gambaran kangge nganalisis tema saha amanat wonten ing novel *Nalika Prau Gonjing* saha novel *Kerajut Benang Ireng* kanthi panaliten sastra tetandhingan. Kejawi menika uga dipunkajengaken saged ningkataken *apresiasi* saking para *peminat* sastra.

## **G. Pangertosan**

### 1. Sastra Tetandhingan

Sastra tetandhingan inggih menika kawruh sastra ingkang ngrembag gayutan antawisipun karya sastra saha tetandhinganipun karya sastra kaliyan bidhang sanes.

### 2. Tema

Tema inggih menika perangan cariyos ingkang jejer kaliyan makna wonten ing pangalaman tiyang, samubarang ingkang ndadosaken satunggaling

pangalaman saged dipunemut. Cekak aosipun bilih tema sastra dipunpendhet saking pengalaman prakawis ing pagesangan.

### 3. Prakawis

Prakawis inggih menika babagan ingkang dados baken pawicantenan.

### 4. Paraga

Paraga inggih menika *pelaku* utawi tiyang ingkang dipunandharaken ing satunggaling karya *naratif* utawi drama ingkang ngemban prastawa saha minangka pangasta pesen, amanat saha moral kados ingkang dipunandharaken ing *ekspresi* pocapan saha menapa ingkang dipuntindakaken ing tindak-tanduk.

### 5. Amanat

Amanat inggih menika gagasan ingkang dados dhasaring karya sastra, pesen ingkang badhe dipunandharaken dening panganggit tumrap pamaos.

### 6. Novel

Novel inggih menika anggitan cariyos prosa ingkang panjang saha ngandhut paraga-paraga, ngandharaken rerangken prastawa saha latar kanthi kasusun.

## **BAB II**

### **GEGARAN TEORI**

#### **A. *Deskripsi Teori***

##### **1. *Sastra Perbandingan***

Miturut Corstius lumantar Endraswara (2011: 18) *pengkajian sastra perbandingan* dipunwiiti saking pamanggih bilih saben karya sastra minangka perangan saha kempalan saking *komunitas* teks sastra. Sastra *perbandingan* inggih menika wilayah ngelmu sastra ingkang ngrembag gegayutan antawisipun sastra saha tetandhingan sastra kaliyan bidhang sanes (Endraswara, 2003: 128). Wontenipun gegayutan karya sastra menika saged kawontenan, amargi saben panganggit dados bageyan saking panyerat utawi pangripta sanes. Wellek saha Warren (1995: 47-51) mratelakaken pangertosan sastra *perbandingan* kados ing ngandhap menika.

- 1) Sastra *perbandingan* minangka nyinau sastra lesan, mliginipun cariyos rakyat kalebet ugi migrasinipun saha kadospundi saha wekdal menapa cariyos menika mlebet ing panyeratan sastra, kanthi tembung sanes langkung nengenaken ing budaya *foklor*.
- 2) Sastra *bandingan* inggih menika nyinau gegayutan antawisipun kalih kasusastran utawi langkung kangge miji saha nelaah saben karya sastra saha ngrunut *genesis-ipun*. Sastra tandhingan namung ngrunut *gema* satunggaling karya ageng, *migrasi* saha gambaran tema saha bentuk ingkang dipunilhami karya ageng kasebat.

- 3) *Studi sastra dipunpadhakaken kalihan nyinau sastra kanthi samubarangipun, dados sami kaliyan sastra dunia, sastra umum, utawi sastra universal.*

Miturut Damono (2005: 7), sastra tandhingan minangka satunggaling metode kangege miyaraken *pendekatan* saking sastra satunggaling bangsa. Awit saking menika sastra tandhingan boten namung saderma *mempertentangkan* kalih sastra saking kalih negara utawi bangsa. Sastra tandhingan ugi boten namung tumuju ing karya-karya ageng sinaosa kajian sastra tandhingan asring gayut kaliyan panyerat-panyerat kaloka ingkang makili satunggaling jaman. Kajian panyerat enggal ingkang dereng kawentar mliginipun ing *dunia* saged ugi dipunlebetaken ing sastra tandhingan. Watesan sastra tandhingan kasebat nedahaken bilih tetandhingan boten namung kawates ing sastra antawisipun bangsa, ananging ugi sesami bangsa piyambak, upaminipun antawisipun panganggit, antawisipun *genetik*, antawisipun wujud, saha antawisipun tema.

Tugas pengkaji sastra tandhingan inggih menika kangege manggihaken *alternatif* gegayutan *estetis, logis*, saha *signifikan* antawisipun karya sastra (Endraswara, 2011: 22). Dhasar wigatos *pengkajian* sastra modheren inggih menika wontenipun pamanggih bilih karya sastra boten mijil saking *kekosongan* budaya, ananging mijil saking tradhisi masarakat saha budayanipun.

Saking saperangan andharan pamanggih ing nginggil saged dipunpendhet dudutanipun bilih sastra *perbandingan* inggih menika satunggaling *studi* sastra ingkang nandhingaken kalih karya sastra utawi langkung. Panaliten menika kanthi nandhingaken tema ingkang kaandharaken lumantar prakawis ingkang dipunadhepi paraga utama saha amanat ing kalih novel saking kalih panganggit

ingkang beda, inggih menika novel *Nalika Prau Gonjing* anggitanipun Ardini Pangastuti kaliyan novel *Kerajit Benang Ieng* anggitanipun Harwimuka.

## **2. Bidang Kajian Sastra Bandingan**

Endraswara (2003: 136) mratelakaken bilih sastra *perbandingan* saged dipunperang dados tigang lingkup *studi*, inggih menika : (1) tetandhingan antawisipun karya panganggit satunggal kaliyan panganggit sanesipun, panganggit ingkang satunggal jaman, antawis *generasi*, panganggit ingkang *senada*, lsp; (2) nandhingaken karya sastra kaliyan bidhang sanes, kados *arsitektur*, *pengobatan* tradhisional, gugon tuhon, lsp; (3) *kajian* tandhingan ingkang asipat *teoritik*, kangge mirsani sejarah, teori, saha *kritik* sastra. *Kajian* tandhingan ing paneliten menika arahipun kalebet ing tetandhingan antawisipun karya panganggit satunggal kaliyan panganggit sanesipun, panganggit ingkang satunggal jaman, antawis *generasi*, saha panganggit ingkang *senada*. Saben paneliti saged nandhingaken unsur menapa kemawon ingkang gadhah bab-bab ingkang sami. Bidhang-bidhang baken ingkang dados kawigatosan wonten ing paneliten sastra tandhingan miturut Kasim (salebetipun Endraswara, 2011: 81) antawisipun kados ing ngandhap menika:

- (1) *Tema dan motif, melingkupi (a) buah pikiran, (b) gambaran perwatakan, (c) alur (plot), episode, latar (setting), (d) dan ungkapan-ungkapan.*
- (2) *Genre dan bentuk (form), stilistika, majas, suasana.*
- (3) *Aliran(moventent) dan angkatan (generation).*
- (4) *Hubungan karya sastra dengan ilmu pengetahuan, agama/kepercayaan, dan karya-karya seni.*
- (5) *Teori sastra, sejarah sastra, dan teori kritik sastra.*

Paneliten menika kalebet bidhang ingkang angka satunggal. Ingkang angka satunggal inggih menika tema saha motif, ananging boten sedaya cakepan

lingkup ingkang dipunginakaken. Supados langkung *fokus*, lingkup tema saha motif ingkang badhe dipunangge ing panaliten menika antawisipun pamanggih saha pacelathon-pacelathon ingkang lumantar saking paraga utawi andharan langsung saking panganggit wonten ing novel. Babagan menika jumbuh kaliyan pamanggih Endraswara (2011: 163) ingkang ngandharaken bilih *objek* gayut kaliyan babagan menapa kemawon ingkang kawrat wonten ing sastra, ingkang *dominan* saha *layak* dipuntandhingaken saged gayut kaliyan tema, paraga, babagan sosial, kapinteran emosi, lan sapanunggalanipun.

Salajengipun Endraswara (2003: 137) ngandharaken bilih sastra tandhingan saged dipunlebetaken ing sekawan bidhang utama. Sekawan bidhang utama kasebat kados ing ngandhap menika.

- 1) *Kajian* ingkang gadhah sipat *komparatif*, inggih menika nelaah teks A, B, C, lan sapanunggalanipun. *Kajian* menika saged nglebetaken nama panganggit, taun terbitan, papan penerbitan, lan salajengipun. *Kajian* ingkang asipat *komparatif* menika saged awujud *kajian* pangaribawa (*influence study*) utawi *kajian* bab-bab ingkang sami (*affinity study*).
- 2) *Kajian bandingan historis*, inggih menika badhe ningali *nilai-nilai historis* ingkang dados dhasar gegayutan antawisipun satunggal karya kalihan karya sastra sanesipun utawi antawisipun karya sastra kaliyan asil pamanggihipun manungsa.
- 3) *Kajian bandingan teoritik*, ancasipun kangge nggambaraken kanthi cetha ngengingi kaedah-kaedah kasusastran.

- 4) *Kajian antardisiplin* ngelmu, inggih menika nandhingaken antawisipun karya sastra kaliyan bidhang sanes.

Bidhang *kajian* panaliten ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika inggih kalebet ing bidhang *kajian* tetandhingan *komparatif* kanthi kajian bab-bab ingkang sami. Kangge manggihi bab-bab ingkang sami, saged nggatosaken teori *analogi* ingkang dipuntingali langkung aman saha satunggal arah kaliyan panaliten menika. Miturut Trisman dkk., (2003: 51) *analogi* saged ngrantasi prakawis pangaribawa wonten ing tataran ingkang langkung imbang antawisipun pangaribawa saha *kreativitas* panganggit. Tegesipun, teori menika saged nyengkuyung bilih panaliten kanthi nandhingaken menika boten kedah madosi pangaribawa, ananging wontenipun baba-bab ingkang sami saha beda menika amargi wontenipun *faktor kesejajaran*.

Miturut Francoist Jost (salebetung Trisman, dkk. 2003: 51) studi ngengingi analogi tumuju ing *interaksi* saha saminipun ing saperangan sastra, karya, saha panganggit sastra nasional, utawi ing saundering fungsi paraga wigati ingkang dados lantaran nalika ngandharaken *doktrin* utawi *teknik* sastra. Adhedhasar saking menika, dipunpantha segmen ingkang langkung alit ingkang nyukani panaliti kesempatan kangge naliti pnalitenipun, inggih sesambutan kaliyan :

- (1) gayutipun *source* utawi sumber ingkang dipunginakaken panganggit, sumer ingkang nyukani inspirasi, upaminipun wujud buku utawi wujud sanes ingkang dados dasar panyeratan, (2) *response* saha kesuksesan (*fortune*) ingkang dipungayuh dening panganggit tartamtu, (3) gagasan ngengingi babagan tartamtu ingkang dipungadhahi saben bangsa budaya (*image or mirage*).

Miturut Aldridge (Trisman dkk., 2003: 51) analogi utawi bab-bab ingkang sami saged wonten amargi dipunjalari faktor ingkang sejajar kados ing ngandhap menika.

- 1) *Setting* sosial ingkang sami saged ngasilaken karya ingkang persis.
- 2) Kawontenaning tradhisi sastra *setempat*. Ngrembakanipun *genre* tartamtu ing satunggaling tradhisi sastra asring gayut kaliyan *model* utawi gaya enggal ingkang mlebet ing tradhisi kasebut.
- 3) Kanthi *psikologis*, satunggaling pamanggih saged katampi kanthi sami ngenggingi fenomena alam kados ta citraan.

Saking pamanggih menika tamtu kemawon karya satunggal kaliyan sanesipun menika saged manggihaken cariyos ingkang sami utawi meh sami. Kados dene wonten ing panaliten menika, dipunpanggihaken saminipun cariyos amargi arah panaliten ngandhut *faktor-faktor* kados ing nginggil menika. Saminipun cariyos menika kalebet ing babagan prakawis ingkang dipunadhepi paraga utama saha amanat.

Sastra tandhingan gadhah saperangan ancas ingkang badhe dipungayuh. Ancas-ancas sastra tandhingan inggih menika (1) kangge madosi pangaribawanipun karya sastra satunggal kaliyan sanesipun utawi pangaribawa bidhang sanes saha swalikipun ing salebeting bidhang sastra, (2) nemtokaken karya sastra pundi ingkang leres-leres *orisinil* saha pundi ingkang sanes ing lingkup lampahipun sastra, (3) kangge ngicalaken kesan bilih karya sastra nasional tartamtu langkung sae dipuntandhingaken karya sastra nasional ingkang sanes, (4) kangge madosi maneka warna budaya ingkang kaandhut ing salebeting

karya sastra satunggal kalih sanesipun, (5) kangge ngukuhaken *keuniversalan* konsep-konsep kaendahan *universal* ing sastra, saha (6) kangge mbiji mutu karya-karya saking nagari-nagari saha kaendahan karya sastra (Endraswara, 2003: 129). Panaliten menika saboten-botenipun gayut kaliyan ancas ingkang angka gangsal, inggih menika kangge ngukuhaken *keuniversalan* konsep-konsep kaendahan *universal* ing sastra. Mbokmanawi ing lampahing panaliten samangke, asilipun saged nyakup ancas-ancas sanesipun menika ugi saged.

Saking saperangan andharan ing nginggil saged dipunpendhet dudutanipun bilih bidhang *kajian* panaliten ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika inggih kalebet ing bidhang *kajian* tetandhingan *komparatif* kanthi kajian bab-bab ingkang sami. Panaliten menika badhe nandhingaken bab-bab ingkang sami adhedhasar data ingkang dipunpanggihaken ngengingi gegayutan antawisipun pangripta, inggih kangge madosi sami saha bedanipun teks karya sastra, boten pados gegayutan antawisipun pangripta saha pangaribawanipun saking kalih novel. Pramila saking menika panaliti badhe nyobi naliti kanthi nandhingaken babagan tema lumantar prakawis ingkang dipunadhepi paraga utama saha amanat wonten ing novel *Nalika Prau Gonjing* anggitanipun Ardini Pangastuti kaliyan novel *Kerajut Benang Ireng* anggitanipun Harwimuka.

Amargi panaliten menika kalebet ing kajian tandhingan asipat *komparatif*, saengga dipunarahaken kangge manggihi bab-bab ingkang sami ing salebeting karya . Gayut kaliyan menika, pramila wonten ing panaliten menika mbetahaken wontenipun teori ingkang njurung panaliten mliginipun teori ngengingi tema saha amanat minangka kajian wonten ing panaliten menika.

### 3. Tema

#### a. Pangertosan Tema

Saben karya sastra mliginipun karya *fiksi* kedah gadhah dhasar utawi tema minangka ancas ingkang badhe dipuntuju ing panyeratan karya sastra. Panganggit anggenipun nedahaken watak paraga ing karyanipun adhedhasar saking tema menika. Dados tema menika dados babagan ingkang paling utama wonten ing rumpakan cariyos. Satunggaling cariyos mbetahaken tema, kangge ngarahaken ancasing cariyos menika badhe dipun-ajengaken ing pundi saha tumrap sinten.

Tema inggih menika ide, gagasan, saha *pandangan hidup* panganggit ingkang dados dhasaring ngripta karya sastra (Fananie, 2002: 84). Salajengipun Sayuti (2000: 187) mratelakaken bilih tema inggih menika makna cariyos, gagasan utama, utawi dhasar cariyos. Tema minangka gagasan utama, inggih menika satunggaling babagan ingkang badhe dipuntehaken lumantar satunggaling karya. Tema miturut Stanton (2007: 41) inggih menika makna ingkang saged ngrangkum sedaya perangan wonten ing cariyos kanthi cara ingkang paling limrah.

Miturut Hartoko ( 1986: 142) tema inggih menika gagasan dhasar umum ingkang ngemban satunggaling karya sastra, ingkang kawrat ing salebeting teks minangka *struktur semantis* saha ingkang gayut kaliyan bab-bab sami saha bab-bab ingkang beda. Tema menika dados dhasar satunggaling cariyos, pramila tema ugi asipat *menjiwai* sedaya bageyan cariyos. Adhedhasar saking menika, kangge

mahami tema satunggaling novel ugi kedah mahami unsur-unsur *intrinsik* ingkang wonten ing salebetipun.

Salajengiun Hartoko ( 1986: 142) mratelakaken bilih tema dipunsaring saking *motif-motif* nyata ingkang nemtokaken urutan kadadosan utawi kaanan tartamtu. Wujud tema arupi prakawis pagesangan saha *pandangan hidup* panganggit ngengingi donya saking asil ningali utawi saged saking bahan mentah mawon. Sedaya prakawis wonten ing pagesangan menika saged dipundadosaken tema novel.

Tema saged dipunangkat saking maneka prakawis gesang manungsa adhedhasar pengalaman, asil ningali saha asil srawung ing pagesangan. Maneka warni prakawis ing pagesangan saged dipunangkat dados tema wonten ing karya sastra, inggih pengalaman pribadhi utawi sosial, upaminipun katresnan, raos cemas, dhendham, kumalungkung, raos ajrih, seda, kadurjan, religi, *harga diri*, khianat, kasetyaning kanca, lsp. Pramila saking menika, tema satunggaling karya sastra kados novel gadhah gegayutan kalihan pengalaman utawi gesang padintenan.

Gegayutan mawi *fiksi* minangka karya seni, andharan tema kedahipun boten asipat langsung, ananging namung lumantar solah bawa, gagasan, pangrasa saha maneka kadadosan ingkang dipunalami dening paraga (Nurgiyantoro, 1995: 74-75). Novel ingkang sae utawi kasil, unsur tema kasingid wonten ing sedaya perangan. Tema minangka makna baken satunggaling karya *fiksi* boten kathi sengaja dipunsingidaken, amargi pancen babagan menika ingkang dipuncaosaken dening pamaos. Kawigatosan saha kawontenan tema kasingid saha mlebet ing

sedaya rumpakan cariyos. Saengga tema boten kaandharaken kanthi langsung utawi khusus. Kangge mangretosi tema ing karya *fiksi* kedah dipundudut saking sedaya rumpakan cariyos (Nurgiyantoro, 2007: 68-69). Pramila sedaya *unsur-unsur* ingkang wonten ing salebetipun cariyos wiwit ngajeng dumugi pungkasan cariyos menika dados satunggal *kesatuan* ingkang kedah dipungatosaken.

Sayuti (2000: 194) mratelakaken bilih adatipun satunggaling *fiksi* gadhah tema ingkang *jamak* utawi langkung saking satunggal. Andharan menika gadhah teges bilih satunggaling karya *fiksi* arang ingkang gadhah tema tunggal. *Kejamakan* tema wonten ing karya sastra saged dipunpantha dados tema *major* saha tema *minor*. Tema *major* menika tema ingkang ageng utawi *keseluruhan*, wondene tema *minor* menika minangka *sub-sub* tema alit ingkang salajengipun dadosaken wontenipun tema *major*. Boten gampil anggenipun badhe nemtokaken tema baken utawi tema *major*, amargi tema baken menika sami kalihan makna baken ingkang dados dhasar gagasan satunggaling karya sastra. Nemtokaken tema *major* wonten ing novel menika sejatosipun minangka kegiyatan milih, nimbang saha miji ing antawisipun makna ingkang dipuntafsiraken utawi kandhut dening karya sastra.

Tema *major tersirat* wonten ing saperangan ageng karya sastra. Kawontenanipun langkung *mendominasi* tinimbang tema sanesipun. Pramila ingkang namung wonten ing salebetung bageyan-bageyan tartamtu saged dipunlebetaken minangka makna bageyan utawi makna tambahan (tema *minor*). Kanthi menika, kathah sakedhikipun makna *minor* gumantung saking kathah utawi sakedhikipun makna tambahan ingkang kawrat ing novel. *Penafsiran* tema

menika dipunwatesi ing tema-tema ingkang katingal monjo, kanthi tetep gadhah pratandha *konkret* ingkang kandhut ing karya sastra menika minangka dhasar ingkang saged dipuntanggeljawabaken.

Tema *minor* kawontenanipun boten madeg piyambak utawi uwal saking tema *major*, ananging gegayutan dados satunggal makna. Tema *major* gadhah sipat ngrangkum maneka makna-makna *minor* ingkang kandhut ing karya sastra kasebut. Swalikipun, tema-tema *minor* ingkang wonten minangka panjurung utawi dados pandoming sedaya makna tema *major* ing novel kanthi wetah. Sejatosipun wonten *koherensi* ingkang ageng antawisipun maneka tema *minor* ingkang salajengipun saged nyethakaken tema *major*. Tegesipun, tema *minor* kasebut gadhah sipat nyethakaken kawontenan tema *major*. *Identifikasi* tumrap satunggaling tema minangka tema *major* saged dipunadani bilih wonten tetandhinganipun kaliyan makna-makna sanes ingkang saged dipuntafsiraken saking karya sastra kasebat.

Nurgiyantoro (2007: 25-26) mratelakaken bilih saben novel gadhah tigang unsur pokok minangka unsur paling wigati, inggih menika paraga utama, prakawis utama saha tema utama. Tigang unsur menika sami gegayutan saha ndadosaken satunggaling babagan ingkang jumbuh wonten ing satunggal rumpakan cariyos, saengga saged dipuntegesi bilih saben bageyan *subkonflik*, gadhah sipat minangka pandhapuk, nyethakaken saha negasaken kawontenan tigang unsur cariyos kasebut.

Saking saperangan andharan ing nginggil saged dipunpendhet dudutanipun bilih kange mengkaji tema wonten ing salebetung novel, kedah nggatosaken ugi

saking paraga saha saha *konflik* utawi prakawis ingkang dipunadhepi dening paraga, mliginipun paraga utama. Ing panaliten menika, babagan ingkang badhe karembag inggih menika prakawis ingkang dipunadhepi paraga utama.

### **b. Cara Nemtokaken Tema**

Stanton (2007: 42) mratelakaken bilih cara ingkang paling *efektif* kangge mangretosi tema satunggaling karya inggih kanthi tliti ngamati saben *konflik* utawi prakawis ingkang wonten ing salebetipun. Babagan menika gegayutan sanget amargi *konflik* utama adatipun ngandhut satunggaling bab ingkang wigati sanget bilih dipunrunut saestu.

Miturut Fananie (2002: 84) tema saged dipunpanggihi kanthi maneka cara, kados saking *dialog* paraga-paraganipun, lumantar prakawis-prakawis ingkang dipunbangun utawi saking andharan boten langsung. Wigatinipun satunggal tema boten katiti saking saenipun jinis tema ingkang dipunandharaken, ananging saking kadospundi panganggit saged ngrantam tema ing lampah cariyos kanthi wigati, kathah prakawis, saha nyawiji kalihan *karakter* paraga-paraganipun. Babagan menika gadhah teges bilih kangge nemtokaken tema menika boten saged uwal saking unsur-unsur wigatos ingkang mbangun satunggaling karya *faksi*.

Gayut kaliyan kegiyatan mahami tema, pamaos saged ndudut saking sedaya rumpakan wosing cariyos sarta kandhutan makna wonten saben unsur wigati ing salebeting cariyos kanthi wujud reroncen tartamtu ing satunggal utawi kalih ukara. Kejawi menika kangge nemtokaken tema cariyos, pamaos saged nemtokaken lumantar irah-irahan ingkang wonten ing cariyos kasebut

(Aminuddin, 2009: 89). Gayut kaliyan babagan menika, kangge manggihaken tema wonten ing satunggaling cariyos saged nggatosaken saking sedaya rumpakan wosing cariyos ingkang kajumbuhaken mawi irah-irahan cariyos, lajeng dipunpendhet maknanipun kanthi wujud reroncen tembung satunggal utawi kalih ukara.

Tema gadhah gegayutan antawisipun makna kaliyan ancasing andharan *prosa fiksi* dening panganggitipun. Gegayutan kalihan menika kangge mahami tema pamaos langkung rumiyin kedah mahami unsur-unsur wigatos ingkang mbangun cariyos, ndudut makna ingkang dipunkandhut, sarta saged nggayutaken kaliyan ancas panganggit. Ing ngandhap menika dipunandharaken lampah-lampah ingkang kedah dipun-gatosaken gegayutan kalihan pamahaman tema.

- 1) Mahami *setting* wonten ing *prosa fiksi* ingkang dipunwaos.
- 2) Mahami *penokohan* saha *perwatakan* paraga ing *prosa fiksi* ingkang dipunwaos.
- 3) Mahami *satuan prastawa*, baken gagasan sarta lampahing prastawa ing *prosa fiksi* ingkang dipunwaos.
- 4) Mahami *plot* saha *alur* cariyos ing *prosa fiksi* ingkang dipunwaos.
- 5) Nggayutaken baken gagasan satunggal lan sanesipun ingkang dipundudut saking saben-saben prastawa ingkang kaandhar lumantar cariyos.
- 6) Nemtokaken *sikap* panganggit tumrap baken gagasan ingkang dipunandharaken.

- 7) *Idhentifikasi* ancasing panganggit ngandharaken cariyosipun saking saben baken gagasan sarta *sikap* panganggit tumrap baken gagasan ingkang dipunandharaken.
- 8) Nafsiraken tema wonten ing cariyos ingkang dipunwaos sarta mendhet dudutanipun awujud satunggal utawi kalih ukara ingkang dipunkajengaken minangka ide dhasar cariyos ingkang dipunandharaken dening panganggit (Brooks lumantar Aminuddin, 2009: 91-92).

Miturut Sayuti (2000: 195-197) wonten saperangan upaya saha cara kangge manggihi saha nafsiraken tema. Sapisan, *penafsiran* tema kedah nggatosaken saben *detail* cariyos ingkang monjo, inggih menika kadadosan-kadadosan ingkang dipunalami dening paraga utama saha paraga ingkang paling asring medal. *Detail* cariyos ingkang makaten adatipun wonten ing saundering prakawis utama ingkang dipuntingali minangka sabab wontenipun paraga ingkang dipunadhepi dening paraga utama.

Andharan ngginggil menika saged dipuntegesi bilih reroncen antawisipun paraga-prastawa-prakawis utama dados unsur ingkang paling wigati ingkang asring dipun-ginakaken dening panganggit kangge ngandharaken tema ing salebetung *fiksi*. Tigang unsur menika dados dhasar wonten ing kegiyatan nemtokaken saha nafsiraken tema. Paraga utama ngemban jejibahan kangge ngandharaken tema minangka asil gagasan-gagasan ingkang badhe dipunandharaken dening panganggit. Prakawis inggih menika *pertentangan* ingkang dipunalami dening paraga, wondene *konflik* inggih menika *klimaks* saking prakawis ingkang dipunadhepi dening paraga utama.

Kaping kalih, *penafsiran* tema boten *bertentangan* kalihan saben *detail* cariyos kados prastawa saha unsur-unsur ingkang dipuncariyosaken. Karya *prosa fiksi* sajatosipun minangka sarana panganggit kangge ngandharaken pangandel, kaleresan gagasan, sikep saha *pandangan hidup* panganggitipun.

Kaping tiga, *penafsiran* tema boten adhedhasar saking bukti-bukti ingkang boten dipunandharaken kanthi langsung utawi boten langsung. Tema cariyos boten saged dipuntafsiraken adhedhasar gagasan, satunggaling bab ingkang dipunbayangaken salebeting cariyos utawi *informasi* sanes ingkang kirang saged dipunpitados. Cara nemtokaken tema kados makaten boten saged dipuntanggeljawabaken amargi boten wonten panjurung *bukti* ingkang asipat *empiris* saha *tekstual*.

Kaping sekawan, *penafsiran* tema kedah gadhah dhasar saking bukti langsung utawi ingkang dipuntedahaken ing cariyos. Pitedah tema satunggaling cariyos kedah saged dipunbuktekaken lumantar dhata-dhata utawi *detail* cariyos ingkang wonten ing salebeting cariyos kanthi bukti langsung utawi boten langsung. Data-data ingkang saged dipunangge sapisan awujud tembung-tebunging ingkang dipunpanggihi ing karya, ingkang kaping kalih awujud *penafsiran* tumrap tembung-tebunging kasebut. Wonten ing salebeting *karya fiksi* asring dipunpanggihi wontenipun data tartamtu awujud tetembungan, ukara, *alinea*, utawi *dialog-dialog* ingkang saged dipuntingali minangka bentuk *cerminan* tema baken karya menika.

Paraga ing cariyos, mliginipun paraga utama, kathah-kathah dados pangasta saha lakon ing cariyos, saha ingkang ngalami prakawis-prakawis

ingkang dipuncariyosaken (Nurgiyantoro, 2007: 74). Gayut kaliyan *penafsiran* tema, adatipun paraga utama ingkang dipunemban tugas kange ngasta utawi ngandharaken tema, ingkang dipunkajengaken panganggit. Gayut kaliyan babagan menika, Nurgiyantoro (2007: 85) lajeng ngandharaken bilih kange ancas menika, kita saged ngajengaken pitakenan-pitakenan kados : menapa motivasinipun, prakawis ingkang dipunadhepi, kadospundi perwatakanipun, kadospundi sikep saha *pandangan*-ipun tumrap prakawis kasebat, menapa (saha kadospundi cara) ingkang dipunpenggalih, dipunraos, saha dipuntindakaken, kadospundi *keputusan* ingkang dipunpendhet, lan sapanunggalanipun.

Saking saperangan andharan pamanggih nginggil saged dipunpendhet dudutanipun bilih cara ingkang paling *efektif* dipunginakaken kange nemtokaken tema menika kanthi ningali saking paraga utama saha prakawis-prakawis ingkang dipunadhepi dening paraga utama menika. Kejawi menika, langkung jangkep bilih andharan prakawis menika dipunjangkepi ugi mawi cara-cara ingkang dipunlampahi dening paraga utama kange mungkasi prakawisipun. Prakawis ingkang dipunadhepi saha cara ingkang dipunlampahi paraga utama kange mungkasi prakawis menika minangka dados dhasar saha *kesatuan* ingkang saged makili tema ingkang kaandharaken ing cariyo. Pramila saking menika, wonten ing panaliten menika badhe ngrembag babagan prakawis ingkang dipunadhepi dening paraga utama saha cara ingkang dipunlampahi paraga utama kange mungkasi prakawis ingkang dipunadhepi.

Tema, asring dipunanggep nggadhahi pangretasan ingkang sami kaliyan amanat utawi moral. Amanat saha tema, amargi kalihipun minangka babagan

ingkang kaandhut, saged dipuntafsiraken, dipunpendhet saking cariyos, saged dipuntingali gadhah babagan ingkang persis. Ananging sejatosipun tema kaliyan amanat menika beda. Amanat saged dipuntingali minangka salah satunggal wujud tema ing bentuk ingkang paling *limrah*, ananging boten sedaya saged dados tema. Pramila saking menika kangge langkung mahami ngengingi amanat, bedanipun mawi tema saha cara anggenipun nafsisiraken amanat, ing ngandhap menika badhe kaandharaken gegaraning teori ngengingi amanat.

#### 4. Amanat

Wonten ingkang ngandharaken bilih amanat sami kaliyan tema. Sejatosipun boten sedaya tema dados amanat. Amanat uga dereng tamtu tema. Tema inggih menika babagan ingkang *kompleks* saha asipat umum, wondene amanat sampun dados babagan khusus utawi saged dipunsebat pitedah *praktis* kangge dipundhereki. Wonten ing *dikotomi* sastra ingkang mbedakaken karya sastra menika saking wosipun saha bentuk, saengga tema lan amanat ugi kalebet wosipun.

Sayuti (2000: 188) nyebataken amanat kanthi tembung moral cariyos. Moral cariyos inggih menika satunggaling saran moral asipat *praktis* ingkang saged dipunpendhet saking satunggaling cariyos. Moral cariyos kasebut wonten ing satunggaling reroncening *alur* cariyos ingkang wonten. Pangretosan menika gumathuk bilih dipunpatrapaken ing *fiksi* kados novel. Babagan menika amargi cariyos *fiksi* saha novel kalebet ing jinis karya sastra ingkang kadhapuk saking maneka rumpakan pembangun kalebet ugi tema saha amanat.

Hartoko (1986: 10) ngandharaken bilih amanat inggih menika pesen ingkang badhe dipunandharaken panganggit lumantar karyanipun (cerpen utawi novel) tumrap pamaos utawi pamireng. Salajengipun Sudjiman (1986: 5) njangkepi pangretosan nginggil menika kanthi ngandharaken bilih amanat menika gagasan ingkang dados dhasar karya sastra. Dados amanat minangka satunggaling bab ingkang njurung panganggit kangege ngripta novelipun. Panganggit nalika ngripta novelipun tamtu gadhah ancas utawi amanat ingkang badhe dipunandharaken dhateng tiyang sanes.

Miturut pamanggih Aminudin (2009: 57) tema namung saged dipunpendhet kanthi cara mendhet dudutan inti dhasar, ingkang kawrat ing *totalitas* makna karya sastra, wondene amanat saged wonten ing wiji-wiji baken pamanggih ingkang dipunandharaken. Kanthi tembung sanes, bidhang cakepan tema langkung wiyar tinimbang amanat. Amanat inggih minangka gagasan, *kecenderungan* saha ancas panganggit tumrap tema. Wonten ing salebeting amanat katingal *pandangan hidup* saha *cita-cita* panganggit.

Karya sastra ingkang sae adatipun ngandhut pesen moral utawi amanat tumrap pamaos kangege nindakaken babagan ingkang sae. Karya sastra *fiksi* kalebet ing karya sastra ingkang sae bilih tansah ngandharaken pesen moral ingkang gegayutan kaliyan sipat-sipat luhur kamanungsan, ngupayakaken hak saha martabat manungsa (Nurgiyantoro: 2007: 321). Awit saking menika, bilih paraga wonten ing cariyos karya *fiksi* gadhah tindak-tanduk saha sikep ingkang kirang prayogi, boten ateges panganggit ndhawuhi pamaos kangege nindakaken ingkang kados makaten. Pamaos dipunkajengaken saged mendhet *hikmah*

piyambak saking cariyos paraga “durjana” kasebat (Nurgiyantoro, 2007: 322).

Pramila pamaos saged nuladhani tumindak-tumindak ingkang sae wonten ing cariyos, ananging bilih ingkang dipunandharaken wonten ugi tuladha ingkang boten sae, pamaos kedah saged milah saha mendhet *hikmah*-ipun saking tumindak ingkiang boten sae ing salebeting cariyos.

Sudjiman (1988: 57-58) mratelakaken bilih pesen moral utawi amanat saged dipunandharaken kanthi langsung (*eksplisit*) utawi boten langsung (*implisit*). Kanthi langsung (*eksplisit*) bilih panganggit wonten ing tengah utawi pungkasaning cariyos nedahaken saran, *seruan*, piweling, wejangan, pamrayogi, saha pepenging ingkang magepokan kaliyan gagasan ingkang dados dhasar cariyos. Kanthi boten langsung (*implisit*) bilih pesen moral dipunisyarataken lumantar tindak tanduk paraga wonten ing karya *fiksi* kasebat.

Kadadosan wonten ing cariyos uga saged dipun-ginakaken kange nemtokaken amanat, saengga amanat wonten ing *konteks* menika dipunandharaken kanthi alus saha boten langsung. Amanat saged kaandhar lumantar tindak-tanduk utawi watak para paraga ingkang gadhah bageyan wonten ing cariyos.

Kangge manggihi saha nafsiraken amanat boten beda tebih kaliyan tema. Cara ingkang saged dipun-ginakaken inggih menika:

- 1) Nemtokaken wosing cariyos. Saking paraga utama saged dipuntingali prakawis ingkang dipunadhepi, tindak-tanduk saha pamanggih saking paraga utama menika.

2) Manggihi prastawa monjo ingkang dipun-gambaraken ing cariyos saha nggayutaken mawi irah-irahan saking cariyos utawi novel.

3) Manggihi kupiyanipun paraga utama kange maripurna prakawisipun. Wujudipun saged awujud saran, *seruan*, piweling, wejangan, pamrayogi, saha pepenging ingkang dipunjumbuhaken mawi tema cariyos.

Saking saperangan andharan ing nginggil saged dipunpendhet dudutanipun bilih amanat inggih menika pesen ingkang badhe dipuntedahaken dening panganggit lumantar karyanipun tumrap pamaos ingkang saged kaandharaken lumantar wosing cariyos, saking kadadosan ingkang monjo ingkang dipungayutaken mawi irah-irahan novel saha saking kupiyanipun ingkang dipunpendhet paraga nalika mungkasi prakawisipun.

Sampun dipunandharaken ing nginggil bilih kange manggihi sarta nafsiraken tema saha amanat wonten ing salebeting novel, ingkang dados unsur utama saged katiti saking paraga utamanipun, pramila wonten ing panaliten menika mbetahaken wontenipun teori ingkang njurung panaliten mliginipun teori ngengingi paraga wonten ing fiksi, supados saged jumbuh saha selaras kaliyan panaliten menika.

## **5. Paraga Ing *Fiksi***

Salah satunggal babagan ingkang wigati wonten ing salebeting karya *fiksi* inggih menika wontenipun paraga. Paraga dados bageyan ingkang wigati sangat wonten ing satunggaling cariyos, amargi minangka sarana kange ngandharaken gagasan panganggit. Paraga minangka unsur ingkang nglampahaken cariyos lumantar tindak-tanduk ingkang dipuntindakaken, uga dados sarana kange

ngandharaken pesen saha ancas ingkang pengin dipunandharaken panganggit. Sayuti (2000: 73-74) mratelakaken bilih paraga inggih menika *elemen struktural fiksi* ingkang ngedalaken prastawa. Pamanggih menika ugi dipunsarujuki dening Aminuddin (2009: 79) ingkang ngandharaken bilih *pelaku* ingkang ngemban prastawa wonten ing cariyos *fiksi* saengga prastawa kasebat saged dados satunggaling rumpakan cariyos dipunsebat paraga.

Abrams (salebetipun Nurgiyantoro, 2007: 165) ngandharaken bilih paraga inggih menika tiyang ingkang dipunandharaken ing satunggaling karya *naratif* utawi drama ingkang dening pamaos dipuntafsiraken nggadhahi kwalitas moral saha *kecenderungan* tartamtu kados ingkang dipunandharaken ing *ekspresi* pocapan saha menapa ingkang dipuntindakaken ing tindak-tanduk. Satunggaling paraga dipunsebat wajar saha jumbuh bilih gadhah gambaran saha babagan ingkang persis kaliyan pagesangan manungsa ing kasunyatanipun (*lifelike*), utawi kanthi tembung sanes paraga cariyos kedahipun gadhah sipat alami, utawi gadhah sipat *lifelikeness* ‘*kesepertihidupan*’ (Nurgiyantoro, 2007: 168). Saged kaandharaken bilih paraga ingkang ngemban moral ing salebeting cariyos menika gadhah sipat alami kados dene nyariyosaken gesang manungsa ing kasunyatanipun.

Nurgiyantoro (2007: 167) mratelakaken bilih paraga cariyos nglenggahi papan *strategis* minangka pangasta saha pamedhar pesen, amanat, moral utawi satunggaling babagan ingkang kepengin dipunandharaken tumuju pamaos. Kejawi gegayutan mawi amanat, paraga ugi gadhah gegayutan mawi tema. Salajengipun, miturut Nurgiyantoro (2007: 173) paraga-paraga menika

utaminipun minangka *pelaku-penyampai* tema, kanthi kasinglon utawi ngeglo (blak-blakan). Kangge nafsiraken tema antawisipun saged dipunpadosi lumantar detail kadadosan utawi prakawis utama ingkang monjo. Tegesipun kupiya kangge nafsiraken tema kedah dipunlacak lumantar menapa ingkang dipuntindakaken, dipunpenggalih, saha dipunraos utawi menapa ingkang dipundhawahaken dhateng paraga utama.

Paraga-paraga cariyos, mliginipun paraga utama, inggih minangka pangasta saha ingkang nglampahi cariyos, pandamel, *pelaku* saha *penderita* prastawa-prastawa ingkang dipuncariyosaken (Nurgiyantoro, 2007: 173). Kanthi menika, saged dipuntegesi bilih lumantar paraga utama, tema menika saged dipunpadosi. Awit saking menika, antawisipun tema saha amanat menika sami-sami gayut kaliyan paraga ing cariyos, mliginipun kaliyan paraga utama.

Saking saperangan andharan ing nginggil saged dipunpendhet dudutanipun bilih paraga inggih menika *pelaku* utawi tiyang ingkang dipunandharaken ing satunggaling karya *naratif* utawi drama ingkang ngemban prastawa saha minangka pangasta pesen, amanat saha moral kados ingkang dipunandharaken ing *ekspresi* pocapan saha menapa ingkang dipuntindakaken ing tindak-tanduk.

## B. Panaliten Ingkang Jumbuh

Panaliten ingkang jumbuh inggih menika panaliten ingkang dipuntindakaken dening Setyaning Nur Asih ing taun 2011 kanthi irah-itahan *Perbandingan Pencitraan Tokoh Utama Wanita Dalam Novel Tumeteding Luh Karya Any Asmara Dengan Roman Mbok Randha Saka Jogja Karya Suparta Brata*. Panaliten menika relevan kaliyan panaliten kula amargi sami-sami

ngginakaken metodhe sastra *bandingan* kangge metodhe panalitenipun. Wonten ing panaliten ingkang dipuntindakaken Asih menika nandhingaken citra paraga utama wanita saking kalih novel saha kalih panganggit. Dipuntindakaken kanthi nandhingaken *sikap* paraga utama wanita saha prakawis ingkang dipunalamni dening paraga utama wanita. Bedanipun kaliyan panaliten kula bilih wonten ing panaliten kula badhe nandhingaken prakawis ingkang dipunadhepi paraga utama saha amanat. Novel ingkang kaginakaken ing panaliten kula ugi beda.

Panaliten ingkang jumbuh sanesipun inggih menika panaliten ingkang dipuntindakaken dening Dian Anggraini Puspitasari ing taun 2013 kanthi irah-irahan *Tetandhingan Struktural Wonten Ing Serat Pranatjitra Rara Mendut (Anonim) Kaliyan Novel Katresnan Donja Akerat Aanggitanipun M. Sastrasoemarta*. Panaliten ingkang dipuntindakaken dening Dian menika *relevan* kaliyan panaliten kula amargi sami-sami ugi ngginakaken metodhe sastra *bandingan* kangge metodhe panalitenipun Wonten ing panaliten ingkang dipuntindakaken Dian menika kanthi madosi babagan ingkang sami saha beda antawisipun untur *intrinsik* kados tema, alur, panggaraping paraga saha latar cariyos saking kalih karya sastra. Bedanipun kaliyan panaliten kula bilih wonten ing panaliten kula badhe madosi babagan ingkang sami saha beda ngengingi tema lumantar prakawis ingkang dipunadhepi paraga utama saha cara ingkang dipunlampahi paraga utama kangge mungkasi prakawis ingkang dipunadhepi, kaliyan amanat saking novel *Nalika Prau Gonjing* anggitanipun Ardini Pangastuti saha novel *Kerajut Benang Ireng* anggitanipun Harwimuka .

### C. Nalaring Panaliten

Tema saha amanat dados bageyan ingkang wigatos wonten ing salebetung karya sastra. Panganggit karya sastra kathah ngginakaken prakawis padintenan minangka tema wonten ing karya sastra ingkang dipunripta, pramila boten mokal bilih wonten kathah karya sastra ingkang gadhah babagan ingkang sami mliginipun ing tema saha amanatipun. Fenomena kados makaten ingkang dipunpanggihaken wonten ing novel *Nalika Prau Gonjing* anggitan Ardini Pangastuti saha novel *Kerajut Benang Ireng* anggitan Harwimuka.

Kalih novel menika gadhah tema *major* ingkang sami-sami ngangkat prakawis pagesangan ngengingi congkrahing pagesangan bebrayan, saengga ing samangke panaliten menika badhe madosi sami saha bedanipun prakawis ingkang dipunadhepi paraga utama saha cara ingkang dipunlampahi paraga utama kange mungkasi prakawis ingkang dipunadhepi, ing pundi babagan menika saged makili tema-tema ingkang wonten ing kalih novel. Kejawi menika, panaliten menika ugi kange manggihi lajeng nandhingaken amanat saking kalih novel menika. Adhedhasar saking menika panaliten menika ngginakaken *kajian* sastra *perbandhingan* kanthi *bandingan komparatif* babagan prakawis ingkang dipunadhepi paraga utama saha amanat ingkang ancasipun kange manggihaken bab-bab ingkang sami saking kalih novel ingkang dipuntandhingaken.

Cara ingkang paling *efektif* dipunginakaken kange nemtokaken tema menika kanthi ningali saking paraga utama saha prakawis-prakawis ingkang dipunadhepi dening paraga utama menika. Kejawi menika, langkung jangkep bilih andharan prakawis menika dipunjangkepi ugi mawi cara-cara ingkang

dipunlampahi dening paraga utama kange mungkasi prakawisipun. Prakawis ingkang dipunadhepi saha cara ingkang dipunlampahi paraga utama kange mungkasi prakawis menika minangka *kesatuan* ingkang saged makili tema ingkang kaandharaken ing cariyos. Pramila saking menika, wonten ing panaliten menika badhe ngrembag babagan prakawis ingkang dipunadhepi dening paraga utama saha cara ingkang dipunlampahi paraga utama kange mungkasi prakawis ingkang dipunadhepi.

Lampahipun panaliten, inggih menika mendhet *data* kanthi teknik maos saha nyathet lajeng dipunlebetaken ing lembar data. *Data* ingkang dipunpendhet inggih menika perangan *teks* ngenggingi prakawis ingkang dipunadhepi dening paraga utama saha cara ingkang dipunlampahi paraga utama kange mungkasi prakawisipun. *Data* amanat dipunpendhet ugi kanthi mendhet perangan *teks* ngenggingi andharan langsung utawi boten langsung ingkang dipunandharaken lumantar paraga utawi dening panganggit langsung wonten ing novel. Perangan-perangan teks menika lajeng dipuntandhingaken kange madosi babagan ingkang sami saha bedanipun. Cara panaliten ingkang dipunginakaken inggih kanthi cara panaliten satra tetandhingan.

## **BAB III**

### **CARA PANALITEN**

#### **A. Jinising Panaliten**

Panaliten menika kalebet ing panaliten sastra *bandingan*. Sastra *bandingan* inggih menika satunggaling *pendekatan* wonten ing ngelmu sastra ingkang boten ngasilaken *teori* piyambak (Damono, 2005: 2). Sastra *bandingan* boten ngiwakaken *metodologi kajian* tartamtu tumrap *disiplin-ipun*. *Metode* tetandhingan dados bab ingkang utama wonten ing lampah-lampah panaliten ingkang dipunleksanani. Teori menapa kemawon ingkang njurung saged dipunginakaken wonten ing sastra *bandingan* bilih jumbuh kaliyan *objek* saha ancasipun.

Panaliten menika minangka jinis panaliten *deskriptif komparatif*. Cara panaliten *deskriptif komparatif* menika mawi ngandharaken *data* awujud prakawis ingkang dipunadhepi paraga utama, cara ingkang dipunlampaahi paraga utama kangege mungkasi prakawis ingkang dipunadhepi saha amanat, ingkang salajengipun dipunanalisis saha dipuntandhingaken. Andharan menika jumbuh kaliyan pamanggih saking Ratna (2004: 53), bilih cara panaliten *deskriptif komparatif* kanthi ngandharaken saha nandhingaken.

#### **B. Sumbering Data Panaliten**

Sumber data wonten ing panaliten menika wonten kalih novel, inggih kados ing ngandhap menika :

1. Novel *Nalika Prau Gonjing* minangka novel karya Ardini Pangastuti minangka novel seri 002 PUPUS ingkang terbit taun 1993 kanthi penerbit CV Sinar Wijaya.
2. Novel *Kerajut Benang Ireng* minangka novel karya Harwimuka minangka novel seri 004 PUPUS ingkang terbit taun 1993 kanthi penerbit CV Sinar Wijaya.

*Fokus* panaliten menika wonten ing babagan prakawis ingkang dipunadhepi paraga utama saha amanat ingkang saged kapendhet saking data-data awujud tetembungan, ukara, *dialog* utawi *alinea* ing teks saking kalih novel kasebat. Panaliten menika badhe ngrembag bab-bab sami saha bedanipun prakawis ingkang dipunadhepi paraga utama saha amanat mliginipun ing babagan tindak-tanduk, prakawis ingkang dipunadhepi saha lampah cara ingkang dipunpendhet dening paraga utama saha paraga tambahan ingkang saged nedahaken tema saha amanat wonten ing novel *Nalika Prau Gonjing* anggitan Ardini Pangastuti saha novel *Kerajut Benang Ireng* Anggitan Harwimuka.

### C. Caranipun Ngempalaken Data

Data ingkang *akurat* ing satunggaling panaliten dipunpanggihi sasampunipun ngawontenaken *pembacaan* kanthi *terus-menerus* saha *berulang-ulang*, lajeng dipuntindakaken kegiyatan nyathet. Babagan menika selaras kaliyan pamanggih (Endraswara, 2011: 171) maos kanthi terus-menerus menika gadhah ancas kangge manggihi data ingkang jumbuh kalihan *objek* panaliten, saengga data ingkang boten jumbuh saha boten dipunbetahaken saged dipunbucal. Kejawi menika, teknik maos menika dipunbetahaken kangge madosi jumbuhipun data

satunggal kaliyan dhata sanesipun, saengga wonten ing data sastra *bandingan* menika prelu dipunsarengi upaya “*merelevansi*” teks satunggal kalihan teks sanesipun.

Sasampunipun data *objek* panaliten saged dipunpesthekaken saha data-data sampun dipunkempalaken, lampah-lampah salajengipun ingkang saged dipunleksanakaken miturut Endraswara (2011: 173), inggih menika (1) njejeraken unsur tembung ingkang wonten persisipun saking seratan lan bunyi, (2) njejeraken unsur ingkang gadhah babagan sami ngengingi makna, sinaosa seratanipun beda, saha (3) njejeraken unsur ingkang nggadhahi *konteks* ingkang sami . Saking unsur-unsur kasebut lajeng dipunpantha satunggal mbaka satunggal saha dipunperang lajeng dipunsukani tandha utawi nomer.

#### **D. Pirantining Panaliten**

Piranti panaliten inggih menika awujud lembar data. Lembar data ing samangke badhe kaginakaken kange nyathet *informasi-informasi* wigatos ingkang badhe dipun-analisis, ingkang gegayutan kaliyan prakawis ingkang badhe dipuntaliti. Wondene wujudipun lembar data kados ing ngandhap menika.

**Tabel 1. Data Prakawis ingkang Dipunadhepi Paraga Utama ing Novel *Nalika Prau Gonjing***

No.	Prakawis Ing Novel	Indikator	Kaca	Katrangan

Tabel 2. Data Prakawis ingkang Dipunadhepi Paraga Utama ing Novel *Kerajut Benang Ireng*

No.	Prakawis Ing Novel	Indikator	Kaca	Katrangan

Tabel 3. Data Cara ingkang Dipunlampahi Paraga Utama Kangge Mungkasi Prakawis ingkang Dipunadhepi ing Novel *Nalika Prau Gonjing*

No.	Cara Ingkang Dipunlampahi Paraga Utama Kangge Mungkasi Prakawis	Indikator	Kaca	Katrangan

Tabel 4. Data Cara ingkang Dipunlampahi Paraga Utama Kangge Mungkasi Prakawis ingkang Dipunadhepi ing Novel *Kerajut Benang Ireng*

No.	Cara Ingkang Dipunlampahi Paraga Utama Kangge Mungkasi Prakawis	Indikator	Kaca	Katrangan

Tabel 5. Data Amanat ing Novel *Nalika Prau Gonjing*

No.	Amanat	Indikator	Kaca	Cara Ngandharaken

Tabel 6. Data Amanat ing Novel *Kerajut Benang Ireng*

No.	Amanat	Indikator	Kaca	Cara Ngandharaken

## E. Caranipun Nganalisis Data

*Teknik analisis* ingkang dipun-ginakaken wonten ing panaliten menika inggih *analisis* kanthi *etik*. Jost (salebetting Endraswara, 2011: 178) mratelakaken bilih *analisis* kanthi etik inggih menika *analisis* ingkang nuwuhaken utawi

ngrembakakaken pamanggih dumugi wontenipun *rumusan* ingkang cetha ngengengi babagan menapa ingkang badhe dipunlacak. Dados analisis kanthi *etik* menika *analisis* ingkang ngginakaken landhesan *teori-teori* ingkang sumpun dipunbangun saderengipun. *Teori* ingkang *relevan* saha jumbuh kaliyan objek panaliten dipuntrapaken wonten ing lampahing *analisis*. Lampah-lampah ingkang saged dipuntindakaken wonten ing panaliten inggih kados ing ngandhap menika.

1. Lampah sapisan ingkang dipuntindakaken wonten ing *analisis* kanthi *etik* inggih menika mbangun *teori* minangka landhesan ing *awal* nalika nganalisis dhata. Ing *tahap* menika panaliti ngempalaken saha nyusun *teori-teori* ingkang gegayutan saha dipun-ginakaken wonten ing panaliten.
2. Data-data ingkang sumpun dipunkempalaken wonten ing wujud cathetan menika dipuncek kanthi cara maos malih saha ningali patrapipun kalihan *objek* panaliten. Ing *tahap* menika ugi dipunwontenaken *reduksi* dhata kangge mbucal dhata-dhata ingkang boten patrap kaliyan *objek* panaliten.
3. Data ingkang gadhah *relevansi* kaliyan *objek* panaliten salajengipun dipunklasifikasekaken kanthi nglebetaken ing kelompok dhata kajumbuhaken kaliyan ciri-ciri tartamtu ingkang dipun-gadhahi saha dipunsukani nomer dhata.
4. Data ingkang sumpun dipunpantha ing kelompok menika lajeng dipun-gantos ngginakaken basa sumber saha basa sasaran ingkang dipun-gadhahi dening panaliti.

5. Data ingkang sampun dipunklasifikasi saha dipun-gantos ngginakaken basa panaliti menika lajeng dipunanalisis ngginakaken dhasar *teori* ingkang sampun dipunbangun saderengipun.
6. Sasampunipun data dipunanalisis, data ingkang dipunpanggihi saking kalih *objek* panaliten lajeng dipundamel dheskripsiipun lajeng dipunsandhingaken. Anggenipun nandhingaken dipuntindakaken kanthi cara ningali samih saha bedanipun saking kalih *objek* panaliten kasebat.
7. Sampunipun menika, dipunpendhet dudutan saking asil panaliten ingkang dipuntindakaken kanthi manggihi gegayutan sami saha bedanipun ing *objek* panaliten.

## F. Caranipun Ngesahaken Data

Caranipun ngesahaken data saha asil panaliten dipuntindakaken kanthi *uji validitas (ketepatan data)*, inggih menika kanthi *validitas semantis*. *Validitas semantis* inggih menika *pengukuran makna simbolik* dipun-gayutaken kaliyan konteks karya sastra saha konsep utawi *konstruk analisis* (Endraswara, 2003: 164). Tegesipun, *validitas semantis* menika minangka kegiatan nafsiraken data adhedhasar *konteks-ipun*. Data ingkang dipunpanggihi kanthi asring dipungatosaken konsistensinipun. Anggenipun nafsiraken data ugi nggatosaken *konteks wacana*. Dados kejawi nggatosaken tetembungan utawi pawicantenan saha tindak-tanduk paraganipun, katrangan saking panganggit ugi dipungatosaken.

*Uji reliabilitas (ketetapan data)* dipuntindakaken kanthi cara *ketekunan* anggenipun ngamati saha nyathet. Maos kanthi *cermat* saged gadhah pangaribawa ing keajegan anggenipun madosi makna (Endraswara, 2003: 165). Novel *Nalika*

*Prau Gonjing* anggitan Ardini Pangastuti saha novel *Kerajut Benang Ireng* anggitan Harwimuka wonten ing panaliten menika dipunwaos kanthi ajeg saengga dipunpanggihi dhata ingkang ajeg, inggih menika data ingkang boten owah. Sanesipun ugi ngginakaken *cheking data* mawi nyuwun pirsa asiling panaliten dhateng dosen *pembimbang*.

Tuladha anggenipun ngesahaken data kanthi *validitas semantis* kados ing tuladha ngandhap menika.

*Kenikmatan kang mung sagebyaran kuwi pranyata kudu dibayar larang. Lintang Puspasari, bojo kang ditresnani minggat merga ngonangi anggone slingkuh liwat celdam ing njero kopere. Wanita kinasih iku lunga ngono wae, tanpa menehi kesempatan marang dheweke kanggo njelasake masalah kang sanyatane.* (2)

Sabibar manggihi lancingan wanita sanes ing koperipun Gino, Lintang rumaos kuciwa manahipun. Piyambakipun lajeng kesah nilar garwanipun tanpa pamit utawi nyobi ngaruhaken prakawis menika dhumateng Gino. Pranyata kesahipun Lintang menika sebabipun ugi amargi piyambakipun nembe mbobot, kok malah dipuntilar slewengan garwanipun kaliyan wanita sanes kanthi bukti lancingan ing salebeting koperipun Gino. Raos sedih Lintang kaandharaken ugi ing data ngandhap menika.

*“Lha nanging sapa sing ora serik, wong lagi mbobot ditinggal slewengan karo wadon liya. Sapa sing bisa nampa yen wong lanang kang sasuwene iki tansah dibekteni tega tumindak culika kanthi nyolok mata.” Luhe Lintang bali tumetes kelingan marang celdam kang ditemokakae ing njero kopere bojone.* (6)

Lintang nyariyosaken prakawis ingkang nembe dipunalami dhumateng ibunipun. Lintang boten saged nampi tumindak garwanipun ingkang sampun nyleweng kaliyan wanita sanes ing kawontenan Lintang nembe ngandhut.

Prastawa lancingan ing koperipun Gino menika nyata-nyata damel manahipun Lintang sedih.

Data-data nginggil kalebet ing data prakawis tindak sedheng ingkang dipunadhepi paraga utama ing novel *Nalika Prau Gonjing*. Data menika dipunpendhet amargi sami-sami nedahaken babagan tindak sedheng. Data (2) nedahaken prakawis tindak sedheng kanthi andharan boten langsung utawi katrangan saking panganggit. Dene data (6) nedahaken prakawis tindak sedheng kanthi andharan langsung utawi pawicantenan paraga utama. Kalih data ingkang sampun katliti bola-bali menika lajeng dipuntafsiraken ngginakaken basanipun piyambak kanthi nggatosaken *konteks-ipun*. *Konteks* ingkang dipunkajengaken menika *konteks wacana* ing cariyos inggih kanthi ningali saking tetembungan, pawicantenan, tindak-tanduk paraganipun, saha katrangan saking panganggit.

*Uji reliabilitas (ketetapan data)* dipuntindakaken kanthi cara *ketekunan* anggenipun ngamati saha nalika nyathet data-data nginggil. Data dipunwaos kanthi bola-bali saengga saged katinggal bilih data menika ajeg utawi boten owah kawontenanipun, lajeng dipunsuwunaken pirsa ugi dhumateng *dosen pembimbing* kangge *cheking data*.

## **BAB IV**

### **ASIL PANALITEN SAHA PIREMBAGAN**

#### **A. Asil Panaliten**

Jumbuh kaliyan ancas panaliten, asil panaliten menika antawisipun (1) andharan sami saha bedanipun prakawis ingkang dipunadhepi dening paraga utama ing novel *Nalika Prau Gonjing* kaliyan ing novel *Kerajut Benang Ireng*, (2) andharan sami saha bedanipun cara ingkang dipunlampahi paraga utama kange mungkasi prakawis ingkang dipunadhepi ing novel *Nalika Prau Gonjing* kalihan ing novel *Kerajut Benang Ireng*, saha (3) andharan sami saha bedanipun amanat wonten ing novel *Nalika Prau Gonjing* kaliyan ing novel *Kerajut Benang Ireng*. Kajian menika dipunkajengaken kange nandhingaken tema saha amanat ingkang badhe dipunandharaken dening panganggit saking kalih novel ingkang dipuntaliti.

Novel *Nalika Prau Gonjing* nyariyosaken pagesangan ing salah satunggal kulawarga inggih menika ing kulawarga Lintang. Lintang dados paraga utama wanita ing novel *Nalika Prau Gonjing* menika. Lintang dados paraga ingkang paling gayut kaliyan makna utawi tema, langkung kathah sesambutan kaliyan paraga sanes, saha paling kathah mbetahaken wekdal cariyos saengga saged dipunsebat paraga utama. Lintang dados paraga ingkang paling gayut kaliyan tema utawi makna, amargi Lintang ingkang nemtokaken pangrembakanipun cariyos saking wiwit ngantos pungkasan. Lintang ugi pikantuk *peran* utawi perangan ingkang kathah ing cariyosipun, saengga Lintang dados paraga ingkang paling kathah mbetahaken wekdal cariyos. Lintang langkung kathah nindakaken sambung ginem kaliyan paraga sanesipun, saengga Lintang langkung kathah

sesambutan kaliyan paraga sanesipun. Paraga-paraga sanes menika dipunsebat paraga tambahan, ingkang dados panjurung wontenipun paraga utama. Dipunsebat paraga tambahan amargi paraga-paraga menika dipuncariyosaken langkung sakedhik tinimbang paraga utama. Paraga tambahan wonten ing novel *Nalika Prau Gonjing* inggih menika Gino, Bu Padma, Langit, Tutik, Sekar, saha Mbok Yem.

Kejawi menika, ingkang ndadosaken Lintang minangka paraga utama ugi amargi pikantuk kadadosan utawi prakawis. Paraga Lintang minangka wanita ingkang sampun palakrama, dipungambaraken ngadhepi maneka prakawis ing gesang kulawarganipun. Prakawis ingkang dipunadhepi Lintang dipunwiwiti nalika garwanipun tindak sedheng, lajeng ngedahaken Lintang purik. Purikipun Lintang ndadosaken Lintang asring paben kaliyan garwanipun saha ibunipun. Lintang ugi kedah ngandhut tanpa dipuntengga garwanipun lajeng ngrimat lare piyambakan. Nalika badhe miwiti usahanipun, Lintang ngadhepi prakawis kacingkrangan saha usaha perkebunanipun ingkang kirang lancar. Nalika Lintang nembe ing puncak jayanipun, perkebunan ingkang dipungadhahi dipunrampas saha Lanang larenipun dipunculik. Kangge mungkasi prakawis-prakawis kasebat, paraga Lintang mendhet maneka cara.

Novel *Kerajut Benang Ireng* anggitan Harwimuka nyariyosaken pagesangan Bayu saha kulawarganipun. Bayu dados paraga utama priya ing novel menika. Bayu dados paraga ingkang paling gayut kaliyan tema utawi makna, amargi Bayu ingkang nemtokaken pangrembakanipun cariyos saking wiwit ngantos pungkasan. Bayu ugi pikantuk *peran* utawi perangan ingkang kathah ing

cariyosipun, saengga Bayu dados paraga ingkang paling kathah mbetahaken wekdal cariyos. Bayu langkung kathah nindakaken sambung ginem kaliyan paraga sanesipun, saengga Bayu langkung kathah sesambutan kaliyan paraga sanesipun. Paraga-paraga sanes menika dipunsebat paraga tambahan, ingkang dados panjurung wontenipun paraga Bayu minangka paraga utama. Dipunsebat paraga tambahan amargi paraga-paraga menika dipuncariyosaken langkung sakedhik tinimbang paraga Bayu. Paraga tambahan wonten ing novel *Kerajut Benang Ireng* inggih menika Pak Rahman, Bu Tiin, Fensi, Aswan, Bu Esti, saha Diro.

Paraga Bayu ing cariyosipun, dipungambaraken pikantuk maneka prakawis utawi kadadosan. Bayu inggih menika lare ingkang dipuntilar seda dening ibunipun nalika taksih alit. Bayu lajeng dipunangkat dados lare pupon dening Pak Rahman saha Bu Tiin kaprenah paklik saha bulikipun. Bayu dipunrumat saha dipunwragati dening Pak Rahman ngantos kuliah. Ngancik kuliah menika, Bayu wiwit ngadhepi maneka prakawis ing kulawarganipun, mliginipun wiwit sikep Bu Tiin malih kaliyan Bayu. Bayu sampun cubriya bilih ibunipun saha pacanganipun sampun tindak sedheng kaiyan priya sanes. Raos cubriya Bayu ndadosaken Bayu dipunpabeni dening ibunipun. Sasampunipun menika, Bayu dipunpeksa ngladosi nepsunipun ibunipun. Bayu boten purun lajeng purik. Purikipun Bayu dadosaken Pak Rahman bapakipun *salah paham*, amargi nginten bilih Bayu ingkang sampun damel Bu Tiin ngandhut. Bu Tiin ingkang rumaos kuciwa dhumateng Bayu, badhe mejahi Bayu saha ngrampas panguwasa perkebunan. Kejawi menika Bayu ugi kedah mangretosi bilih piyambakipun lare

kowar. Bayu kepengin males dhendham dhumateng tiyang ingkang sampun damel ibunipun seda. Nalika bayu kasil anggenipun males dhendham saha saged manggihaken Pak Rahman ingkang dipunculik, Bayu manggihi ibunipun seda ing tangan gendhakanipun piyambak.

Saking andharan nginggil, saged dipuntingali bilih paraga ingkang dipundadosaken fokus panaliten, inggih menika Lintang minangka paraga utama wanita ing novel *Nalika Prau Gonjing* saha Bayu minangka paraga utama priya ing novel *Kerajut Benang Ireng*. Sinaosa kalih paraga utama menika beda, ananging kalih paraga menika saged nyekapi babagan-babagan ingkang dados *syarat* paraga utama, kados ingkang sampun kaandharaken ing katrangan nginggil. Kejawi menika, panaliten menika badhe nandhingaken unsur *tematis* saha amanatipun, pramila boten ngedahaken priya utawi wanita ingkang saged dados paraga utama. Asil panaliten menika badhe kaandharaken ing wujud *tabel* saha *deskripsi* kados ing ngandhap menika.

**Tabel 7. Prakawis ingkang Dipunadhepi dening Paraga Utama**

No.	Prakawis ingkang Dipunadhepi Paraga Utama Wanita ing Novel <i>Nalika Prau Gonjing</i>		Prakawis ingkang Dipunadhepi Paraga Utama Priya ing Novel <i>Kerajut Benang Ireng</i>	
	Prakawis	No. Data	Prakawis	No. Data
1.	Tindak sedheng	1, 2, 6, 7, 11, 19	Tindak sedheng	36, 37, 38, 43, 44, 61, 62
2.	-	-	Dipunpeksa ngladosi hawa nepsu keng ibu	45, 46, 47, 48, 49
3.	Paben kaliyan garwanipun	3, 9, 12, 13, 14	-	-
4.	-	-	Mangretos bilih lare kowar	50, 68
5.	-	-	Badhe dipunpejahi dening ibunipun	54, 58, 59, 60, 66, 67
6.	Ngandhut	4, 17, 18, 20, 21	Ngandhut	51, 52, 53, 55, 56, 57, 63, 64, 65
7.	Paben kaliyan ibunipun	5, 8, 10	Paben kaliyan ibunipun	39, 40, 41, 42
8.	Kacingkrangan	15, 16	-	-
9.	Ngrimat lare piyambakan	22, 23, 26	-	-
10.	Usaha perkebunan kirang lancar	24, 25	Usaha perkebunan kirang lancar	33, 34, 35
11.	Perkebunan dipurampas	27, 28	Perkebunan dipurampas	69, 70, 72
12.	<i>Penculikan</i>	29, 30, 31, 32	<i>Penculikan</i>	71, 73
13.	-	-	Ibunipun seda	74, 75

**Tabel 8. Cara ingkang Dipunlampahi Paraga Utama Kangge Mungkasi Prakawis ingkang Dipunadhepi**

No.	Cara ingkang Dipunlampahi Paraga Utama Wanita Kangge Mungkasi Prakawis ingkang Dipunadhepi ing Novel <i>Nalika Prau Gonjing</i>		Cara ingkang Dipunlampahi Paraga Utama Priya Kangge Mungkasi Prakawis ingkang Dipunadhepi ing Novel <i>Kerajut Benang Ireng</i>	
	Cara	No. Data	Cara	No. Data
1.	Purik saking dalemipun	76, 77, 84	Purik saking dalemipun	115, 116, 124, 125
2.	Musyawarah kaliyan kulawarga	80, 81, 82, 83	-	-
3.	-	-	Pados rekadaya kangge mungkasi congkrahing bapak ibunipun	107, 108, 109, 110
4.	-	-	Nampik kathi kurmat saha tansah ngemutaken ibunipun	111, 112, 113, 114
5.	-	-	Miyak wewadi tiyang sepuh sejatosipun	117, 119, 121, 123, 140, 141
6.	Sesidheman	78, 79, 85, 91, 95	Sesidheman	120, 126, 129, 130, 131
7.	Nyuwun pambiyantu	86, 89, 92	Nyuwun pambiyantu	133, 134, 135, 136
8.	Ngadhepi kanthi pasrah	87, 99, 100, 101	Ngadhepi kanthi pasrah	105, 106, 118
9.	Mekaraken usaha	90, 93, 94, 96	-	-
10.	-	-	Ngendelaken kekiyatana	127, 128
11.	Ngadhepi kanthi tegas	88, 97, 98	Ngadhepi kanthi tegas	122, 132, 137, 138, 139
12.	Sami paring pangapura	102, 103, 104	-	-

**Tabel 9. Amanat**

No.	Amanat ing Novel <i>Nalika Prau Gonjing</i>		Amanat ing Novel <i>Kerajut Benang Ireng</i>	
	Amanat	No. Data	Amanat	No. Data
1.	Kedah saged njagi hawa nepsu	142, 168	Kedah saged njagi hawa nepsu	205, 220, 230, 231, 232, 234
2.	Ampun tindak sedheng supados gesang bebrayan boten congkrah	143, 145, 151, 157	Ampun tindak sedheng supados gesang bebrayan boten congkrah	200, 201, 221, 222
3.	Dipunbetahaken upaya ageng kangi mungkasi prakawis ing gesang bebrayan	144, 173, 176, 187	Dipunbetahaken upaya ageng kangi mungkasi prakawis ing gesang bebrayan	211, 212, 223, 235, 241, 243, 244
4.	Katresnan tiyang sepuh	147, 148	Katresnan tiyang sepuh	190, 191, 194, 210
5.	Sedheng tumindak ingkang boten sae menapa mawon sebabipun	149, 150, 156	Sedheng tumindak ingkang boten sae menapa mawon sebabipun	199, 218, 219
6.	Wonten ing gesang bebrayan dipunbetahaken sikep jujur	152, 154, 155, 169	Wonten ing gesang bebrayan dipunbetahaken sikep jujur	217, 226, 228, 229, 245, 246
7.	Purik dereng tamtu saged mungkasi prakawis bebrayan	153, 158, 166, 167, 186	Purik dereng tamtu saged mungkasi prakawis bebrayan	205, 224, 225
8.	Njagi tumindak saha ngurmati asma tiyang sepuh	159, 160	Njagi tumindak saha ngurmati asma tiyang sepuh	204, 206, 207, 214, 215, 216
9.	Tulung tinulung tanpa pamrih	161, 170	Tulung tinulung tanpa pamrih	192, 193
10.	Kasetyaning tresna	146, 162, 163	Kasetyaning tresna	203, 236
11.	Tansah konjuk sokur dhumateng Gusti	164	Tansah konjuk sokur dhumateng Gusti	198
12.	Nggadhahi sikep pasrah saha sabar nalika nampi pacoban	165, 184	Nggadhahi sikep pasrah saha sabar nalika nampi pacoban	196, 197, 213
13.	Manungsa boten kenging srakah	171, 172, 174, 175, 177,	Manungsa boten kenging srakah	238, 239, 240

**Tabel Salajengipun, Tabel 9. Amanat**

		180,181		
14.	Tiyang ingkang tumindak boten sae bakal nampi piwales	178, 179, 183	Tiyang ingkang tumindak boten sae bakal nampi piwales	227, 233, 237, 242, 247
15.	Kathah bandha dereng tamtu njamin kabagan	182, 185	Kathah bandha dereng tamtu njamin kabagan	195, 209
16.	Kange mungkasi prakawis ing gesang bebrayan kedah purun ngapura ing ngapuram	188, 189	Kange mungkasi prakawis ing gesang bebrayan kedah purun ngapura ing ngapuram	202

## 1. Prakawis ingkang Dipunadhepi Paraga Utama

Paraga utama ing salebeting novel, dipungambaraken ngadhepi maneka prakawis. Prakawis ingkang kedah dipunadhepi paraga utama jalaranipun amargi *peran* paraga utama minangka *makhlu**k individu* saha *makhlu**k sosial*. Ing mriki paraga utama gadhah *status* minangka anggota kulawarga saha *status* ing lingkungan masarakat.

Tabel 7 nedahaken prakawis ingkang dipunadhepi paraga utama ing novel *Nalika Prau Gonjing*. Prakawis kasebat inggih menika (1) tindak sedheng, (2) paben kaliyan garwanipun, (3) ngandhut, (4) paben kaliyan ibunipun, (5) kacingkrangan, (6) ngrimat lare piyambakan (7) usaha perkebunan kirang lancar, (8) perkebunan dipurampas, saha (9) *penculikan*.

Prakawis sapisan ingkang dipunadhepi paraga Lintang minangka paraga utama inggih menika tindak sedheng dening garwanipun ingkang kaandharaken lumantar nomer data 1, 2, 6, 7, 11, saha 19. Prakawis paben kaliyan garwanipun ingkang dipunadhepi Lintang kaandharaken ing nomer data 3, 9, 12, 13, saha 14. Prakawis ngenggingi ngandhut tanpa dipuntengga garwa ingkang kedah dipunadhepi Lintang kaandharaken ing nomer data 4, 17, 18, 20, saha 21. Prakawis paben kaliyan ibunipun kaandharaken ing nomer data 5, 8, saha 10. Nomer data 15 saha 16 nedahaken bilih Lintang ngalami prakawis kacingkrangan. Prakawis kedah ngrimat lare piyambakan tanpa garwanipun dipunadhepi Lintang kanthi andharan nomer data 22, 23, saha 26. Nomer data 24 saha 25 nedahaken prakawis ngenggingi usaha perkebunan Lintang ingkang kirang lancar. Prakawis perkebunan dipurampas kaandharaken ing nomer data 27 saha 28. Prakawis

*penculikan* Lanang larenipun Lintang kaandharaken ing nomer data 29, 30, 31, saha 32.

Prakawis ingkang dipunadhepi paraga Bayu minangka paraga utama ing novel *Kerajut Benang Ireng* inggih menika (1) tindak sedheng, (2) dipunpeksa ngladosi hawa nepsu keng ibu, (3) mangretos bilih lare kowar, (4) badhe dipunpejahi dening ibunipun, (5) ngandhut, (6) paben kaliyan ibunipun, (7) usaha perkebunan kirang lancar, (8) perkebunan dipunrampas, (9) *penculikan*, saha (10) ibunipun seda.

Adhedhasar tabel 7, data ingkang nedahaken prakawis tindak sedheng ingkang dipuntindakaken dening ibu saha pacanganipun Bayu kaandharaken ing data nomer 36, 37, 38, 43, 44, 61, saha 62. Prakawis nalika Bayu dipunpeksa ngladosi hawa nepsu keng ibu kaandharaken ing nomer data 45, 46, 47, 48, saha 49. Nomer data 50 saha 68 nedahaken prakawis nalika Bayu mangretos bilih piyambakipun lare kowar. Prakawis badhe dipunpejahi dening ibunipun kaandharaken ing nomer data 54, 58, 59, 60, 66, saha 67. Prakawis ngengungi ibunipun saha pacanganipun ingkang ngandhut saking asil sedheng kaliyan priya sanes kaandharaken ing nomer data 51, 52, 53, 55, 56, 57, 63, 64, saha 65. Nomer data 39, 40, 41, saha 42 nedahaken bilih Bayu kedah ngadhepi prakawis paben kaliyan ibunipun. Nomer data 33, 34, saha 35 nedahaken bilih Bayu ngadhepi prakawis usaha perkebunan ingkang kirang lancar. Nomer data 69, 70, saha 72 nedahaken bilih Bayu ngadhepi prakawis perkebunan dipunrampas. Prakawis *penculikan* ingkang dipunalami Pak Rahman bapakipun Bayu kaandharaken ing

nomer data 71 saha 73. Prakawis ibunipun seda kaandharaken ing nomer data 74 saha 75.

## **2. Cara ingkang Dipunlampahi Paraga Utama Kangge Mungkasi Prakawis ingkang Dipunadhepi**

Paraga utama ing kalih novel ingkang dipuntandhingaken nglampahi cara-cara kangge mungkasi prakawis ing gesangipun. Sami saha bedanipun cara ingkang dipunlampahi paraga utama saged dipuntingali ing tabel nomer 8

Adhedhasar data-data ingkang kandhut ing tabel 8, cara ingkang dipunlampahi kangge mungkasi prakawis ingkang dipunadhepi dening paraga Lintang minangka paraga utama ing novel *Nalika Prau Gonjing* inggih menika (1) purik saking dalemipun, (2) musyawarah kaliyan kulawarga, (3) sesidheman, (4) nyuwun pambiyantu, (5) ngadhepi kanthi pasrah, (6) mekaraken usaha, (7) ngadhepi kanthi tegas, saha (8) sami paring pangapura.

Cara sapisan ingkang dipunlampahi Lintang kangge mungkasi prakawisipun inggih menika kanthi purik saking dalemipun, ingkang kaandharaken ing nomer data 76, 77, saha 84. Cara musyawarah kaliyan kulawarga ingkang dipunlampahi Lintang kaandharaken ing nomer data 80, 81, 82, saha 83. Nomer data 78, 79, 85, 91, saha 95 nedahaken nalika Lintang nglampahi cara sesidheman saking garwanipun. Nomer data 86, 89, saha 92 nedahaken bilih Lintang nyuwun pambiyantu dhumateng kangmasipun kangge mungkasi prakawisipun. Ngadhepi prakawis kanthi pasrah ingkang dipunlampahi Lintang kaandharaken ing nomer data 87, 99, 100, saha 101. Nomer data 90, 93, 94, saha 96 nedahaken bilih Lintang nglampahi cara kangge mekaraken

usahanipun. Nomer data 88, 97, saha 98 nedahaken cara ingkang dipunlampahi Lintang inggih menika ngadhepi kanthi tegas dhumateng para karyawan. Sinaosa garwanipun nate damel klenlu marang Lintang, ing pungkasnipun Lintang kaliyan garwanipun sami paring pangapura. Data ingkang nedahaken Lintang saha garwanipun sami paring pangapura inggih menika nomer data 102, 103, saha 104.

Tabel 8 ugi nedahaken cara ingkang dipunlampahi kangge mungkasi prakawis ingkang dipunadhepi dening paraga Bayu minangka paraga utama ing novel *Kerajut Benang Ireng*. Cara kasebat inggih menika (1) purik saking dalemipun, (2) pados rekadaya kangge mungkasi congkrahing bapak ibunipun, (3) nampik kathi kurmat saha tansah ngemutaken ibunipun, (4) miyak wewadi tiyang sepuh sejatosipun, (5) sesidheman, (6) nyuwun pambiyantu, (7) ngadhepi kanthi pasrah, (8) ngendelaken kekiyatana, saha (9) ngadhepi kanthi tegas.

Cara purik saking dalemipun ingkang dipunlampahi Bayu kaandharaken ing nomer data 115, 116, 124, saha 125. Cara ingkang dipunlampahi Bayu salajengipun inggih menika pados rekadaya kangge mungkasi congkrahing bapak ibunipun, ingkang kaandharaken ing nomer data 107, 108, 109, saha 110. Nomer data 111, 112, 113, saha 114 nedahaken bilih Bayu mendhet lampah nampik kathi cara kurmat saha tansah ngemutaken ibunipun. Miyak wewadi tiyang sepuh sejatosipun ingkang dipunlampahi Bayu kaandharaken ing nomer data 117, 119, 121, 123, 140, saha 141. Sesidheman saking ibunipun ingkang dipunlampahi Bayu kaandharaken ing nomer data 120, 126, 129, 130, saha 131. Nomer data 133, 134, 135, saha 136 nedahaken bilih Bayu nyuwun pambiyantu dhateng kancanipun kangge mungkasi prakawis ingkang dipunadhepi. Nomer data 105,

106, saha 118 nedahaken bilih Bayu gadhah sikep ngadhepi kanthi pasrah tumrap prakawis ingkang dipunadhepi. Nomer data 127saha 128 nedahaken bilih Bayu ngendelaken kekiyatanipun kange ngadhepi prakawis kaliyan mengsaipun. Nomer data 123, 133, 138, 139, saha 140 nedahaken cara ingkang dipunlampaahi Bayu inggih menika ngadhepi kanthi tegas dhumateng mengsaipun

### **3. Amanat**

Wonten ing kalih novel ingkang dipuntandhingaken, dipunpanggihi amanat-amanat ingkang kandhut ing lebet saben-saben novel. Sami saha bedanipun amanat ingkang kandhut ing kalih novel menika, saged dipuntingali ing tabel nomer 10.

Adhedhasar data-data ingkang kandhut ing tabel 9, amanat ingkang dipunpanggihi ing novel *Nalika Prau Gonjing* inggih menika (1) kedah saged njagi hawa nepsu, (2) ampun tindak sedheng supados gesang bebrayan boten congkrah, (3) dipunbetahaken upaya ageng kange mungkasi prakawis ing gesang bebrayan, (4) katresnan tiyang sepuh, (5) sedheng tumindak ingkang boten sae menapa mawon sebabipun, (6) wonten ing gesang bebrayan dipunbetahaken sikep jujur, (7) purik dereng tamtu saged mungkasi prakawis bebrayan, (8) njagi tumindak saha ngurmati asma tiyang sepuh, (9) tulung tinulung tanpa pamrih, (10) kasetyaning tresna, (11) tansah konjuk sokur dhumateng Gusti, (12) nggadhahi sikep pasrah saha sabar nalika nampi pacoban, (13) manungsa boten kenging sarakah, (14) tiyang ingkang tumindak boten sae bakal nampi piwales, (15) kathah bandha dereng tamtu njamin kabagyan, (16) kange mungkasi prakawis ing gesang bebrayan kedah purun ngapura ing ngapuram.

Amanat ingkang nedahaken bilih manungsa kedah saged njagi hawa nepsu kaandharaken ing nomer data 142 saha 168. Amanat ingkang nedahaken babagan ampun tindak sedheng supados gesang bebrayan boten congkrah kaandharaken ing nomer data 143, 145, 151, saha 157. Amanat ingkang nedahaken dipunbetahaken upaya ageng kangge mungkasi prakawis ing gesang bebrayan kaandharaken ing nomer data 144, 173, 176, saha 185. Amanat ngengengi babagan katresnan tiyang sepuh dipuntehaken ing nomer data 147 saha 148. Amanat ingkang nedahaken bilih sedheng tumindak ingkang boten sae menapa mawon sebabipun kaandharaken ing nomer data 149, 150, saha 156. Data nomer 152, 154, 155, saha 169 nedahaken amanat bilih wonten ing gesang bebrayan dipunbetahaken sikep jujur.

Data nomer 153, 158, 166, 167, saha 186 nedahaken amanat bilih mendhet cara purik dereng tamtu saged mungkasi prakawis bebrayan. Amanat ngengengi babagan njagi tumindak saha ngurmati asma tiyang sepuh kaandharaken ing 159 saha 160. Amanat ngengengi babagan tulung tinulung tanpa pamrih kaandharaken ing nomer data 161 saha 170. Amanat ngengengi kasetyaning tresna kaandharaken ing nomer data 146, 162 saha 163. Nomer data 164 nedahaken amanat bilih manungsa kedah tansah konjuk sokur dhumateng Gusti. Nomer data 165 saha 184 nedahaken amanat bilih manungsa kedah nggadhahi sikep pasrah saha sabar nalika nampi pacoban. Nomer data 171, 172, 174, 175, 177, 180, saha 181 nedahaken amanat bilih manungsa boten kenging sarakah. Nomer data 178, 179, saha 183 nedahaken amanat bilih tiyang ingkang tumindak boten sae bakal nampi piwales. Nomer data 182 saha 185 nedahaken

amanat bilih kathah bandha dereng tamtu njamin kabagyan. Dene amanat bilih kangge mungkasi prakawis ing gesang bebrayan kedah purun ngapura ing ngapuruan kaandharaken ing data nomer 188 saha 189.

Adhedhasar data-data ing tabel 9 ugi kaandharaken amanat ingkang kandhut ing novel *Kerajut Benang Ireng*. Amanat ingkang dipunpanggihi ing novel *Kerajut Benang Ireng* sami kaliyan amanat ingkang dipunpanggihi ing novel *Nalika Prau Gonjing*. Amanat sapisan inggih menika manungsa kedah saged njagi hawa nepsu kaandharaken ing nomer data 205, 220, 230, 231, 232, saha 234. Amanat ingkang nedahaken babagan ampun tindak sedheng supados gesang bebrayan boten congkrah kaandharaken ing nomer data 200, 201, 221, saha 222.

Amanat ingkang nedahaken dipunbetahaken upaya ageng kange mungkasi prakawis ing gesang bebrayan kaandharaken ing nomer data 211, 212, 223, 235, 241, 243, saha 244. Amanat ngengingi babagan katresnan tiyang sepuh dipuntedahaken ing nomer data 190, 191, 194, saha 210. Amanat ingkang nedahaken bilih sedheng tumindak ingkang boten sae menapa mawon sebabipun kaandharaken ing nomer data 199, 218, saha 219. Data nomer 217, 226, 228, 229, 245, saha 246 nedahaken amanat bilih wonten ing gesang bebrayan dipunbetahaken sikep jujur. Data 205, 224, saha 225 nedahaken amanat bilih mendhet cara purik dereng tamtu saged mungkasi prakawis bebrayan. Amanat ngengingi babagan njagi tumindak saha ngurmati asma tiyang sepuh kaandharaken ing data nomer 204, 206, 207, 214, 215, saha 216.

Amanat ngengingi babagan tulung tinulung tanpa pamrih kaandharaken ing nomer data 192 saha 193. Amanat ngengingi kasetyaning tresna kaandharaken nomer data 203 saha 236. Nomer data 198 nedahaken amanat bilih manungsa kedah tansah konjuk sokur dhumateng Gusti. Nomer data 196, 197, saha 213 nedahaken amanat bilih manungsa kedah nggadhahi sikep pasrah saha sabar nalika nampi pacoban. Nomer data 238, 239, saha 240 nedahaken amanat bilih manungsa boten kenging sarakah. Nomer data 227, 233, 237, 242, saha 247 nedahaken amanat bilih tiyang ingkang tumindak boten sae bakal nampi piwales. Nomer data 195 saha 209 nedahaken amanat bilih kathah bandha dereng tamtu njamin kabagyan. Dene amanat bilih kange mungkasi prakawis ing gesang bebrayan kedah purun ngapura ing ngapurana kaandharaken ing data nomer 202.

Kangge langkung nggampilaken anggenipun badhe nganalisis sami saha bedanipun data-data ing nginggil, pramila badhe kaandharaken data ing wujud tabel analisis *akumulasi* ngengingi sami saha bedanipun babagan ingkang sami ngengingi prakawis ingkang dipunadhepi dening paraga utama, sami saha bedanipun cara ingkang dipunlampaahi paraga utama kange mungkasi prakawis ingkang dipunadhepi, kaliyan sami saha bedanipun amanat saking kalih novel ingkang dipuntandhingaken. Tabel-tabel akumulasi sami saha bedanipun kasebat saged dipuntingali ing ngandhap menika.

**Tabel 10. Akumulasi Sami saha Bedanipun Prakawis ingkang Dipunadhepi Paraga Utama**

No.	Saminipun	Bedanipun			
		Novel <i>Nalika Prau Gonjing</i>	No. Data	Novel <i>Kerajut Benang Ireng</i>	No. Data
1.	Tindak sedheng	Dipuntindakaken dening garwanipun paraga utama	1, 2, 6, 7, 11, 19	Dipuntindakaken dening ibu saha pacanganipun paraga utama	36, 37, 38, 43, 44, 61, 62
2.	Ngandhut	Paraga utama ngandhut tanpa dipuntengga garwa	4, 17, 18, 20, 21	Ibu saha pacanganipun paraga utama ngandhut saking asil tindak sedheng kaliyan priya sanes	51, 52, 53, 55, 56, 57, 63, 64, 65
3.	Paben kaliyan ibunipun	Dipunjalari ibunipun ndhawuhi wangsul ing dalem garwanipun	5, 8, 10	Dipunjalari ibunipun konangan anggenipun tindak sedheng	39, 40, 41, 42
4.	Usaha perkebunan kirang lancar	Ing babagan kirang disiplinipun karyawan saha amargi kekirangan lahan perkebunan	24, 25	Ing babagan sarana prasarana saha amargi dampak awu Gunung berapi	33, 34, 35
5.	Perkebunan dipurampas	Dipunrampas dening tiyang-tiyang ingkang dereng dipuntepangi	27, 28	Dipunrampas dening ibunipun piyambak kanthi ndhawuhi anak buahipun	69, 70, 72
6.	<i>Penculikan</i>	Larenipun dipunculik	29, 30, 31, 32	Bapakipun dipunculik	71, 73

**Tabel 11. Akumulasi Sami saha Bedanipun Cara ingkang Dipunlampahi Paraga Utama Kangge Mungkasi Prakawis ingkang Dipunadhepi**

No.	Saminipun	Bedanipun			
		Novel <i>Nalika Prau Gonjing</i>	No. Data	Novel <i>Kerajut Benang Ireng</i>	No. Data
1.	Purik saking dalemipun	Purik saking dalemipun garwanipun kangge maringi pelajaran dhumateng garwanipun ingkang sampun tindak sedheng	76, 77, 84	Purik saking dalemipun tiyangsepuhipun kangge ngendhani ibunipun amargi dipunpeksa ngladosi hawa nepsu ibunipun	115, 116, 124, 125
2.	Sesidheman	Sesidheman saking garwanipun	78, 79, 85, 91, 95	Sesidheman saking ibunipun	120, 126, 129, 130, 131
3.	Nyuwun pambiyantu	Nyuwun pambiyantu dhumateng kangmasipun kange ngadhepi prakawis ing usaha perkebunan	86, 89, 92	Nyuwun pambiyantu dhumateng kancanipun kangge ngadhepi prakawis perkebunan dipunrampas saha <i>penculikan bapakipun</i>	133, 134, 135, 136
4.	Ngadhepi kanthi pasrah	Nalika ngadhepi prakawis ngandhut tanpa ketunggon garwa saha perkebunan dipunrampas	87, 99, 100, 101	Nalika ngadhepi prakawis dados lare pupon saking paklikipun saha nalika mangretosi bilih dados lare kowar	105, 106, 118
5.	Ngadhepi kanthi tegas	Dhumateng para karyawan perkebunan ingkang kirang disiplin	88, 97, 98	Dhumateng mengsahipun ingkang badhe mejahi, ingkang ngrampas perkebunan, saha ingkang damel ibunipun kandhung seda	122, 132, 137, 138, 139

**Tabel 12. Akumulasi Sami saha Bedanipun Amanat**

No.	Saminipun	Bedanipun			
		Novel <i>Nalika Prau Gonjing</i>	No. Data	Novel <i>Kerajut Benang Ireng</i>	No. Data
1.	Kedah saged njagi hawa nepsu	Dipuntedahaken dening Gino ingkang boten saged njagi hawa nepsunipun lajeng keblinger tindak sedheng kaliyan wanita sanes	142, 168	Dipuntedahaken dening Bu Tiin saha Fensi ingkang boten saged njagi hawa nepsunipun lajeng keblinger tindak sedheng kaliyan priya sanes ngantos ngandhut	205, 220, 230, 231, 232, 234
2.	Ampun tindak sedheng supados gesang bebrayan boten congkrah	Dipuntedahaken dening Gino ingkang sedheng kaliyan wanita sanes, pramila gesang bebrayanipun kaliyan Lintang garwanipun lajeng congkrah	143, 145, 151, 157	Dipuntedahaken dening Bu Tiin ingkangtindak sedheng kaliyan priya sanes ngantos ngandhut, pramila gesang bebrayan kaliyan Pak Rahman garwanipun saha Bayu larenipun dados congkrah	200, 201, 221, 222
3.	Dipunbetahaken upaya ageng kangge mungkasi prakawis ing gesang bebrayan	Dipuntedahaken dening Gino ingkang ngupaya madosi garwanipun purik saha ngupaya supados garwanipun purun wangsul gesang bebrayan malih	144, 173, 176, 187	Dipuntedahaken dening Bayu ingkang ngupaya kangge ngrantas prakawis nalika ibunipun selingkuh, dipuntuduh mijeni ibunipun saha upaya kangge miyak wewadi tiyang sepuh sejatosipun	211, 212, 223, 235, 241, 243, 244
4.	Katresnan tiyang sepuh	Saking tiyang sepuh sambung	147, 148	Saking tiyang sepuh angkat	190, 191, 194, 210
5.	Sedheng tumindak ingkang boten sae menapa mawon sebabipun	Dipuntedahaken dening Gino, garwanipun Lintang ingkang sampun tumindak sedheng	149, 150, 156	Dipuntedahaken dening Bu Tiin, garwanipun Pak Rahman ingkang sampun tumindak sedheng	199, 218, 219

**Tabel Salajengipun, Tabel 12. Akumulasi Sami saha Bedanipun Amanat**

6.	Wonten ing gesang bebrayan dipunbetahaken sikep jujur	Dipunte dahaken dening Bu Padma ingkang jujur kaliyan mantunipun ngengengi papan anggenipun Lintang purik	152, 154, 155, 169	Dipunte dahaken dening Bayu ingkang prasaja dhumateng Pak Rahman bapakipun bilih sanes Bayu ingkang mijeni Bu Tiin, saha dipunte dahaken dening Pak Rahman ingkang prasaja dhumateng Bayu ngengengi bapak Bayu ingkang sejatos	217, 226, 228, 229, 245, 246
7.	Purik dereng tamtu saged mungkasi prakawis bebrayan	Dipunte dahaken dening Lintang ingkang purik saking dalem garwanipun, ananging malah dadosaken kekalihipun sami congkrah	153, 158, 166, 167, 186	Dipunte dahaken dening Bayu ingkang purik saking dalem tiyang sepuhipun, ananging malah dadosaken Pak Rahman bapakipun salah paham	205, 224, 225
8.	Njagi tumindak saha ngurmati asma tiyang sepuh	Dipunte dahaken dening Langit, Tutik, saha Sekar dhumateng Bu Padma minangka ibu sambung	159, 160	Dipunte dahaken dening Bayu dhumateng Pak Rahman minangka bapak angkat	204, 206, 207, 214, 215, 216
9.	Tulung tinulung tanpa pamrih	Dipunte dahaken dening Langit kangmasipun Lintang saha Mbok Yem pembantunipun Lintang ingkang mbiyantu Lintang kange modal usaha perkebunan	161, 170	Dipunte dahaken dening Bayu nalika mbiyantu tiyang ingkang nembe pados toya kanthi maringi dhaharan saha unjukan	192, 193
10.	Kasetyaning tresna	Dipunte dahaken dening Lintang ingkang tetep setya sinaosa garwanipun selingkuh, saha Mbok Yem ingkang setya boten krama malih sinaosa garwanipun sampun tilar donya	146, 162, 163	Dipunte dahaken dening Bayu saha Pak Rahman ingkang tetep setya njagi katresnanipun sinaosa sisihanipun sami selingkuh kaliyan priya sanes ngantos ngandhut	203, 236
11.	Tansah konjuk sokur dhumateng Gusti	Dipunte dahaken Lintang kanthi ngucap sokur dhumateng Gusti awit sampun	164	Dipunte dahaken Bayu kanthi ngucap sokur dhumateng Gusti awit sampun	198

**Tabel Salajengipun, Tabel 12. Akumulasi Sami saha Bedanipun Amanat**

		paring berkah kaendahan alam		paring berkah kawilujengan	
12.	Nggadhahi sikep pasrah saha sabar nalika nampi pacoban	Dipuntedahaken dening Lintang nalika nampi pacoban nalika kedah ngandhut tanpa ketunggon garwa saha nalika larenipun dipunculik	165, 184	Dipuntedahaken dening Bayu nalika ngadhepi pacoban dados lare pupon saking paklikipun saha nalika mangretosi bilih dados lare kowar	196, 197, 213
13.	Manungsa boten kenging srakah	Dipuntedahaken dening Lintang ingkang srakah badhe mekaraken usaha perkebunanipun kanthi cara kirang sae	171, 172, 174, 175, 177, 180, 181	Dipuntedahaken dening Bu Tiin saha Dul Komar balanipun ingkang gadhah sikep srakah badhe nguwaosi perkebunan Pak Rahman	238, 239, 240
14.	Tiyang ingkang tumindak boten sae bakal nampi piwales	Dipuntedahaken dening Lintang ingkang nampi piwales perkebunan dipunrampas amargi sikep srakahipun nalika mekaraken perkebunan kanthi cara peksa dhumateng tiyang sanes supados nyade lemah	178, 179, 183	Dipuntedahaken dening Bu Tiin ingkang nampi piwales seda ing tangan gendhakanipun amargi tumindak selingkuhipun, sikep srakahipun badhe nguwaosi perkebunan saha badhe mejahi Bayu larenipun	227, 233, 237, 242, 247
15.	Kathah bandha dereng tamtu njamin kabagyan	Dipuntedahaken dening Lintang ingkang boten ngraosaken kabagyan tanpa larenipun saha katresnan saking garwanipun sinaosa gadhah kathah bandha	182, 185	Dipuntedahaken dening Bayu ingkang boten ngraosaken kabagyan tanpa katresnan saking ibunipun kandhung, sinaosa piyambakipun gesang kaliyan bapak saha ibu angkat ingkang gadhah kathah bandha	195, 209
16.	Kangge mungkasi prakawis ing gesang bebrayan kedah purun ngapura ing ngapuram	Dipuntedahaken dening Gino saha Lintang ingkang purun sami ngapura ing ngapuram, pramila saged mungkasi prakawis ing gesang bebrayanipun	188, 189	Dipuntedahaken dening Pak Rahman saha Bu Tiin ingkang sami boten purun paring pangapura, pramila prakawis ing gesang bebrayanipun dereng saged purna	202

## B. Pirembagan

Sasampunipun asil panaliten kaandharaken ing wujud tabel saha andharan asil panaliten, dipunlajengaken pirembagan supados pikantuk katrangan ingkang langkung cetha saking asil panaliten. Pirembagan dipuntindakaken kanthi runtut kajumbuhaken mawi wosing prakawis. Panaliten menika nandhingaken prakawis ingkang dipunadhepi paraga utama saha amanat ing novel *Nalika Prau Gonjing* anggitan Ardini Pangastuti kaliyan novel *Kerajut Benang Ireng* anggitan Harwimuka. Anggenipun nandhingaken dipuntingali saking andharan sami saha bedanipun prakawis ingkang dipunadhepi paraga utama, andharan sami saha bedanipun cara ingkang dipunlampahi paraga utama kangge mungkasi prakawis ingkang dipunadhepi saha andharan sami saha bedanipun amanat ing novel *Nalika Prau Gonjing* anggitan Ardini Pangastuti kaliyan novel *Kerajut Benang Ireng* anggitan Harwimuka. Kangge nggampilaken anggenipun ngrembag, saben *unit analisis* badhe dipunandharaken saben-saben, lajeng nembe *dikomparasikan* kangge mangretosi sami saha bedanipun.

### 1. Prakawis ingkang Dipunadhepi Paraga Utama, Cara ingkang Dipunlampahi Paraga Utama Kangge Mungkasi Prakawis ingkang Dipunadhepi saha Amanat ing Novel *Nalika Prau Gonjing*

Prakawis inggih menika babagan ingkang dados rembag, utawi ingkang nembe dipunrembag. Novel *Nalika Prau Gonjing* ngrembag pagesangan ing salah satunggal kulawarga inggih menika kulawarga Lintang. Paraga Lintang minangka wanita ingkang sampun palakrama, dipungambaraken ngadhepi maneka prakawis ing gesang kulawarganipun. Kangge mungkasi prakawis kasebat, paraga Lintang

mendhet maneka cara. Saking kalih andharan menika ugi saged dipunpendhet amanat ingkang kandhut ing novel *Nalika Prau Gonjing* menika. Ing ngandhap menika badhe dipunrembag *deskripsi-nipun*.

**a. Prakawis ingkang Dipunadhepi Paraga Utama ing Novel *Nalika Prau Gonjing***

Lintang dipungambaraken sampun palakrama, ananging dereng kagungan putra. Garwanipun Lintang asmanipun Gino. Wonten ing gesangipun kaliyan Gino, Lintang ngadhepi saperangan prakawis. Ingkang dados prakawis utawi pirembaganing paraga Lintang inggih menika (1) tindak sedheng (2) paben kaliyan garwanipun, (3) ngandhut, (4) paben kaliyan ibunipun, (5) kacingkrangan, (6) ngrimat lare piyambakan (7) usaha perkebunan kirang lancar (8) perkebunan dipurampas, saha (9) *penculikan*. Pirembagan prakawis ingkang dipunadhepi Lintang minangka paraga utama ing novel *Nalika Prau Gonjing* kados ing ngandhap menika.

1) Tindak sedheng

Wonten ing kamus Baoesastra Djawa, tembung sedheng menika gadhah teges laku ngiwa tumrap wong wadon (Poerwadarminta, 1939: 549). Sejatosipun, tembung sedheng ugi saged dipunangge dhumateng tiyang kakung ingkang ugi laku ngiwa. Pramila wonten ing mriki, tindak sedheng saged kangge nyebat wanita utawi priya ingkang sampun laku ngiwa.

Paraga utama ing novel *Nalika Prau Gonjing* anggitan Ardini Pangastuti inggih menika Lintang, ingkang dipungambaraken sampun palakrama. Garwanipun Lintang asmanipun Gino. Kekalihipun dereng dipunparingi

momongan. Prakawis ingkang wonten ing bale semahipun Lintang inggih menika tindak sedhengipun Gino garwanipun nalika nembe kesah kalih minggu kangge pameran lukisan. Tindak sedhengipun Gino menika dipunmangretosi Lintang garwanipun amargi manggihi lancingan wanita sanes ing koperipun Gino. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Gino ora ngerti, geneya wanita kinasih iku kudu oncat ninggalake dheweke. Kamangka Gino ora rumangsa nduwensi kesalahan kang abot. Nanging miturut simbok, pembantune, lungane Lintang mau gara-gara nemokake celdam wanita ing njero kopere. (1)*

Saking bukti lancingan ing koperipun Gino, Lintang gadhah pamanggih bilih garwanipun sampun selingkuh kaliyan wanita sanes. Lintang kesah tanpa pamit utawi maringi kesempatan garwanipun kangge ngandharaken kadadosan sanyatanipun ingkang dipunalami Gino. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Kenikmatan kang mung sagebyaran kuwi pranyata kudu dibayar larang. Lintang Puspasari, bojo kang ditresnani minggat merga ngonangi anggone slingkuh liwat celdam ing njero kopere. Wanita kinasih iku lunga ngono wae, tanpa menehi kesempatan marang dheweke kanggo njelasake masalah kang sanyatane. (2)*

Sabibar manggihi lancingan wanita sanes ing koperipun Gino, Lintang rumaos kuciwa manahipun. Piyambakipun lajeng kesah nilar garwanipun tanpa pamit utawi nyobi ngaruhaken prakawis menika dhumateng Gino. Pranyata kesahipun Lintang menika sebabipun ugi amargi piyambakipun nembe mbobot, kok malah dipuntilar slewengan garwanipun kaliyan wanita sanes kanthi bukti lancingan ing salebetung koperipun Gino.

Lintang nyariyosaken prakawis ingkang nembe dipunalami dhumateng ibunipun. Lintang boten saged nampi tumindak garwanipun ingkang sampun

nyleweng kaliyan wanita sanes ing kawontenan Lintang nembe ngandhut. Prastawa lancingan ing koperipun Gino menika nyata-nyata damel manahipun Lintang sedih. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Lha nanging sapa sing ora serik, wong lagi mbobot ditinggal slewengan karo wadon liya. Sapa sing bisa nampa yen wong lanang kang sasuwene iki tansah dibekteni tega tumindak culika kanthi nyolok mata.” Luhe Lintang bali tumetes kelingan marang celdam kang ditemokakae ing njero kopere bojone. (6)*

. Sasampunipun cariyos dhumateng Bu Padma, ibunipun, Lintang dipunleremaken manahipun dening Bu Padma. Bu Padma kados maklum dhumateng tumindak mantunipun menika, saha ndhawuhi Lintang supados saged nampi saha mangretosi kawontenan kados menika. Bu Padma gadhah pamanggih bilih tumindak mantunipun menika wajar amargi kawontenan nalika kesah tebih saha pisah saking Lintang kalih minggu dangunipun. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Wis, Wuk. Ora perlu ditangisi. Wong lanang pancen angel dipahami. Paribasan neng ngomah wis dipakani wareg, neng dalan nemu gereh ya isih gelem mangan. Mula sing sabar Wuk. Tur maneh, Ibu yakin yen bojomu olehe tumindak mangkono mung merga khilap. Jajal ta pikiren nganggo ati kang wening, dheweke lagi adoh ing paran, luwih saka rong minggu ora ketunggon bojo. Mesthine dheweke rumangsa kesepen. Bab iki mesthine kowe ya isa mahami, Wuk. Aja mung nyalahake wae,” ngendikane Bu Padma akeh. (7)*

Prakawis tindak sedhengipun Gino menika ndadaosaken Lintang sedih, kuciwa saha rumaos duka dhumateng Gino. Lintang milih kesah saha nilar Gino saking dalemipun, kangge ngendhani prakawis menika. Wiwit prakawis menika Lintang boten nate kepanggih malih kaliyan Gino. Lintang kepanggih Gino malih nalika Lanang larenipun sampun ngancik umur tigang taun.

## 2) Paben kaliyan garwanipun

Sasampunipun mangretosi garwanipun tumindak sedheng kanthi bukti lancingan ing koperipun, Lintang purik saking dalemipun Gino. Ing wiwitan, Gino boten mangretos bilih purikipun Lintang ing dalem ibunipun. Ananging sasampunipun Gino mangretos, Gino malah boten kersa methuk Lintang saha ndhawuhi Lintang wangslul piyambak. Babagan menika ndadosaken prakawis enggal, amargi kekalihipun lajeng sami paben. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Aku neng Bali lagi ana kepentingan, Lintang. Golek obyek kanggo lukisanku. Mungkin seminggu maneh aku lagi mulih. Dakajab sliramu wis bali.”*

*“Ora!” Wangsulane Lintang karo nahan emosi.*

*“Ora? Njaluk dipethuk? Ah, kowe purik aku rak ya ra akon ta? Mula kowe ya kudu mulih dhewe. Soal barang neng koper ika, aku pancen salah. Aku njaluk maaf. Ning terus terang aku ora bisa yen kudu kongkon methuk kowe. (12)*

Saking andharan menika katingal bilih Lintang kaliyan Gino nembe paben lumantar tilpun. Lintang rumaos kuciwa dhumateng Gino, amargi sampun tumindak culika nanging boten purun methuk Lintang. Pramila Lintang boten purun wangslul piyambak. Sasampunipun tilpun dipuntutup, Lintang nyariyosaken babagan menika kaliyan ibunipun. Bu Padma ingkang mireng cariyosipun Lintang rumaos getem saha mangkel dhumateng sikepipun Gino. Dipuntambah malih sasampunipun menika Lintang lajeng semaput. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Oh, kurangajar!” Bu Padma ngepelake tangane. Dheweke melu mangkel krungu kandhane anake. “Yen ngo . . .” Bu Padma ora sida nerusake guneme. Dheweke kaget nyawang anake wadon sing ujug-ujug nglimpruk. (13)*

Pabenipun Lintang kaliyan Gino kanthi tilpun ndadosaken Lintang *shock* lajeng semaput, amargi pancen kawontenanipun Lintang ingkang nembe mbobot, pramila badanipun kirang kiyat. Bu Padma enggal-enggal nimbali dokter kange mriksa Lintang. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Boten nguwatosaken, kok, Bu. Mbokbilih Jeng Lintang niki wau mireng kabar ingkang kirang mranani. Kaget, lajeng shock. Ning sekedhap malih piyambake rak sampun emut,” aloke Dokter Abimanyu karo isih mencet-mencet wetenge Lintang. (14)*

Dokter mesthekaken bilih kawontenan Lintang boten nguwatosaken. Kados ingkang bibar dipunalami Lintang, dhokter ugi ngandharaken bilih Lintang semaput amargi *shock* mireng kabar ingkang kirang mranani. Ngenggingi kandhutane tetep sae saha saras.

### 3) Ngandhut

Lintang sampun manteb badhe nilar saha sesidheman saking garwanipun, sinaosa piyambakipun badhe ngandhut tanpa dipuntengga Gino garwanipun. Bu Padma maringi wejangan supados Lintang wangsling garwanipun, amargi rumaos mesakaken bilih Lintang badhe ngandhut saha babaran tanpa garwa ing sisihanipun. Bu Padma ugi mesakaken dhumateng bayinipun Lintang ing tembe bilih lair tanpa bapa. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Apa ora luwih becik kowe bali wae, Wuk. Mesakake bayi sing ana wetengmu yen kowe nekat lunga. Dheweke mengko lair tanpa ketunggon bapa.” (4)*

Wejangan saking Bu Padma boten dipuntindakaken dening Lintang. Lintang boten purun wangsling dalem garwanipun. Ngantos kandhutan Lintang sampun ageng, kirang langkung setunggal wulan malih piyambakipun bakal babaran. Lintang kedah siyap nanggung resikonipun, kados bilih kala-kala ing

manahipun tuwuh raos sedih bakal babaran tanpa dipuntengga garwanipun.

Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Atine dumadakan wae krasa sedhiih. Bubar sasi iki dheweke bakal nglairake jabang bayine tanpa ketunggonan bojo. Tanpa ketunggon priya sing nitisake wiji ing wetenge. (17)*

Manahipun Lintang kraos sedih saben-saben kemutan bilih piyambakipun badhe babaran tanpa dipuntengga sinten-sinten, namung kalih ibunipun ingkang tansah setya ing sisihipun Lintang. Inggih namung kaliyan ibunipun Lintang saged sambat-sinambat. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Aku ora getun, Bu. Ning mbayangake nglairake tanpa ketunggon sapa-sapa atiku dumadakan wae kok dadi sumedhot,” wangulané Lintang terus terang. (18)*

Ganep sangang wulan anggenipun mbobot, Lintang babaran dipuntengga dening ibunipun. Larenipun Lintang pranyata kakung. Bu Padma urun nama kangge wayahipun. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Pas sangang wulan punjul sedina saka anggone mbobot iku, anake Lintang lair lanang. Dening simbahe yaiku Bu Padma kongkon njenengi Pembudi, ing pangangkah mbesuk dadia bocah kang apik bebudene. (21)*

Sasampunipun larenipun lair, Lintang ngrimat larenipun piyambak tanpa Gino garwanipun. Anggenipun ngrumat Lanang larenipun, Lintang dipunbiyantu dening ibunipun.

#### 4) Paben kaliyan ibunipun

Sasampunipun Lintang manggihi tindak sedhengipun Gino lajeng kesah ing dalemipun Bu Padma, Lintang asring paben kaliyan Bu Padma ibunipun. Sipatipun Lintang ingkang *keras kepala* boten nate purun nindakaken ngendikanipun Bu Padma. Kados nalika Bu Padma ndhawuhi Lintang wangsl,

piyambakipun boten purun saha paben dhumateng Bu Padma. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Aku yen wis muni ora ya tetep ora, Bu. Luwih becik aku mati tinimbang kudu bali. Yen ibu ora kersa dakdhhereki, aku ya tak lunga sing adoh.”* (5)

Saking kutipan nginggil katingal bilih Lintang nembe paben kaliyan ibunipun. Lintang gadhah pamanggih bilih ibunipun boten kersa dipundhereki, amargi ndhawuhi Lintang wangslul ing dalem garwanipun. Lintang malah ngancem badhe kesah tebih. Bu Padma tetep ngleremaken manah Lintang, saha ndhawuhi Lintang supados saged ngapurani Gino. Saking menika, Lintang gadhah pamanggih bilih ibunipun langkung mbelani Gino tinimbang Lintang. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Ibu mbelani dheweke?” panutuhe Lintang ing sela-sela tangise.  
“Yen mbelani ngono, ora. Na . . .”* (8)

Lintang pancen boten remen bilih Bu Padma ngrembag babagan Gino, utawi malah mbelani Gino. Miturut Lintang, Bu Padma kedahipun langkung menggalih Lintang minangka larenipun, sanes Gino. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika

*“Lho, putrane ibu ki aku apa dheweke?”  
“Ya kowe. Nanging . . .”*

*Durung nganti Bu Padma rampung olehe ngomong disaut dening Lintang,  
“Lha yen putrane Ibu ki aku, mesthine ya aku kang dipikirake. Dudu dheweke. Aku sengit yen tansah nyebut-nyebut wong siji iku wae.”* (10)

Saking andharan data-data ing nginggil saged katingal bilih pawicantenan ngenggingi Gino ingkang asring ndadosaken Lintang paben kaliyan ibunipun. Lintang boten remen bilih ibunipun tansah nyebat-nyebat Gino utawi malah kados langkung mbelani Gino tinimbang Lintang.

### 5) Kacingkrangan

Lintang kedah ngadhepi prakawis kacingkrangan. Kacingkrangan wonten ing kamus Baoesastra Djawa tegesipun kekirangan, nandang kemlaratan (Poerwadarminta, 1939: 638). Sasampunipun congkrah kaliyan Gino lumantar tilpun, Lintang kaliyan Bu Padma gadhah kekajengan badhe pados papan enggal kangge miwiti gesang enggal. Nalika badhe mundhut siti, Lintang saha Bu Padma kekirangan beaya. Bu Padma lajeng gadhah kekajengan badhe nyade barang tilaranipun swargi bapakipun Lintang. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika

*“Lha angkahku, Ibu arep ngedol salah siji barang tinggale swargi bapakmu. Yen mung limang yuta wae regane rak kliwat. Nanging mbok Yem menggak, jare eman-eman. Wong barang tinggalan, kok. Dheweke banjur nawakake emase, kena dinggo dhisik.”* (15)

Niyat Bu Padma kangge nyade barang tilaranipun swargi bapakipun Lintang pranyata dipunmangretosi dening Mbok Yem, pembantunipun Lintang. Mbok Yem lajeng menging Bu Padma kangge nyade barang menika, lajeng mbiyantu kanthi ngampilaken emasipun supados dipunangge Bu Padma rumiyin. Prakawis kacingkrangan ingkang dipunadhepi Lintang boten namung menika, sasampunipun pikantuk siti, Lintang gadhah kekajengan badhe damel usaha perkebunan. Ing babagan menika Lintang kekirangan dana utawi modhal. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Ya iku sing rada dadi pikiran.... Kita kudu ngolah kebun kuwi kanthi intensip. Emane kita terbentus ing nggon modhal, Bu. Dhuwitku ora cukup yen kanggo nangani pakaryan kanthi gedhe-gedhenan.”* (16)

Lintang kedah saged nampi nalika pepinginan kangge ngolah perkebunan kanthi intensip kedah dipuntundha amargi kirangipun modhal. Modhalipun

Lintang boten cekap kangge nangani pakaryan ageng, pramila Lintang miwiti usaha perkebunanipun kanthi alit rumiyin.

#### 6) Ngrimat lare piyambakan

Sasampunipun babaran, Lintang kedah ngrimat lare piyambakan tanpa garwa ing sisihanipun. Babagan menika ndadosaken Lintang montang-manting anggenipun ngurus usahanipun saha anggenipun ngrimat Lanang larenipun. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika

*“Den Lintang, dipunaturi kondur kaliyan keng Ibu. Lanang rewel,” ujare Mbok Yem durung nganti ditakoni.*

*Lintang banjur pamit marang Permadi. Nututi Mbok Yem bali. Lan dumadakan wae saiki susune krasa mentheg-mentheg lara banget. Lagi kelungan yen Lanang wis wancine nyusoni. (22)*

Ing sela-sela kesibukan, Lintang asring kesupen bilih piyambakipun kedah nyusoni Lanang, saengga Bu Padma ingkang asring mbiyantu Lintang momong Lanang, asring ndukani Lintang saben kesupen nyusoni Lanang. Boten maido, amargi Lintang minangka ibu ingkang kedah ngrangkep dados kepala kulawarga kangge gesang larenipun. Nanging sasaged-sagedipun Lintang tetep ngupaya supados saged ngrimat larenipun kanthi sae. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Suk-suk meneh yen ngemiki bocah iki aja nganti telat. Mesakake. Mosok kowe ki yo ora krasa, se . . . iki wayahe si Lanang mimik. Wong anak karo gaweank kok abot gaweank,” Ssrengene Bu Padma.*

*Lintang mung meneng. Dheweke panceun rumangsa salah.*

*“Kene, tinggalen mangan kana dhisik. Nyusoni bocah aja sembrana. Mangan ya kudu ajeg. Kowe arep bisa sagele dhewe kaya biyen Lintang. Mesakake bayeke,” ujare Bu Padma maneh sawise Lanang wis wareg olehe mimik. (23)*

Anggenipun Lintang ngrimat Lanang tumemen, ngantos umuripun Lanang tigang taun. Raos tresnanipun Lintang dhumateng larenipun dipunbuktekaken

kanthi nyempataken wekdal kangge ngajak Lanang mlampah-mlampah nitih jaran ing dinten ulang taun larenipun, saha ngawontenaken pesta ing dalunipun. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Nanging dina iki, sarehne mujudake dina ultahe anake siji-sijine kang banget ditresnani, Lintang nyempatake wektune kanggo Lanang nganti sedina muput iki mengko. Pestane Lanang dhewe isih diadani mengko bengi. Mung mangan bareng karo bocah-bocah tangga teparo lan para karyawane Lintang kabeh sing saiki jumlah ora kurang saka seket. (26)*

Andharan data ing nginggil nedahaken bilih Lintang ngrimat Lanang larenipun piyambakan. Namung Bu Padma ibunipun ingkang asring mbiyantu momongaken Lanang nalika Lintang nyambut damel ing perkebunanipun. Ngantos Lanang ngancik umur tigang taun, boten nate wonten Gino ing sisihanipun ingkang mbiyantu ngrimat Lanang.

#### 7) Usaha perkebunan kirang lancar

Usaha perkebunanipun Lintang kirang saged mekar amargi sampun katelasan lahan kangge damel *peternakan* ayam. Ing lahan perkebunanipun, sampun kathah tetuwuhan saha boten wonten papan ingkang saged dipundamel kandhang. Lintang boten badhe nguthik-uthik lahan perkebunan ingkang sampun wonten, lajeng gadhah maksud badhe mundhut siti ing kilen perkebunanipun. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Banjur rencanamu kanggo kandhang kuwi nggusur tanduran sing endi? Cedhak pager kulon, wis ana tandurane palem lan nangka sing wis wiwit lemu. Rong taun maneh palem-palem kuwi wis bisa ngasilake. Mosok iya arep mbokbongkar? Yen sisih wetan jelas ora bisa. Cedhak omah ngene. Bahaya, wong ana bocahe cilik. Mburi omah, ya kebak tanduran sayuran. Apa enake nggon kedhokan slada karo bayem kuwi sing diilangi?”*

*“Ah, lahan sayur wis pas, Bu. Rasah diluwih-luwih. Aku arep nemoni kang Kardi.”*

*“Arep ngapa?”*

*“Nakokake lemah kulon pager wae sapa sing duwe. Yen oleh arep daktuku.* (24)

Kekajengan Lintang anggenipun badhe mundhut lahan tiyang sanes supados saged mekaraken usahanipun, boten dipunsarujiki dening ibunipun. Amargi miturut ibunipun, mbujuk tiyang sanes menika cara ingkang kirang sae. Lintang katingal ambisius saha srakah bilih mendhet cara menika kangge mekaraken usahanipun. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Kowe aja srakah, Lintang. Ora apik mbujuk-mbjuk wong kongkonadol omah. Aja dupeh kowe duwe dhuwit. Ibu ora setuju yen kang ngono caramu.”*

*“Aku ora mbujuk kok, Bu. Mung nakokake. Yen dheweke gelem ngedol lemah iku, aku gelem nuku kanthi rega kang luwih larang.”*

*“Ibu ora seneng yen caramu ngono kuwi. Ambisi kena-kena wae. Merga wong tanpa ambisi ya ora bisa maju. Nanging aja kebangeten. Yen kebangeten kuwi jenenge ambisius. Sikap ambisius bisa nyurung wong tumindak srakah. Dheweke bakal menghalalkan segala cara kanggo ngleksanaake maksude.”* (25)

Rencananipun Lintang kangge mekaraken usaha perkebunanipun kanthi cara mundhut lahan tiyang sanes menika tetep boten pikantuk pasarujukan saking ibunipun. Menika ugi dados kendhala kangge Lintang. Lintang dereng saged mekaraken usahanipun amargi boten pikantuk pasarujukan saking ibunipun.

#### 8) Perkebunan dipurampas

Lintang kedah ngadhepi prakawis ingkang awrat nalika dipunancem kedah maringaken lahan perkebunanipun dhumateng oknum-oknum ingkang boten dipunmangretosi sinten. Boten maringaken ngaten kemawon, ananging Lintang kedah nyade perkebunanipun kanthi regi ingkang wajar. Awalipun Lintang eman bilih badhe maringaken lahan perkebunan, ananging amargi kawilujengan dhiri

saha kulawarganipun terus dipunancem, pungkasanipun Lintang maringaken lahan perkebunan menika. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Ora ana udan, ora ana angin, sawijining wengi dheweke ditekani wong papat, ngaku yen saka perangkat desa lan oknum polisi. Intine Lintang diancam kudu nyerahake ;ahan pertaniane kuwi. Ora nyerahake cul ngono ora. Nanging mesthi wae iya dituku kanthi rega kang wajar. Temene Lintang owel. Sebab lemah kuwi mujudake tambang emas kanggone. Nanging bareng di ancem bola-bali, yen ora gelem ladhang kuwi bakal diobong, dheweke sakaluwarga uga bakal disampurnakne pisan, Lintang dadi kedher. (27)*

Sasampunipun maringi *kepastian* bilih Lintang nyerah, Lintang ngajengaken sarat inggih menika nyuwun wekdal kangge ngurus masa depan para karyawanipun ing tembe. Saratipun Lintang dipunsarujuki dening para oknum, uger Lintang ugi saged njagi rahasia ngengingi dipunsadenipun lahan perkebunan menika. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Ing minggu candhake, tamu-tamu teka maneh. Njaluk keputusane Lintang. Lintang kandha yen nyerah. Nanging dheweke uga njaluk wektu kanggo ngurusni karyawan-karyawan sing jumlahé ora kurang saka seket. Ora mungkin dheweke ngetokake wong-wong kuwi ngono wae. Paling ora dheweke kudu menehi kesempatan marang para karyawan iku kanggo golek lapangan kerja anyar. Pranyata tamu iku isih duwe nurani. Dheweke setuju karo persyaratan sing diajokake Lintang. Nanging wong-wong kuwi uga ganti ngajokake sarat. Lintang ora kena mbocorake soal dol tinuku lemah pertaniane iku marang sapa wae. Yen nganti bocor, ngerti dhewe! (28)*

Lintang boten mangretosi sinten oknum-oknum ingkang sampun tegel meksa piyambakipun kangge nyade lahan perkebunan menika. Ingkang ndadosaken Lintang bingung, bilih oknum menika gadhah niyat culika, kenging menapa kersa ganti rugi utawi numbas perkebunanipun saha maringi Lintang wekdal kangge mungkasi urusan kaliyan para pegawe. Lintang boten badhe menggalihaken menika, ingkang utama piyambakipun kedah enggal-enggal

ngurus masa depan para karyawan saha tetep njagi rahasia menika supados piyambakipun kaliyan kulawarganipun tetep rahayu.

#### 9) *Penculikan*

Dereng purna prakawis perkebunan ingkang kedah dipunsade peksa, Lintang kedah ngadhepi prakawis ingkang langkung ageng inggih menika *penculikan*. Satunggal wulan cindhakipun, nalika Lintang nembe nyawisaken persiapan kangge pindhah, Lintang kicalan Lanang, larenipun. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Sesasi candhake, nalika persiapan-persiapan kanggo pindhah wis direncana kanthi mateng, Lanang ilang. Wong saomah padha opyak nggoleki.* (29)

Lintang sampun cubriya bilih Lanang ical amargi dipunculik. Nalika Lintang saha para pegawe sami madosi Lanang, wonten serat ingkang dhateng. Wontenipun serat menika mujudaken surat nyuwun tebusan kangge Lanang. Surat menika nedahaken bilih Lanang pance sampun dipunculik. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Nanging ana surat teka. Surat mau mujudake surat pangancam saka komplotan kang nyulik lanang. Mesthi wae isine klise, njaluk tebusan.* (30)

Wosipun serat menika namung tetembungan ingkang nedahaken bilih Lintang kedah maringaken tebusan kanthi arta milyaran, saha pangancem bilih Lintang boten kenging lapur dhumateng polisi. Wondene ngengingi wekdal saha papan kangge masrahaken tebusan badhe dipuntemtokaken ing serat salajengipun.

Seminggu cindhakipun, serat saking para *penculik* dipuntampi malih dening Lintang. Wosipun serat menika ngengingi papan saha tata cara kadospundi

Lintang saged maringaken tebusan dhumateng *penculik*. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Lintang wiwit maca surat mau. Pranyata saka komplotan kang isine bab cara-carane nyerahake tebusan. Lintang kudu teka ijen, ora oleh dikanthi sapa-sapa. Papane ditemtokake ing sawijining villa kosong, isih klebu wilayah Bandungan.* (31)

Wonten ing dinten ingkang sampun dipuntemtokaken, Lintang budhal ing satunggaling villa ingkang sampun dipuntunjuk kangge masrahaken tebusan. Saderengipun mlebet villa, Lintang rumaos ajrih, badhe ngadhepi *komplotan penculik* menika. Ananging kangge larenipun, Lintang enggal-enggal mlebet. Kejot sanget Lintang nalika manggihi bilih ingkang wonten ing villa menika Gino garwanipun, sanes para *penculik bengis* kados ingkang dipunbayangaken. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Apuranen aku Lintang. Aku kang nyulik Lanang lan ngatur kabeh iki. Tebusan iki mung kanggo samudana, kanggi njajagi atimu, abot endi kowe antarane bandha lan anak.” Aloke Gino karo ngudhunake Lanang saka gegere.* (32)

Pranyata ingkang nyulik Lanang menika boten sanes Gino, garwanipun piyambak. *Penculikan* menika boten gadhah maksud durja utawi badhe damel cilaka, ananging minangka samudana njajagi manahipun Lintang, amargi Lintang sampun kagungan pakaryan saha saged gadhah asil piyambak. Pramila Gino pengin mangretosi tresnanipun Lintang dhumateng larenipun, saha Gino ugi kepengin mangsulaken kawontenan saha mbangun kulawarga ingkang wetah kados rumiyin malih kaliyan Lintang.

**b. Cara ingkang Dipunlampahi Paraga Utama Kangge Mungkasi Prakawis  
ingkang Dipunadhepi ing Novel *Nalika Prau Gonjing***

Kangge mungkasi prakawis-rakawis ingkang nggebengi piyambakipun, Lintang mendhet maneka cara. Cara-cara ingkang dipunlampahi paraga Lintang minangka paraga utama kangge mungkasi prakawis ingkang dipunadhepi inggih menika (1) purik saking dalemipun, (2) musyawarah kaliyan kulawarga, (3) sesidheman (4) nyuwun pambiyantu, (5) ngadhepi kanthi pasrah, (6) mekaraken usaha, (7) ngadhepi kanthi tegas, saha (8) sami paring pangapura. Cara-cara kasebat badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

1) Purik saking dalemipun

Tembung purik wonten ing kamus Baoesastra Djawa tegesipun kesah saking papan garwanipun (utawi tiyang sepuhipun) amargi pasulayan (Poerwadarminta, 1939: 504). Cara sapisan ingkang dipunlampahi Lintang nalika ngadhepi prakawis garwanipun selingkuh menika purik ing dalemipun Bu Padma, ibunipun. Gino boten mangretos bilih kesahipun Lintang sanyatanipun namung ing dalemipun Bu Padma, ibunipun Lintang. Lintang pancen boten kepengin garwanipun menika mangretos bilih Lintang purik ing dalem Bu Padma, pramila nyuwun dhateng Bu Padma supados boten prasaja dhumateng Gino. Kanthi menika Gino pitados bilih Lintang boten wonten ing dalemipun Bu Padma. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Bojomu kuwi sajake percaya temen yen kowe ora neng kene,”  
ngendikane Bu Padma maneh. (76)*

Sekar mbakyunipun Lintang nembe mangretosi bilih Lintang purik ing dalemipun Bu Padma, amargi wonten prakawis kaliyan Gino. Mbakyunipun

dereng mangretosi prakawis menapa ingkang sampun ndadosaken Lintang kedah purik wangslu dhateng dalem ibunipun. Sekar lajeng nyuwun pirsa dhumateng Bu Padma kenging menapa Lintang ngantos purik. Bu Padma boten ngandharaken prakawis tindak sedheng ingkang dipuntindakaken Gino, namung ngandharaken bilih Lintang purik amargi paben kaliyan Gino. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Jane wonten menapa ta, Bu? Lintang kesah saking griya?” Tutik ngambali pitakone meneh. Penasaran!*

*“Biasa ta, Wuk. Wong jenenge wong omah-omah, sok-sok iya padu barang.”*

*“Geneha ki Lintang purik ngaten, ta?” (77)*

Sekar lajeng pados informasi piyambak dhumateng Lintang. Kangge mesthekaken menapa leres bilih Lintang menika pancen purik saking Gino. Amargi miturutipun Sekar babagan menika katingal cawuh, sebabipun Gino anggenipun madosi Lintang ngantos moyer, ananging sanyatanipun Lintang namung purik ing dalem ibunipun. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Eh, dadine kowe mung purik mrene, ta? Ngono bojomu olehe nggoleki kok nganti mbingungi.” Semantene Sekar karo nyawang Lintang. (84)*

Saking andharan data-data ing nginggil, nedahaken bilih Lintang mendhet lampah purik nalika ngadhepi prakawis kaliyan garwanipun. Lintang purik amargi raos kuciwanipun dhumateng Gino, saha kepengin maringi Gino ukuman supados kapok amargi sampun tumindak culika dhumateng Lintang kanthi tumindak sedheng.

## 2) Musyawarah kaliyan kulawarga

Musyawarah kaliyan kulawarga dipuntindakaken Lintang saha Bu Padma, saderenge kekalihipun mendhet lampah kangge sumingkir nilar dalem swargi bapakipun. Bu Padma ngempalaken sedaya larenipun kangge ngrembag prakawis-prakawis ingkang wigatos saderengipun nilar dalemipun. Babagan menika prelu, amargi antawisipun Lintang kaliyan kangmas saha mbakyu-mbakyunipun menika panceñ sadherek satunggal bapak, ananging beda ibu. Mbakyu Lintang ingkang asma Sekar kaliyan Tutik saha kangmasipun Langit, menika larenipun Pak Padma kaliyan garwanipun ingkang rumiyin. Nalika garwanipun menika seda, lajeng Pak Padma krama kaliyan ibunipun Lintang ngantos wonten Lintang. Pramila Bu Padma rumaos wigatos kangge pirembagan kaliyan lare-larenipun saderengipun nilar dalem. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Ngene, Nak. Anane kowe kabeh padha daklumpukake iku merga ana bab wigati kang arep ibu sampekne,” ujare Bu Padma sawise wong telu, ketambahan Lintang padha ngumpul neng ruwang tengah kang mujudake ruwang keluarga. (80)*

Sasampunipun sedaya larenipun kempal, Bu Padma ngandharaken babagan ingkang kedah dipunrembag. Bu Padma makili Lintang ngandharaken maksudipun badhe nilar dalem tilaran Pak Padma saha garwanipun rumiyin ingkang sampun sami swargi. Bu Padma ugi masrahaken sedaya perabot tilaranipun dhumateng kangmas saha mbakayu-mbakayunipun Lintang. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Ngene. Omah iki mbiyen sing mundhut rak bapak karo ibumu swargi. Dadi ibu ya rumangsa ora ndhuweni hak apa-apa. Mung sebageyan prabot lan koleksi barang-barang seni kae sing olehe tetukon bapakmu*

*karo ibu. Lha saiki soal omah dakbalikake bali marang kowe cah telu. Baginen kanthi adil. Dene barang-barang sing olehe tetukon ibu karo bapakmu, kuwi bakal daksuwun.”* (81)

Kekajenganipun Lintang saha Bu Padma kangge nilar dalem ingkang lawas sasnsaya kendel. Bu Padma masrahaken dalemipun supados dipunperang tiga dhumateng mbakyu saha kangmas Lintang. Perabot-perabot ugi badhe dipuntilar kejawi ingkang dipunpundhut piyambak dening Bu Padma. Bu Padma lajeng ngandharaken kekajengan badhe ndherek Lintang ing papan enggal. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Pancen ya ngono. Mula omah iki dakpasrahake marang kowe kabeh,” wangsulane Bu Padma sareh. Banjur nglirik marang Lintang. “Ibu arep ngetutake adhimu, Lintang.” Sumambunge maneh.  
“Maksude Ibu, Ibu arep manggon dadi siji karo Lintang?” pitakone Sekar “Bener.”* (82)

Sasampunipun Bu Padma masrahaken dalem, gantos Lintang ingkang ngaturaken kekajenganipun. Lintang matur dhumateng kangmas saha mbakayunipun bilih Lintang taksih mbetahaken mbok Yem pembantunipun, pramila piyambakipun badhe ngajak Mbok Yem pindhah ing griya enggal. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Nanging Mbok Yem dakajak.” Lintang kang ngomong.  
“Mbok ya aja srakah ta kowe ki, Lintang. Kowe rak wis duwe Simbok. Mosok Mbok Yem ya isih arep mbokgawa. Ben melu aku wae,” ujare Tutik maneh.  
“Nanging suk yen aku nglairake, mung Simbok thok ha rak ora nyukupi,” panangkise Lintang.* (83)

Kekajenganipun Lintang kangge ngajak Mbok Yem kirang dipunsarujuki dening Tutik mbakyunipun, amargi Lintang dipunraos sampun srakah badhe ngajak Bu Padma saha Mbok Yem. Tutik ngajengaken supados Mbok Yem saged ndherek Tutik kemawon. Ananging Lintang langkung mbetahaken Mbok Yem

kangge mbiyantu Lintang sasampunipun babaran ngenjang, pramila pungkasanipun Mbok Yem siyos ndherek Lintang.

### 3) Sesidheman

Cara sapisan ingkang dipunlampahi Lintang nalika ngadhepi prakawis garwanipun tindak sedheng menika purik. Kejawi purik wangslul ing dalemipun Bu Padma ibunipun, Lintang ugi sesidheman saking garwanipun ing dalem kasebat. Kanthi pambiyantu saking Bu Padma anggenipun nyandhiwara, lampah menika dipunpendhet kangge maringi raos kapok saha ngukum tumindakipun Gino, ingkang sampun tindak sedheng. Gino pitados kaliyan Bu Padma, pramila boten mangretos bilih Lintang sejatosipun namung sesidheman ing dalemipun Bu Padma. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Meh sesasi Lintang olehe ninggalake omah. Merga saking pintere Bu Padma anggone nyandiwara, nganti seprene Gino durung mangerti yen temene bojone kuwi cumondhok ing omahe wong tuwane. (78)*

Amargi kuciwa dhumateng Gino ingkang boten kersa methuk Lintang saha malah ndhawuhi Lintang wangslul piyambak, Bu Padma nyengkuyung keputusanipun Lintang kangge sumingkir saking dalemipun Bu Padma. Bu Padma saha Lintang badhe pados papan enggal kangge njagi kawontenanipun Lintang ingkang nembe mbobot. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Mula tekade, Lintang arep dijaga tenanan. Yen perlu diungsekake adoh saka omah iki amrih ora tansah kelingan bojone sing dianggеп Bu Padma wis nyalahi aturan permainan. (79)*

Upayanipun Lintang kangge sesidheman saking Gino kanthi cara manggeni griya enggal kasil. Lintang saged mbangun griya piyambak sinaosa taksih *sederhana*. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Lan plong . . . rasane bareng bisa manggon neng omahe dhewe, senajan omahe iku mau adoh saka apik. Kalah adoh yen ditandhing karo omahe Bu Padma sing ana Bantul. Apa maneh karo omahe Lintang ing Sleman. (85)*

Kantri manggeni griya enggal menika Lintang gadhah kekajengan badhe nglajengaken gesang enggal tanpa dipunmangretosi Gino. Lintang pengin babaran saha saged ngrimat larenipun ing papan menika. Kejawi menika ugi pengin mbikak usaha kange nglajengaken paggesanganipun.

#### 4) Nyuwun pambiyantu

Nalika ngadhepi kacingkrangan sabibar manggeni griya enggal, Lintang dipunbiyantu Bu Padma nyuwun pambiyantu dhumateng kangmasipun. Lintang tansah menggalih rencana anggenipun badhe mbikak usaha perkebunan ingkang taksih kekirangan modhal. Pramila saking menika Bu Padma sampun janji bilih badhe mbiyantu Lintang nyuwun ngampil modhal dhateng kangmasipun, uger Lintang saged sranta nengga jabang bayinipun ngantos lair. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Kowe aja mikir sing werna-werna dhisik. Srantekna nganti bayimu kuwi lair. Mengko yen wis lair, gampang. Saiki kita mlaku dhisik kaya rencana sakawit. Wis, ta. Pokoke mengko yen bayimu wis lair, soal modhal gampang. Dakrundhingan karo kangmasmu. Utawa kepeksane kita bisa nyilih bank dhisik,” pamunggele Bu Padma. (86)*

Sasampunipun babaran, Lintang nekuni usaha perkebunanipun. Nalika badhe ngirimaken asil panen, Lintang asring telat saha boten nate pas wekdalipun. Kange ngadhepi kendala nalika ngirimaken asil panen menika, Lintang nyuwun pambiyantu malih dhumateng kangmasipun, inggih menika nyuwun ngampil mobilipun supados usaha perkebunanipun saged langkung lancar. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Tekane mobil kuwi rencana isih kurang telung ndina maneh. Ora gres saka toko kok, Dhik. Wis kanggo. Arep tuku anyar, danane isih durung ana.” Lintang ora crita yen mobil kuwi mung bantuan saka kangmase.* (89)

Lintang boten prasaja dhumateng para karyawan bilih mobil menika namung pambiyantu saking kangmasipun. Cekap Lintang kemawon ingkang mangretos. Sinaosa makaten, Lintang rumaos bingah saged dipunbiyantu kathah dening kangmasipun. Lintang ngaturaken agunging panuwun dhumateng kangmasipun awit sampun kathah mbiyantu kangge usaha perkebunan Lintang. Boten namung ngampilaken molipun kemawon, ananging sasopiripun ugi badhe ndherek Lintang. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Aku trim banget, lho, Mas?” ujare Lintang sepisan maneh nelakake rasa panuwune.*

*Langit mesem. Banjur kandhane marang sopir mobil box sing uga melu ngetutake, “Sing krasan ana kene, Man. Bosmu saiki ganti.”* (92)

Kanthi pambiyantu saking kangmasipun menika, kendala-kendala wonten ing perkebunan saged dipunrantas sakedhik mbaka sakedhik dening Lintang. Usaha perkebunan Lintang sansaya lancar, malah Lintang ugi mekaraken usahanipun supados langkung kathah asilipun.

##### 5) Ngadhepi kanthi pasrah

Kandhutanipun Lintang sansaya ageng. Miturut dokter, kawontenan fisikipun Lintang boten kenging sayah utawi menggalih kathah, pramila Lintang dereng saged ngolah perkebunanipun kanthi langkung *intensif*. Lintang ngadhepi kanthi pasrah nalika piyambakipun dereng saged miwiti usahanipun kanthi *intensif*. Sikep pasrah ingkang dipunpendhet menika amargi Lintang kedah njagi

kasarasan jabang bayi ing kandhutanipun. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Hem . . .” Lintang ambegan dawa. Tangane banjur ngelus-elus wetenge sing saya bunder iku. Bareng dirasak-rasakke, ngendikane ibune kuwi ana benere. Dheweke kudu mikirake calon bocah sing ana njero wetenge kuwi. Dokter wis nyaranake, ora oleh mikir sing abot-abot dhisik. Ora oleh kekeselen. (87)*

Sikep pasrahipun Lintang ugi katingal nalika ngadhepi prakawis perkebunan ingkang badhe dipunpundhut peksa. Lintang pasrah mawon bilih perkebunanipun kedah dipunsade dhumateng tiyang-tiyang ingkang sampun sami ngancem, uger dipunparangi wekdal kangge ngurus para karyawan. Lintang pasrah amargi piyambakipun minangka wanita ingkang namung ijen tanpa garwa, bakal boten kiat ngadhepi para penjahat ingkang cacahipun kathah saha kakung sedaya. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Ing minggu candhake, tamu-tamu teka maneh. Njaluk keputusane Lintang. Lintang kandha yen nyerah. Nanging dheweke uga njaluk wektu kanggo ngurusi karyawan-karyawan sing jumlah ora kurang saka seket. (99)*

Sikep pasrahipun Lintang nalika ngadhepi sedaya prakawis ingkang nggebengi piyambakipun dipunsarengi ugi kanthi sikep ikhlas utawi lila legawa. Sikep ikhlas menika dipunpendhet Lintang sasampunipun dipunparangi wejangan dening Bu Padma. Lintang pitados bilih lampahing gesang menika sampun wonten ingkang ngatur, saengga Lintang kantun nglampahi. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Dheweke wis sadhar sawise dituturi ibune werna-werna. Mula kabeh pacoban ya ditampa kanthi ikhlas. Urip iki wis ana kang ngatur. Manungsa ming kari nglakoni. (100)*

Sasampunipun ngadhepi prakawis perkebunan ingkang dipunpundhut peksa, Lintang kedah ngadhepi prakawis larenipun dipunculik. Lintang namung

saged pasrah nalika larenipun ical dipunculik. Lintang nembe mangretos bilih gesang tanpa katresnan saha pangajeng-ajeng, sinaosa kathah bandha menika namung kabagan ingkang semu. Lintang namung kepengin larenipun wangsul, sinaosa kedah kicalan sedaya bandhanaipun. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Lintang lagi nyadhari, yen kabagan kang dirasaake sasuwene iki mung semu. Atine suwung-wung. Dheweke ngrasakake sepi kang banget ngrerujit ati. Urip tanpa katresnan, tanpa pangarep-arep, jebulane sepa lan pait. Ah, Lanang . . . Lanang. Ibu ora kabotan kelangan bandha iki kabeh, waton kowe bali, panguwuhe karo nangis keranta-ranta. (101)*

Data-data ing nginggil nedahaken bilih kangge ngadhepi maneka prakawis ingkang nggebengi, Lintang mendhet sikep pasrah. Kanthi sikep pasrahipun menika Lintang saged nglembah manah saha boten kemrungsung nalika badhe tumindak. Sikep pasrahipun menika ugi kangge kesaenan Lintang piyambak saha kulawarga Lintang.

#### 6) Mekaraken usaha

Kangge nyekapi kabetahanipun para karyawan saha larenipun ugi Lintang piyambak, Lintang terus mekaraken usaha. Usaha Lintang boten namung perkebunan, ananging ugi peternakan ayam saha sapi. Lintang kasil anggen mekaraken usahanipun. Ternak sapi perahipun Lintang mlampah sae. Para karyawanipun Lintang tambah sejahtera awit saged ngunjuk susu seger saben enjang. Kotoran saged dipundadosaken rabuk kangge perkebunanipun. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Olehe ternak sapi perah ora kanggo tujuan bisnis. Nanging kanggo kesejahteraane para karyawane. Amrih saben esuk bisa ngombe susu seger. Lan kotorane uga bisa dimanfaatake rabuk tanduran. (90)*

Lintang *gigih* anggen mekaraken usahanipun. Nalika kekirangan lahan kange damel peternakan, Lintang terus ngupaya supados saged pikantuk lahan kange mekaraken usaha peternakanipun. Lintang pados rekadaya kange pikantuk lahan malih. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Aku ora mbujuk kok, Bu. Mung nakokake. Yen dheweke gelem ngedol lemah iku, aku gelem nuku kanthi rega kang luwih larang.”* (93)

Sinaosa dipunpenging dening ibunipun, Lintang tetep kekeh badhe mekaraken usahanipun. Kanthi pambiyantu saking Kardi, Lintang kasil pikantuk siti ingkang sampun dipunkajengaken. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Lintang mung muni iya-iya lan manthuk-manthuk ing sangarepe ibune. Nanging meneng-meneng dheweke ngubungi Kardi kanggo ngleksanani niyate iku. Lan telung sasi candhake, lemah sing diincer iku sida tiba ing tangane tenan . . . .* (94)

Saking data-data nginggil katingal bilih Lintang ngelola perkebunan kanthi temenan. Kathahipun pepalang boten ndadosaken Lintang nyerah kange terus mekaraken usahanipun, saengga usahanipun Lintang saged mekar, asilipun langkung kathah saha para karyawan Lintang sami langkung sejahtera.

#### 7) Ngadhepi kanthi tegas

Lintang nggadhahi sikep tegas dhumateng para karyawan nalika ngadhepi prakawis ngengingi perkebunanipun. Petungan winihipun mleset saha tirah kathah sanget, pramila Lintang kedah nimbali Permadi salah satunggal karyawan ingkang dipunpitados nyepeng babagan menika. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Utawa awakmu menehi petunjuk samene, nanging wong-wong kuwi olehe nancepne sakepenake dhewe. Ora manut aturan.”* (88)

Sikep tegasipun Lintang dipuntedahaken ugi nalika piyambakipun ngadhepi prakawis tunggakan ing salah satunggal supermarket. Lintang mendhet sikep tegas dhumateng karyawan ingkang nyepeng babagan utang-piutang supados usahanipun boten rugi. Tanpa tidha-tidha Lintang maringi pengarahan dhumateng karyawan menika. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Kowe kudu sing tegas, Santi. Pembukuanmu kudu tertib. Yen sasi ngarep dheweke nunggak maneh, kiriman sayur lan buah marang perusahaan kuwi becike distop wae. Kita rugi yen dicara kaya ngene. Kerja sama ya kerja sama. Nanging ya kudu ana timbal balike.”* (97)

Sikep tegasipun Lintang dipuntedahaken ugi dhumateng karyawan ingkang nyepeng babagan produksi susu. Lintang pacent tlatos anggenipun ngecek cathethan-cathetan laporan. Nalika mirsani asil laporan, produksi susu mrosot. Lintang ngaruhaken dhumateng karyawanipun babagan produksi susu ingkang mrosot ngantos boten dipunlaporaken dhateng Lintang. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Iki geneya produksine susu kok selot dina selot mrosot. Geneya kowe kok ora gelem laporan?” pitakone Lintang karo nusing cathetan-cathetan setoran susu menyang KUD.* (98)

Saking data-data nginggil katingal bilih Lintang mendhet sikep ingkang tegas dhumateng para karyawan nalika ngadhepi maneka prakawis ing asil perkebunan saha peternakan. Pepalang ing asil menika saperangan amargi kirang tlatosipun para karyawan, pramila Lintang kedah tegas dhumateng sedayanipun.

### 8) Sami paring pangapura

Pungkasanipun, Lintang mangretosi bilih *penculikan* dhateng Lanang menika rekadayanipun Gino garwanipun kangge samudana supados Lintang boten keblinger ing bisnis saha bandha. Gino ngakeni kalepatanipun lajeng nyuwun pangapunten dhumateng Lintang. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Hem . . . apuranen aku Lintang. Kabeh mau kepeksa daktindakake merga aku ora kepengin kowe mung diperkuda karo bisnismu kuwi.”* (102)

Lintang boten kuwaos manahipun nalika kepanggih kaliyan Gino saha mangretosi kawontenanipun. Sedaya raos sengit saha duka dhumateng garwanipun, ical nalika manggihi garwanipun. Lintang ngekep Gino saha nyuwun pangapunten ugi kanthi trenyuh. Babagan menika saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*“Lintang nyawang wong kuru nyekingkring neng ngarepe kuwi. Atine dadi sumedhot. Dheweke ora tahan. Mula wong lanang kuwi ditubruk wani. “Apuranen aku, Mas?” panguwuhe karo sesenggukan.* (103)

Lintang kaliyan Gino sami paring pangapura. Gino ngakeni bilih piyambakipun ugi gadhah lepat dhumateng Lintang. Kekalihipun wangslul ing kabagyan kang sarwi trenyuh. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Ora ana kang kudu diapura. Aku uga luput,” pangresahe Gino karo ngelus rambute Lintang. Atine trenyuh.* (104)

Pungkasanipun, Lintang kaliyan Gino sami paring pangapura. Cara menika dipunpendhet Lintang kangge dandosi sesambetanipun kaliyan Gino.

Kekalihipun taksih sami tresana, saha gadhah kekajengan kepengin wangsul ing gesang kados rumiyin, inggih menika mbangun kulawarga ingkang bagya.

### c. Amanat ing Novel *Nalika Prau Gonjing*

Novel *Nalika Prau Gonjing* menika nyariyosaken gesang ing satunggaling kulawarga. Ing lampah gesang bebrayanipun, kulawarga menika ngadhepi maneka prakawis saha mendhet saperangan lampah kangege mungkasi prakawis-prakawis kasebat. Kejawi menika, wonten saperangan amanat ingkang saged kapethik saking cariyos ing novel menika. Amanat ingkang dipunpanggihi ing novel *Nalika Prau Gonjing* ing antawisipun (1) kedah saged njagi hawa nepsu, (2) ampun tindak sedheng supados gesang bebrayan boten congkrah, (3) dipunbetahaken upaya ageng kangege mungkasi prakawis ing gesang bebrayan, (4) katresnan tiyang sepuh, (5) sedheng tumindak ingkang boten sae menapa mawon sebabipun, (6) wonten ing gesang bebrayan dipunbetahaken sikep jujur, (7) purik dereng tamtu saged mungkasi prakawis bebrayan, (8) njagi tumindak saha ngurmati asma tiyang sepuh, (9) tulung tinulung tanpa pamrih, (10) kasetyaning tresna, (11) tansah konjuk sokur dhumateng Gusti, (12) nggadhahi sikep pasrah saha sabar nalika nampi pacoban, (13) manungsa boten kenging srakah, (14) tiyang ingkang tumindak boten sae bakal nampi piwales, (15) kathah bandha dereng tamtu njamin kabagyan, (16) kangege mungkasi prakawis ing gesang bebrayan kedah purun ngapura ing ngapuram.

#### 1) Kedah saged njagi hawa nepsu

Manungsa wonten ing lampah gesanganipun kedah saged njagi hawa nepsu, mliginipun tumrap tiyang-tiyang ingkang sampun palakrama, supados

saged ngendhani tumindak-tumindak ingkang kirang prayogi. Tumraping tiyang ingkang sampun gesang bebrayan ,kedah ngatos-atos anggenipun tumindak, supados kalis saking prakawis-prakawis ingkang lajeng saged nggebengi saha ngrisak gesang bebrayanipun.

Sikep boten saged njagi hawa nepsu ingkang lajeng ndadosaken gesang bebrayanipun bengkrik dipuntedahaken ing novel *Nalika Prau Gonjing* lumantar paraga Gino, ingkang sampun palakrama, ananging kegliwer ing tindak sedheng. Pethikan data-data ing ngandhap menika saged nedahaken babagan kasebat.

*“Sayah, mas?” pitakone kenya iku saya kendel. Tangane wiwit gerilya ing papan-papan kang sensitip. Wiwitane Gino isih bisa ngendhani kanthi cara kang alus banget lan ora ngawistarani. Nanging Meiske, kenya kang dikirim dening Sinung iku sajake wis cukup pengalaman ngadhepi wong kaya Gino, sing isih clondho ing babagan wanita. Luwih-luwih sing tingkat profesional kaya Meis kuwi. Pungkasane Gino sido ambruk ing rangkulane kenya ayu iku. (142)*

Andharan data nginggil nedahaken bilih Gino boten saged njagi hawa nepsunipun nalika kagodha dening kenya ing salebetung hotel. Gino pancen dereng nate tindak sedheng. Nembe sapisan menika Gino nyeleweng. Ananging Gino kados boten kapok kaliyan tumindakipun. Gino malah saya ndadra nguja nepsunipun kaliyan wanita sanes kang aran Lindri. Babagan menika saged katingal ing data ngandhap menika.

*Gino isih tetep tenang. Sebab ana Lindri sing kerep jedhal-jedhul nyambangi dheweke. Ora ana Lintang, malah kaya-kaya mujudake kesempatane kanggo nguja nepsune. Wong loro kaya wis ora eling wayah. Ra pedhuli esuk, awan utawa bengi, dikatog-katogake anggone seneng-seneng. Nganti Simbok dadi ketir-ketir. Kuwatir yen ujug-ujug Lintang teka. Kamangka Gino lagi nyengker wanita liya ing omah. (168)*

. Wonten ing data nginggil langkung katingal anggenipun nguja nepsu Gino malah dipuntutugaken malih nalika Lintang garwanipun purik saking dalem.

Gino malah sansaya ndadra nguja nepsu kaliyan wanita sanes ing dalemipun. Tumindak ingkang dipuntindakaken Gino menika boten sae, amargi tumraping tiyang bebrayan, tumindak menika sampun nglanggar paugeran utawi *etika* tumrap tiyang ingkang sampun palakrama.

2) Ampun tindak sedheng supados gesang bebrayan boten congkrah

Tumrap tiyang ingkang sampun palakrama, kasetyan menika dados babagan ingkang prelu sanget dipunjagi kange mbina kulawarga ingkang *harmonis*. Bilih wonten satunggaling sisihan ingkang boten saged njagi kasetyan, lajeng tumindak culika kados sedheng utawi nyeleweng, menika saged ndadosaken gesang bebrayanipun congkrah.

Tumindak sedheng ingkang saged ndadosaken gesang bebrayan congkrah dipuntehaken lumantar paraga Gino. Paraga Gino wonten ing mriki nyobi selingkuh sapisan, amargi kegliwer panggodha saking wanita sanes. Tumindakipun Gino dipunmangretosi dening Lintang garwanipun, pramila Lintang purik nilar Gino saha ndadosaken gesang bebrayan kekalihipun sami congkrah. Babagan kasebut saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*Kenikmatan kang mung sagebyaran kuwi pranyata kudu dibayar larang. Lintang Puspasari, bojo kang ditresnani minggat merga ngonangi anggone slingkuh liwat celdam ing njero kopere. Wanita kinasih iku lunga ngono wae, tanpa menehi kesempatan marang dheweke kanggo njelasake masalah kang sanyatane. (143)*

*Ee . . . lagi jajan sepisan, lan iki uga tanpa kejarag, wong diteri kok, Lintang wis mutung. Lunga tanpa pamit. Ninggalake kuwajibane minangka ibu rumah tangga. (157)*

Gino rekaos gesangipun dipuntilar sisihanipun, saha Lintang piyambak lajeng purik nilar kuwajiban ing bale semahipun. Wonten ing gesang bebrayan

menika panceñ wajar bilih kala-kala paben amargi satunggaling prakawis. Ananging prakawisipun Gino menika cekap awrat amargi purikipun Lintang amargi manggihi Gino sampun tumindak sedheng. Babagan kasebat saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*Kewe ora ngerti permasalahane,” panyaute Gino*

*“Apa? Wajar yen ing rumah tangga iku kala-kala padu. Wong selagine isih pacaran wae sok-sok ya ngono. Wong wedok panceñ mesthi njaluk menange dhewe. Sithik-sithik purik, sithik-sithik minggat.”* (145)

*“Biasa ta, Wuk. Wong jenenge wong omah-omah, sok-sok iya padu barang.”* (151)

Data-data nginggil nedahaken prastawa jalaran Gino sedheng lajeng garwanipun purik, saha ndadosaken gesangipun sami paben utawi congkrah. Amanat ingkang saged dipunpendhet saking kadadosan menika inggih tumraping tiyang ingkang sampun palakrama kedah saged njagi kasetyan dhumateng sisihanipun, supados gesang bebrayan saged mlampah sae, *harmonis* saha sami saged nindakaken kuwajibanipun piyambak-piyambak.

- 3) Dipunbetahaken upaya ageng kangge mungkasi prakawis ing gesang bebrayan

Nalika nglampahi gesang bebrayan, tamtunipun wonten prakawis-prakawis alit menapa dene ageng ingkang dipunalami dening satunggaling kulawarga. Wonten kathah sebab ingkang saged njalari wontenipun prakawis ing satunggaling kulawarga. Tamtunipun dipunbetahaken upaya ageng kangge mungkasi prakawis menika.

Kados upaya ingkang dipunlampahi paraga Gino nalika piyambakipun sampun rumaos klentu, damel Lintang garwanipun purik saking dalemipun. Gino

ngupaya madosi garwanipun ing pundi-pundi papan. Babagan menika saged katingal ing data ngandhap menika.

*Wis ora kurang-kurang anggone ngupaya Lintang. Kabehe kulawargane Lintang wiwit omahe wong tuwane kang ateges mara tuwane Gino, ngantin tekan sedulur-sedulure Lintang, tunggal embah, tunggal buyut, canggah, kabehe ditekani. Ora ana kang ngerti ngenani wanita kinasih iku. Semono uga kanca-kancane Lintang kang ditepungi dening Gino, wangslane sami mawon. Ora ngerti! Gino nganti judheg. (144)*

Sinaosa garwanipun dereng kepanggih, Gino boten nyerah, ngantos ing satunggaling dinten piyambakipun sampun manggihi saha mangretosi kawontenan garwanipun ingkang sampun sukses. Gino ngupaya pados rekadaya supados garwanipun purun wangslane dados sisihan Gino malih. Babagan menika saged dipuntingali ing data-data ngandhap menika.

*Tekan ngomah, Gino langsung mlebu kamar sing disedhiyaake dening Sinung. Awake dibanting ana kasur. Mripate kelam-kelom nyawang pyan. Angen-angene moyer seser. Golek rekadaya kepriye amrih bojo lan anake iku gelem bali marang dheweke.*

*“Penake anake kuwi ciliken wae. Mengko ibune rak luluh,” cumengkling swarane Sinung kang nyaranake supaya dheweke nyulik anake lanang sing ora diweruhi spa jenenge. (173)*

*Aku kudu mungkasi kabehe iki. Aku kudu bisa mbalekake kowe ing kahananmu sakawit. Kaya nalika mendhung durung mayungi rumah tangga kita, lan prau sing kita welahi kanggo lelayaran tumuju pantai, durung oleng. (176)*

Kangge njajagi manahipun Lintang supados purun wangslane dhumateng Gino, Gino nindakaken rekadaya kanthi cara nyulik Lanang. Gino dipunbiyantu dening Sinung kancanipun, saha Mbok Yem pembantunipun Lintang, pramila kasil nyulik Lanang larenipun. Ancasipun Gino menika inggih namung kangge njajagi manah Lintang, awrat pundi antawisipun bandha kaliyan larenipun, amargi Gino kepengin Lintang saged wangslane gesang malih kaliyan Gino. Babagan menika saged dipuntingali ing data-data ngandhap menika.

*“Apuranen aku Lintang. Aku kang nyulik Lanang lan ngatur kabeh iki. Tebusan iki mung kanggo samudana, kanggo njajagi atimu, abot endi kowe antarane bandha karo anak.” Aloke Gino karo ngudhunake Lanang saka gegere.* (187)

Saking data-data ing nginggil katingal upayanipun Gino cekap ageng kangge mangsulaken kawontenan gesang bebrayan kaliyan Lintang garwanipun. Amanat ingkang saged dipunpendhet saking andharan menika inggih tumrap tiyang bebrayan ingkang nembe ngadhepi prakawis, kedah wonten satunggaling *pihak* ingkang purun ngalah saha ngakeni kalepatanipun. Anggenipun ngupaya ugi tanpa *putus asa* supados saged mungkasi prakawisipun, lajeng saged mangsulaken kawontenan gesang bebrayan ing kaanan langkung sae.

#### 4) Katresnan tiyang sepuh

Katresnan menika kadhapuk saking tembung lingga tresna, ingkang pikantuk wuwuhan ka- saha panambang –an. Tembung tresna, wonten ing kamus Baoesastra Djawa tegesipun mulunging ati marang liyan (tanpa hawa nepsu) (Poerwadarminta, 1939: 620). Saben manungsa dipunparingi Gusti mawi raos tresna. Kados dene tiyang sepuh, tamtunipun nggadhahi raos katresnan tumrap lare-larenipun.

Katresnan tiyang sepuh wonten ing novel menika dipuntehaken lumantar paraga Bu Padma. Bu Padma inggih menika garwa nomer kalih saking Pak Padma. Garwa Pak Padma ingkang rumiyin seda, nilar lare tiga ingkang taksih alit-alit. Pramila, Bu Padma ingkang lajeng momong lare-lare menika kanthi raos tresna kadya dene ibunipun piyambak. Bu Padma boten nate mbedakkaken katresnan dhumateng lare-larenipun kalebet ugi kaliyan Lintang. Pramila sedaya larenipun boten wonten ingkang nganggep ibu sambung

dhumateng Bu Padma. Babagan menika saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*Anak-anake Pak Padma saka ibu sing ndhisik sing isih cilik-cilik iku direngkuh kadi dene anake dhewe. Dadi bocah-bocah kuwi ora ana kang nganggep Ibu sambung marang dhweke. Marang Lintang sing kapernah dulur tunggal bapa seje biyung iku, sesambungan uga apik. Ngungkul-nungkuli tunggal sawadhah. Guyup rukun nganti tumekaning dhewasa padha omah-omah. (147)*

Data nginggil nedahaken katresnanipun Bu Padma dhumateng sedaya larenipun. Sedaya dipunrengkuh kados larenipun Bu Padma piyambak. Kejawi menika, katresnanipun Bu Padma minangka tiyang sepuh ugi dipunte dahaken dhumateng Lintang, larenipun kandhung. Nalika Lintang ngandhut, Bu Padma kanthi gemati ngrimat Lintang. Menapa malih saben Lintang sakit utawi lutak-lutak, kanthi sikep siyanipun Bu Padma njagi saha ngrimat larenipun menika. Babagan menika saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*Bu Padma gragapan krungu swarane Lintang lutak-lutak. Lamunane sakala ambyar. Dheweke enggal mencolot, ngranggeh pispot ing ngisor ranjang. Didokok ing ngisor sikile Lintang. Sawise iku, gulune anake wadon kuwi banjur dipijeti. (148)*

Saking sikepipun Bu Padma dhumateng lare-larenipun menika saged dipunpendhet amanat bilih katresnan tiyang sepuh menika boten nate winates. Sinaosa dados ibu sambung, katresnan menika kedah tetep dipunparingaken sami dhumateng lare kandhung utawi lare sambung. Kanthi menika, lare-lare ugi bakal tresna saha kurmat dhumateng tiyang sepuhipun, pramila sesambutan ngantos lare-lare ageng saged sae saha tetep *harmonis*.

5) Sedheng tumindak ingkang boten sae menapa mawon sebabipun

Tumraping tiyang ingkang sampun bebrayan utawi palakrama, tumindak sedheng menika tumindak ingkang boten sae. Menapa malih bilih jalaran utawi sebab anggenipun laku ngiwa menika amargi raos bosen. Tumindak boten sae kanthi sedheng menika dipuntedahaken lumantar paraga Gino. Miturut Lintang, tumindakipun Gino kanthi nyeleweng menika tumindak culika ingkang boten saged dipunapura. Ananging Bu Padma ibunipun, malah gadhah pamanggih sanes, inggih menika nganggep wajar bilih tiyang kakung kala-kala saged laku ngiwa amargi satunggaling kawontenan. Babagan menika saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*“Wis, Wuk. Ora perlu ditangisi. Wong lanang pancen angel dipahami. Paribasan neng ngomah wis dipakani wareg, neng dalan nemu gereh ya isih gelem mangan. Mula sing sabar Wuk.”* (149)

*“Tur maneh, Ibu yakin yen bojomu olehe tumindak mangkono mung merga khilap. Jajal ta pikiren nganggo ati kang wening, dheweke lagi adoh ing paran, luwih saka rong minggu ora ketunggon bojo. Mesthine dheweke rumangsa kesepen. Bab iki mesthine kowe ya isa mahami, Wuk. Aja mung nyalahake wae,”* ngendikane Bu Padma akeh. (150)

Saking kalih data ing nginggil menika katingal tumindak sedheng ingkang sampun dipuntindakaken Gino malah dipunmaklumi dening Bu Padma. Bu Padma kados mbela tumindak boten sae menika. Gino piyambak ingkang kadhung nglampahi tumindak sedheng, ugi malah mbela dhirinipun. Babagan menika saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*Dipikir-pikir, Lintang kuwi egois. Wong kesalahan ngono wae digedhek-gedhekake. Wajar kan yen wong lanang kala-kala iya kepengin ngicipi menu kang beda. Ora mung bistik terus-terusan. Wong ki kadhang rak ya kepengin ngrasakake sate barang kok, Lintang wis mutung.* (156)

Saking data-data nginggil saged dipunpendhet amanat bilih sedheng utawi laku ngiwa menika tumindak ingkang boten sae, menapa mawon sebabipun. Tumraping tiyang ingkang sampun palakrama, raos bosen menika tamtu wonten, ananging boten ateges lajeng tumindak sedheng kaliyan tiyang sanes. Nyeleweng menika sanes *solusi* kangge prakawis menika. Sedaya prakawis saged dipunrembag saha dipunpadosi *jalan keluar*-ipun sesarengan. Bilih namung badhe mburu hawa nepsu lajeng selingkuh amargi raos bosen, menika tamtu tumindak ingkang nglanggar paugeran saha ukum ing palakrama, saengga tumindak menika dipunpenging sanget.

#### 6) Wonten ing gesang bebrayan dipunbetahaken sikep jujur

Jujur wonten ing kamus Baoesastra Djawa tegesipun lenceng, pener, lurus, ngenggoni sabenere, ora nakal tumrap wewatakan (Poerwadarminta, 1939: 95). Saben tiyang kedah nggadhahi sikep saha watak jujur, ateges boten nutupi babagan ingkang nyata. Kados dene ing gesang bebrayan, sikep jujur menika ugi dados babagan ingkang utama.

Sikep jujur wonten ing novel menika dipuntehaken lumantar paraga Bu Padma. Nalika Lintang purik ing dalem Bu Padma, Lintang nyuwun dhumateng Bu Padma supados boten ngendika jujur dhumateng Gino bilih Lintang purik ing dalemipun. Bu Padma lajeng ndhawuhi larenipun, Tutik, supados boten ngendika dhumateng sinten kemawon ngengingi purikipun Lintang, amargi Bu Padma sampun kadhung boten jujur kaliyan Gino. Babagan menika saged dipuntingali ing data-data ngandhap menika.

*“Ning kowe rasah kandha marang sapa-sapa lho, yen Lintang ana kene. Soale aku wis kadhung ngapusi Gino yen Lintang ora ana ing omah kene,”*

*“Lho, ibu ki kok aneh. Kenging menapa kedah dora kaliyan Dhik Gino?” pitakone Tutik ora mudheng. (152)*

Sinaosa ing wiwitanipun Bu Padma dora kaliyan Gino mantunipun ngenggingi kawontenanipun Lintang, ananging ing pungkasanipun Bu Padma lajeng jujur ngendikakaken kasunyatanipun amargi boten kuwawa bilih badhe dora teras-terasan kaliyan mantunipun. Babagan menika saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*“Oh, sokur ta Nak Gino yen slirane durung nganti lapor. Sebab . . . sebab . . . temene Lintang ana daleme Ibu,” ujare Bu Padma kanthi pedhot-pedhot. Dheweke ora mentala arep dora terus-terusan marang mantune iku. Merga sajake Gino ngarep-ngarep tenan baline Lintang. (154)*

*“Sing gedhe pangapuramu, Nak. Ibu nindakake kabeh mau merga mung nampa laporan sepihan saka Lintang. Nanging bareng weruh kanyatan kang satemene, ah . . . rasane Ibu ora percaya yen sliramu wis tumindak kaya kang dikandhakake anakku, Lintang. Mula Ibu banjur terus terang marang sliramu,” ujare Bu Padma lirih. (155)*

Saking data-data nginggil saged dipunpendhet amanat bilih tumrap gesang bebrayan, sikep jujur menika dipunbetahaken. Kados dene nalika Lintang kaliyan Gino nembe congkrah, Bu Padma minangka tiyang sepuh kedah saged mendhet sikep kangege kesaenan sesambutan lare saha mantunipun menika. Boten kenging lajeng ngendha saking prakawis kanthi dora, amargi dora menika boten saged mungkasi prakawis, ananging malah nambah prakawis. Langkung sae bilih ngendika ingkang jujur saha ngrembag prakawis ingkang wonten kanthi alus.

#### 7) Purik dereng tamtu saged mungkasi prakawis bebrayan

Tembung purik wonten ing kamus Baoesastra Djawa tegesipun kesah saking papan garwanipun (utawi tiyang sepuhipun) amargi pasulayan

(Poerwadarminta, 1939: 504). Tiyang ingkang nembe ngadhepi prakawis, kados tumrap tiyang bebrayan asring mendhet cara purik kangege medal saking prakawis menika. Ananging sejatosipun, cara purik menika dereng saged mungkasi prakawis ingkang dipunadhepi. Mbokmanawi purik menika namung saged kangege ngendhani prakawis ingkang dipunadhepi.

Amanat ngengingi purik ingkang dereng tamtu saged mungkasi prakawis bebrayan dipuntehaken lumantar paraga Lintang. Cara sapisan ingkang dipunlampahi Lintang nalika ngadhepi prakawis garwanipun tindak sedheng menika purik ing dalemipun Bu Padma, ibunipun. Gino kaliyan Simbok pembantunipun boten mangretos wonten pundi anggenipun Lintang purik. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Simbok bisane mung ngelus dhadha saben-saben momongane kawit cilik iku tansah dhelog-dhelog kaya wong ngengkleng. Setengahe dheweke uga nyalahake Lintang. Wong ming perkara sepele ngono wae kok tega-tegane ninggalake bojo. Tanpa pamit pisan. Mesthine ana perkara ki raka dirembug. Ora langsung ditinggal purik kaya iku. Ee . . . yen purik isih karuuan sing dijujug. Nanging yen Nak Lintang ki ora, kok. Lunga ora karuuan juntrunge nganti gawe bingunge sing ditinggal.* (153)

Kesahipun Lintang menika dereng saged mungkasi prakawis. Amargi sasampunipun Lintang purik, malah damel sesambutan kaliyan garwanipun langkung bengkrik. Lintang boten purun wangslul, saha Gino ugi boten purun methuk. Kekalihipun sami congkrah lajeng paben. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Aku neng Bali lagi ana kepentingan, Lintang. Golek obyek kanggo lukisanku. Mungkin seminggu maneh aku lagi mulih. Dakajab sliramu wis bali.”*

*“Ora!” Wangsulane Lintang karo nahana emosi.*

*“Ora? Njaluk dipethuk? Ah, kowe purik aku rak ya ra akon ta? Mula kowe ya kudu mulih dhewe. Soal barang neng koper ika, aku pancen salah. Aku*

*njaluk maaf. Ning terus terang aku ora bisa yen kudu kongkon methuk kowe.* (158)

Amargi nggadhahi watak ingkang keras kepala, Lintang tetep nglajengaken keputusanipun kangge purik saha nilar Gino garwanipun. Padahal Lintang nembe ngandhut, tegesipun piyambakipun bakal ngandhut lajeng ngrimat lare piyambakan. Tuwuh raos getun ing manahipun Lintang nalika kedah ngadhepi prakawis-prakawis piyambakan. Lintang rumaos getun amargi sampun purik nilar Gino, saha boten wonten ingkang saged mbiyantu Lintang ngadhepi prakawis ing gesangipun. Babagan menika katingal ing data-data ngandhap menika.

*“Lho, geneya kowe dadi cengeng? Dalan iki rak ya pilihan-pilihanmu dhewe, ta? Mesthine sadurunge mlangkah adoh kudu mikirake akibat-akibate. Ibu mbiyen wis menehi wawasan. Nanging kowe tetep ngotot, emoh bali marang bojomu. Geneya saiki bareng kabeh wis kebacut kowe ndadak getun?” pamelehe Bu Padma.* (166)

*Yen wis ngono iku, dheweke banjur kelinan marang bojone sing ditinggalake. Kelingan marang kelembutane, marang kekonyolane, pokoke dheweke mung kelinan marang bab-bab kang apik-apik thok. Atine sansaya kaya direrujit. Ah, upama isih ana Gino ing sisih, dheweke bisa ngadhepi kahanan iki bebarengan. Ora mung ijen kaya iki. Pengin dheweke nggoleki Gino. Nglaporake bab nasibe anake.* (186)

Saking kadadosan ingkang dipunalami Lintang menika saged dipunpendhet amanat bilih cara purik menika dereng tamtu saged mungkasi prakawis bebrayan. Bilih wonten prakawis, langkung sae bilih dipunrembag rumiyin sesareangan. Boten malah purik lajeng ngendha saking prakawis. Amargi purik menika ugi malah saged ngedalaken prakawis-prakawis enggal, kados ingkang dipunalami dening paraga Lintang. Pramila saderengipun nglampahi

satunggaling tumindak, kita kedah menggalih saestu, supados boten malah raos getun ingkang dipunpanggihi ing tembenipun.

8) Njagi tumindak saha ngurmati asma tiyang sepuh

Amanat ngengingi njagi tumindak saha ngurmati asma tiyang sepuh dipuntehaken dening lare-larenipun Padma. Amanat kasebat saged dipuntingali ing data-data ngandhap menika.

*“Sampun ta, Bu. Ibu ora usah pakewuh manggon ing omah iki. Aku sasedulur ora ana kang bakal nggugat ngenani omah tinggale Bapak iki.”ujare Langit. (159)*

*“Ah, Ibu ki sampun kagungan pikiran ingkang makaten. Ibu nggulawenthah kula rak kawit taksih alit. Ibu sampun kula anggep sanes tiyang sanes malih, senaosa Bapak sampun boten wonten,” aloke Tutik. (160)*

Sikep kurmat dipuntehaken dening Langit saha Tutik, lare saking garwanipun Pak Padma ingkang rumiyin. Sinaosa kekalihipun sanes lare kandhungipun Bu Padma, ananging kekalihipun tetep njagi tumindakipun supados boten damel cuwa ing manahipun Bu Padma. Langit kaliyan Tutik kanthi ikhlas masrahaken dalem tilaranipun Pak Padma kagem Bu Padma, supados dipunlenggahi saha boten badhe dipungugat. Sinaosa Pak Padma sampun tilar, ananging sesambutan kaliyan Bu Padma minangka ibu sambung tetep sae kangge njagi asmanipun swargi Pak Padma.

9) Tulung tinulung tanpa pamrih

Wonten ing gesang menika, tiyang kedah sami tulung-tinulung dhumateng tiyang sanes ingkang nembe kasisahan. Tamtunipun anggenipun tulung tinulung menika kanthi raos ikhlas saha tanpa pamrih. Sikep kersa paring pitulungan tanpa

pamrih dipunte dahaken dening paraga Mbok Yem. Mbok Yem menika sampun dangu ndherek kulawarganipun Lintang. Sinaosa pembantu, Mbok Yem malah kathah paring pambiyantu dhumateng kulawarganipun Lintang. Kados nalika Lintang nembe kacingkrangan sabibar nilar dalemipun, Mbok Yem paring pambiyantu kanthi ngampilaken emas ingkang dipungadhahi kangge modal usahanipun Lintang. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Lha angkahku, Ibu arep ngedol salah siji barang tinggale swargi bapakmu. Yen mung limang yuta wae regane rak kliwat. Nanging mbok Yem menggak, jare eman-eman. Wong barang tinggalan, kok. Dheweke banjur nawakake emase, kena dinggo dhisik.”* (161)

Kejawi Mbok Yem, wonten ugi satunggal amanat ingkang saged dipunpendhet, inggih lumantar paraga Langit, kangmasipun Lintang. Langit kersa paring pambiyantu dhumateng usaha perkebunanipun Lintang, inggih kanthi maringaken mobil box jangkep kaliyan sopiripun dhumateng Lintang. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Aku trim banget, lho, Mas?”* ujare Lintang sepisan maneh nelakake rasa panuwune.

*Langit mesem. Banjur kandhane marang sopir mobil box sing uga melu ngetutake, “Sing krasan ana kene, Man. Bosmu saiki ganti.”* (170)

Saking saperangan andharan nginggil saged kapethik amanat bilih tulung-tinulung ingkang sae menika tanpa pamrih. Kados dene ingkang dipuntindakaken Mbok Yem saha Langit, ingkang sampun mbiyantu Lintang kanthi ikhlas tanpa nyuwun walesan menapa-menapa. Mbok Yem nglilakaken emasipun dipunampilaken kangge modal, wondene Langit nglilakaken mobilipun dipunagem Lintang. Niyatipun boten sanes namung kangge mbiyantu, amargi

kodrat tiyang gesang menika kedah sami tulung-tinulung dhumateng tiyang sanes ingkang nembe kasisahan.

#### 10) Kasetyaning tresna

Amanat ngengingi kasetyaning tresna dipuntedahaken lumantar paraga Lintang saha Mbok Yem. Paraga Lintang dipungambaraken tetep njagi kasetyanipun sinaosa Gino garwanipun sampun tindak sedheng kaliyan wanita sanes. Lintang sejatosipun kuciwa dhumateng garwanipun amargi boten saged njagi kasetyan tresnanipun Lintang, ananging Lintang boten saged bilih badhe males tumindak garwanipun kanthi sedheng ugi. Lintang tetep njagi kasetyanipun, sinaosa piyambakipun rangu menapa taksih pantes garwanipun dipunsetyani. .

Babagan kasebut saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*“Lha nanging sapa sing ora serik, wong lagi mbobot ditinggal slewengan karo wadon liya. Sapa sing bisa nampa yen wong lanang kang sasuwene iki tansah dibekteni tega tumindak culika kanthi nyolok mata.” Luhe Lintang bali tumetes kelingan marang celdam kang ditemokakae ing njero kopere bojone. Ora ana kang luwih lara saliyane dikhianati dening wong kang paling ditresnani. (146)*

*Ah, katresnan pancen endah sauger ora dikhianati. Upama Gino Girindu ora ngianati kesetiaane, Lintang uga bakal tetep setya kapan wae, senajan upamane Gino ndhisiki murut ing kasidan jati. Dheweke lila urip ijen nganti selawas-lawase, merga nuhoni kasetyan mau. Nanging saiki critane wis seja. Wong lanang kang ditresnani, kang dipasrahi jiwa raga wis ngianati dheweke. Apa iya dheweke klakon tetep ngugemi kasetyane marang wong lanang sing kaya iku? (163)*

Sejatosipun, bilih Gino saged njagi kasetyanipun dhumateng Lintang, Lintang bakal tetep setya sinaosa Gino seda rumiyin. Lintang kepengin saged njagi kasetyan kados dene Mbok Yem. Mbok Yem tansah setya dhumateng sisihanipun, sinaosa sampun nilar langkung rumiyin. Mbok Yem puguh boten badhe krama malih amargi janji prasetya dhumateng sisihanipun bilih boten badhe

mbangun bale semah malih ing sisa gesangipun. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Lintang meneng. Mbok Yem pancen wis lola. Bojo ora duwe, mati nalika jaman agresi. Anak uga durung sempat duwe. Siji-sijine keluargane ya mung ponakane iki. Jane wektu kuwi mbok Yem isih enom. Isih akeh sing gelem saupama kepengin rabi maneh. Wong najan pembantu, rupane Mbok Yem ya rada melek, kok. Nanging Mbok Yem puguh ora gelem. Sebab dheweke wis janji prasetya karo bojone sing mati, ora niyat omah-omah maneh ing sisa uripe. (162)*

Sikep ingkang dipungadhahi Lintang saha Mbok Yem menika nedahaken bilih kasetyaning tresna menika saged kasil, bilih anggenipun nglampahi gesang bebrayan tansah nampi kekirangan saha kaluwihanipun. Tumrap Lintang saha Mbok Yem, kabagyan mbina bale semah menika sampun cekap nalika dipunlampahi kaliyan sisihanipun kanthi kasetyan. Pramila nalika sisihanipun Mbok Yem kedah nilar piyambakipun rumiyin, Mbok Yem sampun rumaos cekap boten badhe gadhah sisihan malih amargi saking setyanipun raos tresna saha badhe netepi janji prasetya dhumateng sisihanipun.

#### 11) Tansah konjuk sokur dhumateng Gusti

Tembung sokur wonten ing kamus Baoesastra Djawa tegesipun matur nuwun (Poerwadarminta, 1939: 578). Wonten ing gesang menika, kathah *berkah* saha kabagyan ingkang tansah dipunparingaken dening Gusti. *Berkah* ingkang alit menapa ageng, ingkang katon menapa boten, saha ingkang rinasa menapa dene boten rinasa, kedah kita sokuri amargi menika peparingan saking Gusti. Amanat ngengingi tansah konjuk sokur dhumateng Gusti dipuntehaken lumantar paraga Lintang, kados ing data ngandhap menika.

*Langit ing wetan iku, katon endah banget. Puji sukur marang Gusti Allah kang wis nyiptaake kabeh kuwi, tanpa rinasa lambene Lintang ndremimil nyebut asmaNe.* (164)

Saking andharan menika katingal Lintang ingkang atur panuwun dhumateng Gusti amargi sampun nyiptakaken langit kang endah ing wayah enjang. Minangka titahing Gusti, langit kang endah menika ugi *berkah* saking Gusti, pramila kita kedah nggadhahi raos sokur, tumrap sedaya ciptaan Gusti.

#### 12) Nggadhahi sikep pasrah saha sabar nalika nampi pacoban

Tembung pasrah menika wonten ing kamus Baoesastra Djawa tegesipun menehake apa-apa marang, pasrah saged ateges pasrah ngalah inggih menika pasrah ing Allah (sumarah marang takdir) (Poerwadarminta, 1939: 475). Dene sabar wonten ing kamus Baoesastra Djawa tegesipun sareh anggone nandhang, ngarep-arep, ora cepak nepsune (Poerwadarminta, 1939: 536).

Saben manungsa tamtunipun sampun nate ngalami pacoban ing gesangipun. Dipunbetahaken sikep sabar saha pasrah nalika nampi pacoban, supados saged rumaos langkung entheng kangge nglampahi gesang menika. Sikep pasrah saha sabar nalika nampi pacoban menika dipuntehaken lumantar paraga Lintang, kados ing data ngandhap menika.

*“Hem . . .” Lintang ambegan dawa. Tangane banjur ngelus-elus wetenge sing saya bunder iku. Bareng dirasak-rasakke, ngendikane ibune kuwi ana benere. Dheweke kudu mikirake calon bocah sing ana njero wetenge kuwi. Dokter wis nyaranake, ora oleh mikir sing abot-abot dhisik. Ora oleh kekeselen.* (165)

Data nginggil nedahaken sikep sabaripun Lintang nalika piyambakipun dereng saged mekaraken usahanipun. Lintang sareh anggenipun nandang kawontenan menika. Pangajeng-ajengipun Lintang kangge enggal-enggal ngelola

usaha kedah dipunpupus rumiyin. Lintang boten badhe mburu nepsunipun amargi Lintang kedah nggatosaken lare ing kandhutan. Sikep pasrahipun Lintang ugi dipuntehaken nalika piyambakipun ngadhepi pacoban perkebunan dipunrampas. Babagan menika saged katingal ing data ngandhap menika.

*Dheweke wis sadhar sawise dituturi ibune werna-werna. Mula kabeh pacoban ya ditampa kanthi ikhlas. Urip iki wis ana kang ngatur. Manungsa ming kari nglakoni.* (184)

Saking data nginggil katingal bilih Lintang saged nampi pacoban kanthi legawa saha ikhlas. Lintang pasrah dhumateng Gusti amargi Lintang pitados bilih gesangipun menika sampun dipunatur dening Gusti. Lintang minangka titah namung saged nglampahi saha nampi takdiripun.

### 13) Manungsa boten kenging srakah

Manungsa ing lampahing gesang menika boten kenging nggadhahi sikep utawi watak srakah, amargi tumindak menika boten prayogi saha saged damel rugi dhumateng dhirinipun piyambak. Tembung srakah wonten ing kamus Baoesastra Djawa tegesipun kumudu-kudu oleh akeh, murka (Poerwadarminta, 1939: 581).

Sikep boten prayogi kanthi srakah dipundetahken lumantar paraga Lintang. Paraga Lintang badhe mekaraken usahanipun, ananging kanthi cara peksa kengken tiyang nyade sitinipun. Lintang namung nengenaken kekajengan kangge pikantuk asil kathah, pramila badhe *menghalalkan* sedaya cara. Usahanipun Lintang kanthi cara peksan menika boten dipunsarujuki dening Bu Padma. Bu Padma paring wejangan supados Lintang boten srakah. Babagan menika saged katingal ing data-data ngandhap menika.

*“Kowe aja srakah, Lintang. Ora apik mbujuk-mbjuk wong kongkon adol omah. Aja dupeh kowe duwe dhuwit. Ibu ora setuju yen kang ngono caramu.”* (171)

*“Ibu ora seneng yen caramu ngono kuwi. Ambisi kena-kena wae. Merga wong tanpa ambisi ya ora bisa maju. Nanging aja kebangeten. Yen kebangeten kuwi jenenge ambisius. Sikap ambisius bisa nyurung wong tumindak srakah. Dheweke bakal menghalalkan segala cara kanggo ngleksanaake maksude.”* (172)

Srakahipun Lintang dipunmangretosi dening Gino. Gino mireng kabar bilih anggenipun Lintang mundhut siti pertanian kanthi cara peksan. Sejatosipun Gino boten pitados bilih Lintang saged tumindak ngantos makaten. Amargi Gino sampun tepang kaliyan watak wantunipun Lintang. Ananging Gino ugi nginten, bilih prakawis ingkang dipunadhepi Lintang kaliyan Gino saged ndadosaken sikepipun Lintang dados boten sae . Babagan menika saged katingal ing data-data ngandhap menika.

*Hem . . . yen manut keterangan sing sempat dikumpulake mau bengi, saka wong-wong sing bisa dipercaya, kesugihane Lintang kuwi wis tumpuk undhung. Sebab usaha kang ditangani pancen macem-macem. Nanging ana siji bab sing Gino rada ora pati percaya karo keteranganane wong-wong kuwi. Jare Lintang olehe tuku lemah pertanian kantgi cara peksan* (174)

*Apa mungkin kabeh kang ditindakake Lintang iku mung minangka konpensasi? Pelarian saka rasa kuciwane marang dheweke? Gino nate maca sawijining literatir, wong ing kahanan kuciwa abot, bisa tumindak nekat. Tumindak kang lelawanan karo hati nuranine. Dheweke ora pedhuli apa wae. Sing dipikir mung ambisine bisa ketekan. Kekarepane keturutan. Kuwi kanggo ngimbangi atine sing gothang mau.Kanggo ngimbangi kekurangan. (175)*

Sikep srakahipun Lintang taksih katingal nalika piyambakipun ngadhepi prakawis bilih perkebunanipun dipunrampas. Lintang kedah nyade lahan perkebunan saha pertanianipun kaliyan tiyang sanes. Bilih boten purun, Lintang saha kulawarginupun dipunancem kawilujenganipun. Ing wiwitanipun Lintang

kekeh tetep ngeboti bandhanipun. Bu Padma minangka ibu rumaos kuwatos kaliyan kawilujengan kulawarganipun. Bu Padma lajeng maringi wejangan dhumateng Lintang. Babagan menika saged katingal ing data-data ngandhap menika.

*“Wis ta, Wuk. Bandha kena digoleki. Bareng nyawa? Karo meneh wong ya dituku kanthi rega kang murwat.”* (177)

*“Wis ta, Lintang. Mosok kowe ki bandha karo nyawa kok abot bandha. Kanthi dhuwit ganti rugi mau, kita bisa urip mewah neng kutha. Masa depan isih tetep terjamin tanpa kowe kudu kangelan nyambutgawe,”* pandhesuge ibune. (180)

Bu Padma terus maringi Lintang wejangan supados Lintang boten namung mburu kekajenganipun piyambak. Bu Padma lajeng ngendika supados Lintang menggalihaken Lanang larenipun, amargi Lintang boten emut bilih Lanang ugi kedah dipungatosaken *masa depan-ipun*.

*“Kowe aja mung mburu senengmu dhewe. Nanging uga pikirna anakmu. Lanang butuh sekolah.”* (181)

Data-data nginggil nedahaken amanat bilih cara ingkang dipunlampahi Lintang menika kalebet serakah, cara ingkang boten sae. Upaya kanthi menghalalkan sedaya cara, menika ateges namung kangge mburu kekajengan saha *ambisi* piyambakipun. Menapa malih kangge prakawis larenipun, minangka ibu kedahipun saged milah-milah pundi ingkang langkung utama tumrap masa depan larenipun, boten namung mburu kekajenganipun piyambak. Gadhah kekajengan ageng menika sae, ananging bilih anggenipun nggayuh kanthi cara ingkang boten sae, menika namung badhe damel rugi kita piyambak saha tiyang sanes. Pramila saderengipun mendhet lampah, kita kedah ngatos-atos saha menggalih sangat supados boten damel rugi dhumateng tiyang sanes.

14) Tiyang ingkang tumindak boten sae bakal nampi piwales

Saben tiyang kedah ngatos-atos anggenipun tumindak. Bilih tiyang nggadhahi tumindak ingkang boten sae, menika saged damel cilaka dhumateng dhirinipun utawi malah dhumateng tiyang sanes. Ing tembenipun, tiyang menika bakal pikantuk piwales, bakal ngundhuh asil tumindakipun piyamak.

Babagan menika dipuntedahaken lumantar paraga Lintang. Lintang nggadhahi sikep srakah, *menghalalkan* sedaya cara kanthi tumindak ingkang kirang prayogi inggih menika mundhut siti kanthi cara peksan. Tumindakipun Lintang menika boten sae. Pranyata ing pungkasanipun Lintang nampi piwales. Sedaya lahan perkebunan ingkang dipungadhahi badhe dipunrampas dening tiyang. Kejawi menika, Lintang ugi dipunancem warni-warni. Babagan menika saged katingal ing data-data ngandhap menika.

*Ora ana udan, ora ana angin, sawijining wengi dheweke ditekani wong papat, ngaku yen saka perangkat desa lan oknum polisi. Intine Lintang diancam kudu nyerahake ;ahan pertaniane kuwi. Ora nyerahake cul ngono ora. Nanging mesthi wae iya dituku kanthi rega kang wajar. Temene Lintang owel. Sebab lemah kuwi mujudake tambang emas kaggone. Nanging bareng di ancem bola-bali, yen ora gelem ladhang kuwi bakal diobong, dheweke sakaluwarga uga bakal disampurnakne pisan, Lintang dadi kedher. (178)*

*“Gak. Aku gak percaya. Paling-paling kuwi mung kanggo samudana wae. Aku yakin. Wong sing arep ngrampas lemah mesthi wong kang iri ndulu usahaku,” wangslane Lintang. (179)*

Saking kadadosan nalika perkebunanipun badhe dipunrampas, Lintang nembe sadhar bilih kadadosan ingkang nampi piyambakipun menika wujud ukum karma utawi piwales dhumateng piyambakipun. Lintang nembe sadhar, bilih rumiyin Lintang anggenipun pikantuk lahan menika kanthi tumindak ingkang

boten sae, inggih menika cara peksa. Babagan menika saged katingal ing data ngandhap menika.

*“Ah mangka aku kena hukum karma. Sebab lemah iki mbiyene olehku tuku uga kanthi cara peksan,” pupuse Lintang pungkasane. Sebab dheweke emoh mumet-mumet mikiri soal iku maneh. (183)*

Saking kadadosan ingkang dipunalamai paraga Lintang menika saged dipunpendhet amanat bilih kita kirang ngatos-atos anggenipun tumindak, lajeng nglampahi tumindak ingkang boten sae langkung-langkung ngantos nyilakani tiyang sanes, ing tembenipun kita bakal nampi piwales. Mbokmanawi piwalesipun malah langkung ageng tinimbang tumindak ingkang kita tindakaken. Pramila kita kedah saged njagi tumindak-tumindak kita, saha ngendhani tumindak ingkang boten sae, supados gesang kita saged kalis nir ing sambekala.

#### 15) Kathah bandha dereng tamtu njamin kabagyan

Tumraping tiyang gesang, bandha menika dipunbetahaken kange nglampahi gesang. Ananging sampun ngantos bandha menika ndadosaken kita kesupen bilih gesang ugi mbetahaken katresnan. Kathahipun bandha dereng tamtu njamin kabagyan tanpa wontenipun katresnan.

Babagan menika dipuntehaken lumantar paraga Lintang, ingkang ngraosaken kabagyan kang semu. Lintang namung mburu kekajengan kange ngempalaken kathah bandha, ngantos nglirwaaken tugasipun minangka ibu. Lintang kesupen bilih larenipun ugi mbetahaken sih katresnan. Babagan menika saged katingal ing data ngandhap menika.

*Lintang meneng bareng dipojokake masalah anak. Hem . . . yen dipikir sasuwene iki pancen mung mentingake butuhe dhewe. Tanpa maelu marang Lanang sing uga mbutuhake sih katresnane. Mbutuhake*

*bimbangane. Lintang wis nglirwaake tugas suci minangka ibu, merga terlalu sibuk karo urusane.* (182)

Data nginggil nedahaken bilih Lintang sadhar amargi sadangu menika namung mburu betahipun piyambak. Lintang namung menggalih kadospundi piyambakipun saged pikantuk asil ingkang kathah, saengga kesupen bilih ingkang dipunbetahaken larenipun menika estunipun bimbingan saha katresnanipun Lintang. Pramila nalika larenipun ical dipunculik, Lintang nembe getun saha sadhar, bilih kathahipun bandha tanpa katresnan menika kraos sepa, pait, saha boten saged njamin kabagan. Babagan menika saged katingal ing data-data ngandhap menika.

*Lintang lagi nyadhari, yen kabagan kang dirasaake sasuwene iki mung semu. Atine suwung-wung. Dheweke ngrasakake sepi kang banget ngrerujit ati. Urip tanpa katresnan, tanpa pangarep-arep, jebulane sepa lan pait. Ah, Lanang . . . Lanang. Ibu ora kabotan kelangan bandha iki kabeh, waton kowe bali, panguwuhe karo nangis keranta-ranta.* (185)

Saking kadadosan ingkang dipunalami Lintang menika saged dipunpethik amanat bilih sakathah-katahipun bandha ingkang dipungadhahi manungsa, dereng tamtu saged njamin kabagan piyambakipun. Amargi kabagan ingkang sejaatos menika inggih namung saking katresnan. Katresnan kita piyambak saha katresnan saking tiyang-tiyang ingkang kita tresnani. Tanpa wontenipun tiyang-tiyang ingkang kita tresnani ing sisih kita, gesang kita dereng tamtu saged bagaya sinaosa kathah bandha ingkang dipungadhahi.

- 16) Kangge mungkasi prakawis ing gesang bebrayan kedah purun ngapura ing ngapuruan

Tumrap gesang bebrayan ingkang nembe ngadhepi satunggaling prakawis, sinten mawon ingkang kagungan klentu, langkung sae bilih satunggal saha

sanesipun sami purun paring ngapura ing ngapuruan, supados prakawis saged enggal purna. Tembung ngapura menika gadhah tembung lingga apura ingkang ing kamus Baoesasrtra Djawa tegesipun nglunasake kaluputan (ora diukum, ora dipidana) (Poerwadarminta, 1939: 18).

Amanat bilih kangge mungkasi prakawis ing gesang bebrayan kedah purun ngapura ing ngapuruan, dipuntehaken dening paraga Lintang kaliyan Gino, ingkang sami purun nglumohi kalepatan saha sami nyuwun pangapura. Lintang saged paring apura saha boten badhe ngukum Gino, sinaosa Gino ingkang sampun nyulik lanang larenipun piyambak minangka samudana njajagi manah Lintang. Babagan menika saged katingal ing data-data ngandhap menika.

*“Hem . . . apuranen aku Lintang. Kabeh mau kepeksa daktindakake merga aku ora kepengin kowe mung diperkuda karo bisnismu kuwi.”* (188)

*“Lintang nyawang wong kuru nyekingkring neng ngarepe kuwi. Atine dadi sumedhot. Dheweke ora tahan. Mula wong lanang kuwi ditubruk wani. “Apuranen aku, Mas?” panguwuhe karo sesengukan.* (189)

Saking andharan menika saged kapethik amanat bilih kangge mungkasi prakawis ing gesang bebrayan menika lampah sapisan ingkang paling gampil dipuntindakaken inggih sami purun paring ngapura ing ngapuruan. Boten wonten manungsa ingkang sampurna, saengga saben manungsa tamtunipun gadhah klentu. Menapa malih tumraping gesang bebrayan, kathah prakawis-prakawis inkang dipunadhepi. Pramila kita kedah purun nglumohi kalepatan bilih kita pancen lepat, saha purun paring ngapura dhumateng tiyang sanes ingkang gadhah lepat kaliyan kita. Kanthi menika prakawis saged enggal purna saha boten langkung ndadra.

**2. Prakawis ingkang Dipunadhepi Paraga Utama, Cara ingkang Dipunlampahi Paraga Utama Kangge Mungkasi Prakawis ingkang Dipunadhepi saha Amanat ing Novel *Kerajut Benang Ireng***

Novel *Kerajut Benang Ireng* nyariyosaken pagesangan ing salah satunggal kulawarga inggih menika ing kaluwarga Bayu. Paraga Bayu minangka lare, dipungambaraken ngadhepi maneka prakawis ing gesang kaliyan kulawarganipun. Kangge mungkasi prakawis kasebat, paraga Bayu mendhet maneka cara. Saking kalih andharan menika ugi saged dipunpendhet amanat ingkang kandhut ing novel *Kerajut Benang Ireng* menika. Ing ngandhap menika badhe dipunrembag *deskripsi-nipun*.

**a. Prakawis Ingkang Dipunadhepi Paraga Utama ing Novel *Kerajut Benang Ireng***

Novel *Kerajut Benang Ireng* anggitan Harwimuka nyariyosaken pagesangan ing satunggaling kulawarga inggih ing kulawarganipun Bayu. Bayu inggih menika lare ingkang dipuntilar seda dening ibunipun nalika taksih alit. Bayu lajeng dipunangkat dados lare pupon dening Pak Rahman saha Bu Tiin kaprenah paklik saha bulikipun. Bayu dipunrimat saha dipunwragati dening Pak Rahman ngantos kuliah. Ngancik kuliah menika, Bayu wiwit ngadhepi maneka prakawis ing kulawarganipun, mliginipun wiwit sikep Bu Tiin malih kaliyan Bayu.

Prakawis-prakawis ingkang dipunadhepi paraga Bayu minangka paraga utama ing novel *Kerajut Benang Ireng* inggih menika (1) tindak sedheng, (2) dipunpeksa ngladosi hawa nepsu keng ibu, (3) mangretos bilih lare kowar, (4)

badhe dipunpejahi dening ibunipun, (5) ngandhut (6) paben kaliyan ibunipun, (7) usaha perkebunan kirang lancar, (8) perkebunan dipunrampas, (9) *penculikan*, saha (10) ibunipun seda. Pirembagan prakawis ingkang dipunadhepi paraga Bayu kados ing ngandhap menika.

### 1) Tindak sedheng

Prakawis sapisan ingkang dipunadhepi Bayu ing kulawarganipun inggih menika prakawis tindak sedheng ingkang dipuntindakaken ibunipun. Pak Rahman saha Bayu wiwit cubriya kaliyan tumindakipun Bu Tiin ingkang wantun nampi tamu kakung. Bukti tegesan ing asbak meja tamu nambah raos yakin bilih ibunipun sampun nyelewng kaliyan kakung sanes, emanipun Sayem pembantunipun taksih nutupi babagan menika. Babagan kasebat saged katingal ing data ngandhap menika.

*Pak Rahman nyawang gumun. Thukul saplethik rasa curiga marang tingkahe sisihane kuwi. Luwih-luwih bareng pitakone Bayu, "Wong lanang, ya?"*

*"Mas Bayu sampun pirsa ngaten!" Sayem melehne.*

*"Kuwi ana titikane. Kae ana tegesan ing asbak meja tamu!" Bayu menehi bukti (36)*

Bayu nyariyosaken raos cubriya ngengingi tindak sedheng ibunipun kaliyan Bu Esti, ingkang gadhah profesi bidan, kaleres ibunipun Aswan kancanipun Bayu. Bayu pancen asring sambat sinambat saha cariyos prakawis-prakawis ingkang nembe dipunadhepi kaliyan Bu Esti. Saking Bu Esti, Bayu kathah pikantuk wejangan bilih tumrap tiyang ingkang sampun palakrama lajeng dangu dereng diparingi momongan, menika saged ndadosaken sebab salah satunggalipun boten marem utawi lajeng selingkuh. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Nanging ya ora ana alane yen slirane kudu ngati-at, amarga antarane ibumu lan bapakmu wong jejodhoan sing nganti saiki durung diparingi momongan. Mesthine ana salah sijine wong tuwamu sing ora puas, kuwi salah sijine alternatif, nanging kuwi isih durung mesthi benere.”* (38)

Bayu menggalih ngendikanipun Bu Esti. Menapa leres ibunipun boten saged nampi Pak Rahman, lajeng tumindak selingkuh. Amargi dipuntingali saking sikepipun Bu Tiin sampun malih saking padatan. Menika ndadosaken raos cubriyanipun Pak Rahman bilih Bu Tiin selingkuh tambah ageng amargi ningali wonten ingkang beda saking sikecipun Bu Tiin. Bu Tiin dados remen tindak dhateng salon. Mesthinipun wonten tiyang sanes ingkang sengaja badhe dipuntarik dening Bu Tiin. Pak Rahman nyariyosaken babagan menika kaliyan Bayu. Babagan kasebat saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*“Aku kok banjur duwe panemu sing beda, mesthine yen ibumu dandan mesthi ana sing sengaja ditarik atine.”* (44)

Bayu dereng saged mangretosi sinten priya sanes ingkang sampun seleweng kaliyan ibunipun. Bayu gadhah maksud badhe pados bukti utawi paling boten saged manggihi priya ingkang sampun tindak sedheng kaliyan ibunipun.

Dereng purna prakawis tindak sedheng ibunipun, wonten prakawis enggal. Fensi pacanganipun Bayu, ugi gadhah gandheng ceneng kaliyan priya sanes. Bayu kedah nampi raos kuciwa nalika piyambakipun badhe ngampiri Fensi pacanganipun, pranyata Fensi sampun langkung rumiyin dipunampiri dening priya sanes inggih menika kanca kuliahipun kanthi tetenger brengos ingkang kandel. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Lajeng kalih sinten wau?”*

*“Kalih kanca kuliah ingkang brengosen kandel ngoten,” Bayu mrabak abang, banjur pamitan.* (43)

Sabibar kecelik nalika sowan ing griyanipun Fensi, Bayu dipuntilar Fensi KKN ing lengkeh Gunung Kidul. Bayu dangu boten nate kepanggih Fensi, saha boten mangretos kabar ngengengi Fensi. Ngantos ing sawijining dinten, nalika nitih sepedha motoripun, Bayu dipuncilakani dening komplotan penjahat, ingkang boten sanes komplotanipun Diro. Sabibar dipuncilakani dening komplotanipun Diro, Bayu dipuntulung Fensi. Bayu nyariyosaken bilih nom-noman brewok ingkang sampun nyilakani piyambakipun menika kanca kuliahipun Fensi ingkang boten sanes ugi priya ingkang sampun seleweng kaliyan Fensi. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Sakala Fensi pucet, guwayane ganti mbleret. Ing poncod atine Fensi krasa grenjelan yen jane Bayu mesthine ngerti yen dheweke ana sesambungan karo kanca kuliahe. (61)*

Ngengengi prakawis pacanganipun ingkang sampun gandheng ceneng kaliyan priya sanes, Bayu dereng pati menggalih. Bayu taksih menggalih prakawis ibunipun ingkang sampun tindak sedheng kaliyan kakung sanes, pramila ndadosaken sikep ibu malih saha dados congkrah kaliyan Pak Rahman.

## 2) Dipunpeksa ngladosi hawa nepsu keng ibu

Wiwit Bayu saha Pak Rahman ngonangi Bu Tiin tindak sedheng, sikepipun Bu Tiin kaliyan Bayu malih dados langkung agresif. Sikepipun Bu Tiin boten kados ing padatanipun. Malihipun sikep ibunipun ing ngajenje Bayu dipunraos sampun kliwat ing wates, amargi ibunipun kados kanthi sengaja badhe narik kawigatosan Bayu kanthi tumindak ingkang kirang prayogi. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Bayu sing mung suwalan cendhak lan kalungan andhuk njola nyawang kamare ibune sing menga. Ibune mung menganggo onderok lan BH lagi paes, lawange ora ditutup. Dheg sar! Getihe Bayu kaya munggah menyang sirah lan getere jantung nitir cepet.* (35)

Bayu boten kepengin menggalih malihipun sikepipun Bu Tiin, amargi Bayu tansah ngurmati ibunipun, sinaosa Bayu namung lare pupon. Ananging sikecipun Bu Tiin langkung ndadra. Sejatosipun Bayu sampun rumaos cubriya dhumateng ibunipun, amargi nembe sapisan menika ibunipun nyuwun dipundherekaken ing penginepan aran Anggar Manik. Miturut katrangan Bu Tiin, piyambakipun badhe kepanggih kancanipun ing penginepan menika. Pranyata Bayu pancen dipunapusi, Bu Tiin sengaja ngajak Bayu mlebet ing kamar penginepan. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Pikirane Bayu goyang sanalika. Apa ibune ana perkara? Bayu sida sumrinthil mlebu penginepan Anggar Manik liwat gang cilik sing kebak nomer kamar. Pas kamar nomer pitulas didhodhok ibune, nanging ora ana wangulan. Lawang dikunci ibune. Bebarengan mengane lawang tangane Bayu disendhal mlebu. Bayu meh tiba ing njero kamar. Jebul kamar kuwi sepi tanpa ana wong-wing. Kunci lawang digegem ibune.* (46)

Pranyata Bayu sampun dipunapusi ibunipun. Bayu dipunpeksa mlebet ing kamar nomer pitulas kaliyan Bu Tiin, lajeng lawang dipunkunci. Kancanipun Bu Tiin ingkang ngendikanipun badhe dipunpanggihi, pranyata boten wonten. Ing lebet kamar penginepan Bayu dipunpeksa ngladosi hawa nepsunipun Bu Tiin ibunipun. Bu Tiin ngajeng-ajeng sanget supados Bayu saged ngleksanani panyuwunanipun. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Bayuuu, mung kowe sing bisa ngilangi panandhangku iki” tembunge Bu Tiin erotis.* (47)

Bu Tiin wiwit *erotis* ing sangajengipun Bayu. Bu Tiin wiwit mbika agemanipun satunggal mbaka satunggal ing nginggil *tempat tidur*, sinambi ngrayu Bayu. Kanthi blakanipun Bu Tiin ngandharaken alesanipun kenging menapa ngantos Bayu kedah ngladosi ibunipun kadya tiyang ingkang sampun palakrama, inggih amargi Pak Rahman *impoten* lajeng dugi sepriki boten nate saged nyekapi kabetahan biologisipun Bu Tiin. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Aku ora edan, aku waras Bayu. Aku ya ora semaput, a . . . aku wanita normal Bayu. Kebutuhan biologisku iki ora bisa maneh kudu dakpendhem terus, Bayu. Bapak . . . mu im . . . pot . . . ten. Ayo Bayu, aku ladenana!”*  
*Bu Tiin swarane saya ngrerintih erotis.* (48)

Bayu ingkang boten wantun mirsani tumindak Bu Tiin, nutupi paningalipun saha madhep ing tembok. Bayu nulak pepinginan Bu Tiin kanthi alus. Raos bekti lare tumrap ibunipun menika dados wewaler ingkang boten wantun dipunlampahi dening Bayu. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Ibuuu,” ora krasa luhe Bayu ndlewer ing pipine.”*  
*Bilih ingkang setunggal menika dados wewaler ingkang mboten wantun kula lampahi.”*  
 (49)

Bayu rumaos sedih, ajrih saha bingung kaliyan sikep ibunipun. Bayu boten nate nginten bilih ibunipun bakal nyenyuwun kados makaten dhumateng Bayu. Bayu minangka lare, tamtunipun ngurmati sanget ibunipun, boten saged ngleksanani panyuwunan ibunipun ingkang kados makaten. Tumindak menika minangka wewaler ingkang boten kenging dipunlampahi Bayu.

### 3) Mangretos bilih lare kowar

Tembung kowar wonten ing kamus Baoesastra Djawa nggadhahi teges boten kawruhan terang (ingkang gadhah), boten terang bapakipun (larene tiyang dhemenan) (Poerwadarminta, 1939: 247). Nalika Bayu sowan ing makam ibunipun kandhung swargi, Bayu kepanggih Pak Bani, tanggi Bayu nalika alit. Saking Pak Bani, Bayu mangretosi sakedhik ngengingi cariyos piyambakipun. Bayu rumaos wirang nalika mangretosi bilih piyambakipun menika sejatosipun lare kowar, ingkang lair tanpa bapak saha kedah dipuntilar ibunipun kandhung wiwit alit. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Lap! Eling yen dheweke laire tanpa bapak, rasa wirang banjur mbludag ing perasaane. Bocah haram sing urip kelangan biyunge, saiki kari dheweke ijen sing kudu nanggung wirang kuwi. (50)*

Mangretosipun Bayu bilih piyambakipun lare kowar menika dados prakawis tumrap Bayu. Bayu nyariyosaken prakawis bilih piyambakipun lare kowar saha kenging menapa piyambakipun saged dados lare kowar kaliyan Aswan kancanipun. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Awit aku iki sabenere bocah kowar sing kelangan simbok merga bapakku mung tukon. Nganti saiki aku durung weruh bapakku sing sejati. Aku dewe durung bisa ngrantas benang ireng ing uripku. (68)*

Sasampunipun nyariyosaken prakawisipun kaliyan Aswan, Bayu gadhah ancas badhe madosi bapakipun ingkang sejatos. Awit Bayu dereng nate mangretosi sinten bapakipun ingkang sejatos. Bayu pengin saged miyak wewadi tiyang sepuh sejatosipun. Supados Bayu ugi saged ngrantas prakawis-prakawis sanes ingkang sampun njiret gesangipun.

4) Badhe dipunpejahi dening ibunipun

Bu Tiin rumaos mangkel dhumateng Bayu, amargi Bayu sampun sulaya saha malah kesah nilar griya sabibar kadadosan ing penginepan Anggar Manik. Bu Tiin lajeng damel fitnah kangge Bayu. Bu Tiin ngandharaken dhumateng Pak Rahman bilih Bayu sampun damel Bu Tiin ngandhut. Boten cekap namung damel fitnah dhumateng Bayu, Bu Tiin gadhah maksud badhe nytingkriraken Bayu utawi mejahi Bayu lumantar Diro, tiyang kakung ingkang sampun tindak sedheng kaliyan piyambakipun. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Kowe tepung Bayu?” pitakone Bu Tiin  
 “Bayu anak sampeyan? eneng apa?”  
 “Iya. Singkirna bocah kuwi, yen perlu patenana.” (54)*

Diro dipunancem kaliyan Bu Tiin, bilih piyambakipun boten kersa nytingkiraken Bayu, Bu Tiin bakal nuntut Diro kangge tanggeljawab kandhutanipun Bu Tiin. Awit pancen Diro ingkang sampun damel Bu Tiin ngandhut. Amargi anceman menika, saha dipunjanjeni arta, Diro kersa ngleksanani dhawuhipun Bu Tiin kangge mejahi Bayu. Diro saha bala-balanipun nggancaraken serangan kangge nyilakani Bayu. Nalika nitih motor ing margi, komplotanipun Diro kasil nyegat Bayu saha damel Bayu dhawah saking motoripun. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Dheg! Bayu bali sentoyoran tiba klumah. Awit dhadhane didugang salah sijine nom-noman mentas wae mudhun saka sepedha motor kuwi. (58)*

Bayu dhawah saking motor lajeng dipunkroyok komplotanipun Diro. Diro nyobi badhe nyilakani Bayu. Jangganipun Bayu sampun dipunadhangi glathi dening Diro. Bayu taksih pasrah katon mangu-mangu amargi nembe mawon dhawah saha dipundugang. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Bener iki sing jenenge Bayu?” pitakone nom-noman sing lagi nyekeli glathi sinambi nyandhak gulone Bayu kuwi katon isih mangu-mangu.* (59)

Boten dangu nalika Bayu dipunkroyok, wonten kendharaan ingkang liwat. Komplotanipun Diro sami nilar Bayu ing tengah margi saha boten siyos mejahi Bayu, Bayu slamet. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Glathi ora sida ditamakne. Nom-noman kuwi ninggal Bayu gumlethak ing tengah dalan.* (60)

Sabibar dipunkroyok, Bayu dipuntulung dening Fensi pacanganipun. Bayu dipunrimat Fensi ing griyanipun Fensi. Nanging nalika dipuntilar Fensi, komplotanipun Diro nyandhiwara dados ojekan kangge methuk Bayu ing griyanipun Fensi. Nalika dipunboncengaken motor dugi tengah margi, Bayu dipunudhunaken ing tengah bulak saha dipunkroyok dening Diro saha balanipun malih. Begja wonten Aswan ingkang dhateng nulungi saha kasil nyandhak salah satunggal balanipun Diro. Saking bala menika, Bayu mangretos bilih ingkang badhe mejahi piyambakipun boten sanes Bu Tiin, ibunipun piyambakipun. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Sapa sing ngajak mateni Bayu?”  
“Di . . . Diro. Ning . . . Dibayar wong wedok sing arane Tiin.”* (66)

Aswan kancanipun Bayu kejot nalika mangretos bilih ingkang ngalap nyawanipun Bayu boten sanes ibunipun piyambak. Leres kados ingkang nate dipuncariyosaken Bayu bilih ingkang dipundhawuhi nyilakani Bayu menika Diro, priya sedhengan ibunipun. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Tiin ?” Aswan njomblak. “Bayu sing ngalap nyawamu ibumu dhewe. Apa bener?”  
“Ora luput kaya critaku biyen,” wangslane Bayu. “Mesthine, ya, Diro kuwi sing jaka simpenane ibu, nganti ibu mbobot.”* (67)

Bayu sampun boten kejot nalika mangretosi bilih Bu Tiin ibunipun piyambak ingkang badhe mejahi Bayu. Bayu sampun mangretos bilih Diro menika priya ingkang sampun tindak sedheng kaliyan ibunipun ngantos mbobot. Pramila, awit saking menika Diro kersa dipundhawuhi Bu Tiin kangge ngalap nyawanipun Bayu.

### 5) Ngandhut

Prakawis ngandhut menika dipunalami dening ibu saha pacanganipun Bayu. Tindak sedheng ingkang dipuntindakaken dening Bu Tiin menika ngantos damel Bu Tiin mbobot. Bu Tiin ngandhut kalih wulan saking asil selingkuh kaliyan priya sanes ingkang aran Diro. Diro boten kersa tanggeljawab, lajeng ndhawuhi Bu Tiin supados matur mawon kaliyan garwanipun ngenggingi kandhutan menika.

*“Aku wis rong wulan iki”*

*“Sampeyan rak duwe bojo. Aku karo sampeyan rak podho senenge, apa sing kudu diperkara.”* (51)

Bu Tiin nyobi matur dhumateng Pak Rahman garwanipun ngenggingi kandhutan ing padharanipun. Pak Rahman boten kersa saha boten saged nampi bilih kagungan lare saking asil sedheng kaliyan priya sanes. Babagan menika ndadosaken kekalihipun sami congkrah. Babagan kasebat saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*“Apa Mas duka? Aku iki serius” panyawange Bu Tiin sinartan esem manis. “Awake dhewe iki bakal duwe turun, Mas. Turun sing bakal nyambung gener sine dhewe.”*

*“Ning aku emoh yen duwe anak olehmu laku sedheng!”*

*“Kuwi luwih becik, Mas, tinimbang ngenteni sampeyan ora bisa gawe senenge wong wadon. Yen aku duwe anak, uripku bakal ana sing ngopeni. Yen ora? Arep melu sapa!?”* (52)

Prakawis ngandhutipun ibu saking asil tindak sedheng menika dados prakawis ugi kagem Bayu. Bu Tiin malah damel fitnah dhumateng Bayu. Bu Tiin rumaos kuciwa saha lara ati dhumateng Bayu amargi boten purun ngladosi nalika ing penginepan, Bu Tiin lajeng ngandharaken fitnah tumrap Bayu kanthi ngaturaken dhumateng Pak Rahman bilih ingkang damel Bu Tiin ngandhut menika Bayu. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Ning sampeyan rak pengin weruh luwih dhisik sapa sing tak jak laku . . . ngene iki nganti dadi ta?”*

*“Sapa?”*

*“Anakmu dhewe! Bayu!” (53)*

Pak Rahman pitados kaliyan fitnahipun Bu Tiin, amargi pancen Pak Rahman sadangunipun menika boten nate saged nyekapi kabetahan biologisipun Bu Tiin. Pak Rahman lajeng ngendikan dhumateng Bayu bilih Pak Rahman saged nampi saha ngaku putra dhumateng jabang bayi ing kandhutanipun Bu Tiin, bilih nyata menika Bayu ingkang tumindak. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Bayu ko . . . we ora perlu wedi karo aku apadene ibumu. Aku ora bakal nyereg kowe kudu tanggungjawab, Le. Kowe ya aja wedi karo ibumu. Pancen bapakmu iki wong lanang sing ora nglanangi, Yu. Mulane ibumu ora duwe kemareman. Njur . . . njur yen pancen ibumu sing mbobot kowe sing mijeni . . . bakal takaku anakku . . .” (55)*

Bayu terus nampik fitnah saking ibunipun, saha matur kaliyan Pak Rahman supados pitados bilih sanes Bayu ingkang damel Bu Tiin ngandhut. Pak Rahman boten pitados ngaten kemawon dhumateng katranganipun Bayu. Pak Rahman ngedahaken Bayu saged maringi bukti bilih sanes Bayu ingkang sampun mijeni Bu Tiin. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Ora, aku ora bakal ngukum wong liya tanpa bukti sing otentik, Bayu. Yen kowe panceñ ora nglakoni kowe kudu nuduhne buktine. Ning yen panceñ sing mijeni ibumu kowe, aku ora bakal suwala bocah ing kandhutane ibumu bakal takaku anak lan kowe kudu gelem ngaku adhik yen mbesuk wis lair.”* (56)

Bayu terus nampik fitnah menika saha prasaja ngandharaken bilih sanes piyambakipun ingkang sampun mijeni jabang bayi ing padharanipun Bu Tiin. Bayu boten sarujuk kaliyan ngendikanipun Pak Rahman. Bayu tetep nulak bilih dipundhawuhi ngakeni bayi ing kandhutanipun Bu Tiin dados larenipun Bayu. Bayu langkung milih pejah tinimbang kedah ngakeni tumindak ingkang boten nate dipunlampahi. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Mboten! Bilih calon bayi wonten madharane ibu panjenengan akoni sumangga, nanging menika sanes kula ingkang mijeni! Sanes kula! Tinimbang kula kapurih ngakoni tindak ingkang mboten kula lampahi langkung sae kula pejah!”* (57)

Sasampunipun ngendikan kaliyan bapakipun, Bayu kesah nilar bapakipun kangge madosi bukti bilih sanes Bayu ingkang sampun mijeni Bu Tiin. Ananging, prakawis ngandhut menika pranyata boten namung dipunalami ibunipun Bayu. Fensi, pacanganipun Bayu pranyata ugi ngandhut saking asil tindak sedheng kaliyan priya sanes. Saking asil sesambungan kaliyan Diro nalika KKN pranyata Fensi ngandhut sampun kalih wulan. Bayu dereng mangretos bilih Fensi menika nembe ngandhut asil sesambungan kalih priya sanes.

Fensi nyuwun tulung kaliyan bidan supados saged ngguguraken janin ing padharanipun kanthi alesan bilih Fensi kaliyan pacanganipun taksih sami-sami kuliah, pramila janin menika dereng dipunkajengaken awit keprojolan. Ananging

bidan ingkang boten sanes ibunipun Aswan menika boten saged bilih badhe ngguguraken janin. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Lajeng menika Ngaten, Bu. Kula kaliyan sisihan kula menika sami-sami taksih kuliah. Lajeng kula kekalih taksih dereng kepingin gadhah momongan. Kula nyuwun tulung, Bu, kadospundi rekadayanipun, janin wonten madharan kula menika sagetipun mboten kalajeng ageng.”*

*“Ah mboten saget lo Mbak. Panjenengan kekalih rak sampun dipun pikajengaken, ta? Kenging napa dadak dipunguguraken?”*

*“Jane dereng kula ajeng-ajeng, ning lajeng keprojolan... kok, Bu...”*  
mriplate Fensi prembung-prembeng luhe mambek. (64)

Bayu dereng mangretosi bilih Fensi sampun ngandhut. Bayu malah mangretos bilih Fensi ngandhut menika saking Diro, selingkuhanipun Fensi. Nalika Diro badhe nyilakani Bayu, Diro mbeberaken sedayanipun dhumateng Bayu. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Anggitmu kowe ndhekem ana omahe Fensi wis aman, ngono piye? Sadurunge kowe modar, ngertia bojoanmu kae wis meteng. Sing ngetengi aku, ning ora bakal takaku.”* (65)

Kejot manahipun Bayu nalika mangretosi bilih Fensi sampun ngandhut asil sesambunganipun kaliyan Diro, ingkang sampun damel Bu Tiin ibunipun ugi ngandhut. Bayu rumaos kuciwa dhumateng Fensi, amargi sampun ngiyaniati raos tresnanipun Bayu. Bayu lajeng gadhah tekad boten badhe nglajengaken sesambunganipun kaliyan Fensi.

## 6) Paben kaliyan ibunipun

Sikepipun Bu Tiin malih gampil duka wiwit konangan anggenipun gandheng ceneng kaliyan priya sanes. Maksudipun Bayu ingkang badhe nyuwun pirsa dhumateng ibunipun malah dipunkinten badhe sujana dhumateng ibunipun. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Aja ngece! Kowe arep melu sujana kaya bapakmu, ya?!” tembunge atos krasa yen atine runtik wis tatu perihen. (39)*

Keng ibu malah tambah dukanipun nalika mireng tembung-tembungipun Bayu wekdal nyuwun pirsa. Boten adatipun Bu Tiin saged duka-duka ngantos medal tetembungan ingkang nglarani manah Bayu. Nanging, pitakenanipun Bayu menika kadosipun sampun nytinggung pangrasanipun Bu Tiin, ngantos damel Bu Tiin paben dhumateng Bayu. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Genah tembungmu kaya ngono, kok, isih mukir!” Tembunge ibune isih krasa eri sing nyudhet pangrasane Bayu, pangrasane anak pupon sing tansah ngati-ati. (40)*

Bayu ngraosaken ewah-ewahan sikepipun Bu Tiin. Mesthinipun prakawis menika sampun damel manahipun Bu Tiin boten jenjem amargi ajrih bilih tumindak selingkuhipun dipunmangretosi dening Bayu saha Pak Rahman. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Biasane ibune ora tau kawetu tembunge sing nglarani ati sing kaya ngono mau. Yen ditakoni wangslane kepenak. Kuwi dhek biyen, pikirane Bayu mblayang menyang dina kepungkur. Ibune pikirane isih biru durung kecoretan mendhung ireng. Sajake dina kuwi ana mendhung angendanu sing lagi mentiyung ing langite ibune. (41)*

Malihipun sikep Bu Tin ingkang dados sensitip ugi dipunraosaken dening Pak Rahman garwanipun, pramila Pak Rahman ndhawuhi Bayu supados saged njagi pangrasanipun Bu Tiin. Bayu kedah ngatos-atos nalika matur kaliyan ibunipun supados boten nytinggung pangrasanipun. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Ibumu wingi taktakoni, nesu. Iki pratandha kurang becik. Kowe omong saomong sing ati-ati, ben aja nyokrok perasaan ibumu,” pituture Pak Rahman. (42)*

Malihipun sikepipun Bu Tiin menika ndadosaken sesambutan ibu kaliyan lare menika kirang sae. Bu Tiin asring paben kaliyan Bayu. Sinaosa Bayu tansah ngatos-atos anggenipun matur, nanging Bu Tiin tetep duka-duka kaliyan Bayu, amargi boten saged nampi tetembunganipun Bayu.

#### 7) Usaha perkebunan kirang lancar

Pak Rahman bapakipun Bayu nggadhahi usaha perkebunan kopi. Papan perkebunan kopi radi tebih saking dalemipun, pramila Pak Rahman saha Bayu boten saged saben dinten nuweni perkebunan. Bayu asring mbiyantu Pak Rahman ngolah perkebunan. Awit Bayu menika namung lare tunggal, pramila ing tembe perkebunan menika sampun dipunkinten-kinten badhe dsipunwarisaken dhumateng Bayu. Perkebunan ingkang dipunkelola dening Pak Rahman saha Bayu asilipun kirang sae amargi wonten saperangan woh kopi ingkang pejah. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Pak Rahman mlebu kantor, dene Bayu isih milang-miling nliti pereng-pereng perkebunan kopi sing padha buthak, merga ana sawetara wit kopi sing mati. (33)*

Nalika ngecek dhateng perkebunan, wonten prakawis-prakawis ingkang ugi saged njalari pengolahan perkebunan kirang lancar. Prakawis-prakawis alit kados sarana saha prasarana ing perkebunan ugi asring ndadosaken asil perkebunan menika kirang lancar. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Generatore rada suwak. Ning wis rampung didandani kok, Mas. Mau bengi wayah tengah wengi ndadak lampune mati.” critane pimpinan perkebunan kuwi sinambi nyalami Bayu. (34)*

Ingkang ndadosaken asil perkebunan kirang sae menika boten namung saking prakawis sarana saha prasarana ing perkebunan, ananging ugi dipunjalari awit saking dampakipun Gunung Kelud. Sabibar Gunung Kelud njeblug, ndadosaken sitinipun kirang sae saha awunipun damel taneman kirang saged mekar sae. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Taun menika panenipun mboten saged dipunandelaken, amargi dampak Gunung Kelud kepengker taksih keraos,” wangsulane Bayu gawe mareme Pak Rahman. (35)*

Bayu pancer asring mbiyantu Pak Rahman kangege ngecek ing saundering perkebunan, lajeng nglaporaken perkembanganipun dhumateng Pak Rahman. Mbok manawi ing tembe perkebunan siyos dipunwarisaken dhumateng Bayu, Bayu sampun mangretos kadospundi cara-cara kangege ngolah perkebunan.

#### 8) Perkebunan dipunrampas

Sabibar ngadhepi prakawis badhe dipunpejahi dening ibunipun, Bayu boten nate kepanggih Pak Rahman. Ing dalemipun, Pak Rahman boten wonten, Bayu lajeng madosi Pak Rahman ing perkebunan. Nalika Bayu dugi perkebunan, kawontenanipun sampun malih. Pak Ratno ingkang rumiyin dados pimpinan perkebunan sampun medal. Perkebunan sampun dipunkuwaosi dening Dul Komar, inggih menika bapakipun Diro ingkang dados anak buahipun Bu Tiin. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Banjur pimpinane kebun sapa, Pak Ratno?”*

*“Dul Komar lan nggawa bala ora kurang rong puluh.” (69)*

Sasampunipun mireng sedaya cariyosipun Bayu saha mangretosi bilih pranyata perkebunan sampun dipunrampas Dul Komar, Pak Ratno tambah gethem manahipun. Pak Ratno ngandharaken dhumateng pegawe-pegawe sanes

bilih panguwasa perkebunan ingkang enggal menika sampun ngrampok nyawanipun Bayu saha ngrampas perkebunan. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Bener, Pak. Wong-wong kuwi wis ngoyak, ngrampok nyawane Bayu. Kapindho ngrayah panguwasane perkebunan. (70)*

Bayu kaliyan Pak Ratno sampun mangretosi bilih ingkang ngrampas perkebunan menika Bu Tiin kanthi ndhawuhi Dul Komar. Bukti bilih perkebunan menika dipunrampas dening Bu Tiin saha Dul Komar saya katingal amargi kekalihipun namung pengin ngrebut panguwasa ing perkebunan. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Iya. Jebul Dul Komar lan Bu Tiin mung pengin ngrebut pangguwasa. Wong-wong kae ngrampok! (72)*

Sasampunipun mangretos bilih Bu Tiin saha Dul Komar ingkang sampun ngrampas perkebunan, Bayu nyuwun pambiyantu dhumateng Aswan saha Pak Ratno kangge pados rekadaya supados saged ngrebut malih perkebunan saha nyungkiraken Dul Komar kaliyan bala-balanipun.

#### 9) *Penculikan*

Pinten-pinten dinten Bayu boten kepanggih kaliyan bapakipun ingkang ngendikanipun nembe tindakan ing luwar kutha. Icalipun Pak Rahman menika pranyata amargi dipunculik kaliyan Dul Komar. Pak Ratno nyariyosaken dhumateng Bayu bilih Pak Kormen kancanipun asring mireng tiyang ingkang dipunsiksa ing sengkeran, dipunduga menika Pak Rahman. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Lan, Pak Rahman sing jarene tindak kuwi mung paekane Dul Komar. Kowe kabeh rak tau dicritani Pak Kormen yen dheweke kerep krungu wong disiksa ing kamar sengkeran?”* (71)

Sabibaripun Bayu, Pak Ratno saha pegawe sanes sami nglawan komplotanipun Dul Komar, tiyang-tiyang menika sami madosi Pak Rahman. Pranyata leres bilih Pak Rahman sampun dipunculik saha dipuntawan ing salebetung pabrik ingkang dipunjagi rapet dening bala-balanipun Dul Komar. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Sing dijagi rapet malah pabrik nika. Sajake wonten tiyang ingkang dipuntawan wonten pabrik ngrika.”* (73)

Bayu ingkang dipunbiyantu Pak Ratno saha pegawe pabrik sanes kasil anggenipun nglawan para balanipun Dul Komar ingkang njagi pabrik kangge nyekap Pak Rahman. Pak Rahman saged bebas kanthi slamet.

#### 10) Ibunipun seda

Prakawis pungkasan ingkang dipunadhepi Bayu inggih menika mangretosi bilih Bu Tiin ibunipun seda. Bayu mirsani piyambak nalika ibunipun dipunpejahi dening gendhakanipun inggih menika Diro. Bu Tiin dipuntusuk mawi glathi dening Diro lajeng pejah. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Bebarengan lawang dibukak, Uaaa! Jerite Bu Tiin. Bayu kaget, mriplate sing pendiringan mencolot tumuju ruwang jembar kuwi. Mriplate Bayu mlolo, nalika weruh Bu Tiin sing katindhih nom-noman brewok sing nyekel glathi godres getih.* (74)

Pak Rahman namung saged pasrah nalika mangretosi kesaksian Bayu bilih ibunipun sampun seda dening gendhakanipun piyambak. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Ibu malah seda dipunpejahi gendhakanipun piyambak, kula seksine.”*

*“Dhuh Gustii....,” Pak Rahman ngelus dhadha weruh Bu Tiin mlumah adus getih kuwi.* (75)

Bayu saha Pak Rahman namung saged pasrah nampi kasunyatan pejahipun Bu Tiin. Estunipun, Bayu saha Pak Rahman kepengin manggihaken Bu Tiin kanthi kaanan slamet, ananging takdiripun Gusti langkung pinesthi. Bu Tiin pejah langkung rumiyin kanthi cara ingkang *tragis*, amargi tumindakipun piyambak..

**b. Cara ingkang Dipunlampaahi Paraga Utama Kangge Mungkasi Prakawis ingkang Dipunadhepi ing Novel *Kerajut Benang Ireng***

Paraga utama Bayu wonten ing novel *Kerajut Benang Ireng* ngadhepi maneka prakawis wonten ing gesang kulawarganipun. Kangge mungkasi prakawis-prakawis menika, Bayu mendhet cara. Cara ingkang dipunlampaahi kangge mungkasi prakawis ingkang dipunadhepi dening paraga Bayu inggih menika (1) purik saking dalemipun, (2) pados rekadaya kangege mungkasi congkrahing bapak ibunipun, (3) nampik kathi kurmat saha tansah ngemutaken ibunipun, (4) miyak wewadi tiyang sepuh sejatosipun, (5) sesidheman, (6) nyuwun pambiyantu, (7) ngadhepi kanthi pasrah, (8) ngendelaken kekiyatana, saha (9) ngadhepi kanthi tegas. Cara-cara kasebat badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

1) Purik saking dalemipun

Prakawis kaliyan ibunipun ndadosaken Bayu ajrih, saha kepengin sumingkir utawi purik saking dalemipun, tinimbang kedah ngleksanani tumindak ingkang mala kaliyan ibunipun. Bayu pancen sampun suwala kaliyan ibunipun,

ananging tetep ajrih bilih sawayah-wayah lajeng dipuntagih. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Nalika lagi sabunan banjur tuwuh pepinginan oncat saka omah kuwi wae tinimbang kudu nglakoni tindak siji kuwi karo ibune dhewe. (115)*

Tuwuh sakedhik raos ajrih manawi ibunipun mangretosi bilih Bayu badhe purik. Ananging pepinginan kangge kesah saking dalem menika sansaya kandel, saha Bayu siyap nanggung resikonipun, pramila Bayu siyos kesah nilar dalem tiyang sepuhipun menika. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Dheweke kuwatir yen ibune ngerti kuwi sandhang penganggo sing arep kanggo minggat. Dipkir kaping sewu, sansaya kandel pepinginane oncat saka omah kuwi. Sansaya wani dheweke nanggung resiko. (116)*

Saperangan dinten Bayu purik saking dalem saha sesidheman ing perkebunan. Pak Rahman ingkang rumaos kuwatir madosi Bayu. Bayu ngandharaken pepinginanipun badhe ngleremaken manah ing perkebunan kanthi alesan sampun mangretosi asal muasal dhirinipun ingkang sejatos. Bayu boten prasaja dhumateng Pak Rahman bilih purikipun amargi ajrih kaliyan ibunipun. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*"Pramila bilih bapak ngeparengaken, kula badhe ngleremaken manah kula menika wonten perkebunan mriki kemawon." (124)*

Bayu ngandharaken rencananipun badhe manggen dados satunggal kaliyan Pak Ratno, ketua perkebunan. Kanthi alesan menika tamtunipun Pak Rahman paring idin bilih Bayu badhe sumingkir saking dalemipun, saha tamtunipun menika dados srananipun Bayu saged uwal saking ibunipun. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*"Njur, kowe manggon ana ngendi?"*

*“Dados setunggal kaliyan Pak Ratno mawon,” wangslane Bayu ayem. Awit bapake jelas ngijini dheweke sumingkir saka omahe. Ora bakal dioyak semayane ibune sing mung kanggo srana ucul saka pamengku.* (125)

Data-data nginggil nedahaken bilih Bayu mendhet lampah purik kangge nyinkiri ibunipun. Kanthi maneka alesanipun Bayu pikantuk idin saking Pak Rahman kangge nilar dalem, tamtunipun Pak Rahman boten gadhah raos cubriya bilih kesahipun Bayu menika amargi raos ajrih dhumateng ibunipun.

2) Pados rekadaya kangge mungkasi congkrahing bapak ibunipun

Sabibar ngonangi Bu Tiin gadhah sesambetan kaliyan kakung sanes, Pak Rahman asring paben kaliyan Bu Tiin. Bayu ingkang pengin nyarujukaken Pak Rahman kaliyan Bu Tiin, malah asring dipunpabeni kaliyan Bu Tiin. Minangka lare, Bayu rumaos gadhah tanggeljawab kangge mungkasi congkrah antawisipun bapak kaliyan ibunipun. Bayu kepengin kulawarganipun wangslul ing kaanan ingkang tentrem kados saderengipun. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Bayu ora kumecap. Bayu pengin mendhung sing mayungi keluargane kuwi bisaa ilang kesaput angin. Bayu pengin golek rekadaya.* (107)

Bayu terus ngupaya pados cara supados bapak ibunipun saged wangslul akur. Ing pangangkahipun Bayu kepengin ibunipun saged nglumohi kalepatanipun, lajeng bapakipun saged ngapura dhumateng ibunipun. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Bayu terus nguleti pikirane supaya ibune gelem nglumohi keluputane lan bapake gelem ngapura ibune. Dheweke isih golek dalan.* (108)

Bayu ngupaya kangge ngleremaken manahipun Pak Rahman. Bayu nyobi mbujuk Pak Rahman supados gadhah pamanggih ingkang *positif* dhumateng Bu Tiin. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Sampun dipungalih, Pak. Ibu rak pados kegiyatan ingkang saget nentremaken manahipun Ibu,” pambujuke Bayu ngleremake atine Pak Rahman. (109)*

Bayu terus ngupaya mbujuk supados bapakipun boten gadhah penggalih ingkang warni-warni. Bayu menging Pak Rahman supados boten kasesa nudhuh Bu Tiin tindak sedheng saderengipun wonten bukti ingkang nyata. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Ah, Bapak. Sampun menggalih ingkang mboten-mboten, tiwas mangke wonten manah mboten sekeca. Mbokbih sampun kabukten menika, saweg dados perkawis.” (110)*

Saking saperangan andharan nginggil katingal bilih Bayu gadhah upaya kange ngleremaken manah bapak saha ibunipun supados boten congkrah. Bayu gadhah kekajengan supados bapak ibunipun saged wangsul sae tanpa raos cubriya saha tansah paring pangapura bilih panceh wonten kalepatan.

### 3) Nampik kathi kurmat saha tansah ngemutaken ibunipun

Nalika ngadhepi prakawis kedah ngladosi hawa nepsu ibunipun ing salebetung kamar penginepan, Bayu terus ngupaya kange nampik amargi Bayu tetep ngurmati ibunipun. Bayu tansah ngemutaken keng ibu bilih Bayu menika larenipun. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Ibu, kula aturi emut, Bu. Kula niki Bayu, putra njenengan,” Bayu ngaruh-arih ibune sing terus agresif ngrukut Bayu tanpa kena dibendung maneh. (111)*

Nalika keng ibu terus meksa saha ngruketi Bayu, Bayu boten wantun nyawang ibunipun. Bayu malik badanipun lajeng madhep ing tembok sinambi tetep ngemutaken ibunipun bilih Bayu larenipun. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Bayu nginger awak madhep tembok. “Ibu, sampun ngaten, Ibu. Kula putra panjenengan, Ibu!” Bayu ngekep tembok kamar tanpa wani nyawang sing gumlethak ana tempat tidur. (112)*

Bayu terus nampik saha boten saged kangge ngladosi ibunipun. Raos kurmatipun Bayu dhumateng ibunipun langkung ageng tinimbang sedayanipun. Tumrapipun Bayu, tumindak ingkang kados makaten wewalar ingkang boten kenging dipuntindakaken Bayu. Paramila Bayu terus ngendha saha nampik ngangge tangananipun nalika Bu Tiin terus ngrangsang Bayu. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Bayu perasaane ora bisa diapusi. Rasa hormat, lan ana tembok sing ngadeg jejeg ing atine. Atine ora bisa kanggo ngladeni wanita sing wis dianggep ibune kuwi. Senajan Bu Tiin terus ngrangsang sing terus ditampik Bayu nganggo tangane. (113)*

Kanthi tembung dereng siyap kangge ngladosi ibunipun, Bayu kasil ndadosaken menika alesan supados saged uwal saking daya peksa kangge ngladosi hawa nepsu ibunipun. Sinaosa makaten, Bu Tiin tetep ngajeng-ajeng Bayu enggal-enggal siyap kangge ngladosi piyambakipun. Tanpa tidha-tidha Bu Tiin ngaras pipinipun Bayu saderenge medal kamar penginepan. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

“Kula dereng siap, Bu. Sampun samenika.”

“Ora siapa ora apa-apa, ning gawenen ibumu marem.”

“Ee...sampun samenika, Bu. Sampun samenika.”

“Sesuk, ya, Yu! Tumenan!” pipeine Bayu diaras mesra. (114)

Kanthy cara nampik, pranyata Bayu kasil nolak pepinginan Bu Tiin. Bayu nyulayani Bu Tiin bilih piyambakipun dereng siyap saha ing wekdal sanes anggenipun badhe ngleksanani kekajenganipun Bu Tiin. Ananging, wiwit kadadosan menika Bayu purik saking dalem kange ngendhani Bu Tiin saha supados boten dipuntagih kange ngladosi.

#### 4) Miyak wewadi tiyang sepuh sejatosipun

Dumugi ngancik dewasa, Bayu pancen dereng mangretosi sinten sejatosipun bapakipun Bayu. Ingkang dipunemut Bayu namung ibunipun sampun seda nalika Bayu alit, lajeng Bayu dipundadosaken lare pupon dening Pak Rahman kaprenah paklikipun. Bayu gadhah tekad kange miyak wewadi tiyang sepuh sejatosipun. Bayu nyuwun pirsa dhumateng Pak Bani tangginipun Bayu nalika taksih alit, amargi Pak Rahman boten nate cariyos ngengengi bapakipun Bayu ingkang sejatos. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Ning sampeyan sumerep, sinten ta, sejatosipun bapak kula niku?”*

*“Kowe rak wis dicritani Rahman?”*

*“Bapak boten nate crita bab tiyang sepa kula.”* (117)

Minangka lare pupon ingkang dipuntilar ibu kandhung wiwit alit, Bayu gadhah pepinginan saged mangretosi sinten tiyang sepuh sejatosipun saha kenging menapa larah-larahipun ibunipun Bayu saged seda. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Rasa bingunge Bayu kalindhuh rasa pengin weruh kepriye larah-larahe nganti biyunge tinggal ora sabaene. Saupama dipaeka wong liya, dheweke kudu nggoleki nganti teka leng tengu.* (119)

Pak Bani nyariyosaken kadadosan ingkang dipunalami dening ibu kandhungipun Bayu ingkang gadhah asma Sumarti. Bayu dipuncariyosi kaanan

Sumarti, wiwit Bayu taksih ing kandhutanipun. Saking cariyos menika Bayu tetep dereng mangretosi bapakipun ingkang sejatos, amargi Bayu sampun gadhah Bapak tukon saderengipun lair. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Kelakon kowe duwe bapak tukon sadurunge lair ing alam padhang kene. Nanging calon bapakmu kuwi duwe patrap kurang becik. Seneng royal, omben, main, adu jago lan sasenenge dheweke. Bandha pawewehe simbahmu diawut-awut nganti ludhes. Banjur pawongan kuwi ninggal kowe sadurunge lair. (121)*

Bayu matur kanthi blaka dhumateng Pak Rahman bilih piyambakipun rumaos sedih amargi sampun mangretosi sinten sejatosipun Bayu. Bayu rumaos sedih, nanging tetep kurmat dhumateng Pak Rahman amargi Pak Rahman tiyang ingkang sampun ngrimat Bayu kados dene larenipun piyambak wiwit Bayu taksih alit. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Inggih. Kula sampun dipuncritani perkawis sinten sejatosipun kula menika,” mriplate Bayu kaca-kaca, irunge sentrap-sentrup. (123)*

Ing pungkasanipun, sasampunipun Bu Tiin seda, Pak Rahman blaka bilih bapakipun Bayu ingkang sejatos menika Pak Rahman. Pak Rahman ingkang rumiyin sampun mijeni Sumarti, ibu kandhungipun Bayu. Babagan menika saged diputingali ing data ngandhap menika.

*“Ora Bayu! Kowe kuwi anakku, Bayu! Aku iki bapakmu sing sejati, aku bapakmu sing mijeni simbokmu.” (140)*

*“Simbokmu karo aku ki jane tunggal bapak seja ibu. Aku karo simbokmu banjur padha tresnane, bareng matur wong tuwa aku ora dikeparengake. Banjur ibumu takwijeni dhisik kanggo nelukake wong tuwaku, jebul tetep ora oleh gawe. Malah simbokmu ditukokake sisihan. Prasetyaku wis emoh duwe anak maneh, nyatane aku rumangsa dosa gawe sengsarane simbokmu. Aku mara menyang dhukun supaya aku ora duwe gairah*

*maneh . . . mulane ya mung kowe, Yuu, anakku sing bisa tak kudang-kudang . . .”* (141)

Bayu nembe mangretos bilih pranyata bapakipun Bayu ingkang sejatos menika Pak Rahman. Pak Rahman kaliyan ibunipun kandhung Bayu ingkang gadhah asma Sumarti taksih sadherek, saengga dipunpenging. Ananging Pak Rahman kaliyan Sumarti tetep kekeh, lajeng sesambutan kekalihipun kliwat wates ngantos Sumarti ngandhut. Pak Rahman ngajengaken bilih Sumarti sampun ngandhut saged pikantuk restu. Ananging tiyang sepuhipun tetep boten ngeparengaken, pramila Sumarti dipunpadosaken garwa tukon ingkang namung saged nelasaken bandha Sumarti. Lajeng wiwit menika Pak Rahman ngaken dhukun supados boten gadhah gairah malih, kange nebus raos krentunipun dhumateng Sumarti.

##### 5) Sesidheman

Bayu gadhah maksud badhe nyipeng ing dalemipun Pak Bani, amargi Bayu rumaos sampun dipunsingkang dening Bu Tiin. Estunipun Bayu piyambak ingkang nilar dalemipun amargi ajrih bilih sawayah-wayah dipuntagih Bu Tiin kange ngladosi nepsunipun, pramila Bayu pengin sesidheman saking Bu Tiin ibunipun. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Kula dumugi mriki wau amargi dipunsingkang kalih Ibu kula, Bu Tiin garwanipun Pak Rahman.”* (120)

Sasampunipun Bayu ngandharaken kekajenganipun boten badhe wangsl, Bayu nyuwun kaliyan Pak Rahman kange ngaturaken dhumateng Bu Tiin bilih boten wangslipun Bayu amargi nembe ngawontenaken panaliten kange jangkepi skripsi. Kanthi alesan menika Bayu saged aman saking Bu Tiin, amargi

Bu Tiin boten mangretos bilih sejatosipun Bayu nembe sesidheman wonten ing perkebunan. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Karepmu? Kowe ora mulih?”*

*“Inggih, Pak.”*

*“Yen ibumu nakokne?”*

*“Panjenengan aturaken bilih kula saweg penelitian kangge njangkepi skripsi, ngaten kemawon.”* (126)

Kesahipun Bayu ing perkebunan amargi sesidheman saking Bu Tiin dipunraosaken dening Pak Peno pembantunipun saha Pak Rahman. Pak Peno nggadhahi pamanggih bilih kesahipun Bayu nyisih ing perkebunan amargi ajrih kaliyan Bu Tiin. Wondene Pak Rahman dereng saged mesthekaken menapa kesahipun Bayu menika leres amargi ajrih kaliyan ibunipun menapa namung amargi jibengipun manah mangretosi bilih Bayu lare kowar. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Sajake Bayu kok ugi saweg badhe ndhepani perkara ingkang ngadhang piyambake,” tembunge Pak Peno grayah-grayah. Napa piyambake nyisih mriki amargi ajrih kaliyan ibu?”*

*“Dheweke nyisih iki merga atine lagi jibeg, ngerti asal mulane. Dheweke rumangsa bocah kowar. Mung wae nyangapa dheweke malah nyisih ana papan kene? Apa ana sesambungane karo ibune?”* (129)

Amargi Pak Rahman pitados kaliyan fitnahipun Bu Tiin ingkang nedahaken bilih Bayu ingkang sampun damel Bu Tiin ngandhut, Pak Rahman gadhah pamanggih bilih tirahipun Bayu menika kangge ngendhani tanggeljawabipun dhateng kandhutanipun Bu Tiin. Padahal sanes Bayu ingkang sampun mijeni Bu Tiin. Babagan menika ndadosaken salah paham Pak Rahman dhumateng Bayu. Bayu lajeng prasaja ngandharaken alesanipun tirah wonten perkebunan amargi kangge ngendhani ibunipun, Bayu rumaos ajrih dhumateng ibunipun. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Bapak, kula akeni panceñ kula lepat, mboten blaka dhumateng Bapak amargi kula tirah wonten mriki. Sejatosipun kula panceñ ajrih dhumateng ibu.”* (130)

Bayu nyariyosaken kadadosan nalika dipunapusi dening Bu Tiin ing losmen saha ngaturaken alesan kenging menapa Bayu kedah sesidheman saking Bu Tiin. Bayu tirah ing perkebunan inggih amargi ajrih bilih sawayah-wayah dipuntagih semayanipun Bayu kangge ngladosi Bu Tiin. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Kados kula matur rumiyin, bilih kula asring kapurih ngeterake ibu tindak salon. Ing dinten pungkasen kula dipunapusi, dhawuhipun ibu kula badhe dipuunajak madosi kanca ingkang nyipeng wonten losmen..,”* Bayu nerusake crito lelakone ing njero losmen. *“Wekasanipun ibu kula semadosi. Pramila kula ajrih kaliyan Ibu bilih semaya kula kula menika dipuntagih.”* (131)

Sasampunipun Bayu nyariyosaken kadadosan ingkang sanyatanipun, Bayu pasrah menapa Pak Rahman badhe pitados menapa boten. Ing penggalihipun Bayu, ingkang utama Bayu sampun prasaja kaliyan Pak Rahman. Ananging Pak Rahman tetep dereng pitados ngaten kemawon kaliyan Bayu. Pak Rahman ngedahaken Bayu pados bukti bilih sanes Bayu ingkang sampun mijeni Bu Tiin.

#### 6) Nyuwun pambiyantu

Bayu nyuwun pambiyantu dhumateng Aswan kancanipun nalika ngadhepi prakawis Pak Rahman ingkang dipunculik saha piyambakipun badhe dipunpejahi. Bayu nyuwun tulung supados Aswan saged ngancani Bayu madosi Pak Rahman ing perkebunan. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Sesuk diparani, ya Wan. Mbokmenawa Pak Rahman isih ana. Toh saiki aku wis bisa nuduhne sapa sing gawe ibu mbobot.”*

*“Takterne nganti kowe harakiri merga rumangsa kowar!”* kandhane Aswan banjur ngajak mapan turu. (133)

Dumugi perkebunan, pranyata perkebunan sampun dipunkuwaosi dening Dul Komar. Bayu dipunbiyantu Aswan nyuwun tulung dhumateng Pak Ratno, kangge pados rekadaya supados saged ngrebut perkebunan malih. Pak Ratno langsung ngubungi kanca-kancanipun kangge ngroyok mandhoripun. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Aku bisa ngubungi kanca-kanca supaya ngroyok wong sing mandhori nyambutgawe, mengko ben dicencang neng tengah kebun.”* (134)

Kanthi pambiyantunipun Aswan saha Pak Ratno, Bayu kasil nrobos pos penjagaan perkebunan. Hansip balanipun Dul Komar ingkang njagi pos dipuntali saha diputawan ing wingking pos. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Pak Ratno ngewangi Bayu nggolekne tali sing akeh mblasah ing kiwa tengene pos. Wong telu banjur nyeret hansip kuwi menyang kopen mburi pos. Sikile ditaleni ana pang kop, sirahé ana ngisor.* (135)

Upaya Pak Ratno kangge ngempalaken pegawe kasil. Sasampunipun pegawe perkebunan sami kempal, Bayu enggal-enggal maringi instruksi kadospundi caranipun saha pembageyan tugas dhumateng saben-saben pegawe kangge nyerbu Dul Komar saha bala-balanipun. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Mulane dina iki andum gawe, ayo padha tindak culika ngelongi balane Dul Komar sing padha saba banjur dibanda ing tengah kebun. Mengko bubar srengenge angslup ayo rame-rame nyerbu pabrik lan omahe andhahane Dul Komar. Dene saiki tumindak sesidheman, aja nganti konangan luwih dhisik.”* (136)

Kanthi pambiyantu saking Aswan, Pak Ratno saha pegawe-pegawe sanes, Bayu kasil anggenipun nyinkiraken balanipun Dul Komar. Bayu kasil ngrebut

perkebunan malih. Kejawi menika, Bayu saged manggihaken Pak Rahman ingkang dipunculik. Lajeng dhendhamipun Bayu kange males Dul Komar ugi saged kaleksanan.

#### 7) Ngadhepi kanthi pasrah

Minangka lare pupon saking paklikipun, Bayu nggadhahi sikep pasrah menapa perkebunanipun badhe dipunwarisaken dhumateng piyambakipun menapa boten. Bayu tetep nggadhahi pangangkah pengin ngupaya piyambak saha mboten badhe njagakaken warisan supados boten wonten tiyang sanes ingkang badhe ngungkih-ngungkih bilih menika gaduhanipun Bayu piyambak. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Jatosipun nggih ngaten. Ning kados kula niki rak namung yoga pupon. Kula minder, napa nggih mbenjang perkebunan niki dipunwarisaken dhumateng kula. Mangka pikiran kula menika mbokbilih saget, kula mboten njagakaken warisan, sageta pados piyambak. Najan sakedhik bilih asil kringet kula piyambak badhe kraos tentrem boten badhe wonten tiyang ingkang wantun ngungkih-ungkih malih.”* (105)

Sikep pasrahipun Bayu dipuntehaken ugi nalika piyambakipun ngadhepi prakawis-prakawis ingkang nggebengi gesangipun. Bayu pasrah nampi takdiripun benjang badhe kadospundi. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Duka mbenjang. Samenika kula taksih mikir kahanan kula piyambak. Mbenjang kula namung badhe nampi takdir menika badhe kadospundi,”* Bayu pasrah. (106)

Kanthi sikep pasrahipun Bayu ingkang kepanggih Bak Bani tanggi nalika alit, nyariyosaken kadadosan ingkang sampun dipunalami dening Bayu. Kadadosan wiwit Bayu alit saha kadadosan sasampunipun Bayu dewasa. Bayu

pasrah nampi nasibipun ingkang sampun pinesthi kados makaten. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Nasib kula pancen sampun pinesthi, Pak Bani.” (118)*

Kan thi sikep pasrahipun menika Bayu saged langkung lerem manahipun. Prakawis-prakawis ingkang ngrerujit piyambakipun boten lajeng ndadosaken Bayu salah lampahipun saha tumindak ingkang grusa-grusu. Bayu tetep sumarah nampi sedaya pacoban ing gesangipun. Bayu saged nampi nasibipun ingkang sampun pinesthi.

#### 8) Ngendelaken kekiyatana

Bayu latihan beladhiri kangge ngendelaken kekiyatatanipun. Cara menika dipunlampahi Bayu amargi kangge nyawisaken dhiri anggenipun badhe males dhendam dhumateng tiyang ingkang sampun damel ibu kandhungipun seda. Kejawi menika, Bayu rumaos gadhah mengsaah utawi tiyang ingkang badhe nyilakani, saengga ilmu beladhiri menika kangge ngadhepi mengsaah bilih sawayah-wayah badhe nyilakani Bayu. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Ing papan kuwi dheweke ngasah jurus-jurus kabisane sing wis ditimba ing perguruane. Jurus mbaka jurus dipraktekne tanpa kakehan tetimbangan, sawise jurus-jurus kuwi urut banjur dikombinasi nganti awake lempempe. (127)*

Bayu ngasah ngelmu beladhiri saben dinten wonten ing perkebunan. Salah satunggal karyawan ingkang saben dinten mirsani Bayu latihan, ngendika dhumateng Pak Rahman ngengingi kegiyatatanipun Bayu menika. Ananging kekalihipun boten mangretos kenging menapa Bayu samenika langkung

nengenaken beladhiri nalika ing perkebunan. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Nika, Pak, Bayu!” panudinge salah sawijining karyawan kebun ing pereng sisih wetan. “Meh saben dinten pakaryan ingkang diutamakaken namung latihan beladhiri . . .”*

*“Wong-wong kene padha ngerti, nyangapa Bayu saiki luwih nengenake beladhiri?”*

*“Kados boten wonten. Malah Pak Ratno piyambak nyuwun pirsa dhumateng kanca-kanca, inggih tanpa wangsan,” critane wong lanang sing sandhangane masem kuwi. (128)*

Kangge ngisi wekdalipun ingkang nembe purik, meh saben dinten Bayu nglatih ngelmu beladhirinipun ing area perkebunan. Bayu gadhah maksud kenging menapa piyambakipun kedah ngendelaken kekiyataniipun. Bayu kedah nyawisaken dhirinipun kangge ngadhepi komplotanipun Diro ingkang badhe mejahi piyambakipun. Kejawi menika, Bayu gadhah ancas badhe madosi bapak tukonipun, kagem males dhendahamipun, awit sampun damel Sumarti ibu kandhungipun Bayu seda.

#### 9) Ngadhepi kanthi tegas

Sasampunipun mangretosi prakawis sinten sejatosipun Bayu saha larah-larahipun cariyos ibunipun, Bayu mendhet sikep ingkang tegas badhe males tumindakipun tiyang ingkang sampun damel ibunipun seda kanthi cara ingkang boten limrah. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Ning, aku pengin mati sawise wong sing mateni simbokku luwih dhisik dakpungkasi. Kudu! Kudu bisa males pati luwih dhisik, jerite ing batin terus gumregah tumuju kesumat sing mangalad-alad. Wiwit sesuk aku kudu miwiti labuh pati marang simbok. (122)*

Bayu mesthekaken bilih priya ingkang sampun damel ibunipun nglalu menika boten sanes bapak tukonipun Bayu. Sinaosa Bayu dereng mangretosi

sinten bapak tukonipun, ananging Bayu badhe ngupaya supados saged manggihi saha males tumindakipun bapak tukon ingkang sampun dipunanggep mengsa dening Bayu. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Mung siji sing bakal digoleki, wong lanang sing wis ngracun simboke. Bubar kuwi dheweke bakal nglalu ninggal donya sing kebak leletheg iki. Benang-benang ireng bakal dirantas, dheweke bakal ninggalake rajut ireng sing tansah nyrimpeti lakune.* (132)

Sikep tegasipun Bayu katingal nalika sampun manggihi mengsaipun. Bayu mangretosi bilih Dul Komar, tiyang ingkang sampun ngrebut perkebunan menika boten sanes bapak tukonipun Bayu, inggih tiyang ingkang sampun damel ibunipun Bayu seda. Pramila Bayu enggal-enggal madosi Dul Komar, badhe males dhendham. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Dul Komar! Biyen kowe gelem ngaku anak marang aku merga bandhane simbokku, bareng simbokku Sumarti wis mlarat kok racun. Saiki aku arep nebus njaluk ganti nyawane simbokku. Yen nyawamu rung dikirim nyang akherat, kesumatku isih thukul tumaruntun.”* (137)

Bayu kasil manggihaken Dul Komar saha satunggal balanipun. Bayu enggal-enggal ngadhepi Dul Komar saha balanipun. Sinaosa bayu namung ngginakaken kayu kopi minangka gaman, dene lawanipun ngginakaken pedhang saha glathi, Bayu saged ngadhepi kekalihipun. Glathi saking tangan balanipun Dul Komar dipunsawik lajeng tiyangipun dipunpancal dening Bayu. Dene Dul Komar dipunkepruk ngginakaken kursi dening Bayu ngantos dhawah gloyoran. Kanthi sikep *sigap* saha tegasipun Bayu saged nglawan kalih mengsaipun. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Saiki Bayu isih adhep-adhepan karo wong loro, siji nggawa glathi lan Dul Komar njupuk pedhange.*

*“Ayo maju bareng!” panantange Bayu sinambi nyekeli kayu kopi pating begenjol sakentol gedhene.*

*Dhakh! Uah! Wong sing nyekeli glathi kesawik kayu kopi sambat, merga glathine uwal saka tangan. Bayu ora sabar wong kuwi dipancal. Dene Dul Komar menyang ruwang ngarep karo nyeret kursi. Pedhange sing kanggo nyebet kursi jebul malah kecepit angel didudut. Lagi wae ungkag-ungkeg, kursi kuwi dikepruk kayu kopi ngarah Dul Komar. Dul Komar gloyoran mundur maneh isih nyeret kursi. Dul Kolmar manyuk tengah lawang sing isih menga sesisih.* (138)

Kanthi dipunbiyantu para pegawe perkebunan, Bayu kasil males dhendhamipun dhumateng Dul Komar. Para pegawe sami mbalang watu ing arahipun Dul Komar saengga ngenani gejeripun Dul Komar. Ing pungkasnipun Bayu mbabitaken kayu ing arahipun Dul Komar ngantos dhawah nggeblak. Dul Komar kalah. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*“Iki Dul Komar! Iki Dul Komar!” wong-wong sing ana njaba bengak-bengok bebarengan watu lan mabur.*

*“Blegh ! Hegh ! Blegh ! Hegh ! Watu ngrutug gegere Dul Komar. Arep mlayu maju, Bayu wis mbabitake kayune kopi. Dhagh! Uwange didhangakne nganggo kayu kopi. Sirahe ndheglak banjur nggeblak. Tiba gumrebug kaya nangka bosok.* (139)

Upayanipun Bayu kange ngrebut malih perkebunan saha nyinkiraken para perampok perkebunan kasil amargi dipunbiyantu Aswan kancanipun saha para karyawan perkebunan sanes. Ing pungkasnipun Bayu saged ngalahaken Dul Komar sabala-balanipun, saha Bayu saged males dhendhamipun dhumateng tiyang ingkang sampun damel Sumarti ibunipun seda, ingkang boten sanes inggih Dul Komar menika.

### c. Amanat ing Novel *Kerajut Benang Ireng*

Amanat ingkang dipunpanggihi ing novel *Kerajut Benang Ireng* menika sami kaliyan amanat ing novel *Nalika Prau Gonjing*. Amanat-amanat kasebat ing antawisipun (1) kedah saged njagi hawa nepsu, (2) ampun tindak sedheng

supados gesang bebrayan boten congkrah, (3) dipunbetahaken upaya ageng kangge mungkasi prakawis ing gesang bebrayan, (4) katresnan tiyang sepuh, (5) sedheng tumindak ingkang boten sae menapa mawon sebabipun, (6) wonten ing gesang bebrayan dipunbetahaken sikep jujur, (7) purik dereng tamtu saged mungkasi prakawis bebrayan, (8) njagi tumindak saha ngurmati asma tiyang sepuh, (9) tulung tinulung tanpa pamrih, (10) kasetyaning tresna, (11) tansah konjuk sokur dhumateng Gusti, (12) nggadhahi sikep pasrah saha sabar nalika nampi pacoban, (13) manungsa boten kenging srakah, (14) tiyang ingkang tumindak boten sae bakal nampi piwales, (15) kathah bandha dereng tamtu njamin kabagan, (16) kangge mungkasi prakawis ing gesang bebrayan kedah purun ngapura ing ngapuram. Amanat-amatan menika badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

1) Kedah saged njagi hawa nepsu

Manungsa wonten ing lampah gesangipun kedah saged njagi hawa nepsu, tumrap tiyang-tiyang ingkang sampun palakrama, menapa dene ingkang dereng, supados saged ngendhani tumindak-tumindak ingkang kirang prayogi. Tumraping tiyang ingkang sampun palakrama, kedah ngatos-atos anggenipun tumindak, supados kalis saking prakawis-prakawis ingkang lajeng saged nggebengi saha ngrisak gesang bebrayanipun. Bilih tumrap tiyang ingkang dereng palakrama, ugi kedah saged njagi hawa nepsunipun supados boten keblinger ing tumindak ala saha supados boten kedah ngadhepi prakawis ageng tembenipun.

Sikep boten saged njagi hawa nepsu ingkang lajeng ndadosaken gesang bebrayanipun bengkrik dipuntehaken ing novel *Kerajut Benang Ireng* lumantar

paraga Bu Tiin ibunipun Bayu, saha Fensi pacanganipun Bayu. Wondene tuladha sikep ingkang saged njagi hawa nepsunipun dipuntedahaken dening paraga Bayu. Pethikan data ing ngandhap menika saged nedahaken nalika Bu Tiin boten saged njagi hawa nepsunipun.

*“Aku ora edan, aku waras Bayu. Aku ya ora semaput, a . . . aku wanita normal Bayu. Kebutuhan biologisku iki ora bisa maneh kudu dakpendhem terus, Bayu. Bapak . . . mu im . . . pot . . . ten. Ayo Bayu, aku ladenana!” Bu Tiin swarane saya ngrerintih erotis. (205)*

Andharan data nginggil nedahaken bilih Bu Tiin minangka tiyang ingkang sampun palakrama, boten saged njagi hawa nepsunipun. Bu Tiin malah ngajak Bayu, lare puponipun kangge ngladosi nepsunipun. Tamtunipun Bayu nulak kekajengan ibunipun. Kejawi menika, Bu Tiin uga malah nguja nepsunipun kanthi selingkuh kaliyan priya sanes ingkang aran Diro, ngantos ngandhut. Babagan menika saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*“Aku wis rong wulan iki”*

*“Sampeyan rak duwe bojo. Aku karo sampeyan rak podho senenge, apa sing kudu diperkara.” (220)*

Amargi boten saged njagi nepsunipun, Bu Tiin nglampahi tumindak sedheng ngantos kliwat wates, inggih ngantos ngandhut kalih wulan. Diro ingkang dados kanca tindak sedhengipun Bu Tiin boten kersa tanggeljawab kandhutan menika, amargi Bu Tiin ugi sampun kagungan garwa. Kejawi menika tumindak ingkang sampun dipuntindakaken kekalihipun amargi sami-sami remen.

Sikep boten saged njagi hawa nepsu dipuntedahaken ugi dening paraga Fensi minangka pacangan Bayu. Kejawi kaliyan Bayu, Fensi gadhah sesambatan kaliyan priya sanes, inggih menika kancanipun kuliah kang aran Diro. Kaleres Diro menika ingkang sampun tindak sedheng kaliyan Bu Tiin, ibunipun Bayu.

Sesambutanipun Fensi kaliyan Diro ugi ngantos nglangkungi wates tiyang pacaran, saengga Fensi ngantos ngandhut. Fensi boten saged nampi janin ing kandhutanipun, lajeng gadhah kekajengan badhe ngguguraken janin ing kandhutanipun, ananging dipuntulak dening bidan inkang dipunsuwun ngguguraken. Babagan menika saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*Tembunge Bayu ora mlebu kupinge Fensi. Pangangene mabur adoh mecaki nalika dina kawuri sing kebak madu karo Diro. Ing lengkeh gunung Kidul sing gersang lan sepi kebak kaendahan karo Diro.* (230)

*“Lajeng menika Ngaten, Bu. Kula kaliyan sisihan kula menika sami-sami taksih kuliah. Lajeng kula kekalih taksih dereng kepingin gadhah momongan. Kula nyuwun tulung, Bu, kadospundi rekadayanipun, janin wonten madharan kula menika sagetipun mboten kalajeng ageng.”*

*“Ah mboten saget lo Mbak. Panjenengan kekalih rak sampun dipun pikajengaken, ta? Kenging napa dadak dipunguguraken?”*

*“Jane dereng kula ajeng-ajeng, ning lajeng keprojolan . . . kok, Bu . . .”*  
mriplate Fensi prembung luhe mambek. (232)

Sikep swalikipun, inggih menika saged njagi hawa nepsu dipuntedahaken lumantar paraga Bayu. Nalika Bayu sakit lajeng kedah nyipeng ing dalemipun Fensi, Fensi ngajak Bayu kangege tilem sesarengan saha tumindak kadya dene tiyang ingkang sampun palakrama. Bayu tegas nulak kekajenganipun Fensi menika. Bayu nulak amargi kekalihipun pancen dereng resmi, pramila boten kenging ngleksanani tumindak ingkang kados makaten. Babagan menika saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*“Mengko sabubare aku matur Bapak, aku banjur ngancani Bayu bubuk ana kene. Banjur . . . katresnan dhewe sing salawase iki mung winates banget bakal disok bebarengan ngantin teka puncak, mengko bengi.”*

*“Aja dhisik, Fen. Awake dhewe durung resmi.”* (231)

Sikep saged njagi hawa nepsu ugi dipuntedahaken Bayu nalika piyambakipun negasaken dhumateng Bu Esti, bidan ingkang dipunsuwun Fensi

kangge ngguguraken janin ing kandhutanipun. Bu Esti nginten bilih Bayu ingkang sampun damel Fensi ngandhut, lajeng Bayu matur dhumateng Bu Esti bilih Bayu dereng nate sesambetan kaliyan Fensi ngantos nglangkungi watesan tiyang pacaran. Babagan menika saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*“Saestu, Bu, dipunseksani bumi langit kula dereng nate sesambetan kalihan pacar kula ngantos nglangkusi wates pacaran.”* (234)

Tumindak ingkang dipuntindakaken dening Bu Tiin saha Fensi menika boten sae, amargi saben manungsa kedah saged njagi hawa nepsunipun, supados boten keblinger ing tumindak ingkang nglangkusi wates, ingkang saged damel rugi dhateng dhirinipun pribadhi, menapa dene kados tumindak selingkuh ngantos ngandhut. Menapa malih tumraping tiyang bebrayan, tumindak menika sampun nglanggar paugeran utawi *etika* ing ukum palakrama.

## 2) Ampun tindak sedheng supados gesang bebrayan boten congkrah

Tumrap tiyang ingkang sampun bebrayan, kasetyan menika dados babagan ingkang prelu sanget dipunjagi kagem mbina bale semah ingkang *harmonis*. Bilih wonten satunggaling sisihan ingkang boten saged njagi kasetyan, lajeng tumindak culika kados dene tindak sedheng, menika saged ndadosaken gesangipun congkrah.

Tuindak sedheng ingkang saged ndadosaken gesang bebrayan congkrah dipuntehaken lumantar paraga Bu Tiin. Paraga Bu Tiin wonten ing mriki boten nate pikantuk kemareman saking Pak Rahman garwanipun, lajeng pados kemareman kaliyan priya sanes. Tindak sedhengipun Bu Tiin wiwit dipuncubriya dening Bayu larenipun. Sikepipun Bu Tiin malih *sensitif* amargi sampun dipuncubriya selingkuh. Nalika Bayu nyuwun pirsa dhumateng Bu Tiin, Bu Tiin

boten saged nampi tetembungan Bayu lajeng paben dhumateng Bayu. Babagan kasebat saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*“Aja ngece! Kowe arep melu sujana kaya bapakmu, ya?!” tembunge atos krasa yen atine runtik wis tatu perihen. (200)*

*Biasane ibune ora tau kawetu tembunge sing nglarani ati sing kaya ngono mau. Yen ditakoni wangslane kepenak. Kuwi dhek biyen, pikirane Bayu mblayang menyang dina kepungkur. Ibune pikirane isih biru durung kecoretan mendhung ireng. Sajake dina kuwi ana mendhung angendanu sing lagi mentiyung ing langite ibune. (201)*

Ing pungkasanipun Bu Tiin blaka kaliyan Pak Rahman bilih piyambakipun sampun ngandhut saking asil sesambutan kaliyan priya sanes. Ing mriku ndadosaken gesang kulawarga menika sami congkrah. Bu Tiin lajeng paben kaliyan Pak Rahman. Babagan kasebat saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*“Apa Mas duka? Aku iki serius” panyawange Bu Tiin sinartan esem manis. “Awake dhewe iki bakal duwe turun, Mas. Turun sing bakal nyambung gener sine dhewe.”*

*“Ning aku emoh yen duwe anak olehmu laku sedheng!”*

*“Kuwi luwih becik, Mas, tinimbang ngenteni sampeyan ora bisa gawe senenge wong wadon. Yen aku duwe anak, uripku bakal ana sing ngopeni. Yen ora? Arep melu sapa!?” (221)*

Nalika paben kaliyan Pak Rahman, Bu Tiin ugi ngatutaken Bayu. Bu Tiin kados boten saged nampi Bayu amargi Bayu lare kowar. Pak Rahman boten trima kaliyan ngendikanipun Bu Tiin. Pak Rahman mbelani Bayu, amargi Bayu sejatosipun kagungan bapak. Pak Rahman ugi ngandharaken bilih tiyang kados dene Bu Tiin menika langkung sae dipunasta ing pengadilan. Babagan kasebat saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*“Pancen tugas saka studine, yen rampung rak ya mulih,” tembunge wis padha gotok lan catase. Swarane banter nggebrak ruwang mangan kuwi. “Saiki kowe ngakua wae, kowe wis laku sedheng karo sapa? He ?”*

*“Apa yen aku ngaku sampean bakal ngaku bayi ing njero wetengku iki?”  
Wong wadon kuwi setengah nari.*

*“Kanggo apa ngakoni anake wong laku sedheng, dadia anak, anak kowar!”*

*“Tinimbang mpu anak, ya anak kowar!”*

*“Ora! Bayu dudu anak kowar! Bayu duwe bapak sung gelem ngaku anak!”*

*“Bapak tukon?”*

*“Dudu! Bapak sing mijeni simboke Bayu.”*

*“Sapa?”*

*“Ora bakal takkandhakake marang wong wadon kiyanat! Wong wadon kaya kowe kudu diajokne menyang pengadilan!” (222)*

Data-data nginggil nedahaken bilih salingkuh menika saged ndadosaken gesang bebrayan antawisipun ibu kaliyan lare sami congkrah. Bayu ingkang lajeng cubriya dhumateng Bu Tiin ibunipun, asring dipundukani Bu Tiin amargi Bu Tiin boten kersa dipuntuduh selingkuh. Makaten ugi gesangipun kaliyan garwanipun piyambak dados congkrah. Kados Pak Rahman tamtunipun duka saha boten saged nampi bilih garwa ingkang salami menika dipuntresnani sampun tumindak culika kanthi tindak sedheng ngantos ngandhut kaliyan priya sanes.

Amanat ingkang saged dipendhet saking kadadosan menika inggih tumraping tiyang ingkang sampun bebrayan utawi palakrama kedah saged njagi kasetyan. Kaestyan prelu dipunjagi dhumateng sisihanipun, supados gesang bebrayan saged mlampah sae, *harmonis* saha sami saged njagi tumindakipun piyambak-piyambak.

3) Dipunbetahaken upaya ageng kangege mungkasi prakawis ing gesang bebrayan

Nalika nglampahi gesang bebrayan, tamtunipun wonten prakawis-prakawis alit menapa dene ageng ingkang dipunalami dening satunggaling

kulawarga. Wonten kathah sebab ingkang saged njalari wontenipun prakawis ing satunggaling kulawarga. Tamtunipun dipunbetahaken upaya ageng kangge mungkasi prakawis menika.

Kados upaya ingkang dipunlampahi paraga Bayu nalika piyambakipun ngadhepi maneka prakawis ingkang nggebengi gesangipun. Prakawis sapisan menika mangretos bilih ibunipun kandhung rumiyin seda amargi dipunpaeka tiyang sanes. Bayu terus ngupaya tanpa *putus asa* kangge madosi larah-larahipun tiyang ingkang sampun damel ibunipun seda kanthi cara nglalu. Babagan menika saged dipuntingali ing data-data ngandhap menika.

*Rasa bingunge Bayu kalindhuh rasa pengin weruh kepriye larah-larahe nganti biyunge tinggal ora sabaene. Saupama dipaeka wong liya, dheweke kudu nggoleki nganti teka leng tengu.* (211)

*Bayu angles, lungguh ing gegodhongangaring sangisore wit pete sing bendule pating grandhul. Ambegan landhung, atine rada kuciwa. Nanging dheweke ora bakal pasrah sadurunge wong lanang kuwi crita perkara sing kudu diweruhi. Crita sing kena kanggo pathokan uripe. Crita kanggo mlangkah urip candhake.* (212)

Kejawi terus ngupaya kangge mungkasi prakawis ngengingi sedanipun ibunipun, Bayu ugi ngasah jurus-jurus kangge ngendelaken kekiyatana supados saged ngadhepi mengsahipun bilih sawayah-wayah badhe nyilakani Bayu. Babagan menika saged dipuntingali ing data-data ngandhap menika.

*Ing papan kuwi dheweke ngasah jurus-jurus kabisane sing wis ditimba ing perguruane. Jurus mbaka jurus dipraktekne tanpa kakehan tetimbangan, sawise jurus-jurus kuwi urut banjur dikombinasi nganti awake lempe-lempo.* (223)

Kejawi upaya-upaya menika, Bayu ugi ngupaya kangge mungkasi prakawisipun kaliyan kulawarganipun. Bayu kedah saged madosi priya ingkang sampun damel Bu Tiin ngandhut, supados piyambakipun boten dados sasaran

panutuh dening Pak Rahman bapakipun. Bayu lajeng paring pesen dhumateng Aswan kancanipun, bilih Bayu boten saged kepanggih Pak Rahman, Bayu nyuwun supados Aswan ingkang ngaturaken bilih ingkang damel Bu Tiin ngandhut menika Diro. Babagan menika saged dipuntingali ing ngandhap menika.

*“Ora, Wan. Bebudene mung atungtum njiret aku. Senajan aku dadi buron sing kapindho aku luwih becik nyawaku sing oncat, tinimbang rajut benang ireng njiret uripku. Awit aku iki sabenere bocah kowar sing kelangan simbok merga bapakku mung tukon. Nganti saiki aku durung weruh sapa bapakku kang sejati. Aku dhewe durung bisa ngrantas benang ireng ing uripku. Mulane yen aku ngerti, aja nganti kejiret rajut benang ireng maneh. Yen aku ora bisa nggoleki bapakku sing sejati, aku mung ngincim manungsa sing ngracuni simbokku. Bubar kuwi, Wan, sapa sing arep ngalap nyawaku bakal takpasrahake. Sadurunge aku mati, Wan, yen kepethuk bapakku, Pak Rahman, kandhakna yen sing ngidak-idak kehormatane keluargane ora liya Diro kaya sing dicritakne pemudha ing tengah alas jati mau. Awit aku ditudhuh wis sesambungan karo ibu, ya Bu Tiin” (235)*

Bayu ugi kedah nyinkiraken tiyang-tiyang ingkang sampun ngrebut perkebunan. Kaleres ingkang ngrebut perkebunan menika boten sanes Dul Komar, bapakipun Diro, tiyang ingkang tindak sedheng kaliyan Bu Tiin. Dul Komar menika ugi dados tiyang ingkang rumiyin sampun damel ibu kandhungipun Bayu seda. Bayu ngupaya kanthi maneka rekada saha nyuwun pambiyantu dhumateng para karyawan perkebunan kangge nglawan mengsaipun menika. Babagan menika saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*“Mulane dina iki andum gawe, ayo padha tindak culika ngelongi balane Dul Komar sing padha saba banjur dibanda ing tengah kebun. Mengko bubar srengenge angslup ayo rame-rame nyerbu pabrik lan omahe andhahane Dul Komar. Dene saiki tumindak sesidheman, aja nganti konangan luwih dhisik.” (241)*

Ing pungkasanipun, Bayu kasil anggenipun nglawan bala-balnipun Dul Komar. Bayu piyambak saged males dhendhamipun dhumateng tiyang ingkang

sampun mejahi Sumarti ibunipun, ingkang boten sanes Dul Komar menika. Bayu kasil ngalahaken Dul Komar kanthi kekiyatanipun. Babagan menika saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*“Dul Komar! Biyen kowe gelem ngaku anak marang aku merga bandhane simbokku, bareng simbokku Sumarti wis mlarat kok racun. Saiki aku arep nebus njaluk ganti nyawane simbokku. Yen nyawamu rung dikirim nyang akherat, kesumatku isih thukul tumaruntun.”* (243)

*Arep mlayu maju, Bayu wis mbabitake kayune kopi. Dhagh! Uwange didhangakne nganggo kayu kopi. Sirahe ndheglak banjur nggeblak. Tiba gumrebug kaya nangka bosok.* (244)

Saking data-data ing nginggil katingal upayanipun Bayu cekap ageng kange mungkasi prakawis ingkang ngrerujit piyambakipun saha gesang kulawarganipun. Amanat ingkang saged dipunpendhet saking andharan menika inggih tumrap tiyang bebrayan ingkang nembe ngadhepi prakawis, kedah wonten upaya ageng saha wantun mbuktekaken kasunyatan. Anggenipun ngupaya ugi kanthi raos wantun saha tanpa *putus asa* supados saged mungkasi prakawisipun saha saged mangsulaken kawontenan gesang bebrayan ing kaanan langkung sae.

#### 4) Katresnan tiyang sepuh

Saben manungsa dipunparangi Gusti mawi raos tresna. Kados dene tiyang sepuh, tamtunipun nggadhahi raos katresnan tumrap larenipun. Katresnan tiyang sepuh wonten ing novel menika dipuntedahaken lumantar paraga Pak Rahman saha Bu Tiin minangka paklik saha bulikipun Bayu, ingkang lajeng mupu Bayu dados larenipun. Babagan menika saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*“Wis, Le, aja nangis maneh. Kowe melua aku lan aku bakal ngaku anak marang kowe. Wis manuta aku. Bulikmu ya wis kepiyer pengen duwe anak.”* (190)

*“Wiwit wengi iki kowe dadi anakku. Kowe ora ngundang aku Bulik Tiin maneh, nanging ibu. Ngono ya?” (191)*

Sinaosa bapak sambung, Pak Rahman sanget nresnani Bayu kadya dene larenipun piyambak. Babagan menikadipunjalari amargi Pak Rahman saha Bu Tiin pancen dereng kagungan lare. Pramila inggih namung Bayu ingkang saged dipunrimat, dipunsekolahaken saha dipunwragati ngantos kuliah. Babagan menika saged dipuntingali ing data-data ngandhap menika.

*Paklike sing dianggep bapake tansah njurung supaya enggal tamat kuliah, Bayu dhewe uga kepengin enggal tamat. Enggal metu saka urip kang tansah kasiksa, amarga melu wong liya. Senajan sembarang kalir diwenehi, nanging atine brontak. Rumangsa beda urip melu wong tuwa dhewe karo urip melu paklik sing gatine malah ngungkuli wong tuwane dhewe. (194)*

*“Kowe wis gedhe, Yu,” kandhane. Paklikmu sing wis kok aku bapak pancen wonge sabar lan becik banget bebudene. Kowe diragati nganti semene gedhene. (210)*

Saking sikepipun Pak Rahman dhumateng Bayu menika saged dipunpendhet amanat bilih katresnan tiyang sepuh menika boten nate kedah saking tiyang sepuh kandhung. Tiyang sanes ugi saged nggadhahi katresnan dhumateng lare kadya dene katresnan saking bapak kandhung. Malah katresnan menika saged ngungkuli katresnan bapak kandhungipun piyambak. Pramila sampun ngantos kita damel cuwa dhumateng tiyang sepuh ingkang sampun ngrimat kita kanthi katresnan ingkang linuwih.

##### 5) Sedheng tumindak ingkang boten sae menapa mawon sebabipun

Tumraping tiyang ingkang sampun bebrayan utawi palakrama, kathah prakawis-prakawis ingkang asring dipunpanggihi, inggih prakawis alit menapa ageng. Sedaya prakawis ingkang dipunadhepi menika kedahipun dipunrembag

sesarengan rumiyin, boten lajeng namung mburu nepsu kangege nuruti kekajenganipun. Kados dene manawi ing satunggaling kulawarga, dangu dereng dipunparingi momongan, mbokbilih wonten satunggal sisihan ingkang lajeng rumaos kirang puas, pramila pados kemareman kaliyan tiyang sanes. Tumindak kados makaten menika kalebet tumindak boten sae, amargi minangka tumindak khianat sampun tindak sedheng kaliyan tiyang sanes.

Tumindak boten sae kanthi sedheng menika dipuntehaken lumantar paraga Bu Tiin. Bu Tiin kaliyan Pak Rahman sampun dangu boten dipunparingi momongan. Bayu ingkang sampun rumaos cubriya bilih ibunipun tindak sedheng, lajeng nyuwun pirsa dhumateng bidan Esti. Saking bidan Esti Bayu nampi katrangan bilih tumraping tiyang ingkang sampun palakrama dangu ananging dereng dipunparingi momongan, menika saged ndadosaken salah satunggaling kirang puas. Babagan menika saged dipuntingali ing data-data ing ngandhap menika.

*“Nanging ya ora ana alane yen slirane kudu ngati-ati, amarga antarane ibumu lan bapakmu wong jejodhoan sing nganti saiki durung diparingi momongan. Mesthine ana salah sijine wong tuwamu sing ora puas, kuwi salah sijine alternatif, nanging kuwi isih durung mesthi benere.”* (199)

Pranyata Pak Rahman menika gadhah sakit *impoten*, pramila boten nate saged damel maremipun Bu Tiin saha boten saged maringi keturunan. Awit saking menika Bu Tiin lajeng pados kemareman ing papan sanes, kaliyan priya sanes. Babagan menika saged dipuntingali ing data-data ing ngandhap menika.

*“Bojoku impoten,” tembunge isih nglangut. “Mulane aku golek kepuasan ing papan kaya ngene. Saupama bojoku ora kaya ngono aku ra bakal nglakoni tindak kaya ngene iki.”* (218)

*“Yen wong lanang ora bisa mijeni kuwi sing luput dudu wong wadon Mbak. Wong lanang kena diluputne. Apa pawadane kanggo mbela dhiri pribadine.”* (219)

Saking data-data nginggil saged dipunpendhet amanat bilih selingkuh menika tumindak ingkang boten sae, menapa mawon sebabipun. Tumraping tiyang bebrayan, bilih wonten ingkang rumaos kirang, saged dipunrembag saha dipunupayakaken sesarengan. Boten malah lajeng tidak sedheng kaliyan tiyang sanes. Nyeleweng kanthi tindak sedheng sanes *solusi* kangege prakawis menika. Sedaya prakawis saged dipunrembag saha dipunpadosi *jalan keluar-ipun* sesarengan. Bilih namung badhe mburu hawa nepsu lajeng tindak sedheng, kangege madosi kemareman dhirinipun piyambak menika tamtu tumindak ingkang nglanggar *norma, etika* saha ukum ing palakrama, saengga tumindak menika boten dipunkeparengaken sanget.

#### 6) Wonten ing gesang bebrayan dipunbetahaken sikep jujur

Saben tiyang kedah nggadhahi sikep saha watak jujur, ateges boten nutupi babagan ingkang nyata. Kados dene ing gesang bebrayan, sikep jujur menika ugi dados babagan ingkang utama. Supados boten wonten prakawis sanes ingkang langkung ageng ingkang lajeng nggebengi gesang kita.

Sikep jujur wonten ing novel menika dipuntedahaken lumantar paraga Bayu saha Pak Rahman. Ing wiwitanipun Bayu dora kaliyan Pak Rahman bapakipun ngengingi kekajenganipun badhe panaliten skripsi, pramila tirah saking dalemipun. Bayu boten prasaja dhumateng Pak Rahman bilih sejatosipun piyambakipun tirah amargi ajrih kaliyan ibunipun. Babagan menika saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*“Karepmu? Kowe ora mulih?”*

*“Inggih, Pak.”*

*“Yen ibumu nakokne?”*

*“Panjenengan aturaken bilih kula saweg penelitian kangge njangkepi skripsi, ngaten kemawon.”* (217)

Amargi doranipun menika, ndadosaken Pak Rahman *salah paham* kaliyan Bayu. Pak Rahman pitados kaliyan fitnahipun Bu Tiin bilih Bayu ingkang sampun mijeni Bu Tiin. Pak Rahman lajeng gadhah pamanggih bilih Bayu ingkang sampun damel Bu Tiin ngandhut. Bayu nulak panutuhipun Pak Rahman, lajeng prasaja bilih sanes Bayu ingkang sampun mijeni Bu Tiin. Babagan menika saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*“Ora, aku ora bakal ngukum wong liya tanpa bukti sing otentik, Bayu. Yen kowe pancen ora nglakoni kowe kudu nuduhne buktine. Ning yen pancen sing mijeni ibumu kowe, aku ora bakal suwala bocah ing kandhutane ibumu bakal takaku anak lan kowe kudu gelem ngaku adhik yen mbesuk wis lair.”*

*“Mboten! Bilih calon bayi wonten madharane ibu panjenengan akoni sumangga, nanging menika sanes kula ingkang mijeni! Sanes kula! Tinimbang kula kapurih ngakoni tindak ingkang mboten kula lampahi langkung sae kula pejah!”* (226)

Ing pungkasnipun Bayu prasaja ngendikakaken kasunyatanipun bilih tirahipun saking dalem menika amargi raos ajrih dhumateng ibunipun. Bayu ajrih bilih sawayah-wayah dipuntagih ngladosi hawa nepsunipun keng ibu. Kejawi menika, Bayu ugi nedahaken alesanipun bilih Bayu boten prasaja wiwit awal amargi ajrih bilih Pak Rahman kaliyan Bu Tiin lajeng bengkrik amargi Bayu. Babagan menika saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*“Bapak, kula akeni pancen kula lepat, mboten blaka dhumateng Bapak amargi kula tirah wonten mriki. Sejatosipun kula pancen ajrih dhumateng ibu. Mboten perkawis menika, ning . . . ning . . .”*

*“Ning, apa?!”* Pak Rahman mencereng.

*“Kula badhe blaka ajrih bilih mangke bapak kaliyan ibu lajeng bengkrik bengkerengan namung margi kula.”* (228)

*“Kados kula matur rumiyin, bilih kula asring kapurih ngeterake ibu tindak salon. Ing dinten pungkasan kula dipunapusi, dhawuhipun ibu kula badhe dipunajak madosi kanca ingkang nyipeng wonten losmen..,” Bayu nerusake crito lelakone ing njero losmen. “Wekasanipun ibu kula semadosi. Pramila kula ajrih kaliyan Ibu bilih semaya kula kula menika dipuntagih.” (229)*

Sikep jujur ugi dipuntehaken dening Pak Rahman. Sasampunipun Bu Tiin pejah, Pak Rahman lajeng prasaja dhumateng Bayu, bilih Pak Rahman ingkang salami menika dipunmangretosi minangka paklikipun ingkang dados bapak angkat Bayu, nyatanipun Pak Rahman bapak kandhungipun Bayu. Pak Rahman lajeng nyariyosaken larah-larahipun kadospundi Bayu saged lair. Babagan menika saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*“Ora Bayu! Kowe kuwi anakku, Bayu! Aku iki bapakmu sing sejati, aku bapakmu sing mijeni simbokmu.” (245)*

*“Simbokmu karo aku ki jane tunggal bapak seja ibu. Aku karo simbokmu banjur padha tresnane, bareng matur wong tuwa aku ora dikeparengake. Banjur ibumu tak wijeni dhisik kanggo nelukake wong tuwaku, jebul tetep ora oleh gawe. Malah simbokmu ditukokake sisihan. Prasetyaku wis emoh duwe anak maneh, nyatane aku rumangsa dosa gawe sengsaane simbokmu. Aku mara menyang dhukun supaya aku ora duwe gairah meneh . . . mulane ya mung kowe, Yuu, anakku sing bisa tak kudang-kudang . . .” (246)*

Saking data-data nginggil saged dipunpendhet amanat bilih tumrap gesang bebrayan, sikep jujur menika dipunbetahaken. Kados dene Bayu minangka lare ingkang nembe ngadhepi prakawis kaliyan tiyang sepuhipun, kedah ngutamakaken sikep jujur supados prakawis ingkang dipunadhepi boten langkung ndadra. Kita minangka manungsa boten kenging lajeng ngendha saking prakawis kanthi dora, amargi dora menika boten saged mungkasi prakawis, ananging malah nambah prakawis. Langkung sae bilih ngendika ingkang jujur saha ngrembag

prakawis ingkang wonten kanthi alus. Nyingidaken kasunyatan menika ugi boten sae. Saenipun kita tansah blaka, jujur ngandharaken kasunyatan kados dene ingkang dipunlampahi Pak Rahman.

7) Purik dereng tamtu saged mungkasi prakawis bebrayan

Tiyang ingkang nembe ngadhepi prakawis, kados tumrap tiyang bebrayan asring mendhet cara purik kangge medal saking prakawis menika. Ananging sejatosipun, cara purik menika dereng saged mungkasi prakawis ingkang dipunadhepi. Mbokmanawi purik menika namung saged kangge ngendhani prakawis ingkang dipunadhepi.

Amanat ngengingi purik ingkang dereng tamtu saged mungkasi prakawis bebrayan dipuntehaken lumantar paraga Bayu. Nalika ngadhepi prakawis kedah ngladosi nepsunipun keng ibu, Bayu mendhet lampah purik, inggih kesah saking dalem tiyang sepuhipun menika. Babagan menika katingal ing data ngandhap menika.

*Nalika lagi sabunan banjur tuwuh pepinginan oncat saka omah kuwi wae tinimbang kudu nglakoni tindak siji kuwi karo ibune dhewe. (208)*

Kesahipun Bayu menika dereng saged mungkasi prakawis. Amargi sasampunipun Bayu purik, malah ndadosaken sesambutan kaliyan bapakipun langkung bengkrik. Bu Tiin paring fitnah bilih Bayu ingkang sampun mijeni Bu Tiin. Pak Rahman dados salah paham dhumateng Bayu, amargi nggadhahi pamanggih bilih kesahipun Bayu menika kangge ngendhani kaluputanipun. Pak Rahman lajeng paben kaliyan Bayu, pramila kekalihipun sami congkrah. Babagan menika katingal ing data-data ngandhap menika.

*Pak Rahman ngadeg. Plak! Plak!*

*Bayu kaget. Pipine kiwa tengen krasa panas, nanging dheweke ora wani males, mung nyawang Pak Rahman tanpa ngerti sing dikarepake.*

*“Menapa lepat kula Pak?” pitakone groyok.*

*“Kowe ora wani nyawang aku, ateges kowe duwe kaluputan,” tembungue sinambi mapan lungguh.*

*“Kula boten mangretos kersanipun Bapak.” Bayu nyawang bapake.*

*“Alasanmu manggon ana perkebunan iki mung alesan kanggo ngendhani keluputanmu, iya, ta?!” (224)*

*“Bayu ko . . . we ora perlu wedi karo aku apadene ibumu. Aku ora bakal nyereg kowe kudu tanggungjawab, Le. Kowe ya aja wedi karo ibumu. Pancen bapakmu iki wong lanang sing ora nglanangi, Yu. Mulane ibumu ora duwe kemareman. Njur . . . njur yen pancen ibumu sing mbobot kowe sing mijeni. . . bakal takaku anakku . . .” (225)*

Saking kadadosan ingkang dipunalami Bayu menika saged dipunpendhet amanat bilih cara purik menika dereng tamtu saged mungkasi prakawis bebrayan.

Bilih wonten prakawis, langkung sae bilih dipuncariyosaken rumiyin, lajeng dipunrembag sesarengan kangege madosi *jalan keluar*. Boten malah purik kangege ngendha saking prakawis. Amargi purik menika malah saged ngedalaken prakawis-prakawis enggal, kados ingkang dipunalami dening paraga Bayu. Pramila saderengipun nglampahi satunggaling tumindak, kita kedah menggalih saestu, supados boten malah nambah prakawis ingkang langkung awrat ing tembenipun.

#### 8) Njagi tumindak saha ngurmati asma tiyang sepuh

Amanat ngenggingi njagi tumindak saha ngurmati asma tiyang sepuh dipuntehaken dening Bayu. Bayu dipundhawuhi ibunipun kangege ngladosi nepsunipun, kadya dene tumindak tumrap tiyang ingkang sampun palakrama. Bayu nulak dhawuh ibunipun amargi rasa kurmatipun. Bayu boten saged ngladosi wanita ingkang sampun dipunanggep ibunipun. Babagan menika saged dipuntingali ing nomer data ngandhap menika.

*Bayu perasaane ora bisa diapusi. Rasa hormat, lan ana tembok sing ngadeg jejeg ing atine. Atine ora bisa kanggo ngladeni wanita sing wis dianggep ibune kuwi. Senajan Bu Tiin terus ngrangsang sing terus ditampik Bayu nganggo tangane.* (204)

Bayu terus nulak dhawuhipun Bu Tiin. Sinaosa Bu Tiin terus ngrangsang Bayu, Bayu ugi terus nampik ngginakaken tanganipun. Bayu boten kepengin dados lare ingkang duraka. Bayu kepengin njagi santosa ing kulawarganipun. Bayu nulak menika amargi menika wewaler ingkang boten kenging dipunlampahi Bayu. Babagan menika saged dipuntingali ing nomer data-data ngandhap menika.

*“Ibuuu,” ora krasa luhe Bayu ndlewer ing pipine. “Bilih ingkang setunggal menika dados wewaler ingkang mboten wantun kula lampahi.”* (206)

*Atine Bayu sumedhot, disendhal perasaane sing trenyuh. Ibune mbutuhake banget, mangka Bapake ora bisa nyembadani. Ora! Ora! Dheweke dudu anak sing duraka! Dheweke rumangsa kudu wani njejegake martabat. Anak sing bisa njaga santosane rumah tanggane wong tuwane.* (207)

Sikep njagi tumindak saha asma tiyang sepuhipun ugi dipuntehaken Bayu dhumateng Pak Rahman bapakipun. Nalika Bayu mangretosi sinten sejatosipun dhirinipun, Pak Rahman paring wejangan supados Bayu saged nyelah tumindak ingkang lepat saha leres, supados boten damel kucem asma tiyang sepuhipun. Babagan menika saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*“Kowe wis gedhe, Yu, kowe mesthi wis bisa nyelah-nyelah endi sing lupiter lan endi sing bener. Kanggomu saiki ora perlu nerusake barang sing wis kadhung lupiter. Lan sing kadhung kelakon aja kok ungkikh-ungkikh malih.”* (214)

*“Siji sing tak jaluk, Bayu,” Pak Rahman nyedhak Bayu sing tansah ndhingkluk amarikelu. “Kowe kudu bisa njaga ajine awakmu dhewe. Aja nganti tumindak sing ora-ora sing bisa gawe kuceme jenenge bapakmu iki.”* (215)

Bayu nyembadani ngendikanipun Pak Rahman. Bayu prasetya bilih piyambakipun badhe njagi tumindakipun supados boten damel kuciwa dhumateng

bapakipun. Nyawa Bayu dados taruhan bilih Bayu boten badhe tumindak ingkang nistha. Babagan menika saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*“Kula janji, Bapak, nistha gesang kula menika mboten badhe kula tumpuki tumindak ingkang langkung nistha malih. Kula tega pecat nyawa kangge labuh labet dhumateng tiyang ingkang sampun kathah lelabetanipun dhumateng kula.”* (216)

Saking sikepipun Bayu dhumateng tiyang sepuhipun menika saged dipunpendhet amanat bilih minangka lare, kita kedah saged njagi tumindak kita kangge ngurmati asma tiyang sepuh. Kita kedah saged milah-milah tumindak pundi ingkang pareng dipunlampahi, saha tumindak ingkang boten prayogi dipunlampahi. Sinaosa tiyang sepuh ingkang ndhawuhi, bilih tumindak menika ala, kita gadhah hak kangge nulak tumindak menika, amargi lare menika ugi gadhah tanggel jawab kangge njagi sentosanipun kulawarga.

#### 9) Tulung tinulung tanpa pamrih

Wonten ing gesang menika, tiyang kedah sami tulung-tinulung dhumateng tiyang sanes ingkang nembe kasisahan. Tamtunipun anggenipun tulung tinulung menika kanthi raos ikhlas saha tanpa pamrih. Sikep kersa paring pitulungan tanpa pamrih dipunte dahaken dening Bayu. Nalika nitih sepedha motor kaliyan Fensi, ing margi Bayu nulungi tiyang kakung paruh baya ingkang nembe ngasta toya. Tiyang ingkang gadhah asma Pak Parmin menika kawontenanipun lemah amargi dereng sarapan. Bayu rumaos iba mirsani kawontenan Pak Parmin, lajeng paring pitulungan, ndhawuhi Fensi pados dhaharan saha unjukan kagem Pak Parmin. Babagan menika katingal ing data-data ngandhap menika.

*“Menika, Pak, ditedha rumiyin mangke menawi sampun kraos sehat kangge mikul malih, nggih.”*

*“Wuadhuu ngrepoti Nakmas. Matursuwun sanget lo, Nakmas Bayu. Mugi-mugi Gusti ingkang males. Awit kula tiyang alit sing boten drajat, tembung Pak Parmin sinambi nampani panganan kuwi. (192)*

Fensi boten pitados dhumateng tiyang sepuh ingkang bibar dipuntulungi.

Fensi nganggep Pak Parmin menika sami kaliyan tiyang-tiyang ngemis, ingkang asring dora, sengaja pados kawelasan. Bayu boten sarujuk kaliyan andharan Fensi, amargi tiyang menika sanes pengemis, ananging tiyang ingkang pancen mbetahaken pitulungan. Babagan menika saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*“Kuwi yen wong ngemis ta, Fen. Ning wong kae mau rak wong sing golek kayu kanggo adang, ning durung sarapan. Kuwi ora disengaja supaya diwenehi wong liya. Dheweke pancen butuh pitulungan. (193)*

Saking saperangan andharan nginggil saged kapethik amanat bilih tulung-tinulung ingkang sae menika tanpa pamrih. Kados dene ingkang dipuntindakaken Bayu, ingkang sampun mbiyantu Pak Parmin kanthi ikhlas tanpa nyuwun walesan menapa-menapa. Niyatipun Bayu mbiyantu Pak Parmin boten sanes namung kangge mbiyantu, amargi pancen Pak Parmin nembe mbetahaken pitulungan. Kejawi menika, pancen kodrat tiyang gesang menika kedah sami tulung-tinulung dhumateng tiyang sanes ingkang nembe kasisahan.

#### 10) Kasetyaning tresna

Amanat ngengingi kasetyaning tresna dipuntedahaken lumantar paraga Pak Rahman saha Bayu. Kalih paraga menika sami njagi kasetyanipun, boten nate tindak sedheng sinaosa sisihanipun sami tindak sedheng. Pak Rahman nedahaken raos setyanipun dhumateng Bu Padma sisihanipun, kanthi sikep saged nampi Bu Tiin menapa wontenipun. Bu Tiin wiwit malih sikepipun kanthi remen tindak

dhateng salon. Padahal Pak Rahman sampun saged nampi kawontenanipun Bu Tiin kados menapa kemawon, dipunibarataken mbokmanawi Bu Tiin boten siram satunggal taun, Pak Rahman tetep sayang kaliyan Bu Tiin. Babagan menika saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*“Bener, Yu. Ning sapa sing arep dipacaki, dipameri kecantikane? Aku, sanajan ibumu ora adus setaun, isih sayang ibumu.”* (203)

Sikep njagi kasetyan dhumateng tiyang ingkang dipuntresnani dipuntehaken ugi lumantar paraga Bayu, nalika Fensi pacanganipun selingkuh. Bayu dipungambaraken dados priya ingkang tetep njagi kasetyan tresnanipun. Bayu boten nate tindak sedheng kados pacanganipun. Nalika Bayu mangretosi Fensi sampun khianat, Bayu boten badhe males tumindak Fensi kanthi tumindak ingkang sami. Bayu mendhet keputusan badhe munggel sesambutan kaliyan Fensi, amargi Bayu rumaos kuciwa. Babagan menika saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*“Uwis, Wan! Wiwit dhetik iki Fensi dudu pacarku. Dheweke wis ngiyanati katresnanku. Wis masrahne barang pengajine marang wong liya!”* (236)

Saking data-data nginggil saged dipuntingali amanat ngengingi kasetyaning tresna lumantar paraga Pak Rahman saha Bayu. Kekalihipun dipungambaraken dados priya ingkang setya njagi katresnanipun, sinaosa kekalihipun ugi nate dipunkhiyanati dening sisihanipun kanthi tindak sedheng.

#### 11) Tansah konjuk sokur dhumateng Gusti

Wonten ing gesang, kathah *berkah* saha kabagan ingkang tansah dipunparingaken dening Gusti. *Berkah* ingkang alit menapa ageng, ingkang katon menapa boten, saha ingkang rinasa menapa dene boten rinasa, kedah kita sokuri

amargi menika peparingan saking Gusti. Amanat ngengingi tansah konjuk sokur dhumateng Gusti dipunte dahaken lumantar paraga Bayu, kados ing data ngandhap menika.

*Sinambi nglebokake mobil menyang garasi, Bayu ambegan landhung ngucap syukur marang Kang Murbeng Jagad dene dheweke kalis saka firasat ala-ne bapake. (198)*

Saking andharan menika katingal Gino ingkang atur panuwun dhumateng Gusti amargi sampun paring *berkah* kawilujengan, pramila nalika nitih mobilipun Bayu saha bapakipun saged kalis saking firasat ala bapakipun. Minangka titahing Gusti, kita kedah tansah konjuk sokur amargi tansah dipunparangi kawilujengan saking Gusti.

## 12) Nggadhahi sikep pasrah saha sabar nalika nampi pacoban

Saben manungsa tamtunipun sampun nate ngalami pacoban ing gesangipun. Dipunbetahaken sikep sabar saha pasrah nalika nampi pacoban, supados saged rumaos langkung entheng kangge nglampahi gesang menika. Sikep pasrah saha sabar nalika nampi pacoban menika dipunte dahaken lumantar paraga Bayu saha Pak Bani. Bayu langkung nengenaken sikep sabar saha pasrah anggenipun nampi takdiripun minangka lare pupon. Bayu pasrah menapa benjang perkebunan badhe dipunwarisaken dhumateng piyambakipun menapa boten. Babagan menika saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*“Jatosipun nggih ngaten. Ning kados kula niki rak namung yoga pupon. Kula minder, napa nggih mbenjang perkebunan niki dipunwarisaken dhumateng kula. Mangka pikiran kula menika mbokbilih saget, kula mboten njagakaken warisan, sageta pados piyambak. Najan sakedhik bilih asil kringet kula piyambak badhe kraos tentrem boten badhe wonten tiyang ingkang wantun ngungkikh-ungkikh malih.” (196)*

*“Duka mbenjang. Samenika kula taksih mikir kahanan kula piyambak. Mbenjang kula namung badhe nampi takdir menika badhe kadospundi,” Bayu pasrah. (197)*

. Sikep pasrah saha sabar ugi dipuntedahaken dening Pak Bani, nalika nampi pacoban bilih gadhah wayah ingkang kirang sampurna. Pak Bani tetep nampi wayah menika saha nglebetaken wayahipun ing sekolah SLB, supados tambah kapinteranipun. Pak Bani tetep nampi wayah menika amargi menika ugi pinaringan saking Gusti Kang Murbeng Jagad. Babagan menika saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*“Samenika lare menika wonten pundi?”*

*“Sekolah ana es-el-be. Yaah, mbok menawa tambah kepinterane. Arep kepriye maneh, pancen pawewehe Gusti Kang Murbeng Jagad kaya ngono,” wong lanang kuwi pasrah. (213)*

Saking andharan nginggil katingal bilih Bayu saha Pak Bani saged nampi pacoban kanthi legawa saha ikhlas. Kekalihipun sami pasrah dhumateng Gusti amargi nggadhahi kapitadosan bilih gesangipun menika sampun dipunatur dening Gusti, pramila minangka titath namung saged nglampahi saha nampi takdir ingkang sampun pinesthi saking Gusti.

### 13) Manungsa boten kenging srakah

Manungsa ing lampahing gesang menika boten kenging nggadhahi sikep utawi watak srakah, amargi tumindak menika boten prayogi saha saged damel rugi tumrap dhirinipun piyambak utawi tiyang sanes. Tembung srakah menika tegesipun kumudu-kudu oleh akeh utawi murka.

Sikep boten prayogi inggih srakah dipundetadahken lumantar paraga Bu Tiin saha Dul Komar. Bu Tiin ngrebut panguwasa perkebunan saking Pak

Rahman, lajeng ngandhapaken upah para pegawe. Babagan menika saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*“Sing mecat Bapak, ta, Pak?”*

*“Dudu, Jare Pak Rahman tindak menyang Jakarta, kondure ora kena dipesthekne. Lha saiki sing nyekel kebun keng ibu. Aku ditari didadekne karyawan tetap biasa, banjur pimpinan wis diganti. Jare kebun rada bangkrut, banjur upah karyawan diudhune telung puluh persen. Aku luwih becik metu wae, nyatane yen emoh dadi karyawan biasa aku diancam dipecat, kok.”* (238)

. Bu Tiin saha Dul Komar *kerjasama* namung nengenaken kekajengan kangge pikantuk asil kathah, ngantos tegel badhe nyingkiraken Pak Rahman saha Bayu kanthi cara ingkang kejem. Bu Tiin kaliyan Dul Komar namung kepengin ngrebut panguwasa, pramila badhe ngalap nyawa Bayu saha badhe ngrebut perkebunan menika saking Pak Rahman. Babagan menika saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*“Bener, Pak. Wong-wong kuwi wis ngoyak, ngrampok nyawane Bayu. Kapindho ngrayah panguwasane perkebunan.”* (239)

*“Iya. Jebul Dul Komar lan Bu Tiin mung pengin ngrebut pangguwasa. Wong-wong kae ngrampok!”* (240)

Data-data nginggil nedahaken amanat bilih cara ingkang dipunlampahi Bu Tiin menika kalebet srakah, cara ingkang boten sae. Upaya kanthi *menghalalkan* segala cara, menika ateges namung kangge mburu kekajengan saha *ambisi* piyambakipun. Menapa malih ngantos tegel tumindak kejem badhe mejahi larenipun. Nggayuh kekajengan kanthi cara ingkang boten sae, menika namung badhe damel rugi kita piyambak saha tiyang sanes. Pramila saderengipun mendhet lampah, kita kedah ngatos-atos saha menggalih sanget supados boten damel rugi dhumateng tiyang sanes.

14) Tiyang ingkang tumindak boten sae bakal nampi pinwales

Saben tiyang kedah ngatos-atos anggenipun tumindak. Bilih tiyang nggadhahi tumindak ingkang boten sae, menika saged damel rugi dhumateng dhirinipun utawi malah dhumateng tiyang sanes. Ing tembenipun, tiyang menika bakal pikantuk piwales, bakal ngundhuh asil tumindakipun piyamak.

Babagan menika dipuntedahaken lumantar paraga Bu Tiin. Bu Tiin rumaos kuciwa dhumateng Bayu amargi boten purun ngladosi kekajenganipun. Pramila Bayu lajeng badhe dipunpejahi dening Bu Tiin. Bu Tiin ndhawuhi Diro kanca sedhengipun, kangge ngalap nyawanipun Bayu. Babagan menika saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*“Kowe tepung Bayu?” pitakone Bu Tiin  
 “Bayu anak sampeyan? eneng apa?”  
 “Iya. Singkirna bocah kuwi, yen perlu patenana.” (227)*

Kejot manahipun Aswan nalika mangretos bilih ingkang badhe mejahi Bayu menika ibunipun piyambak. Bayu ngleresaken ngendikanipun Aswan. Bayu pancep sampun cubriya kaliyan ibunipun amargi Diro minangka kanca sedheng ibunipun piyambak ingkang badhe mejahi Bayu. Babagan menika saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*“Tiin ?” Aswan njomblak. “Bayu sing ngalap nyawamu ibumu dhewe.  
 Apa bener?”  
 “Ora luput kaya critaku biyen,” wangslane Bayu. “Mesthine, ya, Diro  
 kuwi sing jaka simpenane ibu, nganti ibu mbobot.” (233)*

Boten namung cekap badhe mejahi Bayu, Bu Tiin ugi *memperalat* Pak Rahman, garwanipun piyambak. Bayu rumaos mesakaken saha eman dhumateng Pak Rahman. Bayu boten saged kepanggih Pak Rahman, amargi Pak Rahman

dipuntawan saha dipunsekap ing salebeting pabrik dening Bu Tiin. Babagan menika saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*“Aku welas marang bapak, Dheweke wiwit diperalat ibu,” kandhane Bayu nelangsa. (237)*

Tumindak Bu Tiin menika sampun nglangkungi wates kamanungsan. Pranyata ing pungkasanipun Bu Tiin nampi piwalesipun. Bu Tiin seda, dipunpejahi dening gendhakanipun piyambak. Babagan menika saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*Bebarengan lawang dibukak, Uaaa! Jerite Bu Tiin. Bayu kaget, mriplate sing pendiringan mencolot tumuju ruwang jembar kuwi. Mriplate Bayu mlolo, nalika weruh Bu Tiin sing katindhih nom-noman brewok sing nyekel glathi godres getih. (242)*

*“Ibu malah seda dipunpejahi gendhakanipun piyambak, kula seksine.” “Dhuh Gustiii....,” Pak Rahman ngelus dhadha weruh Bu Tiin mlumah adus getih kuwi. (247)*

Saking kadadosan ingkang dipunalami Bu Tiin menika saged dipunpendhet amanat bilih kita kirang ngatos-atos anggenipun tumindak, lajeng nglampahi tumindak ingkang boten sae langkung-langkung ngantos nyilakani tiyang sanes, ing tembenipun kita bakal nampi piwales. Mbokmanawi piwalesipun malah langkung ageng tinimbang tumindak ingkang kita leksanani. Pramila kita kedah saged njagi tumindak-tumindak kita, saha ngendhani tumindak ingkang boten sae, supados gesang kita saged kalis nir ing sambekala.

#### 15) Kathah bandha dereng tamtu njamin kabagyan

Tumraping tiyang gesang, bandha menika dipunbetahaken kange nglampahi gesang. Ananging, kathahipun bandha dereng tamtu njamin kabagyan

bilih ing gesang menika namung kathah prakawis saha boten wonten raos tentrem ing manah.

Babagan menika dipuntedahaken lumantar paraga Bayu. Bayu gadhah tekad boten badhe njagakaken warisan saking Pak Rahman. Bayu pengin ngupaya kangge pikantuk asil piyambak, supados saged gesang ayem saha tentrem. Bayu gadhah pamanggih bilih kathahipun bandha warisan saking Pak Rahman dereng tamtu saged njamin kabagan Bayu. Mbok manawi wonten ingkang boten trima Bayu pikantuk warisan. Menika saged dados prakawis kangege Bayu. Babagan menika saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*“Jatosipun nggih ngaten. Ning kados kula niki rak namung yoga pupon. Kula minder, napa nggih mbenjang perkebunan niki dipunwarisaken dhumateng kula. Mangka pikiran kula menika mbokbilih saget, kula mboten njagakaken warisan, sageta pados piyambak. Najan sakedhik bilih asil kringet kula piyambak badhe kraos tentrem boten badhe wonten tiyang ingkang wantun ngungkikh-ungkikh malih.”* (195)

Bayu boten saged ngraosaken kabagan sinaosa gesang kaliyan bapakipun ingkang kagungan kathah bandha. Bayu ngraosaken gesangipun sisah tanpa Simbok, inggih ibunipun kandhung ing sisihanipun. Bayu ngraosaken sisah amargi gesangipun tansah dipunrajut dening prakawis. Piyambakipun dados sasaran pinuduh ing kulawarganipun Pak Rahman. Bayu langkung remen gesang nalika taksih alit, sanadyan sarwi kirang ananging saged pikantuk katresnan saking ibunipun. Babagan menika saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

*“Dadi wong sugih durung karuwan kepenak. Isih kepenak melu Simbok, senajan mangan kurang nyandhang cingkrang nanging ora ana sanggan kanggo males Simbok. Nyangapa Simbok kudu ndhisiki sadurunge aku ngerti getire urip ing alam donya iki . . .”* (209)

Saking andharan nginggil menika, saged dipunpethik amanat bilih sakathah-kathahipun bandha ingkang dipungadhahi manungsa, dereng tamtu

saged njamin kabagyan piyambakipun. Amargi kabagyan ingkang sejatos menika inggih namung saking katresnan. Katresnan kita piyambak saha katresnan saking tiyang-tiyang ingkang kita tresnani. Kabagyan ugi saged dipunpanggihi bilih kita saged ngraosaken ayem saha tentrem nalika nglampahi gesang menika. Nadyan dados tiyang sugih, bilih gesangipun tansah dipunrerijit prakawis saha boten nate ngraosaken katentreman, sisah tumraping manungsa kange nggayuh kabagyan.

- 16) Kange mungkasi prakawis ing gesang bebrayan kedah purun ngapura ing ngapuram.

Tumrap tiyang gesang bebrayan ingkang nembe ngadhepi satunggaling prakawis, sinten mawon ingkang kagungan klentu, langkung sae bilih satunggal saha sanesipun sami purun paring ngapura ing ngapuram, supados prakawis saged enggal purna.

Amanat bilih kange mungkasi prakawis ing gesang bebrayan kedah purun ngapura ing ngapuram, dipuntehaken dening paraga Bayu. Bayu kepengin supados prakawis congkrah ingkang nembe dipunadhepi dening bapak saha ibunipun menika enggal-enggal purna kanthi cara sami paring pangapura. Miturut Bayu, bilih ibunipun purun nglumohi kalepatanipun lajeng nyuwun pangapura, saha Pak Rahman ugi purun paring pangapura, prakawis menika saged purna. Ananging kasunyatanipun, bapak saha ibunipun dereng purun kange ngapura ing ngapuram, pramila Bayu kedah pados rekada. Babagan menika saged katingal ing data-data ngandhap menika.

*Bayu pengin mendhung sing mayungi keluargane kuwi bisaa ilang kesaput angin. Bayu pengin golek rekada. Eman, ibune critane isih durung bisa dipercaya Bayu satus persen. Bukti tegesan lan Sayem saksine, mesthine ibune ora bisa mlayu saka perkara dolan karo wong lanang liya. Nanging,*

*ibune isih selak. Bayu terus nguleti pikirane supaya ibune gelem nglumohi keluputane lan bapake gelem ngapura ibune. Dheweke isih golek dalan.* (202)

Saking andharan menika saged kapethik amanat bilih kangge mungkasi prakawis ing bebrayan menika lampah sapisan ingkang paling gampil dipuntindakaken inggih sami purun paring ngapura ing ngapuruan. Boten wonten manungsa ingkang sampurna, saengga saben manungsa tamtunipun gadhah kluentu. Menapa malih tumraping gesang bebrayan, kathah prakawis-prakawis ingkang dipunadhepi. Pramila kita kedah purun nglumohi kalepatan bilih kita pancen lepat, saha purun paring ngapura dhumateng tiyang sanes ingkang gadhah lepat kaliyan kita. Kanthi menika prakawis saged enggal purna saha boten langkung ndadra.

**3. Saminipun Prakawis ingkang Dipunadhepi Paraga Utama, Cara ingkang Dipunlampahi Paraga Utama Kangge Mungkasi Prakawis ingkang Dipunadhepi saha Amanat ing Novel *Nalika Prau Gonjing* Kaliyan Novel *Kerajut Benang Ireng***

Wonten sami antawisipun prakawis ingkang dipunadhepi paraga utama, cara ingkang dipunpendhet paraga utama kangge mungkasi prakawis saha amanat ingkang kandhut ing salebetung novel *Nalika Prau Gonjing* anggitan Ardini Pangastuti kaliyan novel *Kerajut Benang Ireng* anggitan Harwimuka.

**a. Saminipun Prakawis ingkang Dipunadhepi Paraga Utama ing Novel**

***Nalika Prau Gonjing Kaliyan Novel Kerajut Benang Ireng***

Prakawis ingkang sami ingkang dipunadhepi kalih paraga utama menika (1) tindak sedheng , (2) ngandhut, (3) paben kaliyan ibunipun, (4) usaha perkebunan kirang lancar, (5) perkebunan dipurampas saha (6) *penculikan*.

Saminipun prakawis ingkang dipunadhepi ingkang sapisan inggih menika tindak sedheng. Tindak sedheng ingkang dipuntindakaken garwanipun Lintang dipuntedahaken ing data nomor 1, 2, 6, 7, 11, saha 19. Dene prakawis tindak sedheng ingkang dipuntindakaken dening ibunipun Bayu saha pacanganipun Bayu dipuntedahaken ing nomer data 36, 37, 38, 43, 44, 61, saha 62.

Saminipun prakawis ingkang dipunadhepi kaping kalih inggih menika ngengungi prakawis ngandhut. Data 4, 17, 18, 20, saha 21 nedahaken bilih Lintang ngadhepi prakawis ngengungi babagan ngandhut, inggih dipunalami dening Lintang piyambak ingkang kedah ngandhut tanpa dipuntengga garwa. Dene prakawis ngandhut ingkang kedah dipunadhepi Bayu menika dipunalami dening ibunipun Bayu ingkang nyeleweng kaliyan priya sanes, saha pacanganipun ugi ingkang sampun nyeleweng saengga kekalihipun sami ngandhut. Prakawis ngandhut menika dados prakawis ugi kangge Bayu amargi Bayu lajeng dipuntuduh dados tiyang ingkang sampun mijeni ibunipun saha pacanganipun menika. Babagan menika dipuntedahaken ing nomer data 51, 52, 53, 55, 56, 57, 63, 64, saha 65.

Saminipun prakawis ingkang dipunadhepi, ingkang kaping tiga inggih menika prakawis paben kaliyan ibunipun. Lintang kedah ngadhepi prakawis

paben kaliyan ibunipun, dipunjalari ibunipun ndhawuhi Lintang wangslu ing dalem garwanipun . Pabenipun Lintang kaliyan ibunipun saged katingal saking andharan nomer data 5, 8, saha 10. Dene nomer data 39, 40, 41, saha 42 nedahaken bilih Bayu ugi ngadhepi prakawis ingkang sami, inggih paben kaliyan ibunipun dipunjalari ibunipun konangan anggenipun selingkuh

Saminipun prakawis ingkang dipunadhepi ingkang nomer sekawan inggih menika prakawis ngengingi usaha perkebunan ingkang kirang lancar. Prakawis menika kedah dipunalami Lintang, ingkang kaandharaken ing nomer data 24 saha 25. Prakawis ing usaha perkebunanipun Lintang ing babagan kirang disiplinipun karyawan saha amargi kekirangan lahan perkebunan. Prakawis ingkang sami ugi dipunalami Bayu, usaha perkebunan ingkang dipunkelola kaliyan bapakipun ugi asring ngalami kendala, pramila kirang lancar. Kirang lancaripun usaha perkebunan Bayu ing babagan sarana prasarana saha amargi dampak awu Gunung Kelud. Babagan menika saged katingal ing nomer data 33, 34, saha 35.

Saminipun prakawis ingkang dipunadhepi ingkang nomer gangsal inggih menika prakawis ngengingi perkebunanipun dipunrampas. Data 27 saha 28 nedahaken bilih Lintang ngadhepi prakawis perkebunan ingkang dipungadhahi dipurampas dening oknum-oknum ingkang boten dipuntepang dening Lintang. Ing mriki Lintang kedah kersa nyade perkebunanipun dhumateng tiyang-tiyang menika. Prakawis perkebunan ingkang dipunrampas ugi dipunalami Bayu, menika saged katingal ing nomer data 69, 70, saha 72. Perkebunan ingkang dipunkelola kaliyan bapakipun dipunrampas kaliyan Bu Tiin ibunipun piyambak, kanthi ngasta bala kathah kangge nguwaosi perkebunan menika.

Saminipun prakawis ingkang dipunadhepi ingkang nomer enem inggih menika prakawis *penculikan*. Prakawis *penculikan* kedah dipunadhepi Lintang. Lanang larenien, dipunculik dening oknum-oknum ingkang boten dipuntepangi Lintang saha nyuwun tebusan. Prakawis *penculikan* ingkang dipunalami larenipun Lintang dipuntedahaken ing nomer data 29, 30, 31, saha 32. Prakawis *penculikan* ugi dipunalami dening bapakipun Bayu. Saking nomer data 71saha 73 saged katingal bilih Pak Rahman sampun dipunculik dening balanipun Bu Tiin.

**b. Saminipun Cara ingkang Dipunlampahi Paraga Utama Kangge Mungkasi Prakawis ingkang Dipunadhepi ing Novel *Nalika Prau Gonjing* Kaliyan Novel *Kerajut Benang Ireng***

Kejawi saminipun prakawis ingkang dipunadhepi, wonten ugi saminipun cara ingkang dipunlampahi kalih paraga menika wonten ing kalih novel ingkang dipuntandhingaken. Saminipun cara ingkang dipunpendhet paraga utama kangge mungkasi prakawis ingkang dipunadhepi inggih menika (1) purik saking dalemipun, (2) sesidheman, (3) nyuwun pambiyantu, (4) ngadhepi kanthi pasrah, saha (5) ngadhepi kanthi tegas. Saminipun cara-cara ingkang dipunlampahi badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

Saminipun cara ingkang dipunlampahi ingkang sapisan inggih menika purik saking dalemipun. Nalika ngadhepi prakawis garwanipun selingkuh, Lintang mendhet lampah purik saking dalemipun, kangge maringi pelajaran dhumateng garwanipun ingkang sampun tindak sedheng. Babagan menika dipuntedahaken ing nomer data 76, 77, saha 84. Cara purik ugi dipunlampahi dening Bayu nalika ngadhepi prakawis kaliyan ibunipun. Bayu purik nilar dalem

tiyang sepuhipun kangge ngendhani ibunipun amargi dipunpeksa ngladosi hawa nepsu ibunipun. Cara purik ingkang dipunlampahi Bayu saged katingal ing nomer data 115, 116, 124, saha 125. Sinaosa ngadhepi prakawis ingkang beda ing pagesangan bebrayanipun, ananging kalih paraga saking kalih novel ingkang dipuntandhingaken menika sami-sami mendhet cara purik kangge mungkasi prakawis ingkang dipunadhepi.

Saminipun cara ingkang dipunlampahi ingkang angka kalih inggih menika cara sesidheman. Data 78, 79, 85, 91, saha 95 nedahaken bilih Lintang nglampahi cara sesidheman saking garwanipun, nalika ngadhepi prakawis garwanipun tindak sedheng saha congkrah kaliyan garwanipun. Wondene data 120, 126, 129, 130, saha 131 nedahaken bilih cara sesidheman ugi dipunlampahi dening Bayu. Bayu sesidheman saking ibunipun nalika ngadhepi prakawis kedah ngladosi hawa nepsu ibunipun.

Saminipun cara ingkang dipunlampahi ingkang angka tiga inggih menika cara nyuwun pambiyantu. Data 86, 89, saha 92 nedahaken bilih Lintang mendhet cara nyuwun pambiyantu dhumateng Langit kangmasipun, kangge mungkasi prakawis ing usaha perkebunanipun ingkang kathah kendhala. Data 133, 134, 135, saha 136 nedahaken bilih Bayu ugi nglampahi cara nyuwun pambiyantu dhumateng Aswan kancanipun, kangge mungkasi prakawis perkebunan ingkang dipunrampas saha nalika Pak Rahman dipunculik.

Saminipun cara ingkang dipunlampahi ingkang angka sekawan inggih menika cara sikep ingkang dipunpendhet paraga, ingkang ngadhepi kanthi pasrah. Data 87, 99, 100, saha 101 nedahaken bilih Lintang ngadhepi kanthi pasrah nalika

piyambakipun ngadhepi prakawis ngandhut tanpa ketunggon garwa saha perkebunan dipunrampas. Ngadhepi kanthi pasrah ugi dipunlampahi dening Bayu nalika ngadhepi prakawis dados lare pupon saking paklikipun saha nalika mangretosi bilih dados lare kowar. Babagan menika saged katingal ing nomer data 105, 106, saha 118.

Saminipun cara ingkang dipunlampahi ingkang angka gangsal inggih menika cara ngadhepi kanthi tegas. Paraga Lintang ngadhepi kanthi tegas dhumateng para karyawan ingkang kirang disiplin kange mungkasi prakawis ing perkebunan. Para karyawan kedah dipunadhepi kanthi tegas kalebet ugi ing babagan laporan supados asiling perkebunan saged lancar. Babagan menika dipuntehaken ing nomer data 88, 97, saha 98. Cara ngadhepi kanthi tegas ugi dipunlampahi dening Bayu kange mungkasi prakawis-prakawis kaliyan mengsah ingkang badhe mejahi Bayu, mengsah ingkang sampun ngrampok perkebunan saha mengsah Bayu ingkang sampun damel ibunipun kandhung seda. Babagan menika kaandharaken ing nomer data 122, 132, 137, 138, saha 139.

**c. Saminipun Amanat ing Novel *Nalika Prau Gonjing* Kaliyan Novel *Kerajut Benang Ireng***

Kejawi saminipun prakawis ingkang dipunadhepi saha cara ingkang dipunlampahi dening paraga utama kange mungkasi prakawis ingkang dipunadhepi, wonten ing kalih novel ingkang dipuntandhingaken ugi ngandhut amanat-amanat ingkang sami. Amanat-amanat kasebat inggih menika (1) kedah saged njagi hawa nepsu, (2) ampun tindak sedheng supados gesang bebrayan boten congkrah, (3) dipunbetahaken upaya ageng kange mungkasi prakawis ing

gesang bebrayan, (4) katresnan tiyang sepuh, (5) sedheng tumindak ingkang boten sae menapa mawon sebabipun, (6) wonten ing gesang bebrayan dipunbetahaken sikep jujur, (7) purik dereng tamtu saged mungkasi prakawis bebrayan, (8) njagi tumindak saha ngurmati asma tiyang sepuh, (9) tulung tinulung tanpa pamrih, (10) kasetyaning tresna, (11) tansah konjuk sokur dhumateng Gusti, (12) nggadhahi sikep pasrah saha sabar nalika nampi pacoban, (13) manungsa boten kenging sarakah, (14) tiyang ingkang tumindak boten sae bakal nampi piwales, (15) kathah bandha dereng tamtu njamin kabagyan, (16) kangege mungkasi prakawis ing gesang bebrayan kedah purun ngapura ing ngapuram. Saking sedaya amanat ingkang dipunpanggihi, sedayanipun amanat menika sami, tegesipun dipunpanggihi data-data ingkang nedahaken saben-saben amanat menika. Saminipun amanat ingkang dipunpanggihi badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

Saminipun amanat ingkang sapisan inggih menika amanat kedah saged njagi hawa nepsu. Amanat menika ing novel *Nalika Prau Gonjing* dipuntehaken dening Gino ingkang boten saged njagi hawa nepsunipun lajeng keblinger tindak sedheng kaliyan wanita sanes. Babagan menika kaandharaken ing nomer data 142 saha 168. Ing novel *Kerajut Benang Ireng*, dipuntehaken dening Bu Tiin saha Fensi ingkang boten saged njagi hawa nepsunipun lajeng keblinger tindak sedheng kaliyan priya sanes ngantos ngandhut. Babagan menika kaandharaken ing nomer data 205, 220, 230, 231, 232, saha 234.

Saminipun amanat ingkang angka kalih inggih menika amanat ampun selingkuh supados gesang bebrayan boten congkrah. Amanat menika ing novel

*Nalika Prau Gonjin,g* dipuntedahaken dening Gino ingkang tindak sedheng kaliyan wanita sanes, pramila gesang bebrayanipun kaliyan Lintang garwanipun lajeng congkrah. Babagan kasebat saged dipuntingali ing ing nomer data 143, 145, 151, saha 157. Amanat ingkang sami ing novel *Kerajut Benang Ireng* dipuntedahaken dening Bu Tiin ingkang tindak sedheng kaliyan priya sanes ngantos ngandhut, pramila gesang bebrayan kaliyan Pak Rahman garwanipun saha Bayu larenipun dados congkrah. Babagan kasebut saged katingal ing nomer data 200, 201, 221, saha 222.

Saminipun amanat ingkang angka tiga inggih menika amanat bilih dipunbetahaken upaya ageng kangge mungkasi prakawis ing gesang bebrayan, ingkang dipuntedahaken novel *Nalika Prau Gonjing* ing nomer data 144, 173, 176, saha 187. Babagan kasebat dipuntedahaken dening Gino ingkang ngupaya madosi garwanipun purik saha ngupaya supados garwanipun purun wangsl gesang bebrayan malih. Dene ing novel *Kerajut Benang Ireng* dipuntedahaken ing nomer data 211, 212, 223, 235, 241, 243, saha 244. Dipuntedahaken bilih Bayu ingkang ngupaya kangge ngrantas prakawis nalika ibunipun selingkuh, dipuntuduh mijeni ibunipun saha upaya kangge miyak wewadi tiyang sepuh sejatosipun.

Saminipun amanat ingkang angka sekawan inggih menika amanat ngengingi katresnan tiyang sepuh. Ing novel *Nalika Prau Gonjing* dipuntedahaken katresnan saking tiyang sepuh sambung, ingkang kaandharaken ing nomer data 147 saha 148. Wondene ing novel *Kerajut Benang Ireng*

dipuntedahaken katresnan saking tiyang sepuh angkat, ingkang saged katingal ing nomer data 190, 191, 194, saha 210.

Saminipun amanat ingkang angka gangsal inggih menika amanat ngengingi sedheng tumindak ingkang boten sae menapa mawon sebabipun. Amanat menika dipuntedahaken novel *Nalika Prau Gonjing* ing nomer data 149, 150, saha 156, lumantar Gino, garwanipun Lintang ingkang sampun tumindak sedheng. Dene ing novel *Kerajut Benang Ireng* dipuntedahaken dening Bu Tiin, garwanipun Pak Rahman ingkang sampun tumindak sedheng. Babagan menika saged katingal ing nomer data 199, 218, saha 219.

Saminipun amanat ingkang angka enim inggih menika amanat bilih wonten ing gesang bebrayan dipunbetahaken sikep jujur. Amanat menika ing novel *Nalika Prau Gonjing* dipuntedahaken dening Bu Padma ingkang jujur kaliyan mantunipun ngengingi papan anggenipun Lintang purik. Babagan kasebut kaandharaken ing nomer data 152, 154, 155, saha 169. Dene ing novel *Kerajut Benang Ireng* dipuntedahaken dening Bayu ingkang prasaja dhumateng Pak Rahman bapakipun bilih sanes Bayu ingkang mijeni Bu Tiin, saha dipuntedahaken dening Pak Rahman ingkang prasaja dhumateng Bayu ngengingi bapak Bayu ingkang sejatos. Babagan kasebut kaandharaken ing nomer data 217, 226, 228, 229, 245, saha 246.

Saminipun amanat ingkang angka pitu inggih menika amanat bilih purik dereng tamtu saged mungkasi prakawis bebrayan. Amanat menika ing novel *Nalika Prau Gonjing* dipuntedahaken dening Lintang ingkang purik saking dalem garwanipun, ananging malah ndadosaken kekalihipun sami congkrah. Babagan

kasebat kaandharaken ing nomer data 153, 158, 166, 167, saha 186. Dene ing novel *Kerajut Benang Ireng* dipuntedahaken dening Bayu ingkang purik saking dalem tiyang sepuhipun, ananging malah ndadosaken Pak Rahman bapakipun salah paham. Babagan kasebat kaandharaken ing nomer data 205, 224, saha 225.

Saminipun amanat ingkang angka wolu inggih menika amanat kange njagi tumindak saha ngurmati asma tiyang sepuh. Amanat ing novel *Nalika Prau Gonjing* dipuntedahaken dening Langit, Tutik, saha Sekar dhumateng Bu Padma minangka ibu sambung. Babagan kasebat saged katingal ing nomer data 159 saha 160. Dene ing novel *Kerajut Benang Ireng* dipuntedahaken dening Bayu dhumateng Pak Rahman minangka bapak angkat, ingkang saged dipuntingali ing nomer data 204, 206, 207, 214, 215, saha 216.

Saminipun amanat ingkang angka sanga inggih menika amanat kange tulung tinulung tanpa pamrih. Amanat kasebut ing novel *Nalika Prau Gonjing* dipuntedahaken dening Langit kangmasipun Lintang saha Mbok Yem pembantunipun Lintang ingkang mbiyantu Lintang kange modhal usaha perkebunan. Babagan menika kaandharaken ing nomer data 161 saha 170. Ing novel *Kerajut Benang Ireng* ugi dipunpanggihi amanat kasebat, dipuntedahaken dening Bayu nalika mbiyantu tiyang ingkang nembe pados toya kanthi maringi dhaharan saha unjukan, ingkang kaandharaken ing nomer data 192 saha 193.

Saminipun amanat ingkang angka sedasa inggih menika amanat ngenggingi kasetyaning tresna. Amanat kasebut ing novel *Nalika Prau Gonjing* dipuntedahaken dening Lintang ingkang tetep setya sinaosa garwanipun sampun tindak sedheng, saha Mbok Yem ingkang setya boten krama malih sinaosa

garwanipun sampun tilar donya. Bagan menika saged dipuntingali ing nomer data 146, 162, saha 163. Amanat ngengingi kasetyaning tresna ing novel *Kerajut Benang Ireng* dipuntedahaken dening Bayu saha Pak Rahman ingkang tetep setya njagi katresnanipun sinaosa sisihanipun sami tindak sedheng kaliyan priya sanes ngantos ngandhut. Babagan menika kaandharaken ing data nomer 203 saha 236.

Saminipun amanat ingkang angka sewelas inggih menika amanat supados tansah konjuk sokur dhumateng Gusti. Amanat menika ing novel *Nalika Prau Gonjing* kaandharaken ing nomer data 164. Dipuntedahaken dening Lintang kanthi ngucap sokur dhumateng Gusti awit sampun paring berkah kaendahan alam. Dene ing novel *Kerajut Benang Ireng* kaandharaken ing nomer data 198. Dipuntedahaken dening Bayu kanthi ngucap sokur dhumateng Gusti awit sampun paring berkah kawilujengan.

Saminipun amanat ingkang angka kalih welas inggih menika amanat kangge nggadhahi sikep pasrah saha sabar nalika nampi pacoban. Ing novel *Nalika Prau Gonjing* kaandharaken ing nomer data 165 saha 184, ingkang dipuntedahaken dening Lintang nalika nampi pacoban nalika kedah ngandhut tanpa ketunggon garwa saha nalika larenipun dipunculik. Ing novel *Kerajut Benang Ireng* kaandharaken ing nomer data 196, 197, saha 213, ingkang dipuntedahaken dening Bayu nalika ngadhepi pacoban dados lare pupon saking paklikipun saha nalika mangretosi bilih dados lare kowar.

Saminipun amanat ingkang angka tiga welas inggih menika amanat bilih manungsa boten kenging srakah. Amanat kasebat ing novel *Nalika Prau Gonjing* kaandharaken ing nomer data 171, 172, 174, 175, 177, 180, saha 181.

Dipuntedahaken dening Lintang ingkang srakah badhe mekaraken usaha perkebunanipun kanthi cara kirang sae. Dene ing novel *Kerajut Benang Ireng* dipuntedahaken dening Bu Tiin saha Dul Komar balanipun ingkang gadhah sikep srakah badhe nguwaosi perkebunanipun Pak Rahman, ingkang kaandharaken ing nomer data 238, 239, saha 240

Saminipun amanat ingkang angka sekawan welas inggih menika amanat bilih tiyang ingkang tumindak boten sae bakal nampi piwales. Amanat kasebat ing novel *Nalika Prau Gonjing*, dipuntedahaken dening Lintang ingkang nampi piwales perkebunan dipunrampas amargi sikep srakahipun nalika mekaraken perkebunan kanthi cara peksa dhumateng tiyang sanes supados nyade siti. Babagan kasebat kaandharaken ing nomer data 178, 179, saha 183. Dene ing novel *Kerajut Benang Ireng* dipuntedahaken dening Bu Tiin saha Dul Komar balanipun ingkang gadhah sikep srakah badhe nguwaosi perkebunan Pak Rahman. Babagan kasebat kaandharaken ing nomer data 238, 239, saha 240.

Saminipun amanat ingkang angka gangsal welas inggih menika amanat bilih kathah bandha dereng tamtu njamin kabagyan, ingkang dipuntedahaken novel *Nalika Prau Gonjing* ing nomer data 182 saha 185. Babagan menika dipuntedahaken dening Lintang ingkang boten ngraosaken kabagyan tanpa larenipun saha katresnan saking garwanipun sinaosa gadhah kathah bandha. Wondene ing novel *Kerajut Benang Ireng* kaandharaken ing nomer data 195 saha 209. Dipuntedahaken dening Bayu ingkang boten ngraosaken kabagyan tanpa katresnan saking ibunipun kandhung, sinaosa piyambakipun gesang kaliyan bapak saha ibu angkat ingkang gadhah kathah bandha.

Saminipun amanat ingkang angka nembelas utawi pungkasan inggih menika amanat bilih kangge mungkasi prakawis ing gesang bebrayan kedah purun ngapura ing ngapuram, ingkang dipunte dahaken novel *Nalika Prau Gonjing* ing nomer data 188 saha 189. Babagan kasebat dipunte dahaken dening Gino saha Lintang ingkang purun sami ngapura ing ngapuram, pramila saged mungkasi prakawis ing gesang bebrayanipun. Wondene ing novel *Kerajut Benang Ireng* dipunte dahaken ing nomer data 202. Dipunte dahaken dening Pak Rahman saha Bu Tiin ingkang sami boten purun paring pangapura, pramila prakawis ing gesang bebrayanipun dereng saged purna.

**4. Bedanipun Prakawis ingkang Dipunadhepi Paraga Utama, Cara ingkang Dipunlampahi Paraga Utama Kangge Mungkasi Prakawis ingkang Dipunadhepi saha Amanat ing Novel *Nalika Prau Gonjing* Kaliyan Novel *Kerajut Benang Ireng***

Kejawi dipunpanggihi saminipun, wonten ugi bedanipun prakawis ingkang dipunadhepi paraga Lintang saha paraga Bayu. Bedanipun kasebut dipunjalari amargi bedanipun *status* saha cariyos gesang kalih paraga kasebat. Lintang dipuncariyosaken minangka wanita ingkang sampun palakrama, ing gesang kulawarganipun. Wondene Bayu dipuncariyosaken minangka lare ing gesang kulawarganipun

**a. Bedanipun Prakawis ingkang Dipunadhepi Paraga Utama ing Novel *Nalika Prau Gonjing* Kaliyan Novel *Kerajut Benang Ireng***

Prakawis ingkang dipunadhepi Lintang, ananging boten dipunadhepi dening Bayu antawisipun (1) paben kaliyan garwanipun, (2) kacingkrangan saha

(3) ngrimat lare piyambakan. Minangka garwa, Lintang ngadhepi prakawis paben kaliyan garwanipun, amargi Gino garwanipun tindak sedheng. Babagan menika dipuntedahaken ing nomer data 3, 9, 12, 13, saha 14. Prakawis kacingkrangan ingkang dipunadhepi Lintang dipuntedahaken ing nomer data 15 saha 16. Dene prakawis nalika Lintang kedah ngrimat lare piyambakan dipuntedahaken ing nomer data 22, 23 saha 26.

Swalikipun, prakawis ingkang dipunadhepi Bayu, ingkang boten dipunadhepi Lintang inggih menika (1) dipunpeksa ngladosi hawa nepsu keng ibu, (2) mangretos bilih lare kowar, (3) badhe dipunpejahi dening ibunipun, saha (4) ibunipun seda. Bayu dipuncariyosaken minangka lare ing satunggaling kulawarga. Ing mriki Bayu manggihi kathah prakawis ugi kaliyan ibunipun. Prakawis dipunpeksa ngladosi hawa nepsu keng ibu ingkang dipunadhepi Bayu dipuntedahaken ing nomer data 45, 46, 47, 48, saha 49. Prakawis mangretos bilih lare kowar dipuntedahaken lumantar nomer data 50 saha 68. Prakawis badhe dipunpejahi dening ibunipun dipuntedahaken ing nomer data 54, 58, 59, 60, 66, saha 67. Dene prakawis ngengingi ibunipun seda dipuntedahaken ing nomer data 74 saha 75.

**b. Bedanipun Cara ingkang Dipunlampahi Paraga Utama Kange  
Mungkasi Prakawis ingkang Dipunadhepi ing Novel *Nalika Prau Gonjing*  
*Kaliyan Novel Kerajut Benang Ireng***

Kejawi bedanipun prakawis ingkang dipunadhepi, dipunpanggihi ugi bedanipun cara ingkang dipunlampahi dening paraga Lintang saha paraga Bayu. Cara ingkang dipunlampahi paraga Lintang, ananging boten dipunlampahi paraga

Bayu inggih menika cara (1) musyawarah kaliyan kulawarga, (2) mekaraken usaha saha (3) sami paring pangapura. Cara musyawarah kaliyan kulawarga dipuntedahaken ing nomer data 80, 81, 82, saha 83. Cara musyawarah menika dipunpendhet dening Lintang kangge mungkasi prakawis-prakawis nalika Lintang kedah purik. Cara kanthi mekaraken usaha ingkang dipunlampahi Lintang kangge mrantasi prakawis *ekonomi* dipuntedahaken ing nomer data 90, 93, 94, saha 96. Paraga Lintang ing novel *Nalika Prau Gonjing*, nglampahi cara sami paring pangapura, kangge mungkasi prakawis ingkang dipunadhepi kaliyan garwanipun. Cara sami paring pangapura menika dipuntedahaken ing nomer data 102, 103 saha 104. Dening paraga Bayu wonten ing novel *Kerajut Benang Ireng*, cara-cara menika boten dipunpanggihi.

Swalikipun, cara ingkang dipunlampahi Bayu, ananging boten dipunlampahi dening Lintang inggih menika (1) nampik kathi kurmat saha tansah ngemutaken ibunipun, (2) miyak wewadi tiyang sepuh sejatosipun, (3) pados rekадaya kangge mungkasi congkrahing bapak ibunipun, saha (4) ngendelaken kekiyatana. Cara nampik kathi kurmat saha tansah ngemutaken ibunipun ingkang dipunlampahi Bayu dipuntedahaken ing nomer data 111, 112, 113, saha 114. Cara miyak wewadi tiyang sepuh sejatosipun dipuntedahaken ing nomer data 117, 119, 121, 123, 140, saha 14. Dene upaya kangge mungkasi prakawis ing kulawarganipun Bayu dipunlampahi kanthi pados rekадaya kangge mungkasi congkrahing bapak ibunipun. Babagan menika dipuntedahaken ing nomer data 107, 108, 109, saha 110. Wondene cara ngendelaken kekiyatana dipunlampahi dening paraga Bayu kangge ngadhepi prakawis kaliyan mengsaх-mengsahipun.

Cara ingkang dipunlampahi Bayu menika saged katinggal ing nomer data 127 saha 128.

**c. Bedanipun Amanat ing Novel *Nalika Prau Gonjing* Kaliyan Novel *Kerajut Benang Ireng***

Sampun kaandharaken ing nginggil bilih amanat ingkang dipunpanggihaken ing novel *Nalika Prau Gonjing* anggitan Ardini Pangastuti saha novel *Kerajut Benang Ireng* anggitan Harwimuka menika sami, inggih menika (1) kedah saged njagi hawa nepsu, (2) ampun tindak sedheng supados gesang bebrayan boten congkrah, (3) dipunbetahaken upaya ageng kangge mungkasi prakawis ing gesang bebrayan, (4) katresnan tiyang sepuh, (5) sedheng tumindak ingkang boten sae menapa mawon sebabipun, (6) wonten ing gesang bebrayan dipunbetahaken sikep jujur, (7) purik dereng tamtu saged mungkasi prakawis bebrayan, (8) njagi tumindak saha ngurmati asma tiyang sepuh, (9) tulung tinulung tanpa pamrih, (10) kasetyaning tresna, (11) tansah konjuk sokur dhumateng Gusti, (12) nggadhahi sikep pasrah saha sabar nalika nampi pacoban, (13) manungsa boten kenging sarakah, (14) tiyang ingkang tumindak boten sae bakal nampi piwales, (15) kathah bandha dereng tamtu njamin kabagyan, (16) kangge mungkasi prakawis ing gesang bebrayan kedah purun ngapura ing ngapuram. Sinaosa amanat ingkang dipunpanggihaken ing kalih novel sami, tamtunipun saben-saben amanat menika nedahaken babagan-babagan ingkang beda, tegesipun data-data ingkang dipunpanggihaken ing saben novel menika beda-beda, kados sampun kaandharaken ing pirembagan saminipun amanat.

## 5. Kalenggahan Antawisipun Novel *Nalika Prau Gonjing* kaliyan Novel *Kerajut Benang Ireng*

Adhedhasar panaliten tetandhingan antawisipun novel *Nalika Prau Gonjing* kaliyan novel *Kerajut Benang Ireng*, katingal bilih bilik antawisipun tetandhingan kalih karya sastra menika boten dipunpanggihi titikan minangka bukti bilih wonten sesambutan langsung utawi boten langsung ngengengi pangaribawa antawisipun novel satunggal kaliyan novel sanesipun. Kalenggahan kalih novel menika dipunanggep *sejajar*, amargi boten wonten ingkang ndayani utawi mangaribawani.

Saminipun prakawis ingkang dipunadhepi paraga utama, cara ingkang dipunlampahi paraga utama kangge mungkasi prakawis saha amanat saking kalih novel ingkang dipuntandhingaken nginggil asipat *manusiawi* utawi *universal*. Tegesipun prakawis kamanungsan kados dene ing gesang bebrayan utawi kulawarga menika nedahaken kabetahan *psikologis* ingkang sami, inggih menika wonten ing pundi kemawon, wekdal menapa kemawon, kanthi dhasar *kultur*, *ideologi* utawi agama menapa kemawon, sedaya tiyang nggadhahi kabetahan *psikologis* ingkang sami. Kados dene saminipun prakawis ngengengi tindak sedheng menika amargi saben tiyang nggadhahi kabetahan *psikologis* ingkang sami. Kejawi menika, panyerat kalih cariyos menika mbeta *setting sosial* utawi *latar sosial* budayanipun piyambak-piyambak, pramila saged nedahaken warni lokal ing cariyosipun.

Babagan menika nedahaken kasunyatan bilih novel *Nalika Prau Gonjing* anggitan Ardini saha novel *Kerajut Benang Ireng* anggitan Harwimuka boten

mijil saking *kekosongan* budaya, ananging mijil saking tradhisi ing masarakat saha budayanipun piyambak. Tegesipun, wontenipun babagan-babagan ingkang sami antawisipun kalih cariyos ing novel minangka asil saking budaya masarakat, ingkang lajeng dipunandharaken dening panganggit ing wujud cariyos novel. Saben masarakat nggadhahi tradhisi budaya. Tradhisi budaya ingkang ajeg katindakaken masarakat menika saged ngasilaken babagan ingkang sami ing antawisipun masarakat, ananging tetep kanthi warni lokalipun piyambak-piyambak.

## **BAB V**

### **PANUTUP**

#### **A. Dudutan**

Adhedhasar saking asiling panaliten saha pirembagan ingkang sampun kalampahan, mila saged dipunpendhet dudutan. Dudutanipun kados andharan ing ngandhap menika.

1. Paraga utama wanita ing novel *Nalika Prau Gonjing* anggitan Ardini Pangastuti saha paraga utama priya ing novel *Kerajut Benang Ireng* anggitan Harwimuka nggadhahi prakawis ingkang sami *disamping* bedanipun. Prakawis ingkang sami ingkang dipunadhepi kalih paraga utama menika (1) tindak sedheng , (2) ngandhut, (3) paben kaliyan ibunipun, (4) usaha perkebunan kirang lancar, (5) perkebunan dipurampas saha (6) *penculikan*. Prakawis ingkang dipunadhepi paraga Lintang, ananging boten dipunadhepi dening paraga Bayu antawisipun (1) paben kaliyan garwanipun, (2) kacingkrangan saha (3) ngrimat lare piyambakan. Dene prakawis ingkang dipunadhepi paraga Bayu, ananging boten dipunadhepi paraga Lintang inggih menika (1) dipunpeksa ngladosi hawa nepsu keng ibu, (2) mangretos bilih lare kowar, (3) badhe dipunpejahi dening ibunipun, saha (4) ibunipun seda.
2. Paraga utama wanita ing novel *Nalika Prau Gonjing* anggitan Ardini Pangastuti saha paraga utama priya ing novel *Kerajut Benang Ireng* anggitan Harwimuka ugi mendhet cara ingkang sami kangge mungkasi prakawis ingkang dipunadhepi. Saminipun cara ingkang dipunpendhet paraga utama kangge mungkasi prakawis ingkang dipunadhepi inggih menika (1) purik

- saking dalemipun, (2) sesidheman, (3) nyuwun pambiyantu, (4) ngadhepi kanthi pasrah, saha (5) ngadhepi kanthi tegas. Cara ingkang dipunlampahi paraga Lintang, ananging boten dipunlampahi paraga Bayu inggih menika cara (1) musyawarah kaliyan kulawarga, (2) mekaraken usaha saha (3) sami paring pangapura. Swalikipun, cara ingkang dipunlampahi Bayu, ananging boten dipunlampahi dening Lintang inggih menika (1) nampik kathi kurmat saha tansah ngemutaken ibunipun, (2) miyak wewadi tiyang sepuh sejatosipun, (3) pados rekадaya kangge mungkasi congkrahing bapak ibunipun, saha (4) ngendelaken kekiyatana.
3. Kejawi saminipun prakawis ingkang dipunadhepi saha cara ingkang dipunlampahi kangge mungkasi prakawis dening paraga uta,a. Dipunpanggihaken ugi saminipun amanat saking novel *Nalika Prau Gonjing* anggitan Ardini Pangastuti saha novel *Kerajut Benang Ireng* anggitan Harwimuka. Saminipun amanat-amanat menika antawisipun (1) kedah saged njagi hawa nepsu, (2) ampun tindak sedheng supados gesang bebrayan boten congkrah, (3) dipunbetahaken upaya ageng kangge mungkasi prakawis ing gesang bebrayan, (4) katresnan tiyang sepuh, (5) sedheng tumindak ingkang boten sae menapa mawon sebabipun, (6) wonten ing gesang bebrayan dipunbetahaken sikep jujur, (7) purik dereng tamtu saged mungkasi prakawis bebrayan, (8) njagi tumindak saha ngurmati asma tiyang sepuh, (9) tulung tinulung tanpa pamrih, (10) kasetyaning tresna, (11) tansah konjuk sokur dhumateng Gusti, (12) nggadhahi sikep pasrah saha sabar nalika nampi pacoban, (13) manungsa boten kenging sarakah, (14) tiyang ingkang

tumindak boten sae bakal nampi piwales, (15) kathah bandha dereng tamtu njamin kabagan, (16) kangge mungkasi prakawis ing gesang bebrayan kedah purun ngapura ing ngapurana.

### **B. Pamrayogi**

Panaliten novel *Nalika Prau Gonjing* anggitan Ardini Pangastuti saha novel *Kerajut Benang Ireng* anggitan Harwimuka menika taksih wonten watesanipun inggih menika namung nandhingaken ing babagan prakawis ingkang dipunadhepi paraga utama saha amanat. Pamrayogi kangge panaliten salajengipun tumrap novel *Nalika Prau Gonjing* anggitan Ardini Pangastuti saha novel *Kerajut Benang Ireng* anggitan Harwimuka, supados nliti kanthi nandhingaken ing babagan sanes. Novel *Nalika Prau Gonjing* saha novel *Kerajut Benang Ireng* menika taksih wonten maneka warni kemungkinan prakawis ingkang narik kawigatosan kangge dipuntliti. Panaliti salajengipun saged nglampahi panaliten kanthi pendekatan utawi sudut pandang sanes upaminipun nandhingaken perwatakanipun, sedaya unsur-unsur intrinsikipun utawi nandhingaken novel *Nalika Prau Gonjing* anggitan Ardini Pangastuti saha novel *Kerajut Benang Ireng* anggitan Harwimuka kaliyan novel sanesipun.

### **C. Implikasi**

Panaliten menika kaajab saged murakabi tumrap pamaos sarana kangge mangretosi babagan sastra tetandhingan. Kejawi menika, panaliten menika saged dados salah satunggaling referensi kangge mahasiswa ingkang badhe nliti utawi nindakaken panaliten ingkang sami utawi panaliten lajengipun, nliti novel kanthi

migunakaken pendekatan sastra tandhingan menapa dene pendekatan sanes ingkang jumbuh kaliyan panaliten menika. Panaliten menika ugi saged paring pangretosan dhumateng pamaos babagan prakawis ingkang dipunadhepi paraga utama, cara ingkang dipunlampaahi paraga utama kangege mungkasi prakawis ingkang dipunadhepi saha amanat ing novel *Nalika Prau Gonjing* anggitan Ardini Pangastuti saha novel *Kerajut Benang Ireng* anggitan Harwimuka. Panaliten menika ngandhut nilai-nilai pendidikan utawi pedoman cara ingkang sae dipunpendhet kangege mungkasi prakawis saha mangretosi amanat pundi ingkang sae saha saged dipuntuladha mliginipun ing babagan gesang bebrayan.

## KAPUSTAKAN

- Aminuddin. 2009. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Penerbit Sinar Baru.
- Asih, Setyaning Nur. 2011. *Perbandingan Pencitraan Tokoh Utama Wanita Dalam Novel Tumetedesing Luh Karya Any Asmara Dengan Roman Mbok Randha Saka Jogja Karya Suparta Brata*. Skripsi. PBD. FBS. UNY
- Damono, Sapardi Djoko. 2005. *Pegangan Penelitian Sastra Bandingan*. Jakarta: Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional.
- Departemen Pendidikan Nasional. 2007. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra: Epistemologi Model Teori dan Aplikasi*. Yogyakarta: Pustaka Widyatma.
- \_\_\_\_\_. 2011. *Metodologi Penelitian Sastra Bandingan*. Jakarta: Bukupop.
- \_\_\_\_\_. 2011. *Sastra Bandingan Pendekatan & Teori Pengkajian*. Yogyakarta: Lumbung Ilmu.
- Fenarie, Zainuddin. 2002. *Telaah Sastra*. Surakarta: Muhammadiyah University Press.
- Hartoko, Dick & B. Rahmanto. 1986. *Pemandu di Dunia Sastra*. Yogyakarta: Kanisius
- Harwimuka. 1993. *Kerajut Benang Ireng*. Surabaya: CV Sinar Wijaya.
- Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah. 2012. *Suplemen Panduan Tugas Akhir Skripsi*. Yogyakarta: Fakultas Bahasa dan Seni UNY
- Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press
- Pangastuti, Ardini. 1993. *Nalika Prau Gonjing*. Surabaya: CV Sinar Wijaya.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Groningen, Batavia: J.B. Wolters Uitgevers Maatschappij N.V.

- Puspitasari, Dian Anggraini. 2013. *Tetandhingan Struktural Wonten Ing Serat Pranatjitra Rara Mendut* (Anonim) Kaliyan Novel Katresnan Donja Akerat Anggitanipun M. Sastrasoemarta. Skripsi. PBD. FBS. UNY
- Ratna, Nyoman Kutha. 2004. *Teori, Metode dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Sayuti, Suminto A. 2000. *Berkenalan Dengan Prosa Fiksi*. Yogyakarta: Gama Media.
- Stanton, Robert. 2007. *Teori Fiksi Robert Stanton Terjemahan Sugihastuti*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Sudjiman, Panuti. 1986. *Kamus Intilah Sastra*. Jakarta: PT Gramedia
- \_\_\_\_\_. 1988. *Memahami Cerita Rekaan*. Jakarta: PT Dunia Pustaka Jaya
- Suwondo, Tirto dkk. 2004. *Antologi Biografi: Pengarang Sastra Jawa Modern*. Yogyakarta: Departemen Pendidikan Nasional Pusat Bahasa Balai Bahasa.
- Trisman, B., dkk. 2003. *Antologi Esai Sastra Bandingan dalam Sastra Indonesia Modern*. Jakarta: Yayasan Obor Indonesia.
- Tim Peneliti Balai Bahasa. 2001. *Ikhtisar Perkembangan Sastra Jawa Modern Periode Kemerdekaan*. Yogyakarta: Kalika Press
- Universitas Negeri Yogyakarta. 2011. *Pedoman Penulisan Tugas Akhir*. Yogyakarta: UNY
- Wellek, Rene & Warren, Austin. 1995. *Teori Kesusastraan*. Terjemahan Melani Budianta. Jakarta: PT Gramedia.

**Tabel 13. Lampiran Data Prakawis Ingkang Dipunadhepi Paraga Utama Ing Novel *Nalika Prau Gonjing***

No. Data	Prakawis Ing Novel	Indikator	Kaca	Katrangan
1	2	3	4	5
1	Tindak sedheng	<i>Gino ora ngerti, geneya wanita kinasih iku kudu oncat ninggalake dheweke. Kamangka Gino ora rumangsa nduwensi kesalahan kang abot. Nanging miturut simbok, pembantune, lungane Lintang mau gara-gara nemokake celdam wanita ing njero kopere.</i>	2	Lintang kesah nilar Gino, garwanipun. Gino boten mangretos kenging menapa Lintang nilar Gino, ananging miturut katrangan simbok, Lintang kesah sabibar manggihi lancingan wanita sanes ing lebet koperipun Gino.
2	Tindak sedheng	<i>Kenikmatan kang mung sagebyaran kuwi pranyata kudu dibayar larang. Lintang Puspasari, bojo kang ditresnani minggat merga ngonangi anggone slingkuh liwat celdam ing njero kopere. Wanita kinasih iku lunga ngono wae, tanpa menehi kesempatan marang dheweke kanggo njelasake masalah kang sanyatane.</i>	3	Saking bukti lancingan ing koperipun Gino, Lintang gadhah pamanggih bilih garwanipun sampun tindak sedheng. Lintang kesah tanpa pamit utawi marangi kesempatan garwanipun kange

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
				ngandharaken kadadosan ingkang sanyatanipun.
3	Paben kaliyan garwanipun	<p><i>"Kowe ora ngerti permasalahane," panyaute Gino tanpa ekspresi.</i></p> <p><i>"Apa? Wajar yen ing rumah tangga iku kala-kala padu. Wong selagine isih pacaran wae sok-sok ya ngono kok. Wong wedok pancen mesthi njaluk menange dhewe. Sithik-sithik purik, sithik-sithik minggat."</i></p>	5	<i>Dialog menika antawisipun Gino saha Sinung kancanipun, menika nedahaken bilih Gino kaliyan Lintang nembe congkrah utawi paben.</i>
4	Ngandhut	<i>"Apa ora luwih becik kowe bali wae, Wuk. Mesakake bayi sing ana wetengmu yen kowe nekat lunga. Dheweke mengko lair tanpa ketunggon bapa."</i>	8	Lintang boten purun wang sul ing dalemipun garwanipun sinaosa ing tembe piyambakipun badhe ngandhut saha babaran tanpa garwa ing sisihanipun.
5	Paben kaliyan ibunipun	<i>"Aku yen wis muni ora ya tetep ora, Bu. Luwih becik aku mati tinimbang kudu bali. Yen ibu ora kersa dakdhereki, aku ya tak lunga sing adoh."</i>	8	Sikepipun Lintang ingkang keras kepala asring damel piyambakipun paben kaliyan Bu Padma saben ibunipun menika

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
				maringi wejangan supados Lintang saged wangsul malih dhumateng garwanipun.
6	Tindak sedheng	<i>"Lha nanging sapa sing ora serik, wong lagi mbobot ditinggal slewengan karo wadon liya. Sapa sing bisa nampa yen wong lanang kang sasuwene iki tansah dibekteni tega tumindak culika kanthi nyolok mata." Luhe Lintang bali tumetes kelingan marang celdam kang ditemokakae ing njero kopere bojone.</i>	8	Pranyata Lintang nembe ngandhut putranipun Gino, menika ingkang ndadosaken manahipun Lintang kuciwa saha sisah anggenipun badhe nampi Gino malih amargi Gino sampun tindak sedheng ing kawontenan Lintang ngandhut.
7	Tindak sedheng	<i>"Wis, Wuk. Ora perlu ditangisi. Wong lanang pancen angel dipahami. Paribasan neng ngomah wis dipakani wareg, neng dalan nemu gereh ya isih gelem mangan. Mula sing sabar Wuk. Tur maneh, Ibu yakin yen bojomu olehe tumindak mangkono mung merga khilap. Jajal ta pikiren nganggo ati kang wening, dheweke lagi adoh ing paran, luwih saka rong</i>	10	Bu Padma ibunipun Lintang ngleremaken manahipun Lintang kanthi cara ndhawuhi supados Lintang maklum marang tumindakipun Gino ingkang sampun sedheng. Bu Padma ndhawuhi Lintang supados

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<i>minggu ora ketunggon bojo. Mesthine dheweke rumangsa kesepen. Bab iki mesthine kowe ya isa mahami, Wuk. Aja mung nyalahake wae,” ngendikane Bu Padma akeh.</i>		saged nampi saha mangretosi kawontenan kados menika. Bu Padma gadhah pamanggih bilih tumindak mantunipun menika wajar amargi kawontenan.
8	Paben kaliyan ibunipun	<i>“Ibu mbelani dheweke?” panutuhe Lintang ing sela-sela tangise. “Yen mbelani ngono, ora. Na . . .”</i>	10	Bu Padma terus ngerih-rih supados Lintang saged maklum saha paring pangapura tumindak garwanipun, ananging malah ndadosaken Lintang kaliyan Bu Padma sami paben.
9	Paben kaliyan garwanipun	<i>“Ah, bah! Dakpikir-pikir wong dheweke minggat-minggat karepe, aku ora akon, mosok saiki aku kudu kongkon methuk. Ben, lah. Betah-betahan. Yen dheweke pengen bali ya ben bali dhewe. Ora susah kudu daksusul.”</i>	21	Sasampunipun Gino mangretosi bilih Lintang nyatanipun namung purik wonten dalem ibunipun, Gino malah mendelke Lintang saha boten purun nyusul Lintang.

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
10	Paben kaliyan ibunipun	<p><i>"Lho, putrane ibu ki aku apa dheweke?"</i></p> <p><i>"Ya kowe. Nanging. . . .</i></p> <p><i>Durung nganti Bu Padma rampung olehe ngomong disaut dening Lintang, "Lha yen putrane Ibu ki aku, mesthine ya aku kang dipikirake. Dudu dheweke. Aku sengit yen tansah nyebut-nyebut wong siji iku wae."</i></p>	26	Lintang boten remen bilih ibunipun tansah menggalih Gino, babagan menika ndadosaken Lintang duka saha congkrah kaliyan Bu Padma.
11	Tindak sedheng	<p><i>"Oh, njenengan ki seneng ngeget-geti wong wae. Tiwas aku mau dhev-dhegan. Merga dakiling-ilingi njenengan kok ora ana,"</i> ujare Lindri karo njiwit lengene Gino. <i>Lan tanpa isinis-inis dheweke banjur mepetake lambene ing pipine Gino kiwatenen.</i></p>	30	Sikepipun Gino malah tambah ndadra. Boten ngerih-rih Lintang supados wangslu, ananging malah gandheng ceneng kaliyan wanita sanes ingkang aranipun Lindri nalika ing Pulau Bali.
12	Paben kaliyan garwanipun	<p><i>"Aku neng Bali lagi ana kepentingan, Lintang. Golek obyek kanggo lukisanku. Mungkin seminggu maneh aku lagi mulih. Dakajab sliramu wis bali."</i></p> <p><i>"Ora!" Wangsulane Lintang karo nahan emosi.</i></p> <p><i>"Ora? Njaluk dipethuk? Ah, kowe purik aku rak ya ra akon</i></p>	34	Dialog menika nedahaken bilih Gino kaliyan Lintang nembe paben lumantar tilpun. Gino ndhawuhi Lintang wangslu piyambak amargi kesahipun ugi

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<i>ta? Mula kowe ya kudu mulih dhewe. Soal barang neng koper ika, aku panceñ salah. Aku njaluk maaf. Ning terus terang aku ora bisa yen kudu kongkon methuk kowe.</i>		kekajenganipun piyambak. Gino boten purun bilih kedah methuk Lintang.
13	Paben kaliyan garwanipun	<i>"Oh, kurangajar!" Bu Padma ngepelake tangane. Dheweke melu mangkel krungu kandhane anake. "Yen ngo . . ." Bu Padma ora sida nerusake guneme. Dheweke kaget nyawang anake wadon sing ujug-ujug nglimpruk.</i>	35	Lintang nyariyosaken asil pangandikanipun kaliyan Gino dhumateng Bu Padma. Bu Padma rumaos mangkel saha duka dhateng Bayu amargi boten purun methuk Lintang ing dalemipun.
14	Paben kaliyan garwanipun	<i>"Boten nguwasaken, kok, Bu. Mbokbilih Jeng Lintang niki wau mireng kabar ingkang kirang mranani. Kaget, lajeng shock. Ning sekedhap malih piyambake rak sampun emut," aloke Dokter Abimanyu karo isih mencet-mencet wetenge Lintang.</i>	37	Pabenipun kaliyan Gino lumantar tilpun ndadosaken Lintang shock lajeng semaput. Kawontenan nembe ngandhut ndadosaken badan Lintang kirang kiyat.
15	Kacingkrangan	<i>"Lha angkahku, Ibu arep ngedol salah siji barang tinggale swargi bapakmu. Yen mung limang yuta wae regane rak kliwat. Nanging mbok Yem menggak, jare eman-eman. Wong</i>	48	Lintang saha Bu Padma gadhah maksud badhe nilar dalemipun, miwiti pagesangan enggal ing

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<i>barang tinggalan, kok. Dheweke banjur nawakake emase, kena dinggo dhisik.”</i>		papan enggal. Kangge pados papan enggal menika kekalihipun radi kacingkrangan, pramila gadhah kekajengan badhe nyade barang tilaranipun bapakipun.
16	Kacingkrangan	<i>“Ya iku sing rada dadi pikiran.... Kita kudu ngolah kebun kuwi kanthi intensip. Emane kita terbentus ing nggon modhal, Bu. Dhuwitku ora cukup yen kanggo nangani pakaryan kanthi gedhe-gedhenan.”</i>	52-53	Sasampunipun pikantuk papan enggal, Lintang gadhah kekajengan badhe upaya ngolah perkebunan. Ananging ing mriki Lintang ugi radi kacingkrangan mliginipun ing babagan modhal.
17	Ngandhut	<i>Atine dumadakan wae krasa sedhih. Bubar sasi iki dheweke bakal nglairake jabang bayine tanpa ketunggonan bojo. Tanpa ketunggon priya sing nitisake wiji ing wetenge.</i>	53-55	Kandhutanipun Lintang sampun ageng, kirang langkung satunggal wulan malih piyambakipun bakal babaran. Manahipun rumaos sedih bakal babaran tanpa dipuntengga garwanipun.

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
18	Ngandhut	<i>"Aku ora getun, Bu. Ning mbayangake nglairake tanpa ketunggon sapa-sapa atiku dumadakan wae kok dadi sumedhot," wangulane Lintang terus terang.</i>	55	Manahipun Lintang kraos sedih saben-saben kemutan bilih piyambakipun badhe babaran tanpa dipuntengga sinten-sinten, namung kalih ibunipun ingkang tansah setya ing sisih Lintang.
19	Tindak sedheng	<i>Gino isih tetep tenang. Sebab ana Lindri sing kerep jedhal-jedhul nyambangi dheweke. Ora ana Lintang, malah kaya-kaya mujudake kesempatane kanggo nguja nepsune. Wong loro kaya wis ora eling wayah. Ra pedhuli esuk, awan utawa bengi, dikatog-katogake anggone seneng-seneng. Nganti Simbok dadi ketir-ketir. Kuwatir yen ujug-ujug Lintang teka. Kamangka Gino lagi nyengker wanita liya ing omah iku.</i>	56	Sikepipun Gino wiwit Lintang kesah malah sansaya ndadra, anggenipun gandheng ceneng kaliyan wanita sanes. Pranyata wanita tindak laku sedheng menika malah dipunasta ingg dalemipun Gino kange nguja nepsunipun.
20	Ngandhut	<i>Kelingan ujare Langit iku, Gino dadi lemes. Babarpisan dheweke ora ngerti yen bojone wis mbobot.</i>	57	Gino nyuwun pirsa kawontenanipun Lintang dhateng

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
				Langit. Gino kejot bilih nyatanipun Lintang menika nembe ngandhut, saha Gino boten mangretos babar pisan kaanan menika.
21	Ngandhut	<i>Pas sangang wulan punjul sedina saka anggone mbobot iku, anake Lintang lair lanang. Dening simbahe yaiku Bu Padma kongkon njenengi Pembudi, ing pangangkah mbesuk dadia bocah kang apik bebudene.</i>	59	Ganep sangang wulan anggenipun mbobot, Lintang babaran dipuntenga dening ibunipun. Larenipun Lintang pranyata kakung. Bu Padma urun nama kangge wayahipun.
22	Ngrimat lare piyambakan	<i>“Den Lintang, dipunaturi kondur kaliyan keng Ibu. Lanang rewel,” ujare Mbok Yem durung nganti ditakoni. Lintang banjur pamit marang Permadi. Nututi Mbok Yem bali. Lan dumadakan wae saiki susune krasa mentheg-mentheg lara banget. Lagi kelingan yen Lanang wis wancine nyusoni.</i>	62	Ngrimat lare piyambakan tanpa garwa ing sisihanipun, ndadosaken Lintang montang-manting anggenipun ngurus usahanipun saha anggenipun ngrimat Lanang larenipun.

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
23	Ngrimat lare piyambakan	<p><i>"Suk-suk meneh yen ngemiki bocah iki aja nganti telat. Mesakake. Mosok kowe ki yo ora krasa, se . . . iki wayahe si Lanang mimik. Wong anak karo gaweán kok abot gaweán," Ssrengene Bu Padma.</i></p> <p><i>Lintang mung meneng. Dheweke panceñ rumangsa salah.</i></p> <p><i>"Kene, tinggalen mangan kana dhisik. Nyusoni bocah aja sembrana. Mangan ya kudu ajeg. Kowe arep bisa sagele dhewe kaya biyen Lintang. Mesakake bayeke," ujare Bu Padma maneh sawise Lanang wis wareg olehe mimik.</i></p>	64	Ing sela-sela kesibukanipun Lintang asring kesupen nyusoni Lanang. Boten maido amargi Lintang minangka ibu ingkang kedah ngrangkep dados kepala kulawarga kangge pagesangan larenipun. Nanging sasaged-sagedipun Lintang tetep ngupaya supados saged ngrumat larenipun kanthi sae.
24	Usaha perkebunan kirang lancar	<p><i>"Banjur rencanamu kanggo kandhang kuwi nggusur tanduran sing endi? Cedhak pager kulon, wis ana tandurane palem lan nangka sing wis wiwit lemu. Rong taun maneh palem-palem kuwi wis bisa ngasilake. Mosok iya arep mbokbongkar? Yen sisih wetan jelas ora bisa. Cedhak omah ngene. Bahaya, wong ana bocahe cilik. Mburi omah, ya kebak tanduran sayuran.</i></p>	73	Bisnis perkebunanipun Lintang kirang saged mekar amargi sampun katelasan lahan kangge damel peternakan ayam. Ing lahan perkebunanipun, sampun kathah tetuwuhan saha boten wonten

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<p><i>Apa enake nggon kedhokan slada karo bayem kuwi sing diilangi?</i></p> <p><i>“Ah, lahan sayur wis pas, Bu. Rasah diluwih-luwih. Aku arep nemoni kang Kardi.”</i></p> <p><i>“Arep ngapa?”</i></p> <p><i>“Nakokake lemah kulon pager wae sapa sing duwe. Yen oleh arep daktuku.</i></p>		ingkang saged dipundamel kandhang. Lintang boten badhe nguthik-uthik lahan perkebunan ingkang sampun wonten, lajeng gadhah maksud badhe mundhut siti ing kilen perkebunanipun.
25	Usaha perkebunan kirang lancar	<p><i>Kowe aja srakah, Lintang. Ora apik mbujuk-mbjuk wong kongkonadol omah. Aja dupeh kowe duwe dhuwit. Ibu ora setuju yen kang ngono caramu.</i></p> <p><i>“Aku ora mbujuk kok, Bu. Mung nakokake. Yen dheweke gelem ngedol lemah iku, aku gelem nuku kanthi rega kang luwih larang.”</i></p> <p><i>“Ibu ora seneng yen caramu ngono kuwi. Ambisi kena-kena wae. Merga wong tanpa ambisi ya ora bisa maju. Nanging aja kebangeten. Yen kebangeten kuwi jenenge ambisius. Sikap ambisius bisa nyurung wong tumindak srakah. Dheweke bakal</i></p>	73	Kekajenganipun Lintang anggen badhe mundhut lahan tiyang sanes supados saged mekaraken usahanipun, boten dipunsarujuki dening ibunipun. Amargi miturut ibunipun, mbujuk tiyang sanes menika cara ingkang kirang sae. Lintang katingal ambisius saha srakah bilih mendhet cara menika kangge mekaraken usahanipun.

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<i>menghalalkan segala cara kanggo ngleksanaake maksude. ”</i>		
26	Ngrimat lare piyambakan	<i>Nanging dina iki, sarehne mujudake dina ultahe anake sisisijine kang banget ditresnani, Lintang nyempatake wektune kanggo Lanang nganti sedina muput iki mengko. Pestane Lanang dhewe isih diadani mengko bengi. Mung mangan bareng karo bocah-bocah tangga teparo lan para karyawane Lintang kabeh sing saiki jumlahe ora kurang saka seket.</i>	75	Anggenipun Lintang ngrimat Lanang tumemen, ngantos umuripun Lanang tigang taun. Raos tresnanipun Lintang marang larenipun dipunbuktekaken kanthi nyempataken wekdal kangge ngajak Lanang mlampah-mlampah nitih jaran ing dinten ulang taun larenipun saha ngawontenaken pesta ndalunipun.
27	Perkebunan dipurampas	<i>Ora ana udan, ora ana angin, sawijining wengi dheweke ditekani wong papat, ngaku yen saka perangkat desa lan oknum polisi. Intine Lintang diancam kudu nyerahake ;ahan pertaniane kuwi. Ora nyerahake cul ngono ora. Nanging mesthi wae iya dituku kanthi rega kang wajar. Temene</i>	92	Lintang kedah ngadhepi prakawis ingkang awrat nalika dipunancem kedah maringaken lahan pertanian dhateng oknum-oknum ingkang boten dipunmangretosi sinten.

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<i>Lintang owel. Sebab lemah kuwi mujudake tambang emas kanggone. Nanging bareng di ancem bola-bali, yen ora gelem ladhang kuwi bakal diobong, dheweke sakaluwarga uga bakal disampurnakne pisan, Lintang dadi kedher.</i>		Awalipun Lintang eman bilih badhe nyerahaken lahan perkebunan, ananging amargi keslametan dhiri saha kaluwarganipun dipunancem, pungkasanipun Lintang banjur masrahaken lahan menika.
28	Perkebunan dipurampas	<i>Ing minggu candhake, tamu-tamu teka maneh. Njaluk keputusane Lintang. Lintang kandha yen nyerah. Nanging dheweke uga njaluk wektu kanggo ngurus i karyawan-karyawan sing jumlahe ora kurang saka seket. Ora mungkin dheweke ngetokake wong-wong kuwi ngono wae. Paling ora dheweke kudu menehi kesempatan marang para karyawane iku kanggo golek lapangan kerja anyar. Pranyata tamu iku isih duwe nurani. Dheweke setuju karo persyaratan sing diajokake Lintang. Nanging wong-wong kuwi uga ganti ngajokake sarat. Lintang ora kena mbocorake soal dol tinuku</i>	93	Sasampunipun maringi <i>kepastian</i> bilih Lintang nyerah, Lintang ngajengaken sarat inggih menika nyuwun wekdal kangge ngurus masa depan para karyawanipun ing tembe. Saratipun Lintang dipunsarujuki dening para oknum menika, uger Lintang ugi saged njagi rahasia ngengingi dipunsade lahan perkebunan menika.

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<i>lemah pertaniane iku marang sapa wae. Yen nganti bocor, ngerti dhewe!</i>		
29	<i>Penculikan</i>	<i>Sesasi candhake, nalika persiapan-persiapan kanggo pindhah wis direncana kanthi mateng, Lanang ilang. Wong saomah padha opyak nggoleki.</i>	94	Dereng purna prakawis perkebunan ingkang kedah dipunsade peksa, Lintang kedah ngadhepi prakawis ingkang langkung ageng, inggih menika kicalan Lanang, larenipun.
30	<i>Penculikan</i>	<i>Nanging ana surat teka. Surat mau mujudake surat pangancam saka komplotan kang nyulik lanang. Mesthi wae isine klise, njaluk tebusan.</i>	94	Wontenipun surat ingkang mujudaken surat nyuwun tebusan kangge Lanang nedahaken bilih Lanang menika sampun dipunculik.
31	<i>Penculikan</i>	<i>Lintang wiwit maca surat mau. Pranyata saka komplotan kang isine bab cara-carane nyerahake tebusan. Lintang kudu teka ijen, ora oleh dikanthi sapa-sapa. Papane ditemtokake ing sawijining villa kosong, isih klebu wilayah Bandungan.</i>	95	Surat salajengipun dipuntampi dening Lintang, wosipun tata cara kadospundi Lintang saged maringaken tebusan dhateng

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
				<i>penculik Lanang.</i>
32	<i>Penculikan</i>	<p><i>"Apuranen aku Lintang. Aku kang nyulik Lanang lan ngatur kabeuh iki. Tebusan iki mung kanggo samudana, kanggi njajagi atimu, abot endi kowe antarane bandha lan anak."</i></p> <p><i>Aloke Gino karo ngudhunake Lanang saka gegere.</i></p>	98	Pranyata ingkang nyulik Lanang menika boten sanes Gino garwanipun piyambak. <i>Penculikan</i> menika boten gadhah maksud durja utawi badhe damel cilaka ananging minangka samudana njajagi manahipun Lintang.

**Tabel 14. Lampiran Data Prakawis ingkang Dipunadhepi Paraga Utama ing Novel *Kerajut Benang Ireng***

No. Data	Prakawis Ing Novel	Indikator	Kaca	Katrangan
1	2	3	4	5
33	Usaha perkebunan kirang lancar	<i>Pak Rahman mlebu kantor, dene Bayu isih milang-miling nliti pereng-pereng perkebunan kopi sing padha buthak, merga ana sawetara wit kopi sing mati.</i>	22	Perkebunan ingkang dipunkelola dening Pak Rahman kaliyan Bayu asilipun kirang sae amargi wonten saperangan woh kopi ingkang pejah.
34	Usaha perkebunan kirang lancar	“Generatore rada suwak. Ning wis rampung didandani kok, Mas. Mau bengi wayah tengah wengi ndadak lampune mati.” critane pimpinan perkebunan kuwi sinambi nyalami Bayu.	22	Prakawis-prakawis alit kados sarana saha prasarana ing perkebunan ugi asring ndadosaken asil perkebunan menika kirang lancar.
35	Usaha perkebunan kirang lancar	“Taun menika panenipun mboten saged dipunandelaken, amargi dampak Gunung Kelud kepengker taksih keraos,” wangslane Bayu gawe mareme Pak Rahman.	24	Ingkang ndadosaken asil perkebunan kirang sae menika ugi dipunjalari awit saking dhampak Gunung Kelud.

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
36	Tindak sedheng	<p><i>Pak Rahman nyawang gumun. Thukul saphlethik rasa curiga marang tingkahe sisihane kuwi. Luwih-luwih bareng pitakone Bayu, "Wong lanang, ya?"</i></p> <p><i>"Mas Bayu sampun pirsa ngaten!" Sayem melehne.</i></p> <p><i>"Kuwi ana titikane. Kae ana tegesan ing asbak meja tamu!"</i></p> <p><i>Bayu menehi bukti</i></p>	26	Pak Rahman saha Bayu wiwit cubriya kaliyan tumindakipun Bu Tiin ingkang wantun nampi tamu kakung. Bukti tegesan ing asbak meja tamu nambah raos yakin bilih ibunipun sampun sedheng kaliyan kakung sanes, emanipun Sayem pembantunipun taksih nutupi babagan menika.
37	Tindak sedheng	<p><i>"Sepindhah menika kula gumun, ibuk kok medal kaliyan tiyang jaler. Ngantos kula bidhal kuliah inggih dereng wangsal. Kula radi sujana," critane Bayu.</i></p>	29	Bayu nyariyosaken raos cubriyanipun ngengingi tindak sedheng ibunipun kaliyan Bu Esti, kaleres ibunipun Aswan ingkang kagungan profesi bidan.
38	Tindak sedheng	<p><i>"Nanging ya ora ana alane yen slirane kudu ngati-ati, amarga antarane ibumu lan bapakmu wong jejodhoan sing nganti saiki durung diparingi momongan. Mesthine ana salah</i></p>	29	Saking Bu Esti, Bayu kathah pikantuk wejangan bilih tumrapipun tiyang palakrama

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<i>sijine wong tuwamu sing ora puas, kuwi salah sijine alternatif, nanging kuwi isih durung mesthi benere.”</i>		ingkang dereng dipunparingi momongan menika saged ndadosaken sebab salah satunggalipun boten marem utawi lajeng tindak sedheng.
39	Paben kaliyan ibunipun	<i>“Aja ngece! Kowe arep melu sujana kaya bapakmu, ya?!” tembunge atos krasa yen atine runtik wis tatu perihen.</i>	30	Sikepipun ibu malih gampil duka saplok konangan anggenipun gandheng ceneng kaliyan priya sanes. Maksud Bayu ingkang nyuwun pirsa dhumateng ibunipun malah dipunkinten badhe sujana dhateng ibunipun.
40	Paben kaliyan ibunipun	<i>“Genah tembungmu kaya ngono, kok, isih mukir!” Tembunge ibune isih krasa eri sing nyudhet pangrasane Bayu, pangrasane anak pupon sing tansah ngati-ati.</i>	30	Bu Tiin malah tambah dukanipun nalika mireng tembung-tembungipun Bayu nalika nyuwun pirsa. Bayu rumaos sakit ing pangraosipun.

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
41	Paben kaliyan ibunipun	<i>Biasane ibune ora tau kawetu tembunge sing nglarani ati sing kaya ngono mau. Yen ditakoni wangslane kepenak. Kuwi dhek biyen, pikirane Bayu mblayang menyang dina kepungkur. Ibune pikirane isih biru durung kecoretan mendhung ireng. Sajake dina kuwi ana mendhung angendanu sing lagi mentiyung ing langite ibune.</i>	30	Bayu ngraosaken ewah-ewahan sikepipun ibu samenika. Mesthinipun prakawis menika sampun damel manahipun ibu boten jenjem amargi ajrih bilih tumindak sedhengipun dipunmangretosi dening Bayu.
42	Paben kaliyan ibunipun	<i>Ibumu wingi taktakoni, nesu. Iki pratandha kurang becik. Kowe omong saomong sing ati-ati, ben aja nyokrok perasaan ibumu,” pituture Pak Rahman.</i>	30	Malihipun sikep ibu ingkang dados sensitip ugi dipunraosaken dening Pak Rahman garwanipun, pramila Pak Rahman ndhawuhi Bayu supados saged njagi pangraosipun ibunipun.
43	Tindak sedheng	“Lajeng kalih sinten wau?” “Kalih kanca kuliah ingkang brengosen kandel ngoten,” Bayu mrabak abang, banjur pamitan.	33	Bayu kedah nampi raos kuciwa nalika piyambakipun badhe ngampiri Fensi pacanganipun, pranyata Fensi sampun langkung

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
				rumiyin dipunampiri dening priya sanes inggih menika kanca kuliahipun kanthi tetenger brengos ingkang kandel.
44	Tindak sedheng	<i>“Aku kok banjur duwe panemu sing beda, mesthine yen ibumu dandan mesthi ana sing sengaja ditarik atine.”</i>	35	Raos cubriyanipun Pak Rahman bilih Bu Tiin tindak sedheng tambah ageng amargi ningali wonten ingkang beda saking sikepipun Bu Tiin ingkang dados remen dandan ing salon.
45	Dipunpeksa ngladosi hawa nepsu keng ibu	<i>Bayu sing mung suwalan cendhak lan kalungan andhuk njola nyawang kamare ibune sing menga. Ibune mung menganggo onderok lan BH lagi paes, lawange ora ditutup.Dheg sar! Getihe Bayu kaya munggah menyang sirah lan getere jantung nitir cepet.</i>	37	Malihipun sikep ibu ing sangajengipun Bayu dipunraos sampun kliwat ing wates, amargi ibunipun kados kanthi sengaja badhe narik kawigatosanipun Bayu kanthi tumindak ingkang kirang prayogi.

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
46	Dipunpeksa ngladosi hawa nepsu keng ibu	<i>Pikirane Bayu goyang sanalika. Apa ibune ana perkara? Bayu sida sumrinthil mlebu penginepan Anggar Manik liwat gang cilik sing kebak nomer kamar. Pas kamar nomer pitulas didhodhok ibune, nanging ora ana wangulan. Lawang dikunci ibune. Bebarengan mengane lawang tangane Bayu disendhal mlebu. Bayu meh tiba ing njero kamar. Jebul kamar kuwi sepi tanpa ana wong-wing. Kunci lawang digegem ibune.</i>	40	Sejatosipun Bayu sampun rumaos cubriya kalih ibunipun, amargi nembe sapisan menika ibunipun nyuwun dipundherekaken ing penginepan aran Anggar Manik. Pranyata Bayu pance dipunapusi, Bu Tiin sengaja ngajak Bayu mlebet ing kamar penginepan.
47	Dipunpeksa ngladosi hawa nepsu keng ibu	<i>“Bayuuu, mung kowe sing bisa ngilangi panandhangku iki” tembunge Bu Tiin erotis.</i>	40	Ing lebet kamar penginepan, Bayu dipunpeksa ngladosi hawa nepsunipun Bu Tiin, ibunipun. Bu Tiin ngajeng-ajeng sanget supados Bayu saged ngleksanani panyuwunanipun.

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
48	Dipunpeksa ngladosi hawa nepsu keng ibu	<i>"Aku ora edan, aku waras Bayu. Aku ya ora semaput, a . . . aku wanita normal Bayu. Kebutuhan biologisku iki ora bisa maneh kudu dakpendhem terus, Bayu. Bapak . . . mu im . . . pot . . . ten. Ayo Bayu, aku ladenana!" Bu Tiin swarane saya ngrerintih erotis.</i>	41	Kanthi blakanipun Bu Tiin ngandharaken alesanipun kenging menapa ngantos Bayu kedah ngladosi ibunipun kadya tiyang ingkang sampun palakrama, inggih amargi Pak Rahman impoten saha dugi sepriki boten nate saged nyekapi kabetahan <i>biologis</i> -ipun Bu Tiin.
49	Dipunpeksa ngladosi hawa nepsu keng ibu	<i>"Ibuuu," ora krasa luhe Bayu ndlewer ing pipine."Bilih ingkang setunggal menika dados wewaler ingkang mboten wantun kula lampahi."</i>	41	Bayu nulak kekajenganipun Bu Tiin kanthi alus. Raos bekti lare dhumateng ibunipun menika dados wewaler ingkang boten wantun dipunlampahi dening Bayu.
50	Mangretos bilih lare kowar	<i>Lap! Eling yen dheweke laire tanpa bapak, rasa wirang banjur mbludag ing perasaane. Bocah haram sing urip</i>	65	Bayu rumaos wirang nalika mangretosi bilih piyambakipun

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<i>kelangan biyunge, saiki kari dheweke ijen sing kudu nanggung wirang kuwi.</i>		menika sejatosipun lare kowar, ingkang lair tanpa bapak saha kedah dipuntilar ibu kandhungipun wiwit alit.
51	Ngandhut	<p><i>"Aku wis rong wulan iki"</i></p> <p><i>"Sampeyan rak duwe bojo. Aku karo sampeyan rak podho senenge, apa sing kudu diperkara."</i></p>	69	Bu Tiin ngandhut kalih wulan saking asil tindak sedheng kaliyan priya sanes ingkang aran Diro. Diro boten purun tanggeljawab, saha ndhawuhi Bu Tiin supados matur mawon kaliyan garwanipun ngengingi kandhutan menika.
52	Ngandhut	<p><i>"Apa Mas duka? Aku iki serius" panyawange Bu Tiin sinartan esem manis. "Awake dhewe iki bakal duwe turun, Mas. Turun sing bakal nyambung gener sine dhewe."</i></p> <p><i>"Ning aku emoh yen duwe anak olehmu laku sedheng!"</i></p> <p><i>"Kuwi luwih becik, Mas, tinimbang ngenteni sampeyan ora bisa gawe senenge wong wadon. Yen aku duwe anak, uripku</i></p>	72	Bu Tiin nyobi matur dhateng Pak Rahman garwanipun ngengingi kandhutan ing padharanipun. Pak Rahman boten kersa saha boten saged nampi bilih kagungan lare saking asil sedheng utawi

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<i>bakal ana sing ngopeni. Yen ora? Arep melu sapa!?”</i>		<i>selingkuh. Babagan menika ndadosaken kekalihipun sami congkrah.</i>
53	Ngandhut	<p>“Ning sampeyan rak pengin weruh luwih dhisik sapa sing tak jak laku . . . ngene iki nganti dadi ta?”</p> <p>“Sapa?”</p> <p>“Anakmu dhewe! Bayu!”</p>	73	Rumaos lara ati dhumateng Bayu amargi boten purun ngladosi nalika ing penginepan, Bu Tiin malah damel fitnah dhateng Bayu kanthi ngaturaken dhumateng Pak Rahman bilih ingkang damel Bu Tiin ngandhut menika Bayu.
54	Badhe dipunpejahi dening ibunipun	<p>“Kowe tepung Bayu?” pitakone Bu Tiin</p> <p>“Bayu anak sampeyan?eneng apa?”</p> <p>“Iya. Singkirna bocah kuwi, yen perlu patenana.”</p>	77	Boten cekap namung damel fitnah dhateng Bayu, Bu Tiin gadhah maksud badhe nyingkriraken Bayu utawi mejahi Bayu lumantar Diro, priya ingkang dados kanca tindak sedheng.

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
55	Ngandhut	<p><i>“Bayu ko . . . we ora perlu wedi karo aku apadene ibumu. Aku ora bakal nyereg kowe kudu tanggungjawab, Le. Kowe ya aja wedi karo ibumu. Pancen bapakmu iki wong lanang sing ora nglanangi, Yu. Mulane ibumu ora duwe kemareman. Njur . . . njur yen pancen ibumu sing mbobot kowe sing mijeni. . . bakal takaku anakku . . .”</i></p>	83	Pak Rahman pitados kaliyan fitnahipun Bu Tiin, lajeng ngendikan dhateng Bayu bilih Pak Rahman saged nampi saha ngaku putra dhateng jabang bayi ing kandhutan Bu Tiin, bilih nyata menika Bayu ingkang tumindak.
56	Ngandhut	<p><i>“Ora, aku ora bakal ngukum wong liya tanpa bukti sing otentik, Bayu. Yen kowe pancen ora nglakoni kowe kudu nuduhne buktine. Ning yen pancen sing mijeni ibumu kowe, aku ora bakal suwala bocah ing kandhutane ibumu bakal takaku anak lan kowe kudu gelem ngaku adhik yen mbesuk wis lair.”</i></p>	84	Sinaosa Bayu sampun nampik fitnah saking ibunipun, Pak Rahman boten pitados ngaten kemawon dhateng katrangan Bayu. Pak Rahman ngedahaken Bayu saged maringi bukti bilih sanes Bayu ingkang sampun damel Bu Tiin ngandhut.
57	Ngandhut	<p><i>“Mboten! Bilih calon bayi wonten madharane ibu panjenengan akoni sumangga, nanging menika sanes kula</i></p>	84	Bayu nampik fitnah menika saha ngaturaken bilih sanes

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<i>ingkang mijeni! Sanes kula! Tinimbang kula kapurih ngakoni tindak ingkang mboten kula lampahi langkung sae kula pejah!"</i>		piyambakipun ingkang sampun mijeni jabang bayi ing padharanipun Bu Tiin. Bayu langkung milih pejah tinimbang kedah ngakeni tumindak ingkang boten nate dipunlampahi.
58	Badhe dipunpejahi dening ibunipun	<i>Dheg! Bayu bali sentoyoran tiba klumah. Awit dhadhane didugang salah sijine nom-noman mentas wae mudhun saka sepedha motor kuwi.</i>	88	Diro kaliyan bala-balanipun nggancaraken serangan kangge nyilakani Bayu. Komplotan menika kasil nyegat Bayu saha damel Bayu dhawah saking motoripun.
59	Badhe dipunpejahi dening ibunipun	<i>"Bener iki sing jenenge Bayu?" pitakone nom-noman sing lagi nyekeli glathi sinambi nyandhak gulone Bayu kuwi katon isih mangu-mangu.</i>	88	Salah satunggal nem-neman brewok ingkang boten sanes Diro menika nyobi badhe nyilakani Bayu. Jangganipun Bayu sampun dipunadhangi glathi dening Diro.

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
				Bayu taksih pasrah katon mangumangu amargi nembe mawon dhawah saha dipundugang.
60	Badhe dipunpejahi dening ibunipun	<i>Glathi ora sida ditamakne. Nom-noman kuwi ninggal Bayu gumlethak ing tengah dalan.</i>	88	Boten dangu nalika Bayu dipunkeroyok, wonten kendharaan ingkang liwat. Komplotanipun Diro sami nilar Bayu ing tengah margi saha boten siyos mejahi Bayu.
61	Tindak sedheng	<i>Sakala Fensi pucet, guwayane ganti mbleret. Ing poncod atine Fensi krasa grenjelan yen jane Bayu mesthine ngerti yen dheweke ana sesambungan karo kanca kuliah.</i>	92	Sabibar dipuncilakani komplotanipun Diro, Bayu dipunbiyantu Fensi. Bayu nyariyosaken bilih nem-neman ingkang nyilakani piyambakipun menika kanca kuliah Fensi ingkang boten sanes ugi gadhah gandheng ceneng kaliyan Fensi.

**Tabel Salajengipun**

<b>1</b>	<b>2</b>	<b>3</b>	<b>4</b>	<b>5</b>
62	Tindak sedheng	<i>Tembunge Bayu ora mlebu kupinge Fensi. Pangangene mabur adoh mecaki nalika dina kawuri sing kebak madu karo Diro. Ing lengkeh gunung Kidul sing gersang lan sepi kebak kaendahan karo Diro.</i>	92	Fensi kemutan nalika gadhah gandheng ceneng ngesokake sih katresnan kaliyan Diro ing lengkeh Gunung Kidul papan anggenipun Fensi saha Diro KKN.
63	Ngandhut saking asil selingkuh kaliyan priya sanes (ibu saha pacanganipun)	“Lajeng, sampun pinten wulan, Bu, menika wau.” “O, nggih, kula supe. Kalih wulan kirang, mbak,”	99	Saking asil sesambungan kaliyan Diro nalika KKN, pranyata Fensi sampun ngandhut kalih wulan. Bayu dereng mangretos bilih Fensi menika nembe ngandhut asil sesambungan kalih priya sanes.
64	Ngandhut saking asil selingkuh kaliyan priya sanes (ibu saha pacanganipun)	“Lajeng menika Ngaten, Bu. Kula kaliyan sisihan kula menika sami-sami taksih kuliah. Lajeng kula kekalih taksih dereng kepingin gadhah momongan. Kula nyuwun tulung, Bu, kadospundi rekadayanipun, janin wonten madharan kula menika sagetipun mboten kalajeng ageng.”	99	Fensi nyuwun tulung kaliyan bidan supados saged ngguguraken janin ing padharanipun kanthi alesan bilih Fensi saha pacanganipun taksih sami-sami

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<p><i>"Ah mboten saget lo Mbak. Panjenengan kekalih rak sampun dipun pikajengaken, ta? Kenging napa dadak dipunguguraken?"</i></p> <p><i>"Jane dereng kula ajeng-ajeng, ning lajeng keprojolan... kok, Bu..." mriplate Fensi prembung-prembeng luhe mambek.</i></p>		<p>kuliah, pramila janin menika dereng dipunkajengaken awit keprojolan. Ananging bidan ingkang boten sanes ibunipun Aswan menika boten saged bilih badhe ngguguraken janin.</p>
65	Ngandhut saking asil selingkuh kaliyan priya sanes (ibu saha pacanganipun)	<p><i>"Anggitmu kowe ndhekem ana omahe Fensi wis aman, ngono piye? Sadurunge kowe modar, ngertia bojoanmu kae wis meteng. Sing ngetengi aku, ning ora bakal takaku."</i></p>	103	<p>Bayu malah mangretos bilih Fensi ngandhut menika saking Diro, kanca sedhengipun Fensi. Nalika Diro badhe nyilakani Bayu, Diro ngandharaken sedayanipun dhumateng Bayu.</p>
66	Badhe dipunpejahi dening ibunipun	<p><i>"Sapa sing ngajak mateni Bayu?"</i></p> <p><i>"Di . . . Diro. Ning . . . Dibayar wong wedok sing arane Tiin."</i></p>	104	<p>Sababar dipunpethuk ojekan ingkang pranyata balanipun Diro, Bayu dipunudhunaken ing tengah bulak lajeng dipunkroyok dening Diro saha balanipun. Bejanipun</p>

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
				wonten Aswan ingkang dhateng mbiyantu saha kasil nyandhak salah satunggal balanipun Diro. Saking bala menika Bayu mangretos bilih ingkang badhe mejahi piyambakipun boten sanes Bu Tiin, ibunipun Bayu piyambak.
67	Badhe dipunpejahi dening ibunipun	“ <i>Tiin ?</i> ” Aswan njomblak. “ <i>Bayu sing ngalap nyawamu ibumu dhewe. Apa bener?</i> ” “ <i>Ora luput kaya critaku biyen,</i> ” wangslane Bayu. “ <i>Mesthine, ya, Diro kuwi sing jaka simpenane ibu, nganti ibu mbobot.</i> ”	104	Aswan kancanipun Bayu kejot nalika mangretos bilih ingkang badhe ngalap nyawanipun Bayu boten sanes ibunipun piyambak. Leres kados ingkang nate dipuncariyosaken Bayu bilih ingkang dipunkengken nyilakani Bayu menika Diro, priya kanca sedheng ibunipun.

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
68	Mangretos bilih lare kowar	<i>"Awit aku iki sabenere bocah kowar sing kelangan simbok merga bapakku mung tukon. Nganti saiki aku durung weruh bapakku sing sejati. Aku dewe durung bisa ngrantas benang ireng ing uripku.</i>	107	Bayu nyariyosaken prakawis bilih piyambakipun lare kowar saha kenging menapa piyambakipun saged dados lare kowar. Bayu gadhah ancas badhe madosi bapakipun ingkang sejatos.
69	Perkebunan dipunrampas	<i>"Banjur pimpinane kebun sapa, Pak Ratno?" "Dul Komar lan nggawa bala ora kurang rong puluh."</i>	110- 111	Nalika Bayu ningali perkebunan, kawontenan sampun malih. Pak Ratno ingkang rumiyin dados pangarsanipun perkebunan sampun medal. Perkebunan sampun dipunkuwaosi dening Dul Komar, inggih menika bapakipun Diro ingkang dados anak buahipun Bu Tiin.
70	Perkebunan dipunrampas	<i>"Bener, Pak. Wong-wong kuwi wis ngoyak, ngrampok nyawane Bayu. Kapindho ngrayah panguwasane perkebunan.</i>	111	Perkebunan ingkang sampun dirampas Dul Komar saha

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
				balanipun menika damel Pak Ratno gethem manahipun. Pak Ratno ngandharaken dhateng pegawe-pegawe sanes bilih panguwaos perkebunan ingkang enggal menika sampun ngrampok nyawanipun Bayu lajeng ngrampas perkebunan.
71	Penculikan	“ <i>Lan, Pak Rahman sing jarene tindak kuwi mung paekane Dul Komar. Kowe kabeh rak tau dicritani Pak Kormen yen dheweke kerep krungu wong disiksa ing kamar sengkeran?</i> ”	115	Pinten-pinten dinten Bayu boten kepanggih kaliyan bapakipun ingkang ngendikanipun nembe tindakan ing njawi kitha. Icalipun Pak Rahman menika pranyata amargi dipunculik kaliyan Dul Komar. Pak Ratno nyariyosaken marang Bayu bilih Pak Kormen kancanipun asring mireng tiyang

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
				ingkang dipunsiksa ing sengkeran, dipunduga menika Pak Rahman.
72	Perkebunan dipunrampas	<i>"Iya. Jebul Dul Komar lan Bu Tiin mung pengin ngrebut pangguwasa. Wong-wong kae ngrampok!"</i>	115	Bukti bilih perkebunan menika dipunrampas dening Bu Tiin saha Dul Komar menika saya katingal amargi kekalihipun namung pengin ngrebut panguwaos ing perkebunan.
73	Penculikan	<i>"Sing dijagi rapet malah pabrik nika. Sajake wonten tiyang ingkang dipuntawan wonten pabrik ngrika."</i>	118	Sabibaripun Bayu, Pak Ratno saha pegawe sanes sami nglawan komplotanipun Dul Komar, sedayanipun sami madosi Pak Rahman. Pranyata leres bilih Pak Rahman sampun dipunculik saha dipuntawan ing salebetung pabrik ingkang dipunjagi rapet dening bala-balanipun Dul Komar.

**Tabel Salajengipun**

<b>1</b>	<b>2</b>	<b>3</b>	<b>4</b>	<b>5</b>
74	Ibunipun seda	<i>Bebarengan lawang dibukak, Uaaa! Jerite Bu Tiin. Bayu kaget, mriplate sing pendiringan mencolot tumuju ruwang jembar kuwi. Mriplate Bayu mlolo, nalika weruh Bu Tiin sing katindhih nom-noman brewok sing nyekel glathi godres getih.</i>	122	Bayu mirsani piyambak nalika ibunipun dipunpejahi dening gendhakanipun piyambak. Bu Tiin dipuntusuk mawi glathi dening Diro, lajeng pejah.
75	Ibunipun seda	<i>"Ibu malah seda dipunpejahi gendhakanipun piyambak, kula seksine."</i> <i>"Dhuh Gustiii....," Pak Rahman ngelus dhadha weruh Bu Tiin mlumah adus getih kuwi.</i>	125	Pak Rahman namung saged pasrah nalika mangretosi kesaksian Bayu bilih ibunipun sampun seda dening gendhakanipun piyambak.

**Tabel 15. Lampiran Data Cara ingkang Dipunlampahi Paraga Utama Kangge Mungkasi Prakawis ingkang Dipunadhepi ing Novel *Nalika Prau Gonjing***

No. Data	Cara ingkang Dipulampahi Paraga Utama Kangge Mungkasi Prakawis	Indikator	Kaca	Katrangan
1	2	3	4	5
76	Purik saking dalemipun	“Bojomu kuwi sajake percaya temen yen kowe ora neng kene,” ngendikane Bu Padma maneh.	7	Cara sapisan ingkang dipunlampahi Lintang nalika ngadhepi prakawis garwanipun tindak sedheng menika purik ing dalemipun Bu Padma ibunipun. Gino boten mangretos bilih kesahipun Lintang sanyatanipun namung ing dalemipun Bu Padma, ibunpun Lintang piyambak.
77	Purik saking dalemipun	“Jane wonten menapa ta, Bu? Lintang kesah saking griya?” Tutik ngambali pitakone meneh. Penasaran! “Biasa ta, Wuk. Wong jenenge wong omah-omah, sok-	11	Kesahipun Lintang sampun dipunmangretosi dening mbakyunipun, sinaosa

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<p><i>sok iya padu barang.”</i></p> <p><i>”Geneha ki Lintang purik ngaten, ta?”</i></p>		<p>mbakyunipun dereng mangretosi prakawis menapa ingkang sampun ndadosaken Lintang kedah purik wangslu dhateng dalem ibunipun.</p>
78	Sesidheman	<p><i>Meh sesasi Lintang olehe ninggalake omah. Merga saking pintere Bu Padma anggone nyandiwara, nganti seprene Gino durung mangerti yen temene bojone kuwi cumondhok ing omahe wong tuwane.</i></p>	13	<p>Lintang boten pengin Gino mangretosi ing pundi papan anggenipun Lintang purik. Kanthi pambiyantu saking Bu Padma, Bu Padma nyandhiwara purak-purak boten mangretos ing pundi Lintang purik, pramila Lintang kados boten wonten ing dalemipun Bu Padma. Lampah menika dipunpendhet Lintang kangge sesidheman saking Gino garwanipun.</p>

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
79	Sesidheman	<i>Mula tekade, Lintang arep dijaga tenanan. Yen perlu diungsekake adoh saka omah iki amrih ora tansah kelingan bojone sing dianggep Bu Padma wis nyalahi aturan permainan.</i>	38	Amargi kuciwa dhumateng Gino ingkang boten purun methuk Lintang saha ndhawuhi Lintang wangsul piyambak, Bu Padma nyengkuyung keputusan Lintang kangge sumingkir saking dalemipun Bu Padma. Bu Padma saha Lintang badhe pados papan enggal kangge njagi kawontenan Lintang ingkang nembe mbobot.
80	Musyawarah kaliyan kulawarga	<i>"Ngene, Nak. Anane kowe kabeh padha daklumpukake iku merga ana bab wigati kang arep ibu sampekne," ujare Bu Padma sawise wong telu, ketambahan Lintang padha ngumpul neng ruwang tengah kang mujudake ruwang keluarga.</i>	40	Saderengipun Lintang kaliyan Bu Padma mendhet lampah kangge sumingkir nilar dalemipun, Bu Padma ngempalaken sedaya larenipun kalebet Lintang kangge

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
				ngrembag keputusan Lintang anggenipun badhe nilar dalem menika.
81	Musyawarah kaliyan kulawarga	<p><i>"Ngene. Omah iki mbiyen sing mundhut rak bapak karo ibumu swargi. Dadi ibu ya rumangsa ora ndhuweni hak apa-apa. Mung sebageyan prabot lan koleksi barang-barang seni kae sing olehe tetukon bapakmu karo ibu. Lha saiki soal omah dakbalikake bali marang kowe cah telu. Baginen kanthi adil. Dene barang-barang sing olehe tetukon ibu karo bapakmu, kuwi bakal daksuwun."</i></p>	40	Bu Padma makili Lintang ngandharaken maksudipun badhe nilar dalem tilaran Pak Padma saha garwanipun swargi. Bu Padma ugi masrahaken sedaya perabot tilaranipun dhateng kangmas saha mbakayu-mbakayunipun Lintang.
82	Musyawarah kaliyan kulawarga	<p><i>"Pancen ya ngono. Mula omah iki dakpasrahake marang kowe kabeh," wangslane Bu Padma sareh. Banjur nglirik marang Lintang. "Ibu arep ngetutake adhimu, Lintang." Sumambunge maneh.</i></p> <p><i>"Maksude Ibu, Ibu arep manggon dadi siji karo</i></p>	40	Pepinginanipun Lintang saha Bu Padma kangge nilar dalem ingkang lawas sasnsaya kendel. Bu Padma masrahaken dalemipun dhateng mbakyu saha kangmasipun Lintang, amargi

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<p><i>Lintang?" pitakone Sekar maneh.</i></p> <p><i>"Bener."</i></p>		<p>Bu Padma badhe ndherek Lintang.</p>
83	Musyawarah kaliyan kulawarga	<p><i>"Nanging Mbok Yem dakajak." Lintang kang ngomong.</i></p> <p><i>"Mbok ya aja srakah ta kowe ki, Lintang. Kowe rak wis duwe Simbok. Mosok Mbok Yem ya isih arep mbokgawa. Ben melu aku wae," ujare Tutik maneh.</i></p> <p><i>"Nanging suk yen aku nglairake, mung Simbok thok harak ora nyukupi," panangkise Lintang.</i></p>	41	<p>Lintang ugi matur kaliyan kangmas saha mbakayunipun bilih Lintang taksih mbetahaken mbok Yem pembantunipun, pramila piyambakipun badhe ngajak Mbok Yem pindhah ing griya enggal.</p>
84	Purik saking dalemipun	<p><i>"Eh, dadine kowe mung purik mrene, ta? Ngono bojomu olehe nggoleki kok nganti mbingungi."</i></p> <p><i>Semantene Sekar karo nyawang Lintang.</i></p>	41	<p>Sekar mbakyunipun Lintang nembe mangretosi bilih Lintang purik ing dalemipun Bu Padma amargi wonten prakawis kaliyan Gino. Lintang namung purik ing dalem ibunipun, ing pundi Gino anggenipun madosi ngantos moyer.</p>

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
85	Sesidheman	<i>Lan plong . . . rasane bareng bisa manggon neng omahe dhewe, senajan omah iku mau adoh saka apik. Kalah adoh yen ditandhing karo omahe Bu Padma sing ana Bantul. Apa maneh karo omahe Lintang ing Sleman.</i>	52	Upayanipun Lintang kangge sesidheman saking Gino kanthi cara manggeni griya enggal kasil. Lintang saged mbangun griya piyambak sinaosa taksih sederhana.
86	Nyuwun pambiyantu	<i>"Kowe aja mikir sing werna-werna dhisik. Srantekna nganti bayimu kuwi lair. Mengko yen wis lair, gampang. Saiki kita mlaku dhisik kaya rencana sakawit. Wis, ta. Pokoke mengko yen bayimu wis lair, soal modhal gampang. Dakrundhingan karo kangmasmu. Utawa kepeksane kita bisa nyilih bank dhisik," pamunggele Bu Padma.</i>	53	Nalika ngadhepi kacingkrangan sabibar manggeni griya enggal, Lintang dipunbiyantu Bu Padma nyuwun pambiyantu dhateng kangmasipun amargi kekirangan modhal kangge mbikak usaha perkebunanipun.
87	Ngadhepi kanthi pasrah	<i>"Hem . . ." Lintang ambegan dawa. Tangane banjur ngelus-elus wetenge sing saya bunder iku. Bareng dirasak-rasakke, ngendikane ibune kuwi ana benere. Dheweke kudu mikirake calon bocah sing ana njero</i>	53	Lintang ngadhepi kanthi pasrah nalika piyambakipun dereng saged miwiti usahanipun amargi kandhutanipun ingkang sansaya

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<i>wetenge kuwi. Dokter wis nyaranake, ora oleh mikir sing abot-abot dhisik. Ora oleh kekeselen.</i>		ageng. Sikep pasrah ingkang dipunpendhet menika amargi Lintang kedah njagi kasarasan lare ing kandhutanipun.
88	Ngadhepi kanthi tegas	<i>"Utawa awakmu menehi petunjuk samene, nanging wong-wong kuwi olehe nancepne sakepenake dhewe. Ora manut aturan."</i>	62	Lintang nggadhahi sikep tegas dhateng para karyawan nalika ngadhepi prakawis ngengingi perkebunanipun. Petungan winihipun mleset saha tirah kathah sanget, pramila Lintang kedah nimbali Permadi salah satunggal karyawanipun ingkang dipunpitados nyepeng babagan menika.
89	Nyuwun pambiyantu	<i>"Tekane mobil kuwi rencana isih kurang telung ndina maneh. Ora gres saka toko kok, Dhik. Wis kanggo. Arep tuku anyar, danane isih durung ana." Lintang</i>	68	Kangge ngadhepi kendhala nalika ngirimaken asil panen, Lintang nyuwun pambiyantu

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<i>ora crita yen mobil kuwi mung bantuan saka kangmase.</i>		dateng kangmasipun malih, inggih menika nyuwun ngampil mobilipun supados usaha perkebunanipun saged langkung lancar.
90	Mekaraken usaha	<i>Olehe ternak sapi perah ora kanggo tujuan bisnis. Nanging kanggo kesejahteraane para karyawane. Amrih saben esuk bisa ngombe susu seger. Lan kotorane uga bisa dimanfaatake rabuk tanduran.</i>	68	Lintang kasil anggenipun mekaraken usahanipun. Ternak sapi perah mlampah sae. Para karyawan tambah sejahtera awit saged ngunjuk susu seger saben enjang. Kotoran saged dipundadosaken rabuk kangge perkebunanipun.
91	Sesidheman	<i>Lintang bali mleruk. "Awas, yen dheweke nganti ngerti aku ana kene, berarti Mas Langit kang mbocorake!" pangancame.</i>	70	Upaya Lintang kangge sesidheman saking Gino ugi dipunbiyantu kangmasipun. Kangmasipun dipunwanti-wanti

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
				supados boten mbeberaken kawontenan Lintang samenika.
92	Nyuwun pambiyantu	<p><i>"Aku trim banget, lho, Mas?" ujare Lintang sepisan maneh nelakake rasa panuwune.</i></p> <p><i>Langit mesem. Banjur kandhane marang sopir mobil box sing uga melu ngetutake, "Sing krasan ana kene, Man. Bosmu saiki ganti."</i></p>	71	Lintang ngaturaken agunging panuwun dhateng kangmasipun awit sampun kathah mbiyantu kangge usaha perkebunanipun Lintang. Boten namung ngampilaken mobilipun kemawon ananging sasopiripun ugi badhe ndherek Lintang.
93	Mekaraken usaha	<p><i>"Aku ora mbujuk kok, Bu. Mung nakokane. Yen dheweke gelem ngedol lemah iku, aku gelem nuku kanthi rega kang luwih larang."</i></p>	73	Kangge nyekapi kabetahanipun para karyawan saha Lintang piyambak, Lintang badhe mekaraken usahanipun kanthi damel usaha peternakan. Lintang pados rekadaya kangge pikantuk lahan malih.

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
94	Mekaraken usaha	<i>Lintang mung muni iya-iya lan manthuk-manthuk ing sangarepe ibune. Nanging meneng-meneng dheweke ngubungi Kardi kanggo ngleksanani niyate iku. Lan telung sasi candhake, lemah sing diincer iku sida tiba ing tangane tenan . . .</i>	73	Sinaosa dipunpenging dening ibunipun, Lintang tetep kekeh badhe mekaraken usahanipun. Kanthi pambiyantu saking Kardi, Lintang kasil pikantuk siti ingkang dipunkajengaken.
95	Sesidheman	<i>Nanging saiki geneya kayane wanita mau kok purak-purak ora kenal dheweke? Utawa wanita iku pancen pengin ngendhani patemon iki wae? Batine Sinung ora mudheng.</i>	78	Caranipun Lintang kangge sesidheman saking garwanipun dipunlampahi kanthi ngendhani kancanipun Gino, inggih menika Sinung. Lintang purak-purak boten tepang kaliyan Sinung saha enggal-enggal kesah, supados Sinung boten nglapuraken kawontenan Lintang kaliyan Gino.
96	Mekaraken usaha	<i>Pancen, kanggo urusan pembukuan iki dheweke wis</i>	90	Lintang ngelola usaha

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<i>mbayar tenaga akuntan kanggo nindakake.</i>		perkebunan kanthi temen. Kangge babagan <i>pembukuan</i> , Lintang ngginakaken tenaga <i>akuntan</i> kangge nindakaken. Lintang kantun ngecek asilipun.
97	Ngadhepi kanthi tegas	<i>"Kowe kudu sing tegas, Santi. Pembukuanmu kudu tertib. Yen sasi ngarep dheweke nunggak maneh, kiriman sayur lan buah marang perusahaan kuwi becike distop wae. Kita rugi yen dicara kaya ngene. Kerja sama ya kerja sama. Nanging ya kudu ana timbal balike."</i>	90	Sikep tegasipun Lintang dipuntedahaken nalika piyambakipun ngadhepi prakawis tunggakan ing salah satunggal supermarket. Lintang mendhet sikep tegas dhumateng karyawan ingkang nyepeng babagan utang-piutang supados usahanipun boten tuna.
98	Ngadhepi kanthi tegas	<i>"Iki geneya produksine susu kok selot dina selot mrosot. Geneya kowe kok ora gelem laporan?"</i>	90	Sikep tegasipun Lintang ugi dipuntedahaken dhumateng

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<i>pitakone Lintang karo nuding cathetan-cathetan setoran susu menyang KUD.</i>		karyawan ingkang nyepeng babagan produksi susu, jalaranipun dipuntingali saking asil laporan, produksi susu mrosot.
99	Ngadhepi kanthi pasrah	<i>Ing minggu candhake, tamu-tamu teka maneh. Njaluk keputusane Lintang. Lintang kandha yen nyerah. Nanging dheweke uga njaluk wektu kanggo ngurusi karyawan-karyawan sing jumlah ora kurang saka seket.</i>	93	Lintang namung saged pasrah nalika ngadhepi prakawis perkebunan ingkang badhe dipunpundhut peksa. Lintang pasrah mawon bilih perkebunanipun kedah dipunsade dhateng tiyang-tiyang ingkang sampun sami ngancem, uger dipunparingi wekdal kangge ngurus karyawan-karyawan.
100	Ngadhepi kanthi pasrah	<i>Dheweke wis sadhar sawise dituturi ibune werna-</i>	94	Kejawi pasrah, Lintang ngadhepi

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<i>werna. Mula kabeh pacoban ya ditampa kanthi ikhlas. Urip iki wis ana kang ngatur. Manungsa ming kari nglakoni.</i>		sedaya prakawis ingkang nggebengi piyambakipun kanthi lila legawa. Sikep ikhlasipun menika dipunpendhet Lintang sasampunipun dipunparangi wejangan dening Bu Padma.
101	Ngadhepi kanthi pasrah	<i>Lintang lagi nyadhari, yen kabagyan kang dirasaake sasuwene iki mung semu. Atine suwung-wung. Dheweke ngrasakake sepi kang banget ngrerujit ati. Urip tanpa katresnan, tanpa pangarep-arep, jebulane sepa lan pait. Ah, Lanang . . . Lanang. Ibu ora kabotan kelangan bandha iki kabeh, waton kowe bali, panguwuhe karo nangis keranta-ranta.</i>	95	Lintang namung saged pasrah nalika larenipun ical dipunculik. Lintang nembe kraos bilih gesang tanpa katresnan saha pangajeng-ajeng, sinaosa kathah bandha menika namung kabagyan ingkang semu. Lintang namung kepengin larenipun wangsl, sinaosa kedah kicalan sedaya bandhanaipun.
102	Sami paring pangapura	<i>"Hem . . . apuranen aku Lintang. Kabeh mau kepeksa</i>	98	Pungkasnipun Lintang

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<i>daktindakake merga aku ora kepengin kowe mung diperkuda karo bisnismu kuwi."</i>		mangretosi bilih <i>penculikan</i> Lanang menika rekadayanipun Gino garwanipun kangge samudana, supados Lintang boten keblinger dhateng bisnis saha bandha. Gino ngakeni kalepatanipun saha nyuwun pangapura dhumateng Lintang.
103	Sami paring pangapura	<i>Lintang nyawang wong kuru nyekingkring neng ngarepe kuwi. Atine dadi sumedhot. Dheweke ora tahan. Mula wong lanang kuwi ditubruk wani.</i> <i>"Apuranen aku, Mas?" panguwuhe karo sesenggukan.</i>	98	Lintang boten kuwaos manahipun nalika kepanggih kaliyan Gino saha mangretosi sedayanipun. Lintang ngekep Gino lajeng ugi nyuwun pangapura kanthi trenyuh.
104	Sami paring pangapura	<i>"Ora ana kang kudu diapura. Aku uga luput," pangresahé Gino karo ngelus rambute Lintang. Atine trenyuh.</i>	99	Lintang kaliyan Gino sami paring pangapura. Gino ugi ngakeni bilih piyambakipun ugi

**Tabel Salajengipun**

<b>1</b>	<b>2</b>	<b>3</b>	<b>4</b>	<b>5</b>
				gadahah lepat dhumateng Lintang. Kekalihipun wang sul ing kabagan kang kebak trenyuh.

**Tabel 16. Lampiran Data Cara ingkang Dipulampahi Paraga Utama Kangge Mungkasi Prakawis ingkang Dipunadhepi ing Novel *Kerajut Benang Ireng***

No. Data	Cara ingkang Dipulampahi Paraga Utama Kangge Mungkasi Prakawis	Indikator	Kaca	Katrangan
1	2	3	4	5
105	Ngadhepi kanthi pasrah	<i>"Jatosipun nggih ngaten. Ning kados kula niki rak namung yoga pupon. Kula minder, napa nggih mbenjang perkebunan niki dipunwarisaken dhumateng kula. Mangka pikiran kula menika mbokbilih saget, kula mboten njagakaken warisan, sageta pados piyambak. Najan sakedhik bilih asil kringet kula piyambak badhe kraos tentrem boten badhe wonten tiyang ingkang wantun ngungkikh-ungkikh malih."</i>	23	Minangka lare pupon saking paklikipun, Bayu nggadhahi sikep pasrah menapa perkebunanipun badhe dipunwarisaken dhumateng piyambakipun menapa boten. Bayu tetep nggadhahi pangangkah pengin ngupaya piyambak saha boten njagakaken warisan supados boten wonten tiyang sanes ingkang badhe ngungkikh-ngungkikh bilih menika gadhahanipun Bayu piyambak.
106	Ngadhepi kanthi pasrah	<i>"Duka mbenjang. Samenika kula taksih mikir kahanan kula piyambak. Mbenjang kula namung badhe nampi takdir menika badhe kadospundi,"</i>	23	Sikep pasrahipun Bayu dipuntehahaken ugi nalika piyambakipun ngadhepi prakawis-prakawis ing gesangipun.

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<i>Bayu pasrah.</i>		Bayu pasrah nampi takdiripun ing tembe badhe kadospundi.
107	Pados rekadaya kangge mungkasi congkrahing bapak ibunipun	<i>Bayu ora kumecap. Bayu pengin mendhung sing mayungi keluargane kuwi bisaa ilang kesaput angin. Bayu pengin golek rekadaya.</i>	32	Minangka lare, Bayu rumaos gadhah tanggeljawab kangge mungkasi congkrah antawisipun bapak saha ibunipun. Bayu kepengin kulawarganipun wangsul ing kaanan ingkang tentrem kados saderengipun.
108	Pados rekadaya kangge mungkasi congkrahing bapak ibunipun	<i>Bayu terus nguleti pikirane supaya ibune gelem nglumohi keluputane lan bapake gelem ngapura ibune. Dheweke isih golek dalan.</i>	32	Bayu terus ngupaya pados cara supados bapak ibunipun saged wangsul akur. Ing pangangkahipun Bayu kepengin ibunipun saged nglumohi kalepatanipun saha bapakipun saged paring pangapura dhumateng ibunipun.
109	Pados rekadaya kangge mungkasi congkrahing bapak ibunipun	“Sampun dipungalih, Pak. Ibu rak pados kegiyatan ingkang saget nentremaken manahipun Ibu,” pambujuke Bayu ngleremake	35	Bayu ngupaya kangge ngleremaken manahipun Pak Rahman. Bayu nyobi mbujuk Pak Rahman supados gadhah

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<i>atine Pak Rahman.</i>		pamanggih ingkang <i>positif</i> dhumateng Bu Tiin.
110	Pados rekadaya kangge mungkasi congkrahing bapak ibunipun	<i>"Ah, Bapak. Sampun menggalih ingkang mboten-mboten, tiwas mangke wonten manah mboten sekeca. Mbokbih sampun kabukten menika, saweg dados perkawis."</i>	35	Bayu terus ngupaya mbujuk supados bapakipun boten gadhah penggalih ingkang warni-warni dhumateng Bu Tiin saderengipun wonten bukti ingkang nyata.
111	Nampik kathi kurmat saha tansah ngemutaken ibunipun	<i>"Ibu, kula aturi emut, Bu. Kula niki Bayu, putra njenengan," Bayu ngarih-arih ibune sing terus agresif ngruket Bayu tanpa kena dibendung maneh.</i>	40	Nalika ngadhepi prakawis kedah ngladosi hawa nepsu ibunipun, Bayu terus ngupaya kangge nampik amargi Bayu tetep ngurmati ibunipun. Bayu tansah ngemutaken keng ibu bilih Bayu menika larenipun.
112	Nampik kathi cara kurmat saha tansah ngemutaken ibunipun	<i>Bayu nginger awak madhep tembok. "Ibu, sampun ngaten, Ibu. Kula putra panjenengan, Ibu!" Bayu ngekep tembok kamar tanpa wani nyawang sing gumlethak ana tempat tidur.</i>	41	Nalika keng ibu terus meksa saha ngruketi Bayu, Bayu boten wantun nyawang ibunipun. Bayu malik badanipun lajeng madhep ing tembok

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
				sinambi tetep ngemutaken ibunipun bilih Bayu larenipun.
113	Nampik kathi kurmat saha tansah ngemutaken ibunipun	<i>Bayu perasaane ora bisa diapusi. Rasa hormat, lan ana tembok sing ngadeg jejeg ing atine. Atine ora bisa kanggo ngladeni wanita sing wis dianggep ibune kuwi. Senajan Bu Tiin terus ngrangsang sing terus ditampik Bayu nganggo tangane.</i>	40	Bayu terus nampik saha boten saged kangge ngladosi ibunipun. Rasa kurmatipun Bayu dhumateng ibunipun langkung ageng tinimbang sedayanipun. Paramila Bayu terus ngendha saha nampik ngangge tangananipun nalika Bu Tiin terus ngrangsang Bayu.
114	Nampik kathi kurmat saha tansah ngemutaken ibunipun	“Kula dereng siap, Bu. Sampun samenika.” “Ora siapa ora apa-apa, ning gawenen ibumu marem.” “Ee...sampun samenika, Bu. Sampun samenika.” “Sesuk, ya, Yu! Tumenan!” pipine Bayu diaras mesra.	42	Kanthi tembung dereng siap kangge ngladosi ibunipun, Bayu kasil ndadosaken menika alesan supados saged uwal saking daya peksa ibunipun kangge ngladosi hawa nepsunipun.
115	Purik saking dalemipun	<i>Nalika lagi sabunan banjur tuwuh pepinginan oncat saka omah kuwi wae tinimbang kudu</i>	51	Prakawis kaliyan ibunipun ndadosaken Bayu ajrih, saha kepengin sumingkir

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<i>nglakoni tindak siji kuwi karo ibune dhewe.</i>		saking dalem tiyang sepuhipun tinimbang kedah ngleksanani tumindak ingkang mala kaliyan ibunipun.
116	Purik saking dalemipun	<i>Dheweke kuwaitir yen ibune ngerti kuwi sandhang penganggo sing arep kanggo minggat. Dipkir kaping sewu, sansaya kandel pepinginanane oncat saka omah kuwi. Sansaya wani dheweke nanggung resiko.</i>	51-52	Tuwuh sakedhik raos ajrih manawi ibunipun mangretosi bilih Bayu badhe purik. Ananging pepinginan kangge kesah saking dalem menika sansaya kandel saha Bayu siyap nanggung resikonipun, pramila Bayu siyos kesah nilar dalemipun.
117	Miyak wewadi tiyang sepuh sejatosipun	<i>“Ning sampeyan sumerep, sinten ta, sejatosipun bapak kula niku?”</i> <i>“Kowe rak wis dicritani Rahman?”</i> <i>“Bapak boten nate crita bab tiyang sepah kula.”</i>	56	Dumugi ngancik dewasa, Bayu pancen dereng mangretosi sinten sejatosipun bapakipun Bayu. Bayu nyuwun pirsa dhumateng Pak Bani, tangginipun Bayu nalika taksih alit. Pak Rahman pancen boten nate cariyos ngengingi bapakipun Bayu ingkang sejatos.

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
118	Ngadhepi kanthi pasrah	<i>"Nasib kula pancen sampun pinesthi, Pak Bani."</i>	56	Kanthi sikep pasrahipun, Bayu ingkang kepanggih Bak Pani tanggi nalika Bayu alit, nyariyosaken kadadosan ingkang sampun dipunalami dening Bayu. Kadadosan wiwit Bayu alit saha kadadosan sasampunipun Bayu dewasa. Bayu pasrah nampi nasibipun ingkang sampun pinesthi kados makaten.
119	Miyak wewadi tiyang sepuh sejatosipun	<i>Rasa bingunge Bayu kalindhih rasa pengin weruh kepriye larah-larahe nganti biyunge tinggal ora sabaene. Saupama dipaeka wong liya, dheweke kudu nggoleki nganti teka leng tengu.</i>	57	Minangka lare pupon ingkang dipuntilar ibu kandhungipun wiwit alit, Bayu gadhah pepinginan saged mangretosi sinten tiyang sepuh sejatosipun saha kenging menapa larah-larahipun ibunipun kandhung Bayu saged seda.
120	Sesidheman	<i>"Kula dumugi mriki wau amargi dipunsingkang kalih Ibu kula, Bu Tiin garwanipun Pak Rahman."</i>	57	Bayu gadhah maksud badhe nyipeng ing dalemipun Pak Bani, amargi Bayu rumaos sampun dipunsingkang dening

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
				Bu Tiin. Estunipun Bayu piyambak ingkang nilar dalemipun amargi ajrih saha pengin sesidheman saking Bu Tiin ibunipun.
121	Miyak wewadi tiyang sepuh sejatosipun	<p><i>"Kelakon kowe duwe bapak tukon sadurunge lair ing alam padhang kene. Nanging calon bapakmu kuwi duwe patrap kurang becik. Seneng royal, omben, main, adu jago lan sasenenge dheweke. Bandha pawewehe simbahmu diawut-awut nganti ludhes. Banjur pawongan kuwi ninggal kowe sadurunge lair.</i></p>	63	Pak Bani nyariyosaken kadadosan ingkang dipunalami dening ibunipun Bayu, wiwit Bayu taksih ing kandhutan. Saking cariyos menika Bayu tetep dereng mangretosi bapakipun ingkang sejatos, amargi Bayu sampun gadhah Bapak tukon saderengipun lair.
122	Ngadhepi kanthi tegas	<p><i>Ning, aku pengin mati sawise wong sing mateni simbokku luwih dhisik dakpungkasi. Kudu! Kudu bisa males pati luwih dhisik, jerite ing batin terus gumregah tumuju kesumat sing mangalad-alad. Wiwit sesuk aku kudu miwiti labuh pati marang simbok.</i></p>	65	Sasampunipun mangretosi prakawis sinten sejatosipun Bayu saha larah-larahipun cariyos ibunipun, Bayu mendhet sikep ingkang tegas badhe males tumindakipun tiyang ingkang sampun damel ibunipun seda kanthi

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
				cara ingkang boten limrah.
123	Miyak wewadi tiyang sepuh sejatosipun	<i>"Inggih. Kula sampun dipuncritani perkawis sinten sejatosipun kula menika," mriplate Bayu kaca-kaca, irunge sentrap-sentrup.</i>	66	Bayu matur kanthi blaka dhumateng Pak Rahman bilih piyambakipun rumaos sedih amarga sampun mangretosi sinten sejatosipun Bayu.
124	Purik saking dalemipun	<i>"Pramila bilih bapak ngeparengaken, kula badhe ngleremaken manah kula menika wonten perkebunan mriki kemawon."</i>	66	Saperangan dinten bayu purik saking dalem saha sesidheman ing perkebunan. Pak Rahman ingkang rumaos kuwatir madosi Bayu. Bayu ngandharaken pepinginanipun badhe ngleremaken manah ing perkebunan kanthi alesan sampun mangretosi asal muasal dhirinipun ingkang sejatos. Bayu boten prasaja dhumateng Pak Rahman bilih purikipun amargi ajrih kaliyan ibunipun.

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
125	Purik saking dalemipun	<p><i>“Njur, kowe manggon ana ngendi?”</i></p> <p><i>“Dados setunggal kaliyan Pak Ratno mawon,”</i></p> <p><i>wangsulane Bayu ayem. Awit bapake jelas</i></p> <p><i>ngijini dheweke sumingkir saka omahe. Ora</i></p> <p><i>bakal dioyak semayane ibune sing mung kanggo</i></p> <p><i>srana ucul saka pamengku.</i></p>	67	Bayu ngaturaken rencananipun badhe manggen dados satunggal kaliyan Pak Ratno, pangarsa perkebunan. Kanthi alesan menika tamtu Pak Rahman paring idin Bayu kangge sumingkir, saha saged dados sranganipun Bayu saged uwal saking ibunipun.
126	Sesidheman saking ibunipun	<p><i>“Karepmu? Kowe ora mulih?”</i></p> <p><i>“Inggih, Pak.”</i></p> <p><i>“Yen ibumu nakokne?”</i></p> <p><i>“Panjenengan aturaken bilih kula saweg penelitian kangge njangkepi skripsi, ngaten kemawon.”</i></p>	67	Sasampunipun Bayu ngandharaken pepinginanipun boten badhe wangsl, Bayu nyuwun Pak Rahman kangge ngaturaken dhateng Bu Tiin bilih boten wangslipun Bayu amargi nembe ngawontenaken panaliten kangge njangkepi skripsi. Kanthi alesan menika Bayu aman saking Bu Tiin, amargi boten mangretos bilih sejatosipun Bayu sesidheman wonten ing perkebunan.

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
127	Ngendelaken kekiyatana	<i>Ing papan kuwi dheweke ngasah jurus-jurus kabisane sing wis ditimba ing perguruane. Jurus mbaka jurus dipraktekne tanpa kakehan tetimbangan, sawise jurus-jurus kuwi urut banjur dikombinasi nganti awake lempe-lempe.</i>	80	Bayu latihan beladhiri kangge ngendelaken kekiyataniipun. Cara menika dipunlampahi Bayu amargi kangge nyawisaken dhiri anggenipun badhe males dhendam dhateng tiyang ingkang sampun damel ibu kandhungipun seda. Kejawi menika, Bayu rumaos gadhah mengsaah utawi tiyang ingkang badhe nyilakani, pramila ngelmu beladhiri menika kangge ngadhepi mengsaah bilih sawayah-wayah badhe nyilakani Bayu.
128	Ngendelaken kekiyatana	<i>“Nika, Pak, Bayu!” panudinge salah sawijining karyawan kebun ing pereng sisih wetan. “Meh saben dinten pakaryan ingkang diutamakaken namung latihan beladhiri . . .”</i> <i>“Wong-wong kene padha ngerti, nyangapa Bayu</i>	80	Bayu ngasah ngelmu beladhirinipun saben dinten wonten ing perkebunan. Salah satunggal karyawan ingkang saben dinten mirsani Bayu latihan, ngendika dhateng Pak Rahman

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<p><i>saiki luwih nengenake beladhiri?"</i></p> <p><i>"Kados boten wonten. Malah Pak Ratno piyambak nyuwun pirsa dhumateng kancakanca, inggih tanpa wangsulan," critane wong lanang sing sandhangane masem kuwi.</i></p>		ngengengi kegiyatan Bayu menika. Ananging kekalihipun boten mangretos kenging menapa Bayu samenika langkung nengenaken beladhiri ing perkebunan.
129	Sesidheman	<p><i>"Sajake Bayu kok ugi saweg badhe ndhepani perkara ingkang ngadhang piyambake," tembunge Pak Peno grayah-grayah. Napa piyambake nyisih mriki amargi ajrih kaliyan ibu?"</i></p> <p><i>"Dheweke nyisih iki merga atine lagi jibeg, ngerti asal mulane. Dheweke rumangsa bocah kowar. Mung wae nyangapa dheweke malah nyisih ana papan kene? Apa ana sesambungane karo ibune?"</i></p>	81	Kesahipun Bayu ing perkebunan, amargi sesidheman saking Bu Tiin dipunraosaken dening Pak Peno pembantunipun saha Pak Rahman. Pak Peno nggadhahi panemu bilih kesahipun Bayu nyisih ing perkebunan amargi ajrih kaliyan Bu Tiin. Wondene Pak Rahman dereng saged mesthekaken menapa kesahipun Bayu menika leres amargi ajrih kaliyan ibunipun menapa namung amargi jibengipun manah mangretosi bilih Bayu lare kowar.

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
130	Sesidheman	<i>“Bapak, kula akeni pancen kula lepat, mboten blaka dhumateng Bapak amargi kula tirah wonten mriki. Sejatosipun kula pancen ajrih dhumateng ibu.”</i>	83	Amargi Pak Rahman salah paham dhumateng Bayu, Bayu blaka ngandharaken alesanipun tirah wonten perkebunan amargi kangge ngendhani ibunipun. Bayu rumaos ajrih dhumateng ibunipun.
131	Sesidheman	<i>“Kados kula matur rumiyin, bilih kula asring kapurih ngeterake ibu tindak salon. Ing dinten pungkasan kula dipunapusi, dhawuhipun ibu kula badhe dipunajak madosi kanca ingkang nyipeng wonten losmen..,” Bayu nerusake crito lelakone ing njero losmen. “Wekasanipun ibu kula semadosi. Pramila kula ajrih kaliyan Ibu bilih semaya kula kula menika dipuntagih.”</i>	83	Bayu nyariyosaken kadadosanipun nalika dipunapusi Bu Tiin ing losmen saha ngaturaken alesan kenging menapa Bayu kedah sesidheman saking Bu Tiin. Bayu tirah ing perkebunan inggih amargi ajrih bilih sawayah-wayah dipuntagih semayanipun Bayu kangge ngladosi Bu Tiin.
132	Ngadhepi kanthi tegas	<i>Mung siji sing bakal digoleki, wong lanang sing wis ngracun simboke. Bubar kuwi dheweke bakal nglalu ninggal donya sing kebak leletheg iki.</i>	85	Bayu mesthekaken bilih tiyang kakung ingkang sampun damel ibunipun nglalu menika boten sanes bapak tukonipun

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<i>Benang-benang ireng bakal dirantas, dheweke bakal ninggalake rajut ireng sing tansah nyrimpeti lakune.</i>		Bayu. Sinaosa Bayu dereng mangretosi sinten bapak tukonipun, ananging Bayu bakal ngupaya supados saged manggihaken saha males tumindakipun bapak tukon ingkang sampun dipunanggep mengsaah dening Bayu.
133	Nyuwun pambiyantu	<p><i>"Sesuk diparani, ya Wan. Mbokmenawa Pak Rahman isih ana. Toh saiki aku wis bisa nuduhne sapa sing gawe ibu mbobot."</i></p> <p><i>"Takterne nganti kowe harakiri merga rumangsa kowar!" kandhane Aswan banjur ngajak mapan turu.</i></p>	107	Bayu nyuwun pambiyantu dhumateng Aswan kancanipun, nalika ngadhepi prakawis Pak Rahman dipunculik saha piyambakipun badhe dipunpejahi. Bayu nyuwun tulung supados Aswan saged ngrencangi Bayu madosi Pak Rahman ing perkebunan.
134	Nyuwun pambiyantu	<i>"Aku bisa ngubungi kanca-kanca supaya ngroyok wong sing mandhori nyambutgawe, mengko ben dicencang neng tengah kebun."</i>	111	Dumugi perkebunan, pranyata perkebunan sampun dipunkuwaosi dening Dul Komar. Bayu dipunbiyantu Aswan nyuwun tulung dhumateng

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
				Pak Ratno, kangge pados rekadaya supados saged ngrebat perkebunan malih. Pak Ratno langsung ngubungi kanca-kancanipun kangge ngroyok mandhoripun.
135	Nyuwun pambiyantu	<i>Pak Ratno ngewangi Bayu nggolekne tali sing akeh mblasah ing kiwa tengene pos. Wong telu banjur nyeret hansip kuwi menyang kopen mburi pos. Sikile ditaleni ana pang kopi, sirahe ana ngisor.</i>	113	Kanthi pambiyantu Aswan saha Pak Ratno, Bayu kasil nrobos pos penjagaan perkebunan. Hansip balanipun Dul Komar ingkang njagi pos dipuntali saha diputawan ing wingking pos.
136	Nyuwun pambiyantu	<i>"Mulane dina iki andum gawe, ayo padha tindak culika ngelongi balane Dul Komar sing padha saba banjur dibanda ing tengah kebun. Mengko bubar strengenge angslup ayo rame-rame nyerbu pabrik lan omahe andhahane Dul Komar. Dene saiki tumindak sesidheman, aja nganti konangan luwih dhisik."</i>	115	Upaya Pak Ratno kangge ngempalaken pegawe kasil. Sasampunipun pegawe perkebunan sami kempal, Bayu enggal-enggal maringi instruksi kadospundi caranipun saha pembageyan tugas dhateng saben-saben pegawe kangge nyerbu Dul Komar saha bala-balanipun.

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
137	Ngadhepi kanthi tegas	<p><i>"Dul Komar! Biyen kowe gelem ngaku anak marang aku merga bandhane simbokku, bareng simbokku Sumarti wis mlarat kok racun. Saiki aku arep nebus njaluk ganti nyawane simbokku. Yen nyawamu rung dikirim nyang akherat, kesumatku isih thukul tumaruntun."</i></p>	123	Sikep tegasipun Bayu katingal nalika sampun manggihi mengsahipun. Bayu mangretosi bilih Dul Komar, tiyang ingkang sampun ngrebat perkebunan menika boten sanes bapak tukonipun Bayu, inggih tiyang ingkang sampun damel ibunipun Bayu seda. Pramila Bayu enggal-enggal madosi Dul Komar, badhe ngalap nyawanipun kangge males dhendham.
138	Ngadhepi kanthi tegas	<p><i>Saiki Bayu isih adhep-adhepan karo wong loro, siji nggawa glathi lan Dul Komar njupuk pedhange.</i></p> <p><i>"Ayo maju bareng!" panantange Bayu sinambi nyekeli kayu kopi pating begenjol sakentol gedhene.</i></p> <p><i>Dhakh! Uah! Wong sing nyekeli glathi kesawik</i></p>	123	Bayu kasil manggihaken Dul Komar saha satunggal balanipun. Bayu enggal-enggal ngadhepi Dul Komar saha balanipun. Sinaosa Bayu namung ngginakaken kayu kopi minangka gaman, dene lawanipun ngginakaken pedang saha glathi, Bayu saged

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<p><i>kayu kopi sambat, merga glathine uwal saka tangan. Bayu ora sabar wong kuwi dipancal. Dene Dul Komar menyang ruwang ngarep karo nyeret kursi. Pedhange sing kanggo nyebet kursi jebul malah kecepit angel didudut. Lagi wae ungkag-ungkeg, kursi kuwi dikepruk kayu kopi ngarah Dul Komar. Dul Komar gloyoran mundur maneh isih nyeret kursi. Dul Komar manyuk tengah lawang sing isih menga sesisih.</i></p>		<p>ngadhepi kekalihipun. Glathi saking tangan balanipun Dul Komar dipunsawik lajeng tiyangipun dipunpancal dening Bayu. Dene Dul Komar dipunkepruk ngginakaken kursi dening Bayu ngantos dhawah gloyoran. Kanthi sigap saha tegas Bayu saged nglawan kalih mengahipun.</p>
139	Ngadhepi kanthi tegas	<p><i>"Iki Dul Komar! Iki Dul Komar!" wong-wong sing ana njaba bengak-bengok bebarengan watu lan mabur.</i></p> <p><i>"Blegh ! Hegh ! Blegh ! Hegh ! Watungrutug gegere Dul Komar.</i></p> <p><i>Arep mlayu maju, Bayu wis mbabitake kayune kopi. Dhagh! Uwange didhangakne nganggo kayu kopi. Sirahe ndheglak banjur nggeblak.</i></p>	123	<p>Kanthi dipunbiyantu para pegawe perkebunan, Bayu kasil males dhendhamipun dhateng Dul Komar. Para pegawe sami mbalang watu ing arah Dul Komar saengga ngenani gegeripun Dul Komar, lajeng pungkasnipun Bayu mbabitaken kayu ing arah Dul Komar ngantos dhawah</p>

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<i>Tiba gumrebug kaya nangka bosok.</i>		nggeblak. Dul Komar kalah.
140	Miyak wewadi tiyang sepuh sejatosipun	<i>"Ora Bayu! Kowe kuwi anakku, Bayu! Aku iki bapakmu sing sejati, aku bapakmu sing mijeni simbokmu."</i>	124	Ing pungkasan, sabibar Bu Tiin seda, Pak Rahman prasaja bilih bapakipun Bayu ingkang sejatos menika Pak Rahman. Pak Rahman ingkang riyin sampun mijeni ibu kandhungipun Bayu.
141	Miyak wewadi tiyang sepuh sejatosipun	<i>"Simbokmu karo aku ki jane tunggal bapak seja ibu. Aku karo simbokmu banjur padha tresnane, bareng matur wong tuwa aku ora dikeparengake. Banjur ibumu takwijeni dhisik kanggo nelukake wong tuwaku, jebul tetep ora oleh gawe. Malah simbokmu ditukokake sisihan. Prasetyaku wis emoh duwe anak maneh, nyatane aku rumangsa dosa gawe sengsarane simbokmu. Aku mara menyang dhukun supaya aku ora duwe gairah maneh . . . mulane ya mung kowe, Yuu, anakku sing bisa tak kudang-kudang . . ."</i>	124	Pak Rahman nyariyosaken dhateng Bayu kadospundi larah-larahipun sesambungan antawisipun Pak Rahman saha ibunipun Bayu ingkang boten dipunkeparengaken dumugi Bayu wonten, sahakengin menapa sebabipun Pak Rahman dados impoten. Ing pungkasanipun Bayu mangretos bilih Pak Rahman ingkang sampun ngrimat Bayu wiwit alit saha dipunkinten bapak angkat menika bapakipun Bayu sejatos.



**Tabel 17. Lampiran Data Amanat Ing Novel *Nalika Prau Gonjing***

No. Data	Amanat	Indikator	Kaca	Cara Ngandharaken
1	2	3	4	5
142	Kedah saged njagi hawa nepsu	“Sayah, mas?” pitakone kenya iku saya kendel. Tangane wiwit gerilya ing papan-papan kang sensitip. Wiwitane Gino isih bisa ngendhani kanthi cara kang alus banget lan ora ngawistarani. Nanging Meiske, kenya kang dikirim dening Sinung iku sajake wis cukup pengalaman ngadhepi wong kaya Gino, sing isih clondho ing babagan wanita. Luwih-luwih sing tingkat profesional kaya Meis kuwi. Pungkasane Gino sido ambruk ing rangkulane kenya ayu iku.	3	Langsung (narasi paraga)
143	Ampun tindak sedheng supados gesang bebrayan boten congkrah	Kenikmatan kang mung sagebyaran kuwi pranyata kudu dibayar larang. Lintang Puspasari, bojo kang ditresnani minggat merga ngonangi anggone slingkuh liwat celdam ing njero kopere. Wanita kinasih iku lunga ngono wae, tanpa menehi kesempatan marang dheweke kanggo njelasake masalah kang sanyatane.	3	Langsung (narasi paraga)
144	Dipunbetahaken upaya ageng kangge	Wis ora kurang-kurang anggone ngupaya Lintang. Kabeh kulawargane Lintang wiwit omahe wong tuwane kang ateges mara tuwane Gino, ngantin	3	Langsung (narasi sikep)

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
	mungkasi prakawis ing gesang bebrayan	<i>tekan sedulur-sedulure Lintang, tunggal embah, tunggal buyut, canggah, kabeh ditekani. Ora ana kang ngerti ngenani wanita kinasih iku. Semono uga kanca-kancane Lintang kang ditepungi dening Gino, wangsulane sami mawon. Ora ngerti! Gino nganti judheg.</i>		paraga)
145	Ampun tindak sedheng supados gesang bebrayan boten congkrah	<i>“Kowe ora ngerti permasalahane,” panyaute Gino “Apa? Wajar yen ing rumah tangga iku kala-kala padu. Wong selagine isih pacaran wae sok-sok ya ngono. Wong wedok pancen mesthi njaluk menange dhewe. Sithik-sithik purik, sithik-sithik minggat.”</i>	5	Boten langsung (dialog paraga)
146	Kasetyaning tresna	<i>“Lha nanging sapa sing ora serik, wong lagi mbobot ditinggal slewengan karo wadon liya. Sapa sing bisa nampa yen wong lanang kang sasuwene iki tansah dibekteni tega tumindak culika kanthi nyolok mata.” Luhe Lintang bali tumetes kelungan marang celdam kang ditemokakae ing njero kopere bojone. Ora ana kang luwih lara saliyane dikhianati dening wong kang paling ditresnani.</i>	8	Boten langsung (dialog paraga)

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
147	Katresnan tiyang sepuh	<i>Anak-anake Pak Padma saka ibu sing ndhisik sing isih cilik-cilik iku direngkuh kadi dene anake dhewe. Dadi bocah-bocah kuwi ora ana kang nganggep Ibu sambung marang dheweke. Marang Lintang sing kapernah dulur tunggal bapa seja biyung iku, sesambungan uga apik. Ngungkul-ngungkuli tunggal sawadhah. Guyup rukun nganti tumekaning dhewasa padha omah-omah.</i>	9	Langsung (narasi paraga)
148	Katresnan tiyang sepuh	<i>Bu Padma gragapan krungu swarane Lintang lutak-lutak. Lamunane sakala ambyar. Dheweke enggal mencolot, ngranggeh pispot ing ngisor ranjang. Didokok ing ngisor sikile Lintang. Sawise iku, gulune anake wadon kuwi banjur dipijeti.</i>	9	Langsung (narasi sikap paraga)
149	Sedheng tumindak ingkang boten sae menapa mawon sebabipun	<i>"Wis, Wuk. Ora perlu ditangisi. Wong lanang pancen angel dipahami. Paribasan neng ngomah wis dipakani wareg, neng dalan nemu gereh ya isih gelem mangan. Mula sing sabar Wuk."</i>	10	Boten langsung (dialog paraga)
150	Sedheng tumindak ingkang boten sae menapa mawon	<i>"Tur maneh, Ibu yakin yen bojomu olehe tumindak mangkono mung merga khilap. Jajal ta pikiren nganggo ati kang wening, dheweke lagi adoh ing paran, luwih saka rong minggu ora ketunggon bojo. Mesthine dheweke</i>	10	Boten langsung (dialog paraga)

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
	sebabipun	<i>rumangsa kesepen. Bab iki mesthine kowe ya isa mahami, Wuk. Aja mung nyalahake wae," ngendikane Bu Padma akeh.</i>		
151	Ampun tindak sedheng supados gesang bebrayan boten congkrah	" <i>Biasa ta, Wuk. Wong jenenge wong omah-omah, sok-sok iya padu barang.</i> "	11	Boten langsung ( <i>dialog paraga</i> )
152	Wonten ing gesang bebrayan dipunbetahaken sikep jujur	" <i>Ning kowe rasah kandha marang sapa-sapa lho, yen Lintang ana kene. Soale aku wis kadhung ngapusi Gino yen Lintang ora ana ing omah kene," "Lho, ibu ki kok aneh. Kenging menapa kedah dora kaliyan Dhik Gino?" pitakone Tutik ora mudheng.</i>	11	Boten langsung ( <i>dialog paraga</i> )
153	Purik dereng tamtu saged mungkasi prakawis bebrayan	<i>Simbok bisane mung ngelus dhadha saben-saben momongane kawit cilik iku tansah dhelog-dhelog kaya wong ngengkleng. Setengahe dheweke uga nyalahake Lintang. Wong ming perkara sepele ngono wae kok tega-tegane ninggalake bojo. Tanpa pamit pisan. Mesthine ana perkara ki rakya dirembug. Ora langsung ditinggal purik kaya iku. Ee . . . yen purik isih karuan sing dijujug. Nanging yen Nak Lintang ki ora, kok. Lunga ora karuan juntrunge nganti gawe bingunge sing ditinggal.</i>	13	Langsung ( <i>narasi sikap paraga</i> )

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
154	Wonten ing gesang bebrayan dipunbetahaken sikep jujur	<p><i>"Oh, sokur ta Nak Gino yen slirane durung nganti lapor. Sebab . . . sebab . . . temene Lintang ana daleme Ibu," ujare Bu Padma kanthi pedhot-pedhot.</i></p> <p><i>Dheweke ora mentala arep dora terus-terusan marang mantune iku. Merga sajake Gino ngarep-ngarep tenan baline Lintang.</i></p>	16	Boten langsung (dialog paraga)
155	Wonten ing gesang bebrayan dipunbetahaken sikep jujur	<p><i>"Sing gedhe pangapuramu, Nak. Ibu nindakake kabeh mau merga mung nampa laporan sepihan saka Lintang. Nanging bareng weruh kanyatan kang satemene, ah . . . rasane Ibu ora percaya yen sliramu wis tumindak kaya kang dikandhakake anakku, Lintang. Mula Ibu banjur terus terang marang sliramu," ujare Bu Padma lirih.</i></p>	17	Boten langsung (dialog paraga)
156	Sedheng tumindak ingkang boten sae menapa mawon sebabipun	<p><i>Dipikir-pikir, Lintang kuwi egois. Wong kesalahan ngono wae digedhek-gedhekake. Wajar kan yen wong lanang kala-kala iya kepengin ngicipi menu kang beda. Ora mung bistik terus-terusan. Wong ki kadhang rak ya kepengin ngrasakake sate barang kok, Lintang wis mutung.</i></p>	24	Langsung (narasi sikep paraga)
157	Ampun tindak sedheng supados gesang bebrayan boten congkrah	<p><i>Ee . . . lagi jajan sepisan, lan iki uga tanpa kejarag, wong diteri kok, Lintang wis mutung. Lunga tanpa pamit. Ninggalake kuwajibane minangka ibu rumahtangga.</i></p>	24	Langsung (narasi paraga)

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
158	Purik dereng tamtu saged mungkasi prakawis bebrayan	<p><i>"Aku neng Bali lagi ana kepentingan, Lintang. Golek obyek kanggo lukisanku. Mungkin seminggu maneh aku lagi mulih. Dakajab sliramu wis bali."</i></p> <p><i>"Ora!" Wangsulane Lintang karo nahan emosi.</i></p> <p><i>"Ora? Njaluk dipethuk? Ah, kowe purik aku rak ya ra akon ta? Mula kowe ya kudu mulih dhewe. Soal barang neng koper ika, aku pancen salah. Aku njaluk maaf. Ning terus terang aku ora bisa yen kudu kongkon methuk kowe.</i></p>	34	Boten langsung (dialog paraga)
159	Njagi tumindak saha ngurmati asma tiyang sepuh	<p><i>"Ah, Ibu ki sampun kagungan pikiran ingkang makaten. Ibu nggulawenthah kula rak kawit taksih alit. Ibu sampun kula anggep sanes tiyang sanes malih, senaosa Bapak sampun boten wonten," aloke Tutik.</i></p>	40	Boten langsung (dialog paraga)
160	Njagi tumindak saha ngurmati asma tiyang sepuh	<p><i>"Sampun ta, Bu. Ibu ora usah pakewuh manggon ing omah iki. Aku sasedulur ora ana kang bakal nggugat ngenani omah tinggale Bapak iki."ujare Langit.</i></p>	40	Boten langsung (dialog paraga)
161	Tulung tinulung tanpa pamrih	<p><i>"Lha angkahku, Ibu arep ngedol salah siji barang tinggale swargi bapakmu. Yen mung limang yuta wae regane rak kliwat. Nanging mbok Yem menggak, jare eman-eman. Wong barang tinggalan, kok. Dheweke</i></p>	48	Boten langsung (dialog paraga)

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<i>banjur nawakake emase, kena dinggo dhisik."</i>		
162	Kasetyaning tresna	<i>Lintang meneng. Mbok Yem pancen wis lola. Bojo ora duwe, mati nalika jaman agresi. Anak uga durung sempat duwe. Siji-sijine keluargane ya mung ponakane iki. Jane wektu kuwi mbok Yem isih enom. Isih akeh sing gelem saupama kepengin rabi maneh. Wong najan pembantu, rupane Mbok Yem ya rada melek, kok. Nanging Mbok Yem puguh ora gelem. Sebab dheweke wis janji prasetya karo bojone sing mati, ora niyat omah-omah maneh ing sisa uripe.</i>	48	Langsung (narasi paraga)
163	Kasetyaning tresna	<i>Ah, katresnan pancen endah sauger ora dikhianati. Upama Gino Girindu ora ngianati kesetiaane, Lintang uga bakal tetep setya kapan wae, senajan upamane Gino ndhisiki murut ing kasidan jati. Dheweke lila urip ijen nganti selawas-lawase, merga nuhoni kasetyan mau. Nanging saiki critane wis seja. Wong lanang kang ditresnani, kang dipasrahi jiwa raga wis ngianati dheweke. Apa iya dheweke klakon tetep ngugemi kasetyane marang wong lanang sing kaya iku?</i>	48	Langsung (narasi paraga)
164	Tansah konjuk sokur	<i>Langit ing wetan iku, katon endah banget. Puji sukur marang Gusti Allah</i>	49	Langsung

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
	dhumateng Gusti	<i>kang wis nyiptaake kabeh kuwi, tanpa rinasa lambene Lintang ndremimil nyebut asmaNe.</i>		(narasi sikap paraga)
165	Nggadhahi sikep pasrah saha sabar nalika nampi pacoban	<i>"Hem . . ." Lintang ambegan dawa. Tangane banjur ngelus-elus wetenge sing saya bunder iku. Bareng dirasak-rasakke, ngendikane ibune kuwi ana benere. Dheweke kudu mikirake calon bocah sing ana njero wetenge kuwi. Dokter wis nyaranake, ora oleh mikir sing abot-abot dhisik. Ora oleh kekeselen.</i>	53	Langsung (narasi sikap paraga)
166	Purik dereng tamtu saged mungkasi prakawis bebrayan	<i>Atine dumadakan wae krasa sedhih. Bubar sasi iki dheweke bakal nglairake jabang bayine tanpa ketunggonan bojo. Tanpa ketunggon priya sing nitisake wiji ing wetenge.</i>	53- 55	Langsung (narasi sikap paraga)
167	Purik dereng tamtu saged mungkasi prakawis bebrayan	<i>"Lho, geneya kowe dadi cengeng? Dalan iki rak ya pilihan-pilihanmu dhewe, ta? Mesthine sadurunge mlangkah adoh kowe kudu mikirake akibat-akibate. Ibu mbiyen wis menehi wawasan. Nanging kowe tetep ngotot, emoh bali marang bojomu. Geneya saiki bareng kabeh wis kebacut kowe ndadak getun?" pamelehe Bu Padma.</i>	55	Boten langsung (dialog paraga)
168	Kedah saged njagi hawa nepsu	<i>Gino isih tetep tenang. Sebab ana Lindri sing kerep jedhal-jedhul nyambangi dheweke. Ora ana Lintang, malah kaya-kaya mujudake</i>	56	Langsung (narasi sikap

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<i>kesempatane kanggo nguja nepsune. Wong loro kaya wis ora eling wayah. Ra pedhuli esuk, awan utawa bengi, dikatog-katogake anggone seneng-seneng. Nganti Simbok dadi ketir-ketir. Kuwatir yen ujug-ujug Lintang teka. Kamangka Gino lagi nyengker wanita liya ing omah iku.</i>		paraga)
169	Wonten ing gesang bebrayan dipunbetahaken sikep jujur	<i>Kelingan ujare Langit iku, Gino dadi lemes. Babarpisan dheweke ora ngerti yen bojone wis mbobot. Lintang ora nate kandha marang dheweke. Oh getune Gino ora bisa dikandhakake. Upama dheweke ngerti yen Lintang ngandhut, sawise dikandhani mara tuwane yen Lintang ana omah Bantul, mesthi dheweke langsung nyusul.</i>	57	Langsung (narasi sikap paraga)
170	Tulung tinulung tanpa pamrih	<i>“Aku trim banget, lho, Mas?” ujare Lintang sepisan maneh nelakake rasa panuwune. Langit mesem. Banjur kandhane marang sopir mobil box sing uga melu ngetutake, “Sing krasan ana kene, Man. Bosmu saiki ganti.”</i>	71	Boten langsung (dialog paraga)
171	Manungsa boten kenging sarakah	<i>“Kowe aja srakah, Lintang. Ora apik mbujuk-mbjuk wong kongkonadol omah. Aja dupeh kowe duwe dhuwit. Ibu ora setuju yen kang ngono caramu.”</i>	73	Boten langsung (dialog paraga)

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
172	Manungsa boten kenging sarakah	<p><i>"Ibu ora seneng yen caramu ngono kuwi. Ambisi kena-kena wae. Merga wong tanpa ambisi ya ora bisa maju. Nanging aja kebangeten. Yen kebangeten kuwi jenenge ambisius. Sikap ambisius bisa nyurung wong tumondak srakah. Dheweke bakal menghalalkan segala cara kanggo ngleksanaake maksude."</i></p>	73	Boten langsung ( <i>dialog paraga</i> )
173	Dipunbetahaken upaya ageng kangge mungkasi prakawis ing gesang bebrayan	<p><i>Tekan ngomah, Gino langsung mlebu kamar sing disedhiyaake dening Sinung. Awake dibanting ana kasur. Mriplate kelam-kelom nyawang pyan. Angen-angene moyer seser. Golek rekadaya kepriye amrih bojo lan anake iku gelem bali marang dheweke.</i></p> <p><i>"Penake anake kuwi ciliken wae. Mengko ibune rak luluh," cumengkling swarane Sinung kang nyaranake supaya dheweke nyulik anake lanang sing ora diweruhi spa jenenge.</i></p> <p><i>"Ah . . .?!"Gino ngresah alon. Ing atine tuwuh perang rame. Perang antarane pepinginan kanggo bali ngrebut atine Lintang lan tantangan kang kudu diadhepi. Sawijining tantangan kang ora entheng.</i></p>	87	Langsung ( <i>narasi sikap paraga</i> ) lan Boten langsung ( <i>dialog paraga</i> )
174	Manungsa boten kenging sarakah	<i>Hem . . . yen manut keterangan sing sempat dikumpulake mau bengi, saka wong-wong sing bisa dipercaya, kesugihane Lintang kuwi wis tumpuk</i>	89	Langsung ( <i>narasi sikep</i> )

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<i>undhung. Sebab usaha kang ditangani pancen macem-macem. Nanging ana siji bab sing Gino rada ora pati percaya karo keterangan wong-wong kuwi. Jare Lintang olehe tuku lemah pertanian kantgi cara peksan</i>		paraga)
175	Manungsa boten kenging sarakah	<i>Apa mungkin kabeh kang ditindakake Lintang iku mung minangka konpensasi? Pelarian saka rasa kuciwane marang dheweke? Gino nate maca sawijining literatir, wong ing kahanan kuciwa abot, bisa tumindak nekat. Tumindak kang lelawanan karo hati nuranine. Dheweke ora pedhuli apa wae. Sing dipikir mung ambisine bisa ketekan. Kekarepane keturutan. Kuwi kanggo ngimbangi atine sing gothang mau. Kanggo ngimbangi kekurangane.</i>	89	Langsung (narasi sikep paraga)
176	Dipunbetahaken upaya ageng kangge mungkasi prakawis ing gesang bebrayan	<i>Aku kudu mungkasi kabeh iki. Aku kudu bisa mbalekake kowe ing kahananmu sakawit. Kaya nalika mendhung durung mayungi rumah tangga kita, lan prau sing kita welahi kanggo lelayaran tumuju pantai, durung oleng.</i>	89	Langsung (narasi sikep paraga)
177	Manungsa boten kenging sarakah	<i>"Wis ta, Wuk. Bandha kena digoleki. Bareng nyawa? Karo meneh wong ya dituku kanthi rega kang murwat."</i>	92	Boten langsung (dialog paraga)

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
178	Tiyang ingkang tumindak boten sae bakal nampi piwales	<i>Ora ana udan, ora ana angin, sawijining wengi dheweke ditekani wong papat, ngaku yen saka perangkat desa lan oknum polisi. Intine Lintang diancam kudu nyerahake ;ahan pertaniane kuwi. Ora nyerahake cul ngono ora. Nanging mesthi wae iya dituku kanthi rega kang wajar. Temene Lintang owel. Sebab lemah kuwi mujudake tambang emas kanggone. Nanging bareng di ancem bola-bali, yen ora gelem ladhang kuwi bakal diobong, dheweke sakaluwarga uga bakal disampurnakne pisan, Lintang dadi kedher.</i>	92	Langsung (narasi paraga)
179	Tiyang ingkang tumindak boten sae bakal nampi piwales	“Gak. Aku gak percaya. Paling-paling kuwi mung kanggo samudana wae. Aku yakin. Wong sing arep ngrampas lemah mesthi wong kang iri ndulu usahaku,” wangulanane Lintang.	92	Boten langsung (dialog paraga)
180	Manungsa boten kenging sarakah	“Wis ta, Lintang. Mosok kowe ki bandha karo nyawa kok abot bandha. Kanthi dhuwit ganti rugi mau, kita bisa urip mewah neng kutha. Masa depan isih tetep terjamin tanpa kowe kudu kangelan nyambutgawe,” pandhesegé ibune.	92-93	Boten langsung (dialog paraga)
181	Manungsa boten kenging sarakah	“Kowe aja mung mburu senengmu dhewe. Nanging uga pikirna anakmu. Lanang butuh sekolah.”	93	Boten langsung (dialog paraga)

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
182	Kathah bandha dereng tamtu njamin kabagyan	<i>Lintang meneng bareng dipojokake masalah anak. Hem . . . yen dipikir sasuwene iki pancen mung mentingake butuhe dhewe. Tanpa maelu marang Lanang sing uga mbutuhake sih katresnane. Mbutuhake bimbingane. Lintang wis nglirwaake tugas suci minangka ibu, merga terlalu sibuk karo urusane.</i>	93	Langsung (narasi sikep paraga)
183	Tiyang ingkang tumindak boten sae bakal nampi piwales	<i>"Ah mangka aku kena hukum karma. Sebab lemah iki mbiyene olehku tuku uga kanthi cara peksan," pupuse Lintang pungkasane. Sebab dheweke emoh mumet-mumet mikiri soal iku maneh.</i>	94	Langsung (narasi sikep paraga)
184	Nggadhahi sikep pasrah saha sabar nalika nampi pacoban	<i>Dheweke wis sadhar sawise dituturi ibune werna-werna. Mula kabeh pacoban ya ditampa kanthi ikhlas. Urip iki wis ana kang ngatur. Manungsa ming kari nglakoni.</i>	94	Langsung (narasi sikep paraga)
185	Kathah bandha dereng tamtu njamin kabagyan	<i>Lintang lagi nyadhari, yen kabagyan kang dirasaake sasuwene iki mung semu. Atine suwung-wung. Dheweke ngrasakake sepi kang banget ngrerujit ati. Urip tanpa katresnan, tanpa pangarep-arep, jebulane sepa lan pait. Ah, Lanang . . . Lanang. Inu ora kabotan kelangan bandha iki kabeh, waton kowe bali, panguwuhe karo nangis keranta-ranta.</i>	95	Langsung (narasi sikep paraga)

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
186	Purik dereng tamtu saged mungkasi prakawis bebrayan	<i>Yen wis ngono iku, dheweke banjur kelingan marang bojone sing ditinggalake. Kelingan marang kelembutane, marang kekonyolane, pokoke dheweke mung kelingan marang bab-bab kang apik-apik thok. Atine sansaya kaya direrujit. Ah, upama isih ana Gino ing sisihe, dheweke bisa ngadhepi kahanan iki bebarengan. Ora mung ijen kaya iki. Pengin dheweke nggoleki Gino. Nglaporake bab nasibe anake.</i>	95	Langsung (narasi sikep paraga)
187	Dipunbetahaken upaya ageng kangge mungkasi prakawis ing gesang bebrayan	<i>“Apuranen aku Lintang. Aku kang nyulik Lanang lan ngatur kabeh iki. Tebusan iki mung kanggo samudana, kanggo njajagi atimu, abot endi kowe antarane bandha karo anak.” Aloke Gino karo ngudhunake Lanang saka gegere.</i>	98	Boten langsung (dialog paraga)
188	Kangge mungkasi prakawis ing gesang bebrayan kedah purun ngapura ing ngapuram	<i>“Hem . . . apuranen aku Lintang. Kabeh mau kepeksa daktindakake merga aku ora kepengin kowe mung diperkuda karo bisnismu kuwi.”</i>	98	Boten langsung (dialog paraga)
189	Kangge mungkasi prakawis ing gesang	<i>Lintang nyawang wong kuru nyekingkring neng ngarepe kuwi. Atine dadi sumedhot. Dheweke ora tahan. Mula wong lanang kuwi ditubruk wani.</i>	98	Boten langsung (dialog paraga)

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
	bebrayan kedah purun ngapura ing ngapuram	<i>“Apuranen aku, Mas?” panguwuhe karo sesenggukan.</i>		

**Tabel 18. Lampiran Data Amanat Ing Novel *Kerajut Benang Ireng***

No. Data	Amanat	Indikator	Kaca	Cara Ngandharaken
1	2	3	4	5
190	Katresnan tiyang sepuh	“Wis, Le, aja nangis maneh. Kowe melua aku lan aku bakal ngaku anak marang kowe. Wis manuta aku. Bulikmu ya wis kepiyer pengen duwe anak.”	2	Boten langsung (dialog paraga)
191	Katresnan tiyang sepuh	“Wiwit wengi iki kowe dadi anakku. Kowe ora ngundang aku Bulik Tiin maneh, nanging ibu. Ngono ya?”	2	Boten langsung (dialog paraga)
192	Tulung-tinulung tanpa pamrih	“Menika, Pak, ditedha rumiyin mangke menawi sampun kraos sehat kangge mikul malih, nggih.” “Wuadhuh ngrepoti Nakmas. Matarsuwun sanget lo, Nakmas Bayu. Mugimugi Gusti ingkang males. Awit kula tiyang alit sing boten drajat, tembung Pak Parmin sinambi nampani panganan kuwi.	16	Boten langsung (dialog paraga)
193	Tulung-tinulung tanpa pamrih	“Kuwi yen wong ngemis ta, Fen. Ning wong kae mau rak wong sing golek kayu kanggo adang, ning durung sarapan. Kuwi ora disengaja supaya diwenehi wong liya. Dheweke pancen butuh pitulungan.	17	Boten langsung (dialog paraga)

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
194	Katresnan tiyang sepuh	<i>Paklike sing dianggep bapake tansah njurung supaya enggal tamat kuliah, Bayu dhewe uga kepengin enggal tamat. Enggal metu saka urip kang tansah kasiksa, amarga melu wong liya. Senajan sembarang kalir diwenehi, nanging atine brontak. Rumangsa beda urip melu wong tuwa dhewe karo urip melu paklik sing gatine malah ngungkuli wong tuwane dhewe.</i>	19	Langsung (narasi sikep paraga)
195	Kathah bandha dereng tamtu njamin kabagyan	<i>"Jatosipun nggih ngaten. Ning kados kula niki rak namung yoga pupon. Kula minder, napa nggih mbenjang perkebunan niki dipunwarisaken dhumateng kula. Mangka pikiran kula menika mbokbilih saget, kula mboten njagakaken warisan, sageta pados piyambak. Najan sakedhik bilih asil kringet kula piyambak badhe kraos tentrem boten badhe wonten tiyang ingkang wantun ngungkikh-ungkikh malih."</i>	23	Boten langsung (dialog paraga)
196	Nggadhahi sikep pasrah saha sabar nalika nampi pacoban	<i>"Jatosipun nggih ngaten. Ning kados kula niki rak namung yoga pupon. Kula minder, napa nggih mbenjang perkebunan niki dipunwarisaken dhumateng kula. Mangka pikiran kula menika mbokbilih saget, kula mboten njagakaken warisan, sageta pados piyambak. Najan sakedhik bilih asil kringet kula piyambak badhe kraos tentrem boten badhe wonten tiyang</i>	23	Boten langsung (dialog paraga)

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<i>ingkang wantun ngungkikh-ungkikh malih.”</i>		
197	Nggadhahi sikep pasrah saha sabar nalika nampi pacoban	<i>“Duka mbenjang. Samenika kula taksih mikir kahanan kula piyambak. Mbenjang kula namung badhe nampi takdir menika badhe kadospundi,”</i> <i>Bayu pasrah.</i>	23	Boten langsung (dialog paraga)
198	Tansah konjuk sokur dhumateng Gusti	<i>Sinambi nglebokake mobil menyang garasi, Bayu ambegan landhung ngucap syukur marang Kang Murbeng Jagad dene dheweke kalis saka firasat ala-ne bapake.</i>	24	Langsung (narasi sikep paraga)
199	Sedheng tumindak ingkang boten sae menapa mawon sebabipun	<i>“Nanging ya ora ana alane yen slirane kudu ngati-ati, amarga antarane ibumu lan bapakmu wong jejodhoan sing nganti saiki durung diparingi momongan. Mesthine ana salah sijine wong tuwamu sing ora puas, kuwi salah sijine alternatif, nanging kuwi isih durung mesthi benere.”</i>	29	Boten langsung (dialog paraga)
200	Ampun tindak sedheng supados gesang bebrayan boten congkrah	<i>“Aja ngece! Kowe arep melu sujana kaya bapakmu, ya?!” tembunge atos krasa yen atine runtik wis tatu perihen.</i>	30	Boten langsung (dialog paraga)

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
201	Ampun tindak sedheng supados gesang bebrayan boten congkrah	<i>Biasane ibune ora tau kawetu tembunge sing nglarani ati sing kaya ngono mau. Yen ditakoni wangsulane kepenak. Kuwi dhek biyen, pikirane Bayu mblayang menyang dina kepungkur. Ibune pikirane isih biru durung kecoretan mendhung ireng. Sajake dina kuwi ana mendhung angendanu sing lagi mentiyung ing langite ibune.</i>	30	Langsung (narasi sikep paraga)
202	Kangge mungkasi prakawis ing gesang bebrayan kedah purun ngapura ing ngapurian	<i>Bayu pengin mendhung sing mayungi keluargane kuwi bisa ilang kesaput angin. Bayu pengin golek rekada ya. Eman, ibune critane isih durung bisa dipercaya Bayu satus persen. Bukti tegesan lan Sayem saksine, meshine ibune ora bisa mlayu saka perkara dolan karo wong lanang liya. Nanging, ibune isih selak. Bayu terus nguleti pikirane supaya ibune gelem nglumohi keluputane lan bapake gelem ngapura ibune. Dheweke isih golek dalam.</i>	32	Langsung (narasi sikep paraga)
203	Kasetyaning tresna	<i>"Bener, Yu. Ning sapa sing arep dipacaki, dipameri kecantikane? Aku, sanajan ibumu ora adus setaun, isih sayang ibumu."</i>	35	Boten langsung (dialog paraga)
204	Njagi tumindak saha ngurmati asma tiyang sepuh	<i>Bayu perasaane ora bisa diapusi. Rasa hormat, lan ana tembok sing ngadeg jejeg ing atine. Atine ora bisa kanggo ngladeni wanita sing wis dianggep ibune kuwi. Senajan Bu Tiin terus ngrangsang sing terus ditampik Bayu nganggo tangane.</i>	40	Langsung (narasi sikep paraga)

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
205	Kedah saged njagi hawa nepsu	<i>"Aku ora edan, aku waras Bayu. Aku ya ora semaput, a . . . aku wanita normal Bayu. Kebutuhan biologisku iki ora bisa maneh kudu dakpendhem terus, Bayu. Bapak . . . mu im . . . pot . . . ten. Ayo Bayu, aku ladenana!" Bu Tiin swarane saya ngrerintih erotis.</i>	41	Boten langsung (dialog paraga)
206	Njagi tumindak saha ngurmati asma tiyang sepuh	<i>"Ibuuu," ora krasa luhe Bayu ndlewer ing pipeine. "Bilih ingkang setunggal menika dados wewaler ingkang mboten wantun kula lampahi."</i>	41	Boten langsung (dialog paraga)
207	Njagi tumindak saha ngurmati asma tiyang sepuh	<i>Atine Bayu sumedhot, disendhal perasaane sing trenyuh. Ibune mbutuhake banget, mangka Bapake ora bisa nyembadani. Ora! Ora! Dheweke dudu anak sing duraka! Dheweke rumangsa kudu wani njejegake martabat. Anak sing bisa njaga santosane rumah tanggane wong tuwane.</i>	42	Langsung (narasi sikep paraga)
208	Purik dereng tamtu saged mungkasi prakawis bebrayan	<i>Nalika lagi sabunan banjur tuwuh pepinginan oncat saka omah kuwi wae tinimbang kudu nglakoni tindak siji kuwi karo ibune dhewe.</i>	51	Langsung (narasi sikep paraga)
209	Kathah bandha dereng tamtu njamin kabagyan	<i>"Dadi wong sugih durung karuwan kepenak. Isih kepenak melu Simbok, senajan mangan kurang nyandhang cingkrang nanging ora ana sanggan kanggo males Simbok. Nyangapa Simbok kudu ndhisiki sadurunge aku</i>	53	Langsung (narasi sikep paraga)

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<i>ngerti getire urip ing alam donya iki . . . ”</i>		
210	Katresnan tiyang sepuh	<i>“Kowe wis gedhe, Yu,” kandhane. Paklikmu sing wis kok aku bapak pancen wonge sabar lan becik banget bebudene. Kowe diragati nganti semene gedhene.</i>	55	Boten langsung ( <i>dialog paraga</i> )
211	Dipunbetahaken upaya ageng kangge mungkasi prakawis ing gesang bebrayan	<i>Rasa bingunge Bayu kalindhuh rasa pengin weruh kepriye larah-larahe nganti biyunge tinggal ora sabaene. Saupama dipaeka wong liya, dheweke kudu nggoleki nganti teka leng tengu.</i>	57	Langsung ( <i>narasi sikep paraga</i> )
212	Dipunbetahaken upaya ageng kangge mungkasi prakawis ing gesang bebrayan	<i>Bayu angles, lungguh ing gegodhongangaring sangisore wit pete sing bendule pating grandhul. Ambegan landhung, atine rada kuciwa. Nanging dheweke ora bakal pasrah sadurunge wong lanang kuwi crita perkara sing kudu diweruhi. Crita sing kena kanggo pathokan uripe. Crita kanggo mlangkah urip candhake.</i>	60	Langsung ( <i>narasi sikep paraga</i> )
213	Nggadhahi sikep pasrah saha sabar nalika nampi	<i>“Samenika lare menika wonten pundi?”</i> <i>“Sekolah ana es-el-be. Yaah, mbok menawa tambah kepinterane. Arep kepriye maneh, pancen pawewehe Gusti Kang Myrbeng Jagad kaya</i>	61	Boten langsung ( <i>dialog paraga</i> )

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
	pacoban	<i>ngono,” wong lanang kuwi pasrah.</i>		
214	Njagi tumindak saha ngurmati asma tiyang sepuh	“Kowe wis gedhe, Yu, kowe mesthi wis bisa nyelah-nyelah endi sing luput lan endi sing bener. Kanggomu saiki ora perlu nerusake barang sing wis kadhung luput. Lan sing kadhung kelakon aja kok ungkikh-ungkikh malih.”	66	Boten langsung (dialog paraga)
215	Njagi tumindak saha ngurmati asma tiyang sepuh	“Siji sing tak jaluk, Bayu,” Pak Rahman nyedhak Bayu sing tansah ndhingkluk amarikelu. “Kowe kudu bisa njaga ajine awakmu dhewe. Aja nganti tumindak sing ora-ora sing bisa gawe kuceme jenenge bapakmu iki.”	67	Boten langsung (dialog paraga)
216	Njagi tumindak saha ngurmati asma tiyang sepuh	“Kula janji, Bapak, nistha gesang kula menika mboten badhe kula tumpuki tumindak ingkang langkung nistha malih. Kula tega pecat nyawa kangge labuh labet dhumateng tiyang ingkang sampun kathah lelabetanipun dhumateng kula.”	67	Boten langsung (dialog paraga)
217	Wonten ing gesang bebrayan dipunbetahaken sikep jujur	“Karepmu? Kowe ora mulih?” “Inggih, Pak.” “Yen ibumu nakokne?” “Panjenengan aturaken bilih kula saweg penelitian kangge njangkepi	67	Boten langsung (dialog paraga)

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<i>skripsi, ngaten kemawon.”</i>		
218	Sedheng tumindak ingkang boten sae menapa mawon sebabipun	“Bojoku impoten,” tembunge isih nglangut. “Mulane aku golek kepuasan ing papan kaya ngene. Saupama bojoku ora kaya ngono aku ra bakal nglakoni tindak kaya ngene iki.”	69	Boten langsung (dialog paraga)
219	Sedheng tumindak ingkang boten sae menapa mawon sebabipun	“Yen wong lanang ora bisa mijeni kuwi sing luput dudu wong wadon Mbak. Wong lanang kena diluputne. Apa pawadane kanggo mbela dhiri pribadine.”	69	Boten langsung (dialog paraga)
220	Kedah saged njagi hawa nepsu	“Aku wis rong wulan iki”  “Sampeyan rak duwe bojo. Aku karo sampeyan rak podho senenge, apa sing kudu diperkara.”	69	Boten langsung (dialog paraga)
221	Ampun tindak sedheng supados gesang bebrayan boten congkrah	“Apa Mas duka? Aku iki serius” panyawange Bu Tiin sinartan esem manis. “Awake dhewe iki bakal duwe turun, Mas. Turun sing bakal nyambung gener sine dhewe.”  “Ning aku emoh yen duwe anak olehmu laku sedheng!”	72	Boten langsung (dialog paraga)

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<p><i>“Kuwi luwih becik, Mas, tinimbang ngenteni sampeyan ora bisa gawe senenge wong wadon. Yen aku duwe anak, uripku bakal ana sing ngopeni. Yen ora? Arep melu sapa!?”</i></p>		
222	Ampun tindak sedheng supados gesang bebrayan boten congkrah	<p><i>“Pancen tugas saka studine, yen rampung rak ya mulih,” tembunge wis padha gotok lan catase. Swarane banter nggebrak ruwang mangan kuwi.</i></p> <p><i>“Saiki kowe ngakua wae, kowe wis laku sedheng karo sapa? He ?”</i></p> <p><i>“Apa yen aku ngaku sampean bakal ngaku bayi ing njero wetengku iki?”</i></p> <p><i>Wong wadon kuwi setengah nari.</i></p> <p><i>“Kanggo apa ngakoni anake wong laku sedheng, dadia anak, anak kowar!”</i></p> <p><i>“Tinimbang mupu anak, ya anak kowar!”</i></p> <p><i>“Ora! Bayu dudu anak kowar! Bayu duwe bapak sung gelem ngaku anak!”</i></p> <p><i>“Bapak tukon?”</i></p> <p><i>“Dudu! Bapak sing mijeni simboke Bayu.”</i></p> <p><i>“Sapa?”</i></p> <p><i>“Ora bakal takkandhakake marang wong wadon kiyanat! Wong wadon kaya kowe kudu diajokne menyang pengadilan!”</i></p>	73	Boten langsung (dialog paraga)

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
223	Dipunbetahaken upaya ageng kangge mungkasi prakawis ing gesang bebrayan	<i>Ing papan kuwi dheweke ngasah jurus-jurus kabisane sing wis ditimba ing perguruane. Jurus mbaka jurus dipraktekne tanpa kakehan tetimbangan, sawise jurus-jurus kuwi urut banjur dikombinasi nganti awake lempe-lempe.</i>	80	Langsung (narasi sikep paraga)
224	Purik dereng tamtu saged mungkasi prakawis bebrayan	<i>Pak Rahman ngadeg. Plak! Plak!</i> <i>Bayu kaget. Pipine kiwa tengen krasa panas, nanging dheweke ora wani males, mung nyawang Pak Rahman tanpa ngerti sing dikarepake.</i> <i>“Menapa lepat kula Pak?” pitakone groyok.</i> <i>“Kowe ora wani nyawang aku, ateges kowe duwe kaluputan,” tembunge sinambi mapan lungguh.</i> <i>“Kula boten mangretos kersanipun Bapak.” Bayu nyawang bapake.</i> <i>“Alasanmu manggon ana perkebunan iki mung alesan kanggo ngendhani keluputanmu, iya, ta?!”</i>	82	Boten langsung (dialog paraga)
225	Purik dereng tamtu saged mungkasi prakawis bebrayan	<i>“Bayu ko . . . we ora perlu wedi karo aku apadene ibumu. Aku ora bakal nyereg kowe kudu tanggungjawab, Le. Kowe ya aja wedi karo ibumu. Pancen bapakmu iki wong lanang sing ora nglanangi, Yu. Mulane ibumu ora duwe kemareman. Njur . . . njur yen pancen ibumu sing mbobot kowe</i>	83	Boten langsung (dialog paraga)

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<i>sing mijeni. . . bakal takaku anakku . . . ”</i>		
226	Wonten ing gesang bebrayan dipunbetahaken sikep jujur	<p><i>“Ora, aku ora bakal ngukum wong liya tanpa bukti sing otentik, Bayu. Yen kowe pancen ora nglakoni kowe kudu nuduhne buktine. Ning yen pancen sing mijeni ibumu kowe, aku ora bakal suwala bocah ing kandhutane ibumu bakal takaku anak lan kowe kudu gelem ngaku adhik yen mbesuk wis lair.”</i></p> <p><i>“Mboten! Bilih calon bayi wonten madharane ibu panjenengan akoni sumangga, nanging menika sanes kula ingkang mijeni! Sanes kula! Tinimbang kula kapurih ngakoni tindak ingkang mboten kula lampahi langkung sae kula pejah!”</i></p>	84	
227	Tiyang ingkang tumindak boten sae bakal nampi piwales	<p><i>“Kowe tepung Bayu?” pitakone Bu Tiin</i></p> <p><i>“Bayu anak sampeyan? eneng apa?”</i></p> <p><i>“Iya. Singkirna bocah kuwi, yen perlu patenana.”</i></p>	77	Boten langsung (dialog paraga)
228	Wonten ing gesang bebrayan dipunbetahaken sikep	<i>“Bapak, kula akeni pancen kula lepat, mboten blaka dhumateng Bapak amargi kula tirah wonten mriki. Sejatosipun kula pancen ajrih dhumateng ibu. Mboten perkawis menika, ning . . . ning . . . ”</i>	83	Boten langsung (dialog paraga)

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
	jujur	"Ning, apa?!" Pak Rahman mencereng. "Kula badhe blaka ajrih bilih mangke bapak kaliyan ibu lajeng bengkrik bengkerengan namung margi kula."		
229	Wonten ing gesang bebrayan dipunbetahaken sikep jujur	"Kados kula matur rumiyin, bilih kula asring kapurih ngeterake ibu tindak salon. Ing dinten pungkasan kula dipunapusi, dhawuhipun ibu kula badhe dipunajak madosi kanca ingkang nyipeng wonten losmen..," Bayu nerusake crito lelakone ing njero losmen. "Wekasnipun ibu kula semadosi. Pramila kula ajrih kaliyan Ibu bilih semaya kula kula menika dipuntagih."	83	Boten langsung (dialog paraga)
230	Kedah saged njagi hawa nepsu	Tembunge Bayu ora mlebu kupinge Fensi. Pangangene mabur adoh mecaki nalika dina kawuri sing kebak madu karo Diro. Ing lengkeh gunung Kidul sing gersang lan sepi kebak kaendahan karo Diro.	92	Langsung (narasi sikep paraga)
231	Kedah saged njagi hawa nepsu	"Mengko sabubare aku matur Bapak, aku banjur ngancani Bayu bubuk ana kene. Banjur . . . katresnan dhewe sing salawase iki mung winates banget bakal disok bebarengan ngantin teka puncak, mengko bengi." "Aja dhisik, Fen. Awake dhewe durung resmi."	96	Boten langsung (dialog paraga)
232	Kedah saged njagi hawa nepsu	"Lajeng menika Ngaten, Bu. Kula kaliyan sisihan kula menika sami-sami taksih kuliah. Lajeng kula kekalih taksih dereng kepingin gadhah	99	Boten langsung (dialog paraga)

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<p><i>momongan. Kula nyuwun tulung, Bu, kadospundi rekadayanipun, janin wonten madharan kula menika sagetipun mboten kalajeng ageng.</i> ”</p> <p>“Ah mboten saget lo Mbak. Panjenengan kekalih rak sampun dipun pikajengaken, ta? Kenging napa dadak dipunguguraken?”</p> <p>“Jane dereng kula ajeng-ajeng, ning lajeng keprojolan . . . kok, Bu . . .”</p> <p><i>mriplate Fensi prembung luhe mambek.</i></p>		
233	Tiyang ingkang tumindak boten sae bakal nampi piwales	<p>“<i>Tiin ?</i>” Aswan njomblak. “<i>Bayu sing ngalap nyawamu ibumu dhewe. Apa bener?</i>”</p> <p>“<i>Ora luput kaya critaku biyen,</i>” wangsulane Bayu. “<i>Mesthine, ya, Diro kuwi sing jaka simpenane ibu, nganti ibu mbobot.</i>”</p>	104	Boten langsung (dialog paraga)
234	Kedah saged njagi hawa nepsu	“ <i>Saestu, Bu, dipunseksani bumi langit kula dereng nate sesambutan kalihan pacar kula ngantos nglangkusi wates pacaran.</i> ”	106	Boten langsung (dialog paraga)
235	Dipunbetahaken upaya ageng kangge mungkasi prakawis ing gesang bebrayan	“ <i>Ora, Wan. Bebudene mung atungtum njiret aku. Senajan aku dadi buron sing kapindhohu aku luwih becik nyawaku sing oncat, tinimbang rajut benang ireng njiret uripku. Awit aku iki sabenere bocah kowar sing kelangan simbok merga bapakku mung tukon. Nganti saiki aku durung weruh sapa bapakku kang sejati. Aku dhewe durung bisa ngrantas benang ireng ing</i>	107	Boten langsung (dialog paraga)

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<i>uriplku. Mulane yen aku ngerti, aja nganti kejiret rajut benang ireng maneh. Yen aku ora bisa nggoleki bapakku sing sejati, aku mung ngincim manungsa sing ngracuni simbokku. Bubar kuwi, Wan, sapa sing arep ngalap nyawaku bakal takpasrahake. Sadurunge aku mati, Wan, yen kepethuk bapakku, Pak Rahman, kandhakna yen sing ngidak-idak kehormatane keluargane ora liya Diro kaya sing dicritakne pemudha ing tengah alas jati mau. Awit aku ditudhuh wis sesambungan karo ibu, ya Bu Tiin”</i>		
236	Kasetyaning tresna	“Uwis, Wan! Wiwit dhetik iki Fensi dudu pacarku. Dheweke wis ngiyanati katresnanku. Wis masrahne barang pengajine marang wong liya!”	107	Boten langsung (dialog paraga)
237	Tiyang ingkang tumindak boten sae bakal nampi piwales	“Aku welas marang bapak, Dheweke wiwit diperalat ibu,” kandhane Bayu nelangsa.	107	Boten langsung (dialog paraga)
238	Manungsa boten kenging sarakah	“Sing mecat Bapak, ta, Pak?” “Dudu, Jare Pak Rahman tindak menyang Jakarta, kondure ora kena dipesthekne. Lha saiki sing nyekel kebun keng ibu. Aku ditari didadekne karyawan tetap biasa, banjur pimpinan wis diganti. Jare kebun rada	110	Boten langsung (dialog paraga)

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<i>bangjrut, banjur upah karyawan diudhine telung puluh persen. Aku luwih becik metu wae, nyatane yen emoh dadi karyawan biasa aku diancam dipecat, kok.”</i>		
239	Manungsa boten kenging sarakah	“Bener, Pak. Wong-wong kuwi wis ngoyak, ngrampok nyawane Bayu. Kapindho ngrayah panguwasane perkebunan.	111	Boten langsung (dialog paraga)
240	Manungsa boten kenging sarakah	“Iya. Jebul Dul Komar lan Bu Tiin mung pengin ngrebut pangguwasa. Wong-wong kae ngrampok!	115	Boten langsung (dialog paraga)
241	Dipunbetahaken upaya ageng kangge mungkasi prakawis ing gesang bebrayan	“Mulane dina iki andum gawe, ayo padha tindak culika ngelongi balane Dul Komar sing padha saba banjur dibanda ing tengah kebun. Mengko bubar srengenge angslup ayo rame-rame nyerbu pabrik lan omahe andhahane Dul Komar. Dene saiki tumindak sesidheman, aja nganti konangan luwih dhisik.”	115	Boten langsung (dialog paraga)
242	Tiyang ingkang tumindak boten sae bakal nampi piwales	<i>Bebarengan lawang dibukak, Uaaa! Jerite Bu Tiin. Bayu kaget, mriplate sing pendiringan mencolot tumuju ruwang jembar kuwi. Mriplate Bayu mlolo, nalika weruh Bu Tiin sing katindhih nom-noman brewok sing nyekel glathi godres getih.</i>	122	Langsung (narasi paraga)

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
243	Dipunbetahaken upaya ageng kangge mungkasi prakawis ing gesang bebrayan	<i>“Dul Komar! Biyen kowe gelem ngaku anak marang aku merga bandhane simbokku, bareng simbokku Sumarti wis mlarat kok racun. Saiki aku arep nebus njaluk ganti nyawane simbokku. Yen nyawamu rung dikirim nyang akherat, kesumatku isih thukul tumaruntun.”</i>	123	Boten langsung (dialog paraga)
244	Dipunbetahaken upaya ageng kangge mungkasi prakawis ing gesang bebrayan	<i>Arep mlayu maju, Bayu wis mbabitake kayune kopi. Dhagh! Uwange didhangakne nganggo kayu kopi. Sirahe ndheglak banjur nggeblak. Tiba gumrebug kaya nangka bosok.</i>	123	Langsung (narasi paraga)
245	Wonten ing gesang bebrayan dipunbetahaken sikep jujur	<i>“Ora Bayu! Kowe kuwi anakku, Bayu! Aku iki bapakmu sing sejati, aku bapakmu sing mijeni simbokmu.”</i>	124	Boten langsung (dialog paraga)
246	Wonten ing gesang bebrayan dipunbetahaken sikep jujur	<i>“Simbokmu karo aku ki jane tunggal bapak seje ibu. Aku karo simbokmu banjur padha tresnane, bareng matur wong tuwa aku ora dikeparengake. Banjur ibumu tak wijeni dhisik kanggo nelukake wong tuwaku, jebul tetep ora oleh gawe. Malah simbokmu ditukokake sisihan. Prasetyaku wis emoh</i>	124	Boten langsung (dialog paraga)

**Tabel Salajengipun**

1	2	3	4	5
		<i>duwe anak maneh, nyatane aku rumangsa dosa gawe sengsaane simbokmu. Aku mara menyang dhukun supaya aku ora duwe gairah meneh . . . mulane ya mung kowe, Yuu, anakku sing bisa tak kudang-kudang . . . ”</i>		
247	Tiyang ingkang tumindak boten sae bakal nampi piwales	<i>“Ibu malah seda dipunpejahi gendhakanipun piyambak, kula seksine.” “Dhuh Gustii....,” Pak Rahman ngelus dhadha weruh Bu Tiin mlumah adus getih kuwi.</i>	125	Boten langsung (dialog paraga)

## RERINGKESANING CARIYOS

Irah-irahan	: <i>Nalika Prau Gonjing</i>
Panganggit	: Ardini Pangastuti
Penerbit	: CV. Sinar Wijaya
Taun	: 1993
Cacahipun kaca	: 99 kaca

Dipuncariyosaken wonten satunggaling bale semah inggih menika antawisipun Gino Girindu kaliyan Lintang Puspasari. Gino padamelanipun dados pelukis, saha Lintang minangka ibu rumah tangga. Kekalihipun gesang manggen ing dalem ingkang cekap ageng. Ing sawijining wekdal, Gino wonten pameran lukisan ingkang kedah nyipeng ing hotel. Gino dipunjarag kancanipun ingkang aran Sinung, inggih pelukis saking Surabaya. Sinung nimbali kenya kange mlebet kamaripun Gino, kange ngladosi Gino. Gino boten rumaos nimbali wanita ingkang gadhah nama Meis menika, pranyata ingkang nimbali Sinung. Awalipun Gino boten purun, ananging pungkasanipun Gino nggih syios ambruk ing rangkulan kenya ayu kala wau.

Kenikmatan ingkang namung sagebrayan menika pranyata kedah dipunbayar larang. Lintang kesah saking dalem Gino amargi ngonangi Gino selingkuh lewat *celdam* kang wonten ing koperipun Gino. Lintang rumaos kuciwa saha lara ati, lajeng piyambakipun purik wangsl ing dalemipun Bu Padma, ibunipun. Gino madosi Lintang ing pundi-pundi, sedaya kulawarga dipunhubungi nanging boten wonten ingkang mangretosi. Ibunipun Lintang inggih ibu Padma dipunsuwun Lintang supados boten ngendika kalih Gino bilih Lintang ing mrika.

Ananging ibu Padma boten tega mirsani kaanan Gino, pramila tembenipun ibu Padma ngendika kalih Gino. Ananging Gino malah boten purun methuk Lintang, Gino rumaos sampun diapusi. Malah Lintang ingkang ken wang sul piyambak. Gino malah nguja nepsunipun gandheng ceneng kaliyan wanita sanes ingkang nembe dipuntepangi ing acara pameran ing Bali.

Lintang tambah duka manahipun, langkung malih ing kasunyatan Lintang sampun ngandhut putranipun Gino, ing pundi Gino boten mangretos babagan menika. Lintang saha Bu Padma lajeng pindah dalem, ing tlatah Semarang. Bu Padma rumaos boten pantes manggeni dalem tilaran swargi bapakipun Lintang, amargi Bu Padma menika rumiyin garwa ingkang nomer kalih. Dados mbakyu saha kangmas Lintang menika putra saking garwa nomer satunggal. Sasampunipun garwa satunggal seda, Bapakipun Lintang krama malih kaliyan Bu Padma, lajeng gadhah putra Lintang. Sinaosa makaten sedayanipuin sami rukun, kangmas saha mbakyu-mbakyunipun Lintang sampun nganggep Bu Padma kados ibu kandhungipun piyambak.

Sinaosa sampun dipunpenging supados boten pindhah, nanging kekajenganipun Lintang kaliyan Bu Padma sampun kekeh. Lintang nyobi mbikak usaha piyambak, inggih usaha taneman ing Semarang. Ngantos dumugi putranipun lair, lajeng dipunsukani nama Lanang. Usaha Lintang tambah ageng. Saya dangu saya nambah usaha ternak sapi lan susu perah. Lanang putranipun ugi tambah ageng lan ngremenaken.

Ing sawijining dinten, Lintang saweg ngejak Lanang mlampah-mlampah nitih jaran. Ing margi Lintang kepanggih Sinung, kancanipun Gino. Sinung

nyuwun pirsa menapa leres menika Lintang garwanipun Gino rumiyin? Nanging Lintang ngelak saha langsung nggeblas wangsul nitih jaranipun. Sinung nyariyosaken kadadosan menika kaliyan Gino. Gino boten pitados bilih ingkang dipunandharaken Sinung menika Lintang, amargi samangertos Gino Lintang kaliyan Gino dereng pinaringan putra. Lajeng Gino nyobi madosi informasi sesarengan Sinung, sasampuniun pirsa piyambak Gino nembe percaya.

Tanpa diduga-duga ing sawijining ndalu Lintang dipuntekani dening 5 priya ingkang ngaku perangkat desa ing mriku. Cekak aos, Lintang dipunpeksa nyade griya saha tlatah tetanenipun. Lintang dipunparangi wekdal 3 wulan kange mungkasi prakawis-prakawis kaliyan tanggelan kalihan karyawanipun. Lintang rumaos sedih, amargi Lintang boten tepang kalihan preman-preman ingkang ngaku perangkat desa menika. Lintang ngraos bilih piyambakipun boten nate gadhah mengsa. Ananging bilih tiyang-tiyang kala wau gadhah niyat awon, kok taksih gadhah kawelasan maringi Lintang wekdal kange mungkasi tanggelan-tanggelanipun.

Dereng purna Lintang menggalih prekawis preman kala wau, Lintang kenging prekawis ingkang langkung awrat malih. Lanang, putranipun ical. Sampun dipunpadosi ing saundering desa saha perkebunan, tetep boten kepanggih. Mbok Yem ingkang sakderengipun momong inggih boten mangretos. Boten dangu wonten serat dhateng, ingkang wosipun ngandharaken bilih Lanang dipunculik, saha *penculik* nyuwun tebusan cekap kathah. Lintang dipunancem supados boten lapor polisi, lan nengga serat malih wonten pundi Lintang saged kepanggih *penculik* kange *transaksi* tebusan. Lintang rumaos sedih saha boten

gadhah daya malih. Lintang rumaos nyessel, cobi bilih wonten Gino ing sisihanipun, mesthi Lintang gadhah kanca kangge nyangga pacoban kang dipunraos abot sanget. Ananging Gino sampun damel kuciwa Lintang, ingkang njalari Lintang kedah purik.

Serat saking *penculik* dhateng malih, ingkang wosipun ngandharaken bilih Lintang saged tindak ing villa boten tebih saking griyanipun, kangge nebus putranipun. Ibu Padma sampun *panik*, saha pungkasnipun nyuwun pambiyantu polisi kangge ngawal Lintang. Sasampunipun dugi ngajeng vila, Lintang mlampah kanthi raos ajrih saha ragu. Ajrih bilih samangke Lintang dipunpejahi utawi dipunpulasara dening *penculik*. Ananging, Lintang radi ragu amargi villanipun katon resik, saha padhang, boten kados papan kangge sesidheman *penculik*. Lintang ngentebaken manahipun kangge mbikak lawang lajengmlebet. Ing njawi sampun wonten polisi ingkang siyap mbiyantu Lintang.

Sasampunipun mlebet villa, Lintang kejot manahipun. Lintang nyumerepi Lanang saweg gegojegan jaranan kaliyan Gino. Lanang putranipun katingal sampun akrab sanget kaliyan Gino ingkang sanyatanipun pancen bapak kandhungipun. Tanpa dipunduga mbok Yem rewangipun medal, lajeng matur nyuwun pangapunten amargi kalebet ing rencana *penculikan* menika wau. Sakala Lintang lemes. Raos duka ingkang ngambra-ambra dhumateng Gino mapinten-pinten taun menika, sakala ambyar. Lintang rumaos sumedhot manahipun nalika manggihaken Gino ing ngajengipun.

Gino ngrengkuh Lintang kaliyan nyuwun pangapura bilih sampun nate damel Lintang kuciwa. Estunipun *penculikan* menika namung rekayasa Gino

kangge paring pelajaran dhumateng Lintang, supados boten namung ngoyak pados bandha kadonyan, ananging uga kedah nggatosaken putranipun saha masa dhepanipun. Gino ngandharaken bilih taksih tresna Lintang saha kepingin gesang bebrayan malih kados rikala rumiyin. Lintang luluh manahipun, kanthi sesengguhan Lintang ugi nyuwun pangapura dhumateng Gino, amargi ing manahipun estunipun Lintang ugi namung njagi katresnanipun kangge Gino. Lintang purun wangsul saha gesang bebrayan malih, mbangun kulawarga enggal ingkang bagya sesareangan Gino kaliyan Lanang.

## RERINGKESANING CARIYOS

Irah-irahan	: <i>Kerajut Benang Ireng</i>
Panganggit	: Harwimuka
Penerbit	: CV. Sinar Wijaya
Taun	: 1993
Cacahipun kaca	: 125 kaca

Dipuncariyosaken wonten satunggaling kulawarga inggih menika kulawarganipun Bayu. Bayu ing kulawarganipun dados lare pupon saking Pak Rahman saha Bu Tiin, kaprenah paklik saha bulikipun Bayu. Bayu inggih menika lare ingkang dipuntilar seda dening ibunipun nalika taksih alit, pramila dipunangkat dados lare pupon dening Pak Rahman. Sumarti, ibu kandhungipun Bayu tilar donya kanthi cara nglalu. Bayu lajeng dipunrimat saha dipunwragati dening Pak Rahman ngantos kuliah.

Ngancik kuliah menika, Bayu wiwit ngadhepi maneka prakawis ing kulawarganipun, Bayu gadhah pacangan namanipun Fensi. Fensi menika kanca kuliahipun Bayu. Bayu tresna sanget kaliyan Fensi. Bayu malah gadhah ancas badhe *serius* anggenipun sesambungan kaliyan Fensi. Satunggaling ndalu nalika Bayu badhe ngampiri Fensi, Bayu dipunsalahi dening priya ing margi. Bayu dipundamel dhawah saking sepedha montoripun. Nalika dug dalemipun Fensi, Pranyata Fensi sampun kesah kaliyan priya ingkang nyilakani Bayu ing margi. Bayu wiwit cubriya kaliyan Fensi, amargi Fensi sampun kesah kaliyan priya sanes.

Bayu ngleremaken manahipun kanthi ngancani Pak Rahman nuweni perkebunan. Nalika wangsl dugi dalem, Bayu cubriya bilih ibunipun nembe kedhayohan tamu kakung, awit wonten tegesan rokok ing asbak. Sayem pembantunipun, boten prasaja saha nutupi babagan menika. Bu Tiin piyambak nalika dipunsuwuni pirsa malah duka. Dukanipun Bu Tiin boten namung kaliyan Pak Rahman, ananging ugi kaliyan Bayu. Sasampunipun kadadosan menika, sikepipun Bu Tiin malah malih kaliyan Bayu. Bu Tiin remen dipundherekaken Bayu ing salon. Nalika dipunboncengaken Bayu, Bu Tiin gocekan kanthi ngrangkul Bayu. Ing dalem Bu Tiin ugi terus narik kawigatosan Bayu kanthi ngagem ageman ingkang radi dipunbuka ing sangajengipun Bayu.

Malihipun sikep Bu Tiin katingal sanget nalika Bayu dipundhawuhi Bu Tiin ndherekaken piyambakipun ing satunggaling penginepan. Bu Tiin ngendika bilih piyambakipun badhe manggihi kancanipun ing salebetung kamar. Ananging pranyata Bayu dipunapusi. Dumugi satunggaling kamar, Bayu dipunpeksa kange ngladosi hawa nepsu ibunipun, kadya dene tiyang ingkang sampun krama. Bayu dipunkunci ing lebet kamar menika. Tamtunipun Bayu nulak dhawuhipun Bu Tiin. Raos kurmat Bayu minangka lare boten saged bilih badhe ngladosi babagan kados makaten. Bayu namung saged nangis saha nampik teras-terasan. Pungkasnipun Bayu semaya kaliyan Bu Tiin bilih piyambakipun dereng siyap.

Sasampunipun kadadosan ing penginepan menika, Bayu gadhah pepinginan purik saking dalem kange ngendha saking ibunipun. Bayu ajrih bilih semayanipun dipuntagih. Bayu lajeng kesah ing makam ibunipun swargi. Ing mrika Bayu kepanggih Pak Bani, tangginipun nalika alit. Saking Pak Bani Bayu

malah mangretos larah-larahipun nalika ibu kandhungipun Bayu seda. Pranyata ibunipun seda kanthi dipunpaeka. Bayu ugi lajeng mangretos bilih piyambakipun menika lare kowar. Bayu gadhah ancas badhe madosi tiyang ingkang sampun damel ibunipun seda kanthi cara boten limrah menika. Bayu lejeng sesidheman ing perkebunanipun, saha kangge ngasah-ngasah jurus beladhiri.

Ing papan sanes, Bu Tiin malah nglajengaken anggenipun tindak sedheng kaliyan kakung anem ingkang asmanipun Diro. Diro menika boten sanes priya ingkang sampun gandheng ceneng ugi kaliyan Fensi, pacanganipun Bayu. Bu Tiin tindak sedheng kaliyan Gino ngantos ngandhut. Gino boten purun tanggeljawab. Bu Tiin nyobi matur kaliyan Pak Rahman, ananging ndadosaken Pak Rahman duka awit Bu Tiin ngandhut saking asil sedheng. Bu Tiin lajeng damel fitnah bilih ingkang sampun mijeni piyambakipun menika Bayu.

Pak Rahman enggal-enggal mesthekaken wicantenipun Bu Tiin. Bayu dipunsusul Pak Rahman ing perkebunan. Pak Rahman lajeng gadhah pamanggih bilih purikipun Bayu menika kangge ngendhani kaluputanipun kaliyan Bu Tiin. Bayu lajeng prasaja dhumateng Pak Rahman saking kadadosan nalika ing penginepan. Pak Rahman boten pitados ngaten mawon kaliyan Bayu, ananging Bayu kedah maringi bukti bilih sanes piyambakipun ingkang mijeni Bu Tiin.

Bayu gadhah tekad badhe madosi tiyang ingkang sampun damel Bu Tiin ngandhut. Pranyata Bu Tiin sampun ndhawuhi Diro kangge mejahi Bayu. Nalika dipuncilakani Diro, Bayu saged mangretos bilih ingkang mijeni Bu Tiin menika Bayu. Saking Diro menika Bayu ugi nembe mangretos bilih pranyata Fensi

pacanganipun ugi sampun ngandhut saking asil sesambungan kaliyan Diro. Bayu kuciwa dhumateng Fensi lajeng munggel sesambunganipun kaliyan Fensi.

Bayu kedah sesidheman saking Bu Tiin saha balanipun Dul Komar, awit keslametanipun dipunancem. Bayu boten wantun wangsul ing dalem. Nalika Bayu ningali dalemipun, pranyata dalem sampun dipunkuwaosi dening Dul Komar, bapakipun Diro ingkang dados anak buahipun Bu Tiin. Bayu lajeng madosi Pak Rahman ing perkebunan. Pranyata laladan perkebunan ugi sampun dipunrampas Bu Tiin, saha dipunkuwaosi dening Dul Komar. Pak Ratno minangka ketua perkebunan medal saking perkebunan menika.

Bayu lajeng nyusun cara saha upaya kangge ngrampas perkebunan malih saha kangge manggihaken Pak Rahman ingkang sampun dipunculik dening balanipun Bu Tiin. Kanthi pambiyantu saking Aswan kancanipun, Pak Ratno saha pegawe perkebunan sanes, Bayu kasil ngrebut perkebunan malih. Bayu ugi saged nales dhendhamipun dhumateng Dul Komar, inggih menika tiyang ingkang sampun damel ibunipun kandhung Bayu seda. Bu Tiin piyambak malah seda dipuntusuk dening Diro, gendhakanipun piyambak. Sabibar menika Bayu saged manggihaken Pak Rahman, ingkang dipuntawan ing salebeting gedhung. Pak Rahman lajeng prasaja dhumateng Bayu, bilih sejatosipun Bayu menika lare kandhungipun Pak Rahan. Pak Rahman nyariyosaken kadadosan rikala jaman rumiyin kaliyan Sumarti, ibu kandhung Bayu.